# МАХ ДУГ

10
2022



# КЪОСТА

Дæ зæрдæ сыгъд æрцыты бын æхсонæй,
Уыдис йæ рухс нæ фæндагыл зæлдаг...
Ис хъузгæй хурмæ сындзытыл фæндаг,
Ды йыл цыдтæ нæ амондмæ фæндонæй.

Уым систай ног нæ хъысмæты сыгъдонæй
Сырдоны фæндыр – радтай йын æвзаг,
Ыскодтай ды нæ хъомпал дзырдтæн уаг,
Æмæ нæ федтой дзыллæтæ нæртонæй.

Ды – сидзæргæс... Ыстонг удтæн сæ мад
Сæ дойны саста ныфс æмæ цæссыгтæй,
Рæдау сын хаста дунетæй бæркад...

Ды – Иры зæд, нæ ном æмæ нæ кад,
Ды скодтай зарæг адæмæн сæ хъыгтæй,
Ды ссыгътай артдзæст къонайы фæныкæй.

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

10
2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 100 АЗЫ**
ТЕТЦОЙТИ Таймураз. Хуæнхаг цæвгæ дунгау мæ зæрдæ. *Æмдзæвгитæ* ... 6

**ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 75 АЗЫ**
ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. *Радзырдтæ* .......... 13
Æмдугоны хъуыдытæ… .......... 32

**ПОЭЗИ ÆМÆ ПРОЗÆ**
КЪАДЗАТЫ СТАНИСЛАВ. Уæлхурæй дæлхурмæ. *Æмдзæвгæтæ* ....... 39
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* .......... 48
АЛАНТЫ Рæстдзинæ. Хуыцауы комытæф. *Æмдзæвгæтæ* .......... 89
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Рагбонты фыстæджытæ. *Новеллæ* .......... 97

**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
Борис СИНАНОВ. «Аргъуанты революци» æмæ нырыккон дуг. *Уац* ..... 110

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**
БЕЗАТЫ Фаризæ. Лæгау лæгтæ. *Уац* .......... 116

**НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Уды хъарм. *Уац* .......... 120

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
Аланты удварны хæзнатæ .......... 128

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
Еленæ МИХАЛЕНКО. *Радзырдтæ сывæллæттæн* .......... 129

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ**
ХЪАУЫРАТЫ Дауыр. Буска æмæ иннæтæ. *Радзырдтæ* .......... 137

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .......... 143

# ÆМДУГОНТЫ ХЪУЫДЫТÆ



*30 сентябры Кремлы Георгийы залы Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин Донецк æмæ Лугански республикæты, Херсон Запорожьейы облæстты сæргълæуджытимæ бафыста, регионтæ УФ-йы скондмæ хаст кæй æрцыдысты, уый фæдыл бадзырд. Уымæй размæ та регионты уыд референдумтæ Уæрæсемæ баиуы фæдыл. Милуангай бынæттон цæрдытæ сæ разыйы дзуаппæй равдыстой сæ зондахаст æмæ сæ зæрдæйы фæндон.*

*В.В.ПУТИН:*

– Аст азы дæргъы Донбассы адæм æвзæрстой тыхстдзинæдтæ, æфхæрд, æхстой сæ алырдыгæй. Херсон æмæ Запорожьейы облæстты та сын сæ зæрдæты гуырын кодтой Уæрæсемæ æнæуынондзинад. Фæлæ нæ басастысты. Мæн фæнды, цæмæй мæ фехъусой Киевы хицауады уæнгтæ Ныгуылæны: Донецк, Луганск, Херсон æмæ Запорожьейы цæрджытæ систы Уæрæсейы Федерацийы граждæнтæ цæргæ-цæрæнбонтæм!

Мах сидæм киеваг режиммæ, цæмæй æвæстиатæй æрæвæрой сæ хæцæнгæрзтæ, кæрон скæной, 2014 азы йæ ком цы хæстæн райхæлдтой, уымæн, æмæ рахизæм цæлхæмбырдмæ, дзыхы ныхасæй аскъуыддзаг кæнæм хъуыддаг. Уымæ мах æппæтæй дæр стæм цæттæ. Донецк æмæ Лугански республикæты, Херсон æмæ Запорожьейы облæстты цæрджытæ цы фæндаг равзæрстой, ууыл дыууæ зæгъæн нал ис. Сæ равзæрст фæндагыл фæсмонгонд кæй нæ фæуыдзысты, уый та уын фидарæй зæгъын. Уæрæсе сыл сайдæй нæ рацæудзæн! Уый у сæрибардзинадмæ фæндаг!

Мах æппæт хъарутæ æмæ мадзæлттæй дæр архайдзыстæм нæ адæмы æдасдзинад бахъахъхъæнынысл. Уый у не стырдæр æмæ æппæты ахсиагдæр хæс ныртæккæ! Æнæмæнг сног кæндзыстæм, дæрæнгонд цы горæттæ æрцыдысты, уыдон. Сараздзыстæм ног скъолатæ, рынчындæттæ, театртæ, сног кæндзыстæм промышленнон куыстуæттæ.

Зынаргъ хæлæрттæ, æмцæдисонтæ!

Абон æз сидын сæрмагонд хæстон операцийы архайæг салдæттæм, афицертæм, Ногуæрæсейы хæстонтæм, цæрджытæй барвæндонæй, йæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ æфсæддон комиссариатмæ чи бацыд, йæ хæсыл æй банымайгæйæ, уыдонмæ! Сæ ныййарджытæм, сæ цардæмбæлттæм æмæ сывæллæттæм! Фæнды мæ радзурын цæуыл тох кæнынц Уæрæсейы æфсæдтæ, чи нын халы нæ сæрибар цард, уыдæттæ. Не 'мбæстæгтæ, не 'фсымæртæ æмæ нæ хотæ Украинæйы сæхи цæстытæй федтой, Ныгуылæн дзыллæтæн цы хъыцъыдæттæ цæттæгонд цыд, уый. Сæ гамхудтæ систой, æмæ ныр разынд се 'цæг цæсгом. Киевы хицауадæн.

Советон Цæдис куы фехæлд, уæд Ныгуылæн цинæй мард, сæ бон ныл кæй цæудзæн, сæ хъомысы ныхмæ кæй ничи æрлæудзæн, уый сæ бауырныдта. Загъта, нæ бæстæ 1991 азы цауты фæстæ йæхæдæг кæй ныггæлиртæ уыдзæн æмæ йе сæфты фæндагыл кæй ныллæудзæн. Раст зæгъгæйæ, уырдæм нæ бирæ нал хъуыд. Нæ зæрдыл ма æрлæууын кæнæм ивгъуыд æнусы 90-æм æххормаг азтæ, уыцы фæлдурæдджджын рæстæг. Фæлæ Уæрæсейæн басæттæн нæй! Ногæй слæууыд йæ къæхтыл, бацыд дзы ног хъарутæ æмæ дунейæн равдыста йæ хъомыс, аккаг бынат дзы бацахсгæйæ! Уæрæсе искæй уынаффæтæй никæд цæрдзæн! Уыдонæн тынг ахсджиаг у, цæмæй æппæт бæстæтæ дæр сæ суверенитет Америкæйы Иугонд Штатты пайдайæн раттой. Иуæй-иу паддзахæдтæ разы сты сæ дæлбар бацæуынмæ. Иннæты тæрсын кæнынц, аннæтæн сæ зæрдæ алы былдауæнтæй æлхæнынц. Сæ фæндимæ чи не сразы вæййы, уыдонæн та æвзарын кæнынц фыдбонтæ, алы бæллæхтæ, дæрæн сæ кæнынц, дурыл дур нал ныууадзгæйæ. Уыдон махæн нæ хæрзтæм бæллæг не сты. Уыдон сты æргом фыдгæнджытæ.

Нæ философийы, нæ хъуыдыты уыдон сæхицæн уынынц фыдракæнд. Нæ хъæздыг культурæ æмæ нæ аивад сын сты æртхъирæнты хуызы, æмæ архайынц сæ фесафынысл. Дидинæгкалгæ, бæллиццаг Уæрæсе уыдонæн у æнæуынон. Ныгуылæны æппындæр нæ хъæуы Уæрæсе, уый хъæуы æрмæстдæр мах!

# ТУАТЫ ДАУЫТ: 120 АЗЫ



**1902–1964**

*Амонд хъæздыгдзинады фæдыл нæу, фæлæ адæймаджы фæдыл у. Хъæздыгдзинад ницы у лæгдзинады цур.*

# ФЫССÆДЖЫ БОНЫГÆЙ

*Прозаик, драматург, Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг Туаты Дауыт сфæлдыстадон куыст кæнын райдыдта XX æнусы 30-æм азты. Йæ пьесæтæ «Сидзæргæс», «Пæсæйы фæндон» æмæ иннæтæ æвæрд цыдысты куыд Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссары, афтæ сыхаг республикæты дæр. Йæ радзырдты ахадгæ бынат ахсынц ирон фольклорæй ист темæтæ æмæ фæлгонцтæ. У ирон балетæн фыццаг либреттойы æмæ сывæллæттæн фыццаг ирон драмон уацмысы автор.*

*Йæ боныг фыста 1940 азы 21 апрелæй 1964 азы 19 июльмæ. Къухфыст ныртæккæ ис рауагъдад «Ир»-ы, æмæ, чиныджы хуызы рухс цалынмæ фена, уæдмæ уал дзы «Мах дуг» мыхуыр кæны хицæн нывтæ.*

***1961 азы 20 сентябрь, 23 сах. 05 мин.***

Ис гæнæн оперæтæ æмæ балеттæ æвæрынæн, æндæр хабæрттæн, фæлæ, о Хуыцау, уавæр куыд скарз! Дуне лæууы ядерон хæсты къæсæрыл! Нæ фæнды æнаккаг капиталистты Германимæ сабырдзинады бадзырд бафыссын, Ныгуылæн Берлины фарста равзарын. Нæ сæ фæнды, афтæмæй та æнæ уымæй гæнæн нæй! Нæ тырнынц сæ хæцæнгæрзтæ æрæвæрынмæ, сабырдзинадыл ныхас кæнынмæ! Америк æд миллионер-президент фидауынмæ нæ хъавы. Æмæ дуне йæ хурхы нарæгмæ сси. Уавæр иуцасдæр фæхуыздæр, фæлæ нырма тынг тæссаг у. Æмæ хъуыды кæныс, зæгъгæ, цæуыл ма дзурæм, кæд æмæ мæнæ-мæнæ… Хуыцау ма зæгъæд!

***1961 азы 29 сентябрь, 22 сах.***

Сталиниры (ныртæккæ – Цхинвал – ред.) сæвæрдтой мæ пьесæтæ – æдæппæтæй фондз. Кæцыдæртæ – цалдæр хатты. Рагæй мæ хъуыд уырдæм ацæуын. Фæлæ мын цæмæдæр гæсгæ не ‘нтыст. Нозт дзы парахат ис, æмæ мæ уый дæр урæдта. Мæ пьесæты премьерæтæм æмæ мæ æнæуи дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ хуыдтой. Нæ цыдтæн.

Фæлæ мæнæ 7 сентябры нæ театр уырдæм гастрольты ацыд. Аласта мын мæ «Къоста» дæр. Æндæрæбон дæр ма цæуинаг нæ уыдтæн, фæлæ фæрæвдз дæн! Театрмæ Узеджы-фыртимæ бацыдыстæм спектаклы райдайæнæй сахат раздæр. Бирæ зонгæтæ, бирæ хæлæрттæ! Иууылдæр мыл æмбæлынц зæрдиагæй, куыд,

рагæй кæмæ æнхъæлмæ кастысты, ахæм хæлар, зонгæ, уазæгыл! Къæбысты Грис, Цæбиты Нинæ, Гаглойты Зинæ, Саулохты Варя, Бекъойты Елиоз, Джусойты Нафи, диссаджы Абайты Лади – се 'ппæты чи фæнымайдзæн!

Æхсызгон уыд мæ уынд нæхи артисттæн æмæ Брытъиаты Зариффæйæн дæр.

Тæбæхсæуты Валодя хъазыд къарол Лиры. Спектакль фæци. Мах æмæ уыдоны актертæ дæр сценæмæ рацыдысты… Æз фыццаг хатт æдæрсгæ æрлæууыдтæн, бирæ азты дæргъы мæ хъайтарты кæм уыдтой, уыцы сценæйыл. Дзырдтой фысымтæ… Уый фæстæ мæ нæ театры директор Узеджы-фырт адæмæн амоны, мæнæ, зæгъгæ, Туаты Дауыт, зындгонд драматург. Йæ пьесæтæ, дам уæм ам цыдысты – «Сидзæргæс», «Хистхортæ», «Пæсæ», «Аргъау», «Фатимæ». Йæ «Къоста»-йы та уын мах равдыстам… Æмæ йын ныхасы бар дæттæм!

Æнæмæтæй, цыдæр барджынæй размæ иу-дыууæ къахдзæфы ракодтон æмæ загътон:

– Мæ дзæбæх æмбæлттæ! Ахæм аттестацийы фæстæ хорз радзурын хъæуы. Фæлæ хорз дзурын нæ зонын. Арфæ уын кæнын, нæ актертыл зæрдиагæй кæй сæмбæлдыстут, уый тыххæй. Мæхи, нæ республикæйы Культурæйы министрады, нæ театры коллективы, нæ фысджыты номæй, Цæгат Ирыстоны æппæт сфæлдыстадон интеллигенцийы номæй.

Мах кæрæдзийæ хицæн стæм бæрзонд Кавказаг хæхтæй. Фæлæ уыдоны сæрты дæр æнкъардтам, махмæ, нæ республикæйы æппæт фæллойгæнджытæм, цы хæлар ахаст дарут, куыд бирæ нæ уарзут, уыдæттæ. Æмæ уын уый тыххæй стыр бузныг, нæ зынаргъ хæлæрттæ!

Сæвзæрд нæм хорз æгъдау. Уæ театр, уæ ансамбль нæм æрцæуынц, се 'нтыстытæй нын фæхай кæнынц. Нæ театр, нæ ансамбль та сымахмæ сæмбæлынц! Афтæ кæрæдзийы фæлтæрддзинадæй фæхъæздыг вæййæм, Ирыстоны дыууæ хайы хæлардзинады тæгтæ фæфидардæр вæййынц. Кæдæй-уæдæй фæндаг аразын дæр райдайдзысты, æмæ нæ ахастдзинæдтæ ноджы фенгомдæр уыдзысты. Фидæны 1962 азы уе сфæлдыстадон коллективты хонæм нæхимæ. Уый фæстæ та уæм ногæй мах æрцæудзыстæм. Уырны мæ, æрмæст

драмон спектакльтæ нæ, фæлæ уæм ирон националон оперæ дæр кæй æрласдзыстæм. Ирон националон балет дæр! Фидиуæгыл уал нымад у уый, æмæ æрæджы нæ театр уырыссаг оперæйы аивады налхъуыт-налмас «Евгений Онегин» кæй сæвæрдта. Æмæ ирон сценæйыл тынг хорз сфидыдта. Цæттæ нæм кæны балет дæр. Нырма уал – уырыссаг, фæлæ уыдзæн ирон дæр!

Нæ хæлæрттæ! Райсом мах цæуæм хурæфсæст, уазæгуарзон Хуссар Ирыстонæй. Æмæ нæ зæрдæйы аласдзыстæм уæ зæрдæты хъарм, уæ хæлар ахастытæ. Æнтыстджын ут. Хæрзбон раут, нæ буц фысымтæ! Мах та уæ уарзондзинад, уæ хæлардзинад фæндараст фæкæнæнт!

Гъе, ахæм ныхас ракодтон! Æмæ мын арæх къухæмдзæгъд кодтой. Тынг зæрдиагæй! Уый фæстæ мæм æрбацыд Ирыстоны Хуссары æмæ Цæгаты хистæр ирон артисткæ Гугкаты Сашæ – «Нана» – æмæ мын ныххъæбыс кодта. Æз та уымæн. Æмæ та тыхджын къухæмдзæгъд анæрыд!

Æмбæрзæн æруагътой. Фойемæ рацыдыстæм. Æмæ та уым дæр – «Къоста»-йы æнтыстытимæ бирæ арфæтæ. Мæ «Къоста»-йы. О, «Къоста» уым тынг хорз ацыд. Æртæ хатты йæ хъуамæ равдыстаиккой. Фæлæ йæ адæм агуырдтой æмæ агуырдтой! Æмæ ма йæ ноджы æртæ хатты равдыстой!

«Къоста»-йы тыххæй мын уæлдай зынаргъ сты Абайты Ладийы (Абайты Дауыты фырт Владимиры) ныхæстæ. Ахъæбыс мын кодта! 72 азы йыл цæуы, фæлæ нырма æрыгонхуыз у. Къостайы зыдта, æрæджы ныффыста чиныг «Къоста æмæ йæ рæстæг». Æмæ мын загъта: «Тынг хорз, Дауыт! Ноджы ма иу стыр бæрзæндмæ схызтæ». Дыккаг бон дæр та мын дзырдта «Къоста» æмæ Къостайы тыххæй. Диссаг у, фæлæ мын мæ пьесæмæ ницы фау æрхаста. Йе 'ппæт фæзилæнтæ дæр ын растыл банымадта. Мæ Къостайы мын, куыд уыд, афтæмæй райста. Æрмæст æм актертæм цыдæр лыстæг фиппаинæгтæ уыд.

Уый фæстæ та – банкет. Æмбисæхсæвæй райсомы фондз сахатмæ – ныхæстæ, куывдтытæ! Дыккаг бон дæр та – фембæлдтытæ. Хуссар Ирыстон мæ зæрдæскъæфт фæкодта. Хуыцауы хуызæн мыл сæмбæлдысты! Мæ куыстæн мын саргъ кодтой. Лади дæр загъта, алцыдæр тынг хорз кæй сарæзтон. Стыр бузныг сын! Къæбысты Грис – мæ пьесæты режиссер-æвæрæг Хуссар Ирыстоны – банкеты

мæн тыххæй ракуывта! Брытъиаты Елбыздыхъойы фæстæ мæ дыккаг рахуыдта. Æгæр ын фæцæхджын, фæлæ йын уæддæр бузныг.

Сталинир йæхæдæг диссаджы горæт у. Сыгъдæг, сабыр. Æнæмæнг та йæм ацæудзынæн. Иннæ сæрды!

Уым бабæрæг кодтон Туаты Сардойы хæдзар дæр. Хъыгагæн, йæхæдæг ма æгас куы уыд, уæд мын нæ бантыст. Æхсызгон ын уыдаид. Йæ ингæнмæ йын бацыдаин, фæлæ кæимæ – йæ чызг хæдзары нæ разынд. Фæндгæ та мæ тынг кодта! Сардойæн фæстаг «хатыр!» загътаин…

***1961 азы 12 октябрь, 20 сах. 30 мин.***

Абон бавæрдтам Дзадтиаты Циляйы (Цецилия – ред.). Бирæ адæм æрæмбырд. Тынг бирæ! Ирæттæм мардмæ бирæ адæм æрцæуы. Къоста куы загъта: «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр радты!»

Фæлæ уæддæр Циляйы зианы бон уæлдай фылдæр адæм æрбамбырд. Хæстæг ын бирæтæ не 'ййæфтой. Фæлæ йæ зыдтой хорз, зæрдæхæлар адæймагæй. Æрцыдысты Ирыстоны Хуссарæй. Уыденимæ Абайты Лади дæр.

Бирæ дидинджытæ!.. Æмæ мæнæ Циля – уæлмæрдты, гом ингæны цур. Радзырдта Тотраты Барис – нæ хистæр æмæ зындгонддæр актер. Уый фæстæ – Абайты Лади. Æмæ мæнæ ныхасы бар радтой мæнæн. Æз загътон:

– Хорз адæм! Æнæнхъæлæджы маст нын басыгъта нæ зæрдætæ. Мæлæт æрбахъуызыд сау æхсæвы, къæрныхау… Æмæ нын аскъæфта не 'хсæнæй нæ хорз хæлар, нæ хорз æмбал, нæ уарзон хо, нæ адджын хъæбул Циляйы. Лæууæм ныр мæнæ йæ ингæны уæлхъус. Æмæ йын зæгъæм фæстаджы фæндараст!

Циля схъомыл ис ирон литературон кусджыты бинонты 'хсæн. Йæ фыд Дзадтиаты Алыксандр уыд стыр фыссæг. Йæ мады æфсымæр Хъуылаты Созырыхъо ныууагъта ирон адæмæн бирæ хорз уацмыстæ. Йæхæдæг йе стыр курдиатæй рæсугъд кодта адæмæн сæ цард. Куы-иу худын фæкодта театры, куы – кæуын. Уагъта-иу сын рæсугъд хъуыдытæ, æнкъарæнтæ сæ зæрдæты.

Нæ уыд ахæм адæймаг, æмæ Циляйы бирæ чи нæ уарзта. Йæ сыгъдæг, йæ хæлар зæрдæйы тыххæй. Йæ уд дæр-иу никæмæн бахæлæг кодта Циля. Æмæ йæм уыцы цæст дардтой адæм сæхæдæг дæр. Уый уынæм абон нæхи цæстæй. Дзыллæтæ сызмæлыдысты.

Риссынц сæ зæрдæтæ, нæ уромынц сæ цæстысыг. Цы хорздзинæдтæ байтыдта Циля йæ царды бонты, уыдон суагътой абон рæсугъд талатæ мæнæ адæмы æмбырды хуызы.

Фæндараст, Циля! Цæуыс сау сыджытмæ! Фæлæ бирæ къорд азты нæ зæрдæты баззайдзæн дæ рæсугъд сурæт, нæ цæстытыл уайдзæн дæ фæлмæн цæстæнгас, дæ фæлмæн бахудт! Фæндараст, Циля! Иры сыджыт дын мады хъæбысау адджын уæд!

Ахæм ныхас ракæнын мæ бахъуыд Циляйы чырыны цур. «Æдзæмæй» мæм хъуыста. Ацы аз зианты æртыккаг хатт дзырдтон. Майы дзырдтон Брытъиаты Созырыхъойы зианы. Мартъийы – Цæрукъаты Алыксандры æвæрыны бон. Æмæ абон – Циляйы ингæны раз. Нæ фæуарзын ахæм ран дзурын, фæлæ мын цæмæдæр гæсгæ бахæс кæнынц. Фæстаг хатт мын фæуæд!

***1961 азы 18 октябрь, æхсæвы 3 сах. 30 мин.***

Лабæ!.. Ацы дзырд æппæт ирæттæн дæр табуйаг у. Мæнæн дæр – афтæ. У зæххы, хорз царды символ… Баст у Къостайы номимæ. Мæнæн та ма уыимæ, æмæ кæмдæр Лабæйы цур амард мæ фыд Афæхъо. Æмæ мæ рагæй фæндыд уырдæм ацæуын! Гъемæ 14 октябры иннæтимæ (Плиты Хадо, Хъайтыхъты Геор, Цæгæраты Максим) ацыдтæн уырдæм.

15 октябры, Къостайы 102 азы райгуырды бон, Лабæйы гом кодтой цыртдзæвæн.

Æмæ мæнæ æрцыдтæн дард Лабæмæ! Хъæуы астæу стыр фæз йе дзаг уыд адæмæй. Фæзы астæуæй чысыл æддæдæр, скæсæны рдыгæй, – Къостайы цыртдзæвæн. Йæ фæлгонц нырма æмбæрзт у. Митинг… Раныхастæ… Æмбæрзæн æруагътой… Æмæ дзыллæйы раз сфидыдта Къостайы аив фæлгонц. Диссаджы фæлгонц! Иу-дыууæ азы размæ мæ пьесæ «Къоста» æвзарыны рæстæг Тотраты Барис дзырдта: «Къостайы амонд нæй… Литературæйы дæр ыл хорз уацмыс нæма фæзынд, хорз цыртдзæвæн дæр нæма ис» (мæ пьесæйæ загъта, Къостайы тыххæй фыст чи ‘рцыд, уыдонæн сæ хуыздæр кæй у). Æмæ мæнæ – Къостайæн диссаджы цыртдзæвæн! Маст æмæ тохмæ цæттæдзинадæй æххæст Къоста айтыгъта йæ нымæты рахиз кæрон, йæ галиу къухы та – гæххæттытæ… Æмæ цæуы размæ… йæ адæмы сæрибар æмæ амонды сæраппонд. Ныр, æхсæвы, мæ бон нæу, цыртдзæвæн хорз цæмæй у, æппæт уыдæттыл

ærдзурын. Зæгъдзынæн æрмæст, номдзыд поэтæн æвæджиауы цыртдзæвæн кæй у. Удæгасæй лæууы, нæ, цæуы размæ, йæ алыварс уад зилы, афтæмæй. Æмæ мæнæ-мæнæ тохы бацæудзæн инæлар Кахановимæ, паддзахы иннæ чиновниктимæ.

Цыртдзæвæны автор – Дзантиаты Инал. Уый ныридæгæн Къостайæн цыппар цыртдзæвæны сарæзта: Сталиниры, Мызуры, Къахеты æмæ ныр та – Лабæйы. Иууылдæр хорз сты. Фæлæ ацы фæстаг шедевр у…

***

Лабæйы, цыртдзæвæн байгом кæнынмæ цалынмæ æнхъæлмæ кастæн, уæдмæ зæронд лæгты фарстон, зæгъын уæ, 1910 азы ам кæмдæр Туаты Афæхъо куыд амард, уый ничи хъуыды кæны? «О, о, уыд ахæм хабар… Зонын, фехъуыстон!..» – уыд сæ дзуапп. Фæлæ бæлвырдæй никæй бон ницы зæгъын уыд, уымæн æмæ 50 азы рацыд. Уыимæ, цавæр азтæ! Дæс азы размæ цы ‘рцыд, уый дæр ма дæ ферох уыдзæн…

Ноджы ма зæронд лæгтæ ‘рбацыд. Иумæ ма мæ бакодтой. Бæрзонд, бæзæрхыг, нырма фидæр зæронд лæг. Йæ рихитæ фæстаг ærдуйы онг– урс. Уый у Хетæгкаты Васили. Фæрсын æй, ницы зæгъын хъуыды кæныс. Уый мын, цыма æнæхъæн мæй йæ дзуапп цæттæйæ дардта, уыйау уайтагъд загъта: «Куыд нæ хъуыды кæнын?.. Туаты Сардоимæ сæ Сатъатмæ мæхæдæг куы аластон!» Æмæ мын ныххъæбыс кодта. Уый фæстæ мын радзырдта, Сардо æмæ Гыццийæ бирæ хæттыты цы хабæрттæ фехъуыстон, уыдон. Мæ фыды чырын рарвитыны тыххæй бар райсынæн куыд архайдтой… Куыд æрцыд Алагирмæ, Сатъатмæ, цы ныхæстæ цыд (цыма Сардо Афæхъойы æхцаты иу хай бамбæхста – Уæрæсейы иумæ æртæ азы фæкуыстой, афтæмæй йемæ æхца нæ уыд, цы йæм уыд, уыдон та схардз сты). Æмæ загъта, уыдæттæ дам-думтæ кæй сты. Уайтагъд мæ афарста, мæ мад ма æгас у æви нæ, уымæй – хорз æй бахъуыды кодта. Йæ къухыл нос дæр мын равдыста – Алагиры цинк чырын линейкæйæ уæрдонмæ куы истой, уæд ын тынг фæцъист. Бирæ цæмæйдæрты ма йæ фæфарстон, фæлæ уæддæр фаг нæ аныхас кодтам. Сæйрагдæр уый у, æмæ мын загъта, Афæхъо кæй амард Баталпашинскы (ныртæккæйы Черкесск). Сардойы ныхæстæй ахæмæй ницы бахъуыды кодтон. Уый фæстæ къамисæгмæ бадзырдтон, æмæ йын йæ хуыз систа хицæнæй æмæ мемæ

дæр. Ныр мæм уыдзæн, ме ‘дзард фыды ласгæйæ чи бафыдæбон кодта, уый хуызист. Фæлæ ма ацæудзынæн, фæныхас кæндзынæн уыцы лæгимæ.

***

Лабæмæ балц ма мын нæ фæдзæгъæлы æндæр хъуыддаджы дæр. Ам мæм æрцыд пьесæ «Къоста Лабæйы» ныффыссыны хъуыды. Къостайы мах æвдисæм, йæ тæккæ хъаруйы куы уыд, уæд, æмæ… рынчынæй. Æрыгон Къостайы та нæма равдыстам. Цымыдисаг уаид, Аивæдты академийæ йæ фыдмæ Лабæмæ куыд æрцыд, афтæмæй йæ равдисын… Йæ фыд Леуаны, Уæлгъайы, Крымшамхаловы, Хъæрæсемæ фыццаг ахасты хабæрттæ радзурын. Уыдæттæ, растдæр зæгъгæйæ та, Къоста уæд цавæр уыд, уый равдисын мæ тынг фæндыд. Фæлæ кæм и хъарутæ, кæм и гæнæнтæ?..

***1961 азы 16 ноябрь, 23 сах. 30 мин.***

Знон бæрæг кодтам Хъайтыхъты Георы райгуырды 50 азы. Литературон изæр уыд Республикон библиотекæйы кæсæн залы. Æз дзы сæрдариуæг кодтон… Изæр байгом кодтон, радзырдтон, амыдтон æй дарддæр… Зæгъынц, хорз уыд! Уæлдай тынгдæр мæ сæрдары хуызы архайдæй æппæлыд Алим Кешоков – кæсгон «кънйаз»-фыссæг. О, о, «Кæсæджы фæстаг кънйаз» æй хонынц. Уыд Кайсын Кулиев дæр… Джемалдин Яндиев, Раиса Ахматова… Иннæ фысджытæ. Кадджын уавæртæ, бирæ арфæйы телтæ. Уый фæстæ та стыр бадт Хъайтыхъы-фырты хæдзары… Фæлæ мæ цы зæгъын фæнды. Изæр æмæ иннæ хабæрттæ дæр æвдисæн уыдысты, фыссæджы, йе сфæлдыстад дзыллæ кæй нымайы, уымæн!

Фæлæ Геор йæхæдæг йæ юбилейыл куыд архайдта! Йæхæдæг цас фыстæджытæ, хуынды гæххæттытæ арвыста! Куыд хорз æнкъардта йæхи йæ алыварс зилдухы рæстæг. Æз фыр æфсæрмæй исты кодтаин ахæм уавæры. Сагъæсы бацæуын, зæгъын, адæмы цæстæнгас кæнæ аудынæй цы фæуыдзынæн, бар кæнæ æнæбары, «сыстæн кæнæ сбадæн кæм нæй, уыцы асыччы» куы февзæрон, уæд. Уымæн, æмæ никæд уарзтон адæмы цæстæнгас мæхимæ здахын…

***1962 азы 8 август, 22 сах. 30 мин.***

Мæ райгуырæн хъæу Сатъаты дæн! О, Сатъаты! Мæ райгуырæн хъæу, 60 азы размæ дунемæ кæм фæзындтæн, мæ сывæллоны бонтæ кæм арвыстон æмæ мæ 1914 азы уалдзæджы тетя Надя

адæмы рæгъмæ ракæныны охыл горæтмæ кæцæй раласта, уыцы бынат. Æрмæст фондз азы фæстæ, 1919 азы сæрды, æрбаздæхтæн Сатъатмæ. Хъуыды ма йæ кæнын, къæвдаджын изæр кæй уыд. Æндæр хабæрттæ мæ зæрдыл нæ бадардтон, фæлæ сæйрагдæр у, мæ цард-цæрæнбонты мæ Сатъат кæй уарзтон. Æмæ та мæнæ ам дæн, бадын, мæхи Гыцци кæм уыд, уыцы уаты.

О, Гыцци, Гыцци! Мæ сæрызонды Сатъат æмæ дæуæн фæхицæнгæнæн нæй! Кæсын алцæмæ дæр ацы хæдзары, хъæуы, æмæ æдзух мæ цæстытыл уайыс! Ардæм цæугæйæ, мæ боныг рахастон, цæмæй йæм ам, сæрмагондæй мæ райгуырæн Сатъаты, бахæссон цавæрдæр фыстытæ Гыццийы, Сатъаты, хъæуæн йæ ивгъуыд æмæ абоны тыххæй! Куыд тынг уарзтон Гыццимæ ацы хæдзармæ цæуын! Куыд цингæнгæ мыл-иу сæмбæлд! Хъуыды ма йæ кæнын, 1935 азы ардæм æнæнхъæлæджы Ростовæй куыд фæзындтæн. Ноябры уыд. Диссаджы хъарм фæззæг, ахæм фæззæг æрмæстдæр ам, хæхты, Сатъаты вæййы! Гыцци бадт мæнæ ам, бахизæны. Боны дыууæ сахаты уыдаид. Хъарм уыд, тынг райдзаст, арв – цъæх-цъæхид, хæхтæ – сыгъдæг, урс! Сенæмæ куы бахызтæн, уæд Гыцци, æхх, зæгъгæ, фæкодта, фестад, фæуыргъыйау. 2 – 3 мæйы размæ ацыдтæн ардыгæй, æмæ мæ афæдзæй раздæр фенын æнхъæл нал уыд. Æз та Ростовæй æрцыдтæн, цæмæй мæхи Садонмæ раивын кæнон æмæ Гыццимæ хæстæгдæр уон. Мæйы æмгъуыдмæ уым уыдтæн, æмæ-иу Гыццийы сæрдæй-зымæгæй арæх абæрæг кодтон. Уый фæстæ-иу зымæг мæнмæ, Садонмæ, рацыд æд хъуг æмæ кæрчытæ, уымæн æмæ сæ атонын нæ куымдта.

Фæлæ уæддæр Сатъаты тыххæй! Кæддæр уыд стыр, бирæ адæмимæ хъæу. Мæгуыр дæр нæ цардысты. Ныр адæм ацыдысты, æмæ ма 60 хæдзарæй фылдæрæй баззад 12, æмæ уыдон дæр хицæнтæй цæрынц Сатъаты цыппар хъæуы. Алырдыгæй дæр хæлддзæгтæ – кæддæры фидар хæдзæрттæй ницыуал баззад! Дæллаг Сатъаты мæ райгуырæн хæдзар дæр раджы ныккалд. Дыууæ къулы ма дзы баззад. Æмæ Сатъатмæ куы бацæуын, уæд дзæвгар рæстæг фæкæсын уыцы хæлддзæгтæм. Базонын дзы, къулы хуынчъыты хъултæ, чысыл кæрдтæ, æндæр истытæ кæм æмбæхстон, æппæт уыцы бынæттæ.

Мæнæ рацыдтæн уынгмæ, кæртмæ. Акастæн рахизырдæм, галиуырдæм, æмраст, уæлæмæ, арвмæ. Уынын мæ райгуырæн Сатъат. Хъусын сывæллоны бонтæй мын зонгæ цæугæдоны æнæрæнцайгæ

уынæр. Галиуырдыгæй дæле – уæлмæрд. Уырдæм ныххастам 1937 азы 28 майы мæ Гыццийы! Уым ис ныр.

Нал æм ныхъхъуысдзæн ингæнмæ йæ райгуырæн комы цæугæдоны уынæр!

Уым ис Афæхъо, мæ фыд дæр.

Мæнæ æхсæвæр кæнынмæ æрбадтыстæм. Мæ хо Анутæ диссаджы уæливыхтæ ракодта! Теминæ, Зæринæ – мæ сызгъæрин чызджытæ… Славик – Анутæйы фырт… Даргъ стъолы алыварс æрбадтыстæм. Хъæлдзæг хъæлæба! Гыццийы рæстæг-иу афтæ арæх уыд! Æрбацыд-иу Бадриаты Мишæ… Бирæ иннæ хæлæрттæ!.. Æмæ ма уыцы чызг дæр… Хорз, тынг хорз уыд, фæлæ… Цæй, се 'ппæты нæ мысдзыстæм! Хъыгагæн, немæ нæй Любæ… Уый нæ тынг бахъæлдзæг кодтаид!

Сатъат… Мысинæгтæ мæ тынг дард ахастой! Фæлæ Аттойы ма 'рымысон… Афæдзæй чысыл фылдæр нал ис не 'хсæн. Тынг цымыдисаг адæймаг уыд. Нарты Сырдоны æнгæс.

***1962 азы 10 август, изæры 8 сах.***

Дæн мæ райгуырæн Сатъаты. Кæсын мæ алыварс хæхтæ, хъæдтæ, цъæх арвмæ. Цæст сæ уындæй не 'фсæды. Фæлæ уыцы хæлддзæгтæ… Зæрдæсæттæн сты! Афæдзы размæ дæр ма Аттойы хæдзары цæрæг уыд. Ныр уый дæр, æрбаздæхæн кæцæй нæй, уыцы фæзгонды ис. Тынг нын нæ фаг кæны. Иунæгæй бирæйы аргъ уыд… Мæнæ йæ хæдзар. Йæ рудзгуыты афтид цæстытæй кæсы, æрхæндæг æфтауы. Æниу мæхæдæг дæр раздæрау нал дæн. 60 азы мыл цæуы! Фидар лæуууынил архайын, фæлæ мæ хъарутæ сысынц. Низтæ мыл стыхджын сты. Фæлæ афæдз иу хатт уæддæр хъуамæ мæ райгуырæн Сатъат, Зæрæмæгмæ æрцæуон. Зын мын у фыссын дæр. «Нарзан» раздæры хуызæн нал у! «Артаг» фæвæййы! Фæлæ ма мæ фæнды иу-дыууæ пьесæйæ уæддæр адæмы зæрдæтæ барухс кæнын. Хорз фыссæгыл мæ нымайынц, æмæ… Дыууæ пьесæйы ма, æрмæстдæр дыууæ!..

*Уырыссаг æвзагæй ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац*

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

*Роман*

*Æртыккаг чиныг**

* * *

Æвæццæгæн, æрдзы мæ ныхмæ карз фыдæхæй ифтыгъд æгъатыр тых ис æмæ мыл мæ райгуырæн бонæй фæстæмæ йæ хъарутæ æнауæрдонæй æвзары. Цалынмæ мæ ингæнмæ батæра, уæдмæ мæ нæ ныууадздзæн. Уæдæ йæ æндæрхуызон куыд хъуамæ бамбарон? Мæ бинонтæ мын дзæгъæлзад æнхъæл уыдысты, æмæ сæ ницæмæн хъуыдтæн, суанг ма мыл ном сæвæрын дæр сæ сæрмæ не 'рхастой, мæ мад мæ куыдзы къæбылайау уынджы къæйыл ныууагъта, мæ фыды устытæ мæ физонæгау цæхæрмæ сдардтой, мæ фыд мæ йæ хæдзарæй ратардта, мæ фыццаг уарзон мæ ницæмæ 'рдардта, дыккаг æмæ мыл æртыккаг та гадзрахатæй рацыдысты. Театр мыл нæ барвæссыди æмæ мæ йе сценæмæ 'ввахс дæр нæ бауагъта, мæ дыууæ пьесæйæ мын иу дæр нæ райста, скъолайы растзæрдæйæ фæкуыстон æмæ дзы мæхицæн дуне знæгтæ скодтон, рауагъдады мæ удæй арт цæгъдын, цæмæй дзы зондджын чингуытæ мыхуыргонд цæуой æмæ адæмы истæуыл ахуыр кæной, ууыл зæрдиагæй архайын æмæ уым дæр мæхицæн знæгтæ кæнын, ирон адæмæн хъæугæ фыссæг суæвынмæ бæллыдтæн, æмæ мæ къухы нæ бафтыди. Фыдцæрдтытимæ тохгæнгæйæ, ме 'нæниздзинадæй ницыуал баззади, кафынæй цы зæнгтæ нæ фæлладысты, уыдон, рухс фæндтимæ 'ндон базыртыл цы горæтмæ атахтæн, уым зæххы бын, уымæл коллекторы фæсахъат сты, мæ рæзынджытæ дæр уым барæсыдысты, иу æнæчетар дохтыр мын сæ ралыг кодта, æмæ, мæ хъуырыл уазал куы сæмбæлы, уæд йæ рыст нал фенцайы, мæ цæнгтæ сисын нал фæфæразын. Æнхъæл уыдтæн, мæ сывæллæттæ мæнæй амондджындæр уыдзысты, дунемæ сæ рауагътон, æмæ

* Дарддæр. Райдайæн 8-æм æмæ 9-æм номырты

мæнæй æнамонддæр рауадысты…

Миланæ ласы мин астсæдæ граммы, Илонæ – мин авдсæдæ фæндзай граммы, Аланæ – мин æхсæзсæдæ граммы. Гыццыл муртæ сты, æмæ сæ удтæ сæхиуыл тыххæй хæцынц. Сæ мæгуырдзинады æдде ма æгъатыр низ хъуаг уыдысты, æмæ сын «зæрдæхæлар» дохтыртæ стафилококк æнæвгъауæй балæвар кодтой. Афæдзы размæ мын мæ бинойнаджы фæцæймардтой, ныр та – мæ сывæллæтты. Мæнмæ гæсгæ, уый арæндон нæу, фæлæ марæндон у. Куыд дзурынц, афтæмæй йæ къултæ дæр уыцы низæй сæ тæккæ дзаг сты, æмæ дзы бирæ ноггуырд сывæллæттæ мæлынц. Хъуамæ дохтыртæ фæдис хъæр кæниккой æмæ 'ххуысмæ сидиккой, фæлæ ницы дзурынц, æмæ йæ кæуинаг уавæр цаудæй-цауддæр кæны. Адæймаг маргзæрдæйæ нæ райгуыры, марг ын йæ зæрдæмæ æнаккаг адæм бахæссынц, æмæ сызнæт уæвынæй хуыздæр амал нал фæары. Ныртæккæ мæ хуылфы зæд нæ бады, фæлæ дзы агъуыд иблис абухы. Фæнды мæ ме 'нæуынон бæстыхай æнæхъæнæй дæр бензинæй бапырх кæнын æмæ йæ сау сыгъд бакæнын.

Цыма йæ ихзæрдæ æнæсæрфат дохтыртæн афтæ 'мбæлыди, уыйау нын нæ сывæллæтты рынчындонмæ баппæрстой, сæ хæс æххæстгондыл банымадтой æмæ сæхицæн æнæмæтæй æнцад сбадтысты, мах та удисæн цæхæрмæ бахаудтам. Зындон чи федта, уый æз нæ зонын, йæ зиллактæ йын чи банымадта æмæ дзы сæрæгасæй фæстæмæ чи раздæхти, уый дæр нæ зонын. Æз мæхиуыл цы 'взарын, уымæ гæсгæ зонын æрмæст иу хъуыддаг: стафилококкæй рынчын сывæллон судзы зындоны фарæстæм зиллаччы, чи йæм кæсы, уый та – уымæй æгъатырдæр арты. Уый – иу сывæллон куы уа, уæд, махæн та æртæ сты, æхсæвæй-бонæй кæуынц, æмæ Светæимæ нæ зындон уæлæуыл фидæм.

Зындгонд нывгæнджыты уацмыстæй мæ зæрдæмæ 'ппæтæй тынгдæр цæуынц, мадæлтæ сæ ноггуырд сывæллæттæн дзидзи кæм дарынц, уыцы нывтæ. Хъæуы цæргæйæ, ахæм нывтæ цардæгасæй бирæ хæттыты федтон. Гыццыл уыдтæн, æмæ мæ сылгоймæгтæ сæ тыппыр риутæ не 'мбæхстой. Мæ хæдзары дæр уыцы зæрдæрухсгæнæн ныв фенынмæ бæллыдтæн, фæлæ фæфыдæнхъæл дæн. Светæ фыццаг сывæллон куы ныййардта, уæд æм дохтыртæ цыдæр хæрам бахастой, йæ цард ма мæнгуд халыл хæцыди, æмæ йе 'хсыр фесæфти, ныр дæр æм нæй, æмæ сывæллæтты хъуджы 'хсырæй хæссы. Хъазæн куклатау сæ бинойнаг тыхтæй сæ рахиз фæрстыл авæры, æртæ чысыл авджы айдзаг кæны,

æмæ сын резинæ сывæдæгтæ сæ дзыхты атъыссы. Æхсыр сæ ахсæнты уайтагъд дон фесты, æддæмæ лидзын райдайы, æмæ чысыл нарæг уат зæрдæуынгæггæнæн цъæхахстæй байдзаг вæййы.

Уынджы-иу искæй æнæниз сывæллоны кæуын куы айхъуыстон, уæд-иу мæ уд рацæйхаудта, æмæ ныр, мæхи рынчын сывæллæтты цъæхахстмæ хъусгæйæ, фыр тыхстæй æгæлæнтæ кæнын. Æмæ ма уæддæр æз куыстмæ ацæуын æмæ сын сæ кæуынæй фервæзын, фæлæ иудадзыг семæ чи ис, уымæн йæ зæрдæ фæйнæрдæм куыд нæ атоны? Æз мæ мады гуыбынæй мемæ æнамонддзинад рахастон æмæ ма дзы Светæйы дæр фæхайджын кодтон. Тæригъæд ын кæнын, фæлæ йын мæ бон ницы у. Уæвгæ, ам бынтон раст нæ дæн. Мæ бон ын æххуыс кæнын у, æмæ мæхиуыл нæ ауæрдын. Цалынмæ сæм куысты фæстæ фæцæуын, уæдмæ сæ чъизи дзаумæттæ амбырд вæййынц. Нæхимæ сæ ахæссын æмæ сæ сапонæй ныхсын, бахус сæ кæнын, иту сыл сæвæрын æмæ сæ сæумæрайсом рынчындонмæ аскъæфын. Кæд ауыгъды хуызæн дæн, уæддæр иудадзыг мæхимæ нæ хъусын. Иуæй-иу хатт хъæлдзæг дæр бавæййын. Сывæллæттæ куы райгуырдысты, уæд мыл рауагъдады кусджытæ æрæмбырд сты æмæ мын зæрдæбын арфæтæ фæкодтой. Кæддæр дзы иу дзæбæх сылгоймагæн адæмы ’хсæн хъазгæйæ афтæ зæгъын:

– Мæнмæ гæсгæ, дæ лæджы бон ницы бауыдзæни… Уæд та нæхæдæг иу сывæллон исты хуызы самал кæниккам…

– Ды дæр мæ ’хсæв-бонмæ тухæнæй фæмардзынæ æмæ ницы сæнтаудзынæ! – срæцыгъта бустæхуызæй æмæ мыл йæ къух ауыгъта, ома дæхиуыл дæ зæрдæ нæ дарыс æмæ ус нæ курыс, ницы дæ æмæ дæ дзыхыл хæц. Ме ’мкусджыты цинтæ æмæ арфæтæ куы фесты, уæд фæсмонгæнæгау æнкъардæй уырыссагау афтæ бакодта:

– А он мне предлагал свои услуги…

Æмæ адæм фыр худæгæй гуыбындихтæ фесты. Иуварсæрдыгæй æнæ дзургæйæ лæууыди фыдындгомау абадгæ уырыссаг чызг. Ме ’мкусджытæ куы фæсабыр сты, уæд мæ афарста:

– А на кого они похожи?

– На меня, – дзуапп ын радтон æз. Уый цыма æбуалгъ хабар фехъуыста, уыйау фæтыхстхуыз и æмæ зæрдæбынæй ныхъхъæрзыдта:

– Какой ужас!

Дæргъæй-дæргъмæ къæлидор та адæмы кæл-кæлæй байдзаг и æмæ

дзæвгар рæстæг нал æнцади.

Рауагъдады политикон хайады мæ хорз хæлар, курдиатджын журналист Æмзор кусы. Мæ фаззæтты хабар куы базыдта, уæд хъусынгæнинаг алы рæттæм арвыста, суанг ма йæ Мæскуыйы дæр балæууын кодта, æмæ медицинон газеты рацыди. Мæнмæ хардзау æркасти, æмæ йæ фелхыскъ кодтон:

– Хъусынгæнинаг ныффыссынæн стыр курдиат нæ хъæуы. Хицауадмæ-ма ныффысс, æмæ мæм æхцайæ фæкæсой.

– Æз дын дæ лæджыхъæдæй æппæлыдтæн, æхца та дæхæдæг ракур. Æрæджы Кубæйы иу сылгоймаг цыппар сывæллоны ныййардта, æмæ се схъомыл кæныны хæс паддзахад йæхимæ райста. Кубæйæн дæр ма нæ бæстæ куы æххуыс кæны, уæд дын дæ сывæллæтты æвæгæсæгæй куыд ныууадздзæн? Кæд ма нæ хицæуттыл цæсгом ис, уæд сæм хъуамæ медицинон хо сфидар кæной, дæуæн та хъуамæ фатер æмæ ’хца радтой.

Рауагъдады номæй Мæскуымæ писмо ныффыста, æмæ йæм уайтагъд цыбыр æмæ мидисджын дзуапп сæрвыстой: «Иу оклад ын раттут. Æндæр æм закъонæй ницы ’мбæлы». Йæхи ’ппæтæй адæймагуарзондæр чи хоны æмæ ’ппæт дунейы бæстæты коммунистон партитæ йæ фидар уæхсчытыл чи хæссы, уыцы хъæздыг паддзахадæй мæ бон базыдтон æмæ хъуыды кæнын, Светæ цыппар сывæллоныл нæ аххæсдзæн, æмæ сын дыджызæ куы баххуырсон, уæд ын цы фиддзынæн, ууыл, фæлæ мæ сæр ницы ахсы. Æрæджиау иу хъуыды ’рцахста, æмæ дзы мæхи рæвдауын. Ме ’рвад Фари йæ чындзимæ фæхыл и, иумæ сын цæрæн нал уыди, æмæ цалдæр азы размæ, йæ ус кæмæн амард, ахæм зæронд лæгмæ смой кодта. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæм-иу бауадтæн, æмæ мылиу цин кæнынæй нал æфсæстысты. Æрæджы йæ лæг йе ’нусон дунемæ ацыди, æмæ Фари иунæгæй баззади. Зианы бон мын куыд дзырдта, афтæмæй йæ лæджы лæппу æмæ чызг сæ фыдæн афæдзы хист куы скæной, уæд хæдзар уæй кæндзысты. Уым ын бынат нал уыдзæн, æмæ мын кæд сразы уаид. Бирæ сагъæсты фæстæ йæм бацыдтæн æмæ йæм къæмдзæстыгæй æрхатыдтон:

– Фари, иу курдиат мæм ис дæумæ, фæлæ дын æй уæздандæрæй куыд бамбарын кæнон, уый нæ зонын.

– Комкоммæ йæ зæгъ.

– Дæ зæрдæйы уаг мæм нæ аивдзынæ?

– Нагъ.

– Махмæ куы ’рцæрис æмæ мын мæ сывæллæттæм куы фæкæсис, уæд дæ стыр бузныг фæуаин. Светæйæн иунæгæй йæ бон ницы бауыдзæн. Ацы цардæй чи кæд ацæудзæн, уый ничи зоны, фæлæ кæд ды мæ разæй фæуай, уæд дæ кадджынæй бавæрдзынæн, – мæхицæй ралæмæрстон тыхамæлттæй, æмæ мæ цæсгомыл арт сирвæзти.

– Гъе, мæ хур, мæнмæ уыйбæрц хъарутæ нал и, нал, – загъта ’нкъардæй, æмæ нæхимæ уæнтæхъил, сæргуыбырæй рацыдтæн. Ме ’нæхсæст ныхæстыл ма фæсмон кæнын, фæлæ сын раздахæн нал и.

* * *

Мæ саубыны сæфт карьеристтæй уынын. Адæймагмæ иу хъуыддаджы дæр курдиат куынæ уа, афтæмæй хицауы бынатмæ куы тырна, уæд ма уый (йемæ сразы уыдзынæн – нæ) бамбардзынæн. Хорз цæрын æй фæнды, хорз цæрынæн та бирæ ’хцатæ хъæуы, цæмæй дæм бирæ ’хцатæ уа, уый тыххæй та хъуамæ стыр бынат ахсай. О, æнæкурдиат адæймаджы бамбарæн ис, фæлæ курдиатджын адæймаг дзыллæтæн хорз уацмыстæ сфæлдисыны бæсты уæлдæр бынæттæм йæ бæттæнтæ куы тона, уæд уымæн бамбарæн нæй.

Æз рауагъдады литературон хайады сæргълæууæг йеддæмæ ницы дæн. Хуыцау, зæхх – æвдисæн, уырдæм дæр нæ тырныдтон, сæйраг редактор суæвын та мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди. Куыст фæхуыздæр кæныны тыххæй мæ дыууæ директоры самидин кодтой, æмæ семæ сразы дæн, фæлæ йæ ныр æмбарын – зыбыты дзæгъæлы. Алчидæр хъуамæ, цы бынаты аккаг у, уый ахса, цы бæлас нæ акалдзæн, уымæ хъуамæ йæ фæрæт ма иса. Стæй… аккаг уæвгæйæ дæр æз цы цъымарайы цæрын, уым, дæхи куы акъæртт кæнай, уæддæр, ныллæг бандоныл бадгæйæ, ницы сараздзынæ, адæмы ма дæхимæ цы схæрам кæнай, æндæр. Уымæ гæсгæ, бирæ сагъæсты фæстæ ’рцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: рауагъдады литературон хайады сæргълæууæджы бынат чифæнды дæр ахсæд, мæн ницæмæн хъæуы.

«Чифæнды дæр» кæй зæгъын, уымæй раст нæ дæн. Фæнды мæ, цæмæй дзы куса, æцæг литературæ чи ’мбара, сыгъдæгзæрдæ чи уа, дзуллаг цъатайæ чи хицæн кæна, стæй ныфс кæмæ уа, æмæ, литературæмæ йæ бæзджын цæсгомы фæрцы чи бырса, уыцы графомантæн ныхкъуырд чи дætта, ахæм адæймаг.

– Ды та куыд зæгъыс? Мæ бынатмæ иу дзæбæх лæппуйы куы

’рбакæниккам æмæ нæхæдæг хуымæтæг редактортæй куы кусиккам, уæд куыд уаид? – фæрсын Елиозы, æмæ йæ сæр райдзастхуызæй разыйы тылд кæны.

– Уый хорз уаид, дæ бирæ лыстæг хъуыддæгтæй фервæзис, æмæ маиу рæстæгæй-рæстæгмæ æрдзы хъæбысмæ дæр ауаиккам, фæлæ кæй?

«Кæй?» – ацы фарст нæ дыууæйы дæр цъысыммæ батардта, æмæ дзы рацæуын нæ фæразæм. Агурæм къуыри, дыууæ къуырийы, мæй, дыууæ мæйы, афæдзы ’рдæг. Агурæм прозаикты æмæ поэтты ’хсæн, суанг ма зонгæ журналисттæ æмæ ирон литературæйы ахуыргæнджытыл дæр зилæм. Никуы æмæ ницы. Чи дзы курдиатджын у, фæлæ – æдзæстуарзон, чи – цæстуарзон, фæлæ – æнæкурдиат. Кæмæ дзы фаг зонындзинæдтæ нæй, кæмæ та – рæстдзинады фарс хæцыны ныфс. Чи дзы хин æмæ кæлæн у, чи та – хиппæлой. Нæ тых-нæ бонæй агурæм, хорз уацмыстæн уæрæх фæндаг чи дætта, æвзæр уацмыстæ та фæстæмæ чи здаха, ахæм лæппу, фæлæ йæ нæ арæм.

– Махæн ацы гыццыл бынатмæ нæ бон лæг ссарын куынæ у, уæд стыр бынæттæм цæй тагъд ссарынц дæсны специалисттæ? Цæстфæлдахджытæ сæхи хуызæн аферистты сыгъдæгзæрдæ адæмы ’хсæнæй куыд тагъд ракъахынц, уый диссаг у. Аргæ та сæ куыд скæнынц, аргæ? Æвæццæгæн сæ тæфæй базонынц, – дзуры мын Елиоз.

Мæн дæр уый æфтауы дисы. Къæвдайы фæстæ къозотæ зæххæй куыд сгæппытæ кæнынц, афтæ хæрз цыбыр рæстæгмæ бæстæ ног хицæуттæй байдзаг и. Уæвгæ, æнæхъæн бæстæйы кой цы кæнын? Мæ алыварс цы цаутæ цæуы, уыдон бынтон диссаг куы сты. Министрæй кæйфæнды дæр авæрынц æмæ йæ уайтагъд фæстæмæ фелвасынц. Аразæджы ахуырады министрæй сæвæр – уымæн цас æдзæсгомдзинад хъæуы! Мæ хорз хæлары фырт, дам, у. «Мæ фарсмæ мæхион уæд æмæ цыфæнды къуымых дæр уæд», – уый дын логикæ, гъе! Æвзæр хицау дæлдæр бынæтты ’взæр хицæутты кæй æвæры, уыцы ’взæр хицæуттæ та бæстæ зауаты бынатмæ кæй тæрынц, уый кæд бамбардзыстæм, цымæ? Мæнæн абон мæ хъуыддæгтæ хорз цæуæнт, æмæ райсом бæстæйы мæ фæстæ бæхгæрдæг дæр æрзайæд.

Мæ сæр алыхуызон ницæйаг хъуыдытæй куы байдзаг вæййы, уæд мæ зæрдыл æрлæууы иу æмбисонд. Иу бæстæ йæ ницæйаг хицæутты азарæй бацарæфтыд и. Разагъды лæгтæ æрæмбырд сты æмæ бауынаффæ кодтой:

– Цæмæй йæ фервæзын кæнæм, уый тыххæй хъуамæ ссарæм, нæ райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæхи нывондæн чи ’рхæсдзæн, ахæм лæг.

Фæндагыл цæуынц, цæуынц, æмæ сæ размæ фæци иу хæрзарæзт хъæздыг лæг, цыппар цæхæркалгæ хæрзхаст бæхы ифтыгъд кæм уыди, ахæм сызгъæрин файтоны. Æрурæдтой йæ æмæ йæм æрхатыдысты:

– Хорз лæг, иу курдиат нæм ис дæумæ.

– Цы у, зæгъут æй.

– Нæ бæстæ ’взæр хицæутты азарæй бабын и, æмæ йæ фервæзын кæнынæн ис æрмæстдæр иу хос.

– Цы у?

– Дæ цард ын ратт, æмæ фæстæмæ сног уа.

– Бын æй сымах бакодтат, мæ цард та йын æз раттон?! – мæстыйæ сыл сабухта лæг æмæ сæ фæндаджы был лæугæйæ ныууагъта.

Цæуынц та дарддæр бæлццæттæ. Цæуынц, цæуынц æмæ фембæлдысты иу бонджын лæгыл, дыууæ хæрзхаст бæхы ифтыгъд кæм уыди, ахæм æвзист файтоны. Æрурæдтой йæ æмæ та уымæ дæр æрхатыдысты:

– Хорз лæг, иу курдиат нæм ис дæумæ.

– Цы у, зæгъут æй.

– Нæ бæстæ ’взæр хицæутты азарæй зауаты бынатмæ ’рцыди, æмæ йæ фервæзын кæнынæн ис æрмæстдæр иу хос.

– Цы у?

– Дæ цард ын ратт, æмæ фæстæмæ сног уа.

– Зауаты бынатмæ йæ чи ’ртардта, уыдон ын раттæнт сæ цард, – йæ къух сыл ауыгъта лæг æмæ йæ фæндагыл араст и.

Цæуынц та дарддæр бæлццæттæ. Цæуынц, цæуынц æмæ фембæлдысты иу мæгуыр лæгыл зæронд скъуыдтæ дарæсы. Йæхи хуызæн мæгуыр хæрæгыл бады æмæ йæ фындзы бын цыдæртæ гуым-гуым кæны. Æрурæдтой йæ æмæ та уымæ дæр æрхатыдысты:

– Хорз лæг, иу курдиат нæм ис дæумæ.

– Цы у, зæгъут æй.

– Нæ бæстæ ’взæр хицæутты азарæй зауаты бынатмæ ’рцыди, æмæ йæ фервæзын кæнынæн ис æрмæстдæр иу хос.

– Цы у?

– Дæ цард ын ратт, æмæ фæстæмæ сног уа.

– Кæд нæ райгуырæн бæстæ сног кæнынæн æндæр ницы хъæуы, уæд æз разы дæн ныртæккæ дæр! – сдзырдта лæг æмæ йæ хæрæгæй

зæхмæ ’рхызти.

– Ай у, йæ райгуырæн бæстæ æцæгдæр зæрдæйæ чи уарзы, ахæм адæймаг æмæ йæ фервæзын кæндзæн, – загътой бæлццæттæ, семæ йæ акодтой æмæ йæ бæстæйы сæргъы сæвæрдтой.

Адæм-иу се ’хсæнæй ахæм лæгты куы равзариккой, уæд хорз уаид, бæргæ, фæлæ искуы-иуæй фæстæмæ хæрдмæ хизынц, кæм цы фидиссаг и, уыдон, æмæ сæ сæ хъарм бынæттæй ратæрæн дæр нал вæййы. Æмæ ма уæддæр уыдонæн бамбарæн ис, фæлæ курдиатджын фысджыты бамбарын мæ бон нæу, уæлдайдæр, йæ уацмысты уды сыгъдæгдзинадмæ, сæрибармæ, уæздандзинадмæ, лæгдзинадмæ, æфсарммæ æмæ намысы сæрвæлтау карз тохмæ чи сиды, уыцы карьеристты.

* * *

Хуыцау адæймаджы марынмæ куы фæхъавы, уæд уал ын фыццаг йæ зонд айсы. Æвæццæгæн, ацы æмбисонд мæнмæ хауы, æндæр мæ мæ хæйрæджытæ фысджыты ныхмæ цæмæн сарæзтой?

Иурæстæг мæ фыдыфсымæры ус Аминæтмæ цардтæн. Æгæр æргом кæй уыдтæн, уый тыххæй мын арæх дзырдта:

– Ирбег, искæй æнæуаг митæй куы сфæлмæцай, уæд-иу сæ дæ къæхты бын акæ. Йæхи ’взæрæй уынын никæй фæнды, æмæ дæхиуыл макæй ардау. Дæ дзыхыл хæц æмæ æнæмаст уай. Зæгъынæй нæ зæгъын хуыздæр у…

Ме ’нахъинон æдзæлгъæд царды мæ уыцы зондджын ныхæстæй иудадзыг пайда кæнын хъуыди, уæлдай тынгдæр та, æхсæвæй, бонæй куысты, хæдзары æмæ рынчындоны ’хсæн тыхст æмæ уырыдæй цоппайгæнгæйæ, фæлæ сæ, ме ’намондæн, ницæмæуал æрдардтон æмæ фысджыты съезды цалдæр фыссæгæн сæ чъизи миты тыххæй бауайдзæф кодтон. Æмæ сын уайдзæф дæр куыд нæ бакодтаин… Сæ цæдисон æмбалыл мæ нымадтой æмæ мæм иу бон фæдзырдтой:

– Ирбег, райсом-иу дæс сахатыл обкомы цурмæ ’рбацу.

Кæд фысджытæн исты хорздзинад аразынц, зæгъгæ, сæ фарсмæ балæууыдтæн. Уыдон мæ, обкомы оммен зæгъыны бар дæр кæмæ нæ хаудта æмæ йæ ауонæй дæр чи тарсти, ахæм тыфтырыкъо лæгмæ бакодтой æмæ, хæсты быдыры йæ туг чи калдта, уыцы хистæр фæлтæры минæвæртты цъыфимæ змæнтын райдыдтой. Суанг ма сæ дезертиртæ æмæ фыдыбæстæ уæйгæнджытæ дæр рахуыдтой. Мæнæн

фыр æфсæрмæй мæ цæсгом артау ссыгъди. Мæхи ахæм æнахъинон уавæры банкъардтон, цыма семæ разы кæй нæ дæн, уый ныртæккæ бамбардзысты æмæ мыл ардыд куыйтау сæхи ныццæвдзысты. Фестадтæн æмæ дуар мæ сæрыл рахастон. Дыккаг бон мын Хамбечыр æнæрвæссонхуызæй афтæ:

– Мах æнхъæлдтам, ды немæ уыдзынæ, æндæр дæ фысджыты цæдисмæ нæ райстаиккам.

Стыр ныхас хъæдбын дæр нæ фидауы, æмæ йæ чи кæны, уыдонæй ме сæфт уынын. Ханбечыр йæхи афтæ дары, цыма фысджыты цæдис йæ фыды куыстуат у, æмæ йæм адæмы хъуамæ 'рмæстдæр йæхи фæндонмæ гæсгæ иса. Фыццаг хатт æм куы цыди, уæд æй хистæртæ куыд ныххæххытæ кодтой, уый дзы ферох и. Ирон хъалдзинадæн дзы 'мбал нæй. Æппындæр чи ницы у, уый дæр хъуамæ иннæтæм сæрбæрзондæй кæса æмæ сыл йæ сæт кала. Хамбечыр æвзæр поэт нæу, адæмы цæсты дæр йæхи æвæрын зоны, фæлæ арвæй стъалытæ не скъæфы, байхъус æм, уæд та – бæсты бикъ, комы дæгъæл. Афтæ 'нхъæлы, сæумæрайсом æппæты бæрзонддæр цъуппæй уасæджы уаст куынæ ныккæна, уæд Ирыстон нæ райхъал уыдзæн. Иннæтæ дæр сæхи уымæй дæлдæр не 'вæрынц æмæ сæ хъуыды 'мбæхсгæ дæр нæ кæнынц: «Хъуамæ разамынд дæттой æппæтæй курдиатджындæртæ», ома сæхæдæг. Æнæ ахстæй ма сын баззадысты фысджыты цæдисы сæрдары, бæрнон секретары, рауагъдады директоры æмæ сæйраг редакторы бынæттæ æмæ сæм сæ уды быцъынæг скъуыйынц.

Æрыгонæй иу сæйраг горæтæй иннæмæ ахæм карьеристтæм нæ тырныдтон. Æз бынтон æндæр адæммæ тырныдтон. Тæппуд хистæр фысджытæ мæ цæхæрмæ куы сдардтой, уæд æнхъæл уыдтæн, кæстæртæ хуыздæр уыдзысты æмæ 'взæрдæр разындысты. Мухтар замманай лæг у. Æрыгæтты фарс хæцы, материалон æххуыс сын кæны, сæ уацмыстæ уадзыныл дæр сын архайы, æмæ йыл «хунвейбинтæ» сæмварс сты.

– Æрыгæттæ дæ сæрдары бынатæй тæргæ кæй кæнынц, уый нæ уыныс? – бафарстон æй съезды райдайæны, æмæ бадисхуыз и:

– Æцæг зæгъыс æви?!

– Уæдæ дын гæды ныхæстæ кæнын? Дзурын сæм ничи уæнды, æмæ хæрæгæй хуым кæнынц. Хъуамæ сын съезды, адæмы 'хсæн сæ ных бакъуырон.

– Ныхасы бар дын ратдзынæн, æмæ-иу дæ хъуыдытæ цыбырæй зæгъ.

Мæстыйæ мын денджыз мæ фадхъултæм дæр нал вæййы, æмæ ’ппындæр никæмæйуал фæтæрсын. Смудаг куыйтау рауагъдады хицæутты фæдыл куы зылдысты æмæ сæ цъыфимæ куы змæстой, уæд мæм цы зæгъинæгтæ æрæмбырд и, уыдон ииуылдæр скалдтон. Хорз уацмыстæ фыссыны бæсты, фыссæджы ном æгадгæнæн мадзæлттæй архайгæйæ, хъарм бынæттæм кæй тырнынц, уый сын сæ цæстмæ бадардтон, уыцы бынæттæ куы ’рцахсой, уæд дзы ’ппындæр кæй ницы сараздзысты, уый та сын ноджы бæстондæрæй бахахх кодтон æмæ сæ мæхиуыл сардыдтон. Æнхъæл уыдтæн, сæхи сраст кæныны охыл мæ ныхмæ истытæ зæгъдзысты, æмæ ууыл хъуыддаг ахицæн уыдзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Съезды мæ ныхмæ дзурын ницы суæндыдысты, уымæн æмæ раст уыдтæн, фæлæ мыл уый фæстæ тугмондаг хъæрццыгъатау сæхи ныццавтой. Бирæ æнахъинон даутæ мыл фæмысыдысты, æмæ зæххæй сисынмæ дæр нал бæззыдтæн. Суанг ма мыл сæхи чъизи митæ дæр ныххуырстой. Мæ уацмыстыл мын мастисæн уацтæ фæфыстой. Мæ ныфс асæттыны тыххæй ма сæ хицæн чиныгæй дæр рауагътой. Уыдон сæм фаг нæ фæкастысты, æмæ ма мыл партийы обкоммæ дæр бахъаст кодтой. Сæ цъыфкалæн писмомæ гæсгæ мæ мидхъуыддæгты адæмон комиссарады сæркъуыртæ æртын æвдæм азы æнæ уæлдай ныхасæй агæрах кодтаиккой.

Кæй сæ ракъахтон, уый мæхиуыл арт æндзарæгау уыди, фæлæ йыл мисхалы бæрц дæр нæ фæсмон кæнын. Сæ уацмыстæй адæмыл уæлмонц æнкъарæнтæ чи тауы, сыгъдæгзæрдæ уæвыныл сæ чи ахуыр кæны, кæрæдзи уарзынмæ сæм чи сиды, уыдоны зæрдæты цас марг ис, уый бамбæрстон, ноджыдæр ма бамбæрстон иу хъуыддаг: цыфæнды раст уæвгæйæ дæр дыл æгъатыр, хин æмæ кæлæн адæм куы сæмварс уой æмæ дыл сæхи хуызæн æнæгъдау хицæутты куы сардауой, уæд дæ цыфæнды сыгъдæгæй дæр счъизи кæндзысты æмæ дын дæ цард фехалдзысты.

– Ирбег, уыцы лæппуты æз дæуæй хуыздæр зонын. Иу сыхы куыйтæ сты. Æцæгæлон куыдзы куы ауынынц, уæд ыл сæхи ныццæвынц æмæ йæ ’мдыхæй акъабæзтæ кæнынц, куы ничи сæ фæхъыгдары, уæд та сæхимидæг схыл вæййынц. Мауал сæ къах, æмæ кæрæдзийы бахæрой, – мæ хъусы мын бацагъта Чегем, æмæ йемæ сразы дæн. «Ды – куыдз, æз – куыдз»-æй цард нæй», – скарстон мæхинымæр æмæ сыл мæ къух ауыгътон, цыфæнды дæр мыл фыссæнт, зæгъгæ.

Не ’хсæн ма рæстдзинады фарсхæцджытæ кæй ис, уый мын мæ зæрдæйы чысыл ныфсы муртæ уадзы. Мыхуыры фæрæзты сæ уæзданæй ныддæрæн кодтой. Димыр педагогон институты семæ ахуыр кодта æмæ сæ рагон хæлар у, сыгъдæг зæдты бынаты сæ æвæры æмæ сыл къæм абадын нæ уадзы, фæлæ ма сын уый дæр се ’дзæсгом митæн нæ бабыхста æмæ сæ хурмæ рахаста. Ницы сæм бахъардта, уымæн æмæ уый дæр æвæрæз пигмейыл нымайынц. Адæймаг цы у, уымæй йæхицæн стырдæр æнхъæл куы уа, уæд уый йе ’дылыдзинæдтæн сæ тæккæ тæссагдæр у...

* * *

Мæ сывæллæттæ кæуынц æмæ мæ удмарæн сагъæстыл æфтауынц. Дохтыртæ сын антибиотиктæ дарынц, фæлæ сыл уыдон дæр нæ ахадынц. Фыды мур сыл нæй, æмæ сын уколтæ сæ къухтыл кæнынц. Уым дæр бынæттæ нал ис, æмæ сæ иу ран цалдæр уколы скæнын бахъæуы. Стафилококкы æдде ма сыл рæстæгæй-рæстæгмæ ’хснырсæг дæр бахæцы. Светæ сын туаг антигриппинæйдзаг сывæдæгтæ сæ дзыхты куы атъыссы, уæд сæ цæсгæмттæ уæлдайхуызон дæр нæ фæвæййынц, æмæ фыр тæригъæдæй мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц.

Сæ разы дзæвгар рæстæг куы фæлæууын, уæд мæ катай чысыл фæкъаддæр вæййы, фæлæ сæ бон-изæрмæ куынæ фенын æмæ сæм куысты фæстæ куы фæцæйцæуын, уæд адæргæй бампылын. Светæ рынчындоны къæсæрæй мæ размæ кæй рахиздзæн æмæ мын æбуалгъ хабар кæй фехъусын кæндзæн, ууыл дызæрдыг нæ фæкæнын. «Чи дзы амарди, цымæ, Миланæ, Илонæ æви Аланæ?» – фæфæрсын мæхи, фæлæ мæ мæ фарстæн дзуапп раттын нæ фæфæнды, уымæн æмæ мын æртæйæ дæр æмхуызон адджын сты, æмæ мæм мæ мидхъуыдыты сæ иуæй дæр фæхицæн уæвыны хъару нæ разыны.

Ноджы тынгдæр æууæндын райдыдтон, Хуыцау афтæ хъомысджын не ’дылыдзинады æмæ тæппуддзинады фæрцы кæй у, ууыл. Мæхи ’мбарынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ, мæ къæхты туг мизгæйæ, цы гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцыдтæн, уыдон мæ скодтой æнæгуырысхо атеист. Тынг мыл сахадыдтой сыгъдæгзæрдæ æнаххос адæмы хъизæмæрттæ дæр. «Христос терпел и нам велел», «Адæймаг фыдæбонæн райгуыры». Нæ, адæймаг хъизæмæрттæ быхсынæн æмæ фыдæбон кæнынæн нæ райгуыры. Уыдон ын хинæйдзаг цæстфæлдахджытæ,

ӕгъатыр тугцъиртӕ, цъаммар карьеристтӕ, мӕнгард хицӕуттӕ ӕмӕ алыхуызон фыдгӕнджытӕ ’взарын кӕнынц. Хуыцау куы уаид, уӕд уырыссӕгты ӕмӕ ирӕтты мӕгуыртӕн ацы ӕмбисӕнттӕ ӕрхъуыды кӕнын сӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр не ’рцыдаид, уымӕн ӕмӕ се ’ппӕты дӕр дунемӕ ӕмхуызон уавӕрты ӕмбартӕй ӕмӕ амондджын уӕвынӕн зӕрдӕхӕларӕй уадзид ӕмӕ сын иу зындзинад дӕр не ’взарын кӕнид. Ӕз ныртӕккӕ ме ’нахъом рынчын сывӕллӕтты тыххӕй мӕ цард раттынил разы куы дӕн, уӕд Хуыцау мӕнӕй ӕгъатырдӕр у? Зӕххыл уыйбӕрц бӕллӕхтӕ тауын ӕмӕ йӕ цоты удхар кӕнын цӕмӕн уадзы?

О, о, ӕнӕгуырысхо атеист дӕн, фӕлӕ мӕ, рынчындонмӕ цӕугӕйӕ, мӕ тӕппуддзинад уырнон скӕны, арвмӕ ме ’ргом аздахын ӕмӕ фӕзӕгъын:

– Хуыцӕутты Хуыцау, мӕ мӕгуыр сывӕллӕтты мын фервӕзын кӕн, ӕмӕ дӕм ӕдзухдӕр, мӕ уӕрджытыл лӕугӕйӕ, кувдзынӕн.

«Ницы та йӕм кувдзынӕ. Хӕдтӕхӕгӕй дӕ рӕсугъд уарзонмӕ куы тахтӕ, уӕд ӕм куыд куывтай? «О Хуыцау, Зухрайӕ фӕхицӕн уӕвын мӕхи бон нӕ бауыдзӕн, ӕмӕ исты сараз, цӕмӕй ма баиу уӕм». Куыддӕр сӕм бацыдтӕ, афтӕ йӕ фыд амард, ӕмӕ дзы фервӕзтӕ, фӕлӕ дзы цы рамбылдтай? Ницы! Ӕдылы куывдтытӕ куынӕ кодтаис, уӕд дӕ уарзон сылгоймагимӕ зӕрдӕрайгӕйӕ цалдӕр боны уӕддӕр арвыстаис, дӕ цард нӕ ныддагъытъайлаг уыдаид, ӕмӕ ныр удисӕн хъизӕмӕрттӕ не ’взарис», – мӕстӕй мӕ мары мӕ мидхъӕлӕс, ӕмӕ йӕм хъӕрӕй дзурын:

– Уӕдӕ кӕмӕ баулӕфон, ӕххуыс кӕмӕй бацагурон? Сӕрсӕфӕны былӕй чи фӕцӕйхауы, уый дӕр ма сындз телыл куы фӕхӕцы.

Рынчындонмӕ куы бацӕуын ӕмӕ мӕ сывӕллӕтты сӕрӕгасӕй куы баййафын, уӕд иучысыл фӕсабыр вӕййын, фӕлӕ ацы хатт мӕ бон ӕрсабыр уӕвын нӕу.  Светӕ ӕмӕ Уарзетӕйы цӕсгӕмттӕ – тар. Сӕ дзыхтӕй хъыпп-сыпп дӕр нӕ хауы. Уаты мӕрдджынты лӕуд кӕнынц ӕмӕ кӕрӕдзимӕ рохстӕй фӕрсӕгау кӕсынц, дарддӕр цы кӕнӕм, зӕгъгӕ. Мӕ зӕрдӕмӕ ӕгӕрон тас бахъуызыди, ӕмӕ тӕфсӕгӕй сӕйӕгау мӕ зыр-зыр ссыди.

– Цы кӕны Илонӕ? – тарстхуызӕй фӕрсын Светӕйы. Уымӕн йӕ бон дзурын нӕу, ӕмӕ мын йӕ бӕсты ’нкъардӕй дзуапп дӕтты Уарзетӕ:

– Абон райсомӕй бафынӕй и ӕмӕ уӕдӕй нырмӕ нӕма райхъал и ... – иучысыл ӕдзӕмӕй алӕууыди, стӕй лыггонд хъуыддагыл дзурӕ-

гау мæгуырхуызæй афтæ бакодта: – Цом æмæ хæдзар бафснайæм…

Уыцы ныхæстæ цы амонынц, уый æмбарын, фæлæ сыл мæ зæрдæ кæронмæ бауæндын нæ комы. Илонæйы цур цавддурау лæууын æмæ йын йæ мæрдонхуыз цæсгоммæ, удхаугæйæ, кæсын. Мæ лæмæгъ сывæллæттыл мын ацы æгъатыр низ чи бафтыдта, уыдонылн ыртæккæ куы фæхæст уаин, уæд сын сæ хурхуадындзтæ дæндагæй бахсынин æмæ сæ мæ рынчынты разæй ингæнмæ батæрин. Мæ риуы цæджджинагау фыцынц маст æмæ хъыг. Фыр тыхст æмæ фыр æнæбонæй мæ фæнды хъæрæй нырдиаг кæнын. Исчи мæ кардæй куы барæхоид, уæд мæ иу туджы ’ртах дæр нæ рахъарид.

Светæ мын мæ цонгмæ аивæй æвналы æмæ мын, æнæ дзургæйæ, йæ мадмæ цæстæй амоны, йемæ ацу, зæгъгæ. Мæ дурдзавд сæрмæ иу хъуыды дæр æввахс нæ цæуы, æмæ ифтыгъдау æнæбары змæлын. Мæ хæдзармæ куыд бахæццæ дæн, Уарзетæ нæм куыд бафснайдта, уый нæ бамбæрстон. Мæ цæстыты раз лæууы Илонæйы цæсгом æмæ мын мæ зæрдæйы уидæгтæ бындзарæй рæдувы.

Ныфс фæстагмæ амæлы, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Кæд цыфæнды тыхст уыдтæн, уæддæр мæ зæрдæйы къуымы арф кæмдæр иу мæнгуд æууæнчы хал, дзедзыройгæнгæйæ, йæхиуыл тыххæй хæцыди æмæ мæ нæ фæсайдта. Илонæ нын дыууæ боны нæ удтæ цæхæрыл фæдардта, стæй æртыккаг бон райхъал и, чысыл авджы дзаг æхсыр бацъырдта, æмæ нæ цинæн кæрон нал уыди.

Дыккаг æхсызгондзинад та мыл Æрыдоны ’рцыди. Фаризæйы бабæрæг кæнынмæ ныццыдтæн, æмæ мын Милæ фынг авæрдта. Куыдзæг мемæ иучысыл абадти, стæй сыстади æмæ, æнæ дзургæйæ, Фаризæйы уынгмæ ахаста. Хæрд куы фæдæн, уæд æз дæр йæ фæдыл ахызтæн. Куыдзæг мæм кæсы æмæ йæ мидбылты худы. Цæуыл худы, уый фыццаг нæ бамбæрстон, стæй, мæ хъæбул нарæг асфальтыл сындæггай куыд араст и, уымæ фæкомкоммæ дæн.

– Фаризæ йæ къахыл ауади?! Гъеуый дын чызг! – цины хъæр сирвæзт мæ риуæй, æмæ йæм бауадтæн, фелвæстон æй æмæ йæ худгæйæ  хæрдмæ сæппар-сæппар кæнын. Алы æнæниз сывæллон дæр йæ къахыл ауайы, чи раздæр, чи фæстæдæр, æмæ уым диссагæй ницы ис, фæлæ йын, йæ рынчын хотимæ удхаргæнгæйæ, тынг кæй стыхстæн, уый тыххæй, йæ къахдзæфтæ фенгæйæ, мæ фæлмæст зæрдæмæ минмин хуры ныккасти, æмæ дуне мæхи баци. Милæ æмæ Куыдзæгæй

афтæ бузныг дæн, цыма мын æппæт дунейы хæрзтæ балæвар кодтой.

* * *

Сæ иуæй мæ зæрдæ барухс и, фæлæ мæ иннæтæ ’рвылбон цæрдудæй ингæнмæ тæрынц. Сæ уавæр æппындæр нæ хуыздæр кæны. Дохтырты бон сын кæй ницы у, уый æмбарын æмæ Хуыцауы ’ххуысмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсын, фæлæ уый кæнæ къуырма у, кæнæ йæ мæ хуызæн мæгуыр лæджы сывæллæттæм не ’вдæлы, кæнæ ныл, не ’дылы митæм кæсгæйæ, йæ зæрдæ сивта æмæ нæ рынчынæй, æнæнизæй æгъатыр иблисы ’вджид бакодта. Цы хæрынц, уый æддæмæ донæй куы нал цæуиккой, уæд, чи зоны, сæхиуыл фæхæциккой. Рынчынæн йæ низы кой – йæ дзуринаг. «Чи зоны… Куыд вæййы, цы вæййы…»-йыл мæ зæрдæ даргæйæ сын сæ хабæрттæ кæмæн нæ ракодтон, ахæм мын иу зонгæ дæр нал баззад.

Æмзорæн æцæгæлон мард фынæй у, æппындæр æм никæй рыст хъары, æмæ йын фæнды дзур, фæнды – ма, дæ тыхстдæр ныхас дын хъазыны ’рдæм аздахдзæн, стæй журналист-фельетонист низтæ дзæбæх кæнынæн цы хъуамæ зона, фæлæ уæддæр мæ зæрдæ нал фæлæууыд æмæ йæ цуры мæстыйæ срæцыгътон:

– Мæ чызджытыл уыцы æнæбайрайгæйы стафилококк чи бахæцын кодта, уыдон дæлдзæх фæуæнт!

– Стафилококкæй дын сæйынц? – афарста мæ цымыдисæй.

– О.

– Æмæ кæм райгуырдысты?

– Фыццаг арæндоны.

– Мæнæн дæр мæ лæппу уым райгуырди æмæ уыцы низæй сади. Рынчындоны йын бирæ хостæ дардтой, æмæ-иу куы хус ныцци, куы та-иу дон фестади. Дохтыртæ йæ афæдзы ’рдæг тухæнæй цы фæмардтой, æндæр ын ницы амал ссардтой.

– Уæдæ дзы куыд фервæзти?

– Ветеринары фæрцы, – бахудти Æмзор, æмæ йыл мæ къух ауыгътон, хынджылæг мæ кæны, зæгъгæ.

– О, о, ветеринары фæрцы… Кæд суртæ (кæй суртæгæнæг хоны, кæй – гал, кæй та – бынмиз) нæ кæныс, уæд иу хъуыддаг æнæ бафиппайгæ нæ фæуыдаис. Фос æмæ адæм кæрæдзимæ тынг дард не сты, арæх иу низæй фæсæйынц, æмæ сæ дзæбæх кæнын дæр иу хосæй фæхъæуы…

– Мæнæй афтæ, æцæгæй дзурыс. Æз та дæуæй æдылыдæр, дæумæ

чи хъусы.

– Мӕнӕй ӕдылыдӕр кӕй дӕ, уый дызӕрдыггаг нӕу, фӕлӕ мӕм кӕй хъусыс, уымӕй раст кӕныс. Стафилококк сдзӕбӕх кӕнынӕн бирӕ рӕстӕг хъӕуы, фӕлӕ хосты азарӕй хус ӕмӕ тӕнӕг куыд нӕ кӕной, уымӕн иу мадзал ис.

– Цавӕр?

– Горӕтӕй куы ахизай, уӕд Карцамӕ фӕндагыл рахизӕрдыгӕй фендзынӕ иу стыр хӕдзар. Уым хъӕууонхӕдзарадон институтӕн ис лаборатори. Ветеринарон дохтыр Хуадоны-фырт дзы рынчын фосӕн цӕттӕ кӕны сӕрмагонд мисын. Дӕ чызджытӕн дзы куы дарай, уӕд сӕ иу низӕй фервӕздзысты.

Автобусы абадтӕн ӕмӕ ӕвӕстиатӕй лабораторийы балӕууыдтӕн, кӕсын ӕмӕ мӕ цӕстытыл не ’ууӕндын. Мӕ размӕ лӕууы мӕхи карӕн лӕг Еле ӕмӕ мӕм йӕ мидбылты худы. Цалдӕр хатты сӕмбӕлдыстӕм мӕ уазӕгуарзаг хӕрӕфырт Зарӕмӕ ӕмӕ балымӕн стӕм.

– Цы хур, цы къӕвда дӕ ’рбахаста? – фӕрсы мӕ, дисгӕнгӕйӕ. Мӕ хабӕрттӕ йын кӕрӕй-кӕронмӕ ракодтон, ногӕй-ногмӕ дзы ӕртӕлитруат банкӕйы мисын фӕхастон, ӕмӕ мӕ сывӕллӕттӕ сӕ иу низӕй фервӕзтысты, фӕлӕ уӕддӕр сӕ кӕуынӕй не ’нцайынц.

* * *

Дыууӕ адӕймаджы балкъонӕй кӕсынц, ӕмӕ дзы иу стъалытӕ уыны, иннӕ та – цъыфдзаст. Ацы хъуыды ног нӕу. Суанг ма йӕ цыппӕрдӕсӕм ӕнусы Джованни Боккаччо дӕр загъта. Алчидӕр дзы пайда кӕны, ӕмӕ йӕ ӕз дӕр мӕхирдыгонау рацарӕзтон. Гисо ӕмӕ мӕм йе ’мсис ӕмбӕлттӕ цы азым хӕссынц, уымӕ гӕсгӕ ӕз нӕ цардӕн ӕрмӕстдӕр йӕ цъыфдзӕстытӕ уынын ӕмӕ мӕхи хуызӕн ӕдылытӕн «аслам экзотикон хабӕрттӕ уыцы цӕхджын ӕмӕ бӕгъгъӕтгомӕй дзаджджын лӕвӕрд кӕнын».

Цас раст сты, уый нӕ зонын, фӕлӕ нӕ боныгон хур куыд тавы, уый дӕр уынын, ӕхсӕвыгон сыгъдӕг арвыл стъалытӕ куыд ферттивынц, уый дӕр уынын. Суанг ма мӕй сыгъдӕг арвыл, хуры зӕрин тынты йӕхи найгӕйӕ, алы рӕстӕджыты ӕмӕ алы рӕтты куыд алыхуызон вӕййы, уый дӕр фенын, йӕ цӕсгом мӕм адӕймаджы цӕсгомы хуызӕн фӕкӕсы, ӕмӕ йемӕ зӕрдӕбынӕй фӕныхас кӕнын, цыма цардӕгас у, уыйау, цъыфдзӕстытӕ та мын уӕнгӕлӕй ӕнаддӕр сты, фӕлӕ хуры тынтыл

зарын ӕмӕ цъыфдзӕстытыл мӕхи атигъ кӕнын мӕ сӕрмӕ нӕ хӕссын…

Цавӕрфӕнды ӕхсӕнад дӕр вазыгджын ӕмӕ зын бамбарӕн у, адӕймаджы миддуне та уымӕй вазыгджындӕр ӕмӕ зындӕр бамбарӕн у, фӕлӕ уӕддӕр ӕз мӕ тых-мӕ бонӕй уымӕ тырнын, цардӕн йӕ талынг къуымтимӕ йӕ рухс бынӕттӕ дӕр ӕвдисын, фӕлӕ мӕ арӕх, чъизи адӕймӕгты ӕнахуыр митӕ уынгӕйӕ, уыцы рухс тӕппытӕ адард вӕййынц, ӕмӕ мӕ 'рфӕнды уыцы талынг къуымтӕм рухс бауадзын, адӕммӕ сӕ равдисын ӕмӕ сӕ бындзарӕй фесафын. Раст куы зӕгъон, уӕд мӕ сӕйраг хӕсыл уый нымайын ӕмӕ мӕ къухмӕ фыссӕн сис дӕр уымӕн райсын. Ӕвзӕр адӕймаджы миддуне куы февдисын, уӕд мӕхи йӕ бынаты сӕвӕрын, ӕмӕ мӕм куыдфӕстӕмӕ афтӕ кӕсын райдайы, цыма ӕз дӕр уый хуызӕн ницӕйаг дӕн, ӕмӕ мӕхицӕн сӕнад вӕййын, фӕлӕ сын ӕнӕ 'вдисгӕ нӕй...

Ирон ӕмбисонд раст зӕгъы – фыдбылыз йӕ фӕдыл фыдбылыз сайы. Уарзетӕ мӕм удаистӕй схӕццӕ ӕмӕ мыл йӕ мӕтӕйдзаг хъӕлӕсӕй катай бафтыдта:

– Тагъд дӕ чызджы горӕтмӕ ралас ӕмӕ йӕ рынчындоны сӕвӕр.

– Цы кӕны?! – афарстон ӕй тарстхуызӕй.

– Цалдӕр боны размӕ йӕ Валерӕ Ӕрыдонӕй нӕхимӕ 'рбаласта. Дзӕвгар рӕстӕг хӕдзары нӕ уыдтӕн, ӕмӕ йӕ нӕ сывӕллӕттӕ гом рудзынгыл уазалы фӕдардтой. Хъихъхуыфӕг ыл бахӕцыди, стӕй йӕ тӕвд схызти. Исты куы кӕна, уӕд ӕй мӕхицӕн нӕ ныббардзынӕн.

Кӕд цӕфӕй нӕ мӕлыс, уӕд дын уый та – рӕхуыст. Ӕппӕтӕй тынгдӕр мӕ фӕтӕрсын кодтой ацы дзырдтӕ: «Исты куы кӕна, уӕд ӕй мӕхицӕн нӕ ныббардзынӕн». Уӕлдай уынгӕгдӕрӕй сӕ дзӕгъӕлы нӕ загъта. Ӕвӕццӕгӕн, йӕ уавӕр тынг ӕвзӕр у. Ӕрвдзӕфау фӕдӕн, ӕвӕстиатӕй машинӕ баххуырстон, фӕдисы йӕм атындзыдтон ӕмӕ йӕ рынчындонмӕ сластон. Дохтыр ӕй федта ӕмӕ мын афтӕ:

– Фӕхӕц ыл, ӕмӕ йын ӕз укол скӕнон.

Мӕ риумӕ йӕ 'лхъивын ӕмӕ йӕ ныхӕстыл дарын:

– Фаризӕ, ды мӕ дзӕцц дӕ, мӕ гыццыл зӕрватыкк, мӕ хуры хай, мӕ цины суадон, мӕ удлӕууӕн. Ӕз дӕ бирӕ-бирӕ уарзын ӕмӕ дӕ никӕдӕмуал ауадздзынӕн. Мӕнӕй нал ацӕудзынӕ? – фӕрсын ӕй, йӕ рустӕн батӕгӕнгӕйӕ. Кӕд мӕм тынг зӕрдиагӕй хъуыста, уӕддӕр ын йӕ укол фӕрысти ӕмӕ ныцъцъӕхахст ласта. Иуцасдӕр ӕй мӕ хъӕбысы

фæуztон, æмæ афынæй ис, хуыссæны йæ æрæвæрдтон, хъæццулæй йæ æрæмбæрзтон æмæ йæм æхсæв-бонмæ мæ цæст фæдардтон, стæй йæ Светæйы бар бакодтон æмæ куыстмæ ацыдтæн.

Изæры мæхи рынчындонмæ сцæттæ кодтон, æмæ Елиозимæ цыппæрæм уæладзыгæй зæхмæ ’рхызтыстæм. Сæуджен æмæ Фидар мæ размæ ’рбацыдысты. Æнхъæлмæ мæм кæй кастысты, уый бæрæг уыди. Сæ маст райсынæн сын ирон æвзаг нал сфаг и, æмæ мæм, кæрæдзи фæзмгæйæ, уырыссагау æртхъирæнтæ кæнын райдыдтой:

– Напиши заявление об уходе! Все равно не оставим тебя на работе!

– Йæ цыппар чызджы рынчындоны сты, йæ бинойнаг нæ кусы, æмæ ма ай дæр куы нал куса, уæд йæ бинонты цæмæй дардзæн? – къуызгæйæ сæ бафарста Елиоз.

А-а, ды дæр не знаджы фарс хæцыс, зæгъгæ йыл дыууæрдыгæй сæхи ныццавтой:

– Уый мах хъуыддаг нæу!

– Сыдæй дæр ын амæлæнт!

– Уыдоныл æй раздæр хъуыды кæнын хъуыди!

– Рауагъдады мауал кусæд æмæ кæдæмфæнды дæр акуыйты уæд!

Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ мæ Сæуджен йе сæфт рагæй уыны. Зухра йæ усы хæрæфырт у, æмæ ма мæ уый цæсты дæр бафтыдта, фысджытæм мæ куы истой, уæд æмбырдмæ не ’рбацыди, стæй мæ йе ’мкоймагæн ахахх кæнын кодта, мæ гыццыл чингуытæ мын рауагъдады фæндзгай азтæ фæдардта. Съезды йæ къупри æмæ магуса куы рахуыдтон, сæрдарæй йæ куы равзарат, уæд уæ кæрæдзиуыл ардауынæй уæлдай ницы сараздзæн, зæгъгæ йын йæ цæдисон æмбæлттæн куы загътон, уæд та йæ цыфыддæр знаг фестадтæн, æмæ йæ ’мбарын, йæ дæндæгтæ мæм зыхъхъырæй цæмæн дары, уый.

Фидармæ кæсын, æмæ мæ хъустыл уайы Зыкъуыры хъæлæс. Чегемимæ иу рæстæг радиокомитеты иумæ куыстам. Иуизæр мæ кабинетмæ ’рбахызти æмæ мын афтæ:

– Зыкъуыр та ’руатон и, æмæ йæ куы бабæрæг кæниккам…

– Табуафси.

Фæткъуытæ, апельсинтæ æмæ банантæ балхæдтам æмæ йæм бацыдыстæм. Иуцасдæр куы аныхæстæ кодтам, уæд Зыкъуыр фысджытæм рахызти:

– Фидар фысгæ хорз кæны, фæлæ фыдзонд у, иуимæ дæр нæ фидауы,

алкæимæ дæр хыл кæны.

– Æрыгонæй уæздандæр æмæ хиуылхæстдæр уыди… – йæ кæддæры ’рдхорды бахъахъхъæнынмæ хъавыди Чегем, фæлæ Зыкъуыр йæ хъуыры абадти:

– Æрыгонæй дæр куыдз уыди, фæлæ рæйын нæ уæндыди!

Йæ рæстдзинад ын уæд нæ бамбæрстон, æмæ йæ ныхæстæ мæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты, уымæн æмæ Фидаримæ нæ дунембарынад кæрæдзимæ тынг хæстæг у, стæй дыууæйæ дæр æргомдзырд стæм. Йæ поэзи йæ зæрдæйæ нæ цæуы, фæлæ йæ сæрæй, уæддæр ын æй иннæты поэзийæ хуыздæр æнкъарын. Иннæтæй чи куыдфæндыйæ уæлмонц æнкъарæнтыл зары, чи – сыдывд ныхæстæй фыдыбæстæйыл, чи – былалгъæй уарзондзинадыл, чи – дидинджытыл, чи цæуыл, чи цæуыл, уый та нæ бирæвæрсыг цард, тызмæг реалисты цæстæй кæсгæйæ, æвдисы. Йæ уацмысты иу мæнг дзырд дæр нæй. Цардмæ иуæй-иу æмдзæвгæты афтæ арф нывналы, æмæ йæм зæрдиагæй бахæлæг кæнын, уый йæ куы федта, уæд æй æз цæуылнæ федтон, зæгъгæ. Дисы мæ ’фтауы йе сфæлдыстад, æмæ мын хъыг у, ахæм курдиатджын поэт йæхицæй бирæ лæмæгъдæртимæ кæй сæмдзæхдон и æмæ мыл обкоммæ кæй бахъаст кодта, стæй мæм мæ тæккæ тыхстдæр заман хъæхъхъаг куыдзау кæй лæбуры, æмæ мын мæ рынчын сывæллæтты сыдæй амарыныл разы кæй у, уый. Уагæр ма йæ съезды тынг куы бафхæрдтаин, уæд та ма мын цытæ бакæнид?

– Ацæут æмæ ахсæв æнæмæтæй бафынæй ут. Хицауадмæ мыл цы цъыфкалæн писмо ныффыстат, уый фæстæ мæ рауагъдады нал ныууадздзысты, æмæ мæ фервæздзыстут. Раст зæгъгæйæ, мæхи дæр уым кусын æмæ ницæйаг фыссæггæндтимæ хъаугъа кæнын нал фæнды, – æрсабыр сæ кодтон æмæ рынчындонмæ араст дæн. Æнхъæл уыдтæн, сæ марг байсысти, цы мыл калой, уый сæм нал и, æмæ сæ фервæздзынæн, фæлæ та ацы хатт дæр фæрæдыдтæн.

* * *

Обкомы секретарьтæн ницы куыст и, сæхи та сæ куыстхуызæй æвдисын фæнды, æмæ, сæ бон кæуыл цæуы, уыцы хицæутты хъазæн къамтæ цæгъдæгау ракал-бакал кæнынц. Рауагъдæдты, полиграфийы æмæ чингуыты базарады хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары систой æмæ дзы ног лæджы сæвæрдтой. Цæрдæг, æвзыгъд, фидæрт-

тæарæзт. Афтæ зыны, цыма кæимæфæнды дæр хъæбысæй куы рахæцид, уæд æй цæсты фæныкъуылдмæ йе уæнтыл аværид. Мæнæй у цыппар азы кæстæр. Дыууæ къуырийы фæстæ мæ кабинеты фæмидæг и, æмæ йын цыма мæ уынд тынг æхсызгон уыди, уыйау йæ хъæлдзæг салам йæ разæй фæци:

– Дæ бон хорз, Ирбег.

– Æгас цу, Агуыбе.

– Дæ директоры дын систон.

– Цæмæн?

– Обкоммæ йыл бирæ хъæстытæ цыди. Куыст нæ зыдта æмæ чиныг уадзыны хъуыддагæн къуылымпыйы хос йеддæмæ ницы уыди.

– Чи йыл хъаст кодта, уыдоны хорз зонын. Сæ коммæ нæ каст, æмæ йыл уый тыххæй сæмварс сты.  Йæ бынаты йын кæй æвæрыс?

– Дудары.

– Æмæ уый рауагъдады куыст Деболайæ хуыздæр зоны, стæй дзы зондджындæр у?

–  Нæ зоны, стæй дзы æдылыдæр æмæ хивæнддæр у.

– Уæдæ йæ директорæй куыд æвæрыс?

– Афтæ хъæуы.

Дудары йæ куыстæй атардта обкомы дыккаг секретарь. Агуыбе йемæ хыл у, «йæ бынат» ын кæй æрцахста, уый тыххæй, æмæ йын æй хъуамæ йæ фыддæрагæн   фæстæмæ директорæй сæвæра. Уый дын сæ логикæ! Мæ бон сыл куы цæуид, уæд сæ дыууæйы дæр хъиладзагъдæй фæсурин.

– Æмæ ма иу хабар. Типографийы дын цы къухфыст ис, уый фысджытæм дызæрдыггаг кæсы, æмæ сæ фæнды йемæ бæстондæр базонгæ уæвын.

Уыцы ныхæстæм мæ туг мæ цæсгоммæ ныццавта, мæ цæстытæ атартæ сты, æмæ мæ сæр разылд. Пъолмæ куы ’рхауон, уымæй фæтарстæн æмæ  бандоныл мæхи ’руагътон. Иуцасдæр æдзæмæй абадтæн, стæй ме ’муд æрцыдтæн æмæ йæ уайдзæфгæнæгау фæрсын:

– Цæй тыххæй йæ исынц, уый зоныс?

– Нæ зонын.

– Фысджыты съезды сæ ныхмæ радзырдтон, æмæ мæ сæ маст исынц.

– Уымæй сын ницы рауайдзæн.

– Рауагъдад кусын куы райдыдта, уæдæй нырмæ дзы дыккаг кор-

ректурæйы фæстæ иу чиныг дæр пъланæй ист никуыма ’рцыди. Мæ чиныг фыццаг уыдзæн. Йæ лæмæгъдзинады тыххæй нæ, фæлæ маргзæрдæты хæрамдзинады тыххæй. Уыцы ’взæр традици дæуæй райдайа, уый дæ цæмæн фæнды?

– Нæ райдайдзæн. Абæр-бæр кæндзысты æмæ хъуыддаг ууыл ахицæн уыдзæн. Уæхст дæр нæ басудздзæн, физонæг дæр сфыцдзæн. Æз дæ уыцы цъаммартæн æфхæрын нæ бауадздзынæн. Знон мæм æрбалæбурдтой æмæ мын мæ туджы ’лхъывдад дыууæсæдæмæ схизын кодтой. Гыццыл ма бахъæуа, мæ зæрдæ йæ куыстæй ма ныллæууа.

– Уæдæ сæм цæмæн хъусыс?

– Гъе, Ирбег, Ирбег, Ирыстоны цытæ цæуы, уыдон куы зонис, уæд æмгъуыдæй раздæр базæронд уаис. Нæ сæрмæ лæджы хуызæн лæгтæ куы бадид, уæд мын фысджытæй налатдæр адæмимæ дæр æнцон дзурæн уаид… – загъта æнахуыр хъæлæсы уагæй æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Нарты кадджытæ дæумæ сты?

– О.

– Æмæ дæм куыд бахаудтой?

– Обкомы нæ директорæн бахæс кодтой, цæмæй сæ рауагъдады хуыздæр редактормæ ратта. Мæнмæ сæ ’рбахаста, æмæ сыл мæ тых-мæ бонæй кусын. Се ’мбырдгæнæг æппындæр растфыссынады ’гъдæуттæ нæ зоны, орфографи æмæ орфоэпийæн ницы ’мбары, æмæ йын йæ рæдыдтытæ, мæстæй мæлгæйæ, рæстытæ кæнын.

– Обкоммæ дыл бахъаст кодта, æмæ сæ Григолмæ дæттын кæны.

– Табуафси, мæнæ сты, æмæ сæ ахæссæд, æцæг сыл æппындæр нæ бакусдзæн. Тæппуд у æмæ сæм æвналын нæ бауæнддзæн.

– Махмæ дзы мацы маст æрхауæд, æндæр куыдфæндыйæ дæр рацæуæнт, – загъта Агуыбе, йæ хæс æххæстгондыл банымадта æмæ йæхицæй иттæг разыйæ ацыди. Дисы мæ бафтыдта йæ хиндзинад. Мæ ныхмæ дзургæйæ, мæ хардзæй ме «знæгты» зæрдæ дæр æлхæны, уыдоны цъаммартæ хонгæйæ, мæн дæр сабыртæ кæны, нæ иу дæр æй ницæмæн хъæуы, афтæмæй. Фыццаг секретары бынатмæ, дам, тырны æмæ, дам æй æрцахсдзæн, уымæн æмæ, дам нæм уымæй лæгдæр нæй. Куы йæ ’рцахса, уæд дзы исты сæнтаудзæн? Нæ мæ уырны. Йæ фæстаг ныхæсты азæлд мæ хъустæй дзæвгар рæстæг нæ фæхицæн и, æмæ мæхимæ хъилæй хост куыдзæй æгаддæр æркастæн: «Адоны, стыр

бынæттæ ахсгæйæ, æппындæр куы ницы мæт и, уæд æз алы лыстæг хъуыддагыл дæр мæ нервытæ цæмæн халын?»

Дыккаг бон фысджытæ æрæмбырд сты æмæ сахатæй фылдæр мæ къухфыст фæратон-батон кодтой. Цалдæрæй йæ цъыфимæ сызмæстой, банымадтой йæ, советон æхсæнадæн стыр зиан чи ’рхæсдзæн æмæ рауадзæн кæмæн нæй, ахæм чиныгыл, иннæтæ та дзы ’ппæлгæ ракодтой, æмæ мæ фарсхæцджытæ фæуæлахиз сты. Мæ ныхмæлæуджытæ сæ бон куы базыдтой, уæд сыл цыма стыр бæллæх æрцыд, уыйау ныггуыбыр сты æмæ пъолмæ ’рхæндæгæй кастысты. Сæуджен сыл йæ цæст ахаста æмæ сæ рæхуыстæмхиц хъæлæсæй бафарста:

– Кæд æй нæ бон сисын нæу, уæд цæмæ ’рбацыдыстæм?!

«Гъе, уæууæй, гъе! Сæ фыдвæнд бамбæхсыны фаг зонд дæр сæм нæй», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ сыл мæ къух ауыгътон.

* * *

Иу рæдыд мын рæдыд нæу, иу урок мын урок нæу. Цы мæрддаг дæн, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Уацауты æмæ радзырдты чиныг рауагътон, æмæ йыл цалдæрæй уайтагъд æвæрццæг уацтæ афыстой. Уæлдай тынгдæр мæ раппæлыди филологон наукæты доктор, профессор Азырбег. Уæларвмæ мæ кæй систа, уый мын уыйбæрц æхсызгон нæ уыди, мæ уацмысты хъайтарты миддуне мын мæхи хуызæн хорз кæй бамбæрста æмæ сæ чиныгкæсджыты размæ ирдæй кæй рахаста, уый мын цас æхсызгон уыди. Афтæ мæм фæкасти, цыма мæ цармы бабырыди æмæ мын мæ сæрымагъзмæ ныккасти. Хæлæг дæр ма йæм бакодтон, критикон уацтæ фыссынмæ афтæ дæсны кæй у, уый тыххæй.

– Нæхимæ стыр классик куы ис, уæд ма йæ иннæ адæмтæм уырзæй сгарæгау цы агурæм? – дзырдта фысджытæн, æмæ мын йæ ныхæстæ иутæ, цингæнгæйæ, фæзмыдтой, иннæтæ та – æлхысчъытæ кæнгæйæ, ды дæр ницы дæ, де ’ппæлæг дæр ницы у, æмæ дæхицæй ма фæхъал у, зæгъгæ. Азырбегмæ йæ уац фаг æппæлæн фæрæз нæ фæкаст, æмæ ма мæ телестудимæ дæр схуыдта. Фысджыты, ирон литературæйы ахуыргæнджыты æмæ журналистты æрæмбырд кодта æмæ та мæ уым дæр феппæлыди. Йемæ кæй æрбахуыдта, уыдонæй-иу исчи йæ ныхæсты ’хсæн исты фиппаинаг фæтъыссынмæ куы хъавыди, уæд ыниу йæ дзых ахгæдта, хорз æй нæ бамбæрстай, зæгъгæ, æмæ та мæ-иу ноджы тынгдæр стауын райдыдта. Зæххыл иу цæхæркалгæ стъалы равзæрдис, æмæ уый уыдтæн æз.

Фыр цинæй мæхи нал æмбæрстон æмæ хæрдты тахтæн, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзынæн, уымæн æмæ дунейы литературæ цы 'мвæзадмæ схызти, уый зонын, æз дзы цы бынат ахсын, уый дæр зонын æмæ мæхицæн сæлæф митæй мæсгуытæ нæ амайын. Фæлæ уæддæр тыхджын ихуарды фæстæ фæлмæн уддзæф æфхæрд буарæн æвдадзы хос у, æмæ Азырбегæй фæбузныг дæн. Æрыгон ма куы уыди, уæд, партион саузæрдæ кусæджы хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, нæ курдиатджындæр фысджытæй иуы цъыфимæ сызмæста, æмæ йæм, зæгъын, æгайтма карджынæй хорз зонд æрцыди. Мæ зæрды йын раарфæ кæнын уыди, фæлæ аив куынæ уа, зæгъгæ, мæхиуыл фæхæцыдтæн.

Къуырийы фæстæ мæм æрбахаста авд пьесæйы, ме стъолыл сæ æрæвæрдта æмæ мын бардзырд дæттæгау фидарæй загъта:

– Замманай пьесæтæ ныффыстон, æмæ мын сæ урс-урсид гæххæттыл цыбыр рæстæгмæ рауадз! Чиныгæн йе 'ддаг цъар дæр рæсугъд куыд уа, афтæ! Мæ фадхъултæм чи не схæццæ, уыдонæн дæр ма рæсугъд чингуытæ куы уадзыс.

– Театры сценæйы дын æвæрд æрцыдысты? – бафарстон æй дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ.

– Æрмæстдæр дзы иу сæвæрдтой, фæлæ уый ницæуыл дзурæг у. Се 'ппæт дæр адæмы размæ рахæссыны аккаг сты.

– Хорз. Куы сæ бакæсон, уæд дын мæ хъуыды зæгъдзынæн.

– Ницы зæгъын дзы хъæуы. Рауадз сæ æмæ фæци, – загъта Азырбег æмæ ацыди. Иннæ авторты къухфыстытæй мæ куы равдæлди, уæд ын сæ биноныг бакастæн æмæ ахæм хъуыдымæ 'рцыдтæн: «Театры кусджытæ йын дзы сценæйы æрмæстдæр иу кæй сæвæрдтой, уымæй раст бакодтой. Уый дæр лæмæгъ у, фæлæ йын иннæтæ 'ппындæр нæ бæззынц». Мæ бынаты йын дзы æндæр исчи бузныджы охыл цалдæр рауагътаид æмæ йын уыцыиу рæстæг йæ зæрдæ дæр балхæдтаид, ирвæзгæ дæр дзы фæкодтаид, фæлæ æз уыцы æндæр исчитæм нæ хауын æмæ цъымарайæн йæ тæккæ астæу ныссæдзын.

Хуымæтæджы ныхæстæй зын равдисæн у, Азырбегæн йæ пьесæтæ фæстæмæ куы аздæхтон, уæд цы уавæры уыдис, уый. Фыр дисæй йæ цæстытæ сæ къуырфытæй рацæйхаудтой, стæй знæт цæхæр акалдтой, йæ тыппыр фæтæн цæсгом раздæр сырххъулон афæлдæхти, стæй ныффæлурс и. Афтæ мæм фæкасти, цыма йæ дынджыр гуыбын дæр фыр мæстæй базыр-зыр кодта æмæ йæ хъуыр-хъуыр ссыди.

– Афтæ кæныс уæдæ, нæ?! Рæхджы де 'нæрхъуыды мийыл æрфæсмон кæндзынæ! – бартхъирæн мæм кодта зæрдæбынæй. Цæмæй йæ ныхас æнæдызæрдыгдæр рауайа, æмæ йыл тынгдæр баууæндон, уый тыххæй ма мæм йæ амонæн æнгуылдз дæр додойгæнæгау батылдта æмæ ацыди.

Дыууæ боны фæстæ мæм журналы редакцийæ Аслæнбег телефонæй æрбадзырдта:

– Уынгмæ-ма рацу, æмæ аныхас кæнæм.

Æрхызтæн æм, æмæ мын сагъæсхуызæй афтæ:

– Азырбег дæ ныхмæ критикон уац ныффыста фæндзай дыууæ сыфыл. Рахуыдта дæ, курдиатæн йæ кой дæр кæмæ нæй æмæ адæммæ аивадон хæрзхъæд уацмысты бæсты зианхæссæг лæхмæргтæ чи хæссы, ахæм графоман. Уый æдде ма дыл ныххуырста литературон давæджы ном дæр. Давгæ та кæныс Азырбеджы уацмыстæ.

Æз ныххудтæн æмæ йын йе уæхск æрхостон.

– Ахæм мастисæн цъыфкалæнтыл сахуыр дæн, æмæ мæм æппындæр нал хъарынц. Пушкин куыд загъта? «Хвалу и клевету приемли равнодушно». Уырыссаг гени раст уыди. Рауадз ын æй, æмæ йæ маст ссæуа.

– Уадзæн ын нæй: фæхудинаг дæ кæндзæн.

– Мæн нæ фæхудинаг кæндзæн, фæлæ – йæхи.

Æз æцæгдæр йæ рауадзыны ныхмæ нæ уыдтæн, фæлæ утæппæт цъыфкалæн хахуыртæ ныммыхуыр кæнын Аслæнбеджы цæсгом нæ бахъæцыд, æмæ йын йæ уац бырæтты чыргъæдмæ ныппæрста. Азырбег мын цыма æппындæр ницы æвзæрдзинад сарæзта, уыйау мæм иубон хъуыддагхуызæй æрбацыди, мæ акомкоммæ æрбадти æмæ мын, кæддæр цъыфимæ цы зындгонд классикы сызмæста, уый тыххæй афтæ:

– Кæд мын æй рауадздзынæ, уæд ын йæ уацмыстыл хорз иртасæн куыст ныффысдзынæн.

– Исчи та дæ куы сардауа, уæд та йæ фыдгæйттæ кæндзынæ?

Кæй йын не сразы уыдзынæн, уый бамбæрста æмæ ницыуал сдзырдта, сыстади æмæ дуары 'рдæм сабыргай араст и. Йæ нард фæтæн фæсонтæм ын æдзынæг кастæн æмæ дис кодтон, фидар зонд кæмæ нæй, æмæ йæ рог хъуыдытæ флюгерау раив-баив чи кæны, уыцы нæлгоймаг филологон наукæты доктор æмæ профессор куыд сси, ууыл.

* * *

Аминæты ныфссæттæн ныхæстæ мæ сæрымагъзы сындзытау ныффидар сты æмæ æдзухдæр мемæ 'мдзу кæнынц: «Фæллад, фæллад… Тæх-

х-худы æмæ чи амæлы…» Мæ хъусты фыдуацхæссæг дзæнгæрджытау фæзæлынц, моралон æмæ физикон æгъдауæй куы бастайын, мæ цæнгтæ сисын куы нал фæфæразын, стæй хæрамзæрдæ адæмы фыдæхæй куы сфæлмæцын, æмæ мæм рухсы цъыртт куы никæцæйуал фæкæлы, уæд.

Кæцæйдæр та мæм æрбахъуызыдысты, æмæ сæ мæхинымæр фæлхат кæнын. Бирæ тухæнтæ чи бавзæрста æмæ йæ мæлæтмæ чи бæллыди, уыцы цардæфхæрд сылгоймаг-иу сæ мæ цуры фынæй кæныны размæ уынгæг хъæлæсæй хъæрзæгау куы дзырдта, уæд дæр сын сæ трагикон ахаст æнкъардтон, ныр та мæм уæлдай тынгдæр хъарынц, уымæн æмæ мæхæдæг дæр уыцы   уавæры дæн. Цард мæ æппындæр нал æндавы. Ноджы ма арв дæр ныхъхъуынтъыз и, уæззау мигътæ йыл сабыргай змæлынц, æмæ афтæ зыны, цыма ныртæккæ зæхмæ æрхæццæ уыдзысты æмæ йæ æгъатыр кæфхъуындарау аныхъуырдзысты.

Куысты фæстæ та мæ рынчын чызджытæм цæуын, æмæ саст зæрдæмæ цавæр рухс хъуамæ кæла? Рауагъдадæй асфальтмæ ’рхызтæн æмæ къæсæргæрон сагъдауæй лæууын.

– Дæ изæр хорз, Ирбег, – иуварсырдыгæй мæм хъуысы мæ хæлар сылгоймаджы райдзаст хъæлæс. Мин хъæлæсы ’хсæн дæр æй базонин: æдзухдæр мæм æрбахæссы цавæрдæр æнахуыр циндзинад. Ме ’ргом æм аздæхтон æмæ мæ цæст æрæвæрдтон, йæ тæккæ мæкæрæзæй чи у, ахæм зæрдæисгæ мыдхуыз сылгоймагыл. Цæудзæн ыл æртын азы кæнæ чысыл фылдæр. Мæнæй у зына-нæзына ныллæгдæр. Йæ дзаумæт-тæм ын тынг нæ фæкæсын, куы сæ фенын, уæддæр сæ мæ зæрдыл нæ бадарын, фæлæ йын ацы хатт йæ сау тинты кæрц æнæ бафиппайгæ нæ фæдæн, уымæн æмæ йæ, цы рæсугъд у, уымæй бирæ рæсугъддæр кæны. Кæд боныхъæд уазал у, уæддæр йæ сæрыл ницы ис, æмæ йæ хъуымбыл дзыккутæ аив хæмпусæй лæууынц.

– Æгас цу, Таисæ, – дзуапп ын дæттын йæ саламæн. Йæ мидбыл-худтæй бæрæг у, мæ фенд ын æхсызгон кæй у, уый. Æмæ йын хъыг дæр цæмæн хъуамæ уа? Рауагъдадмæ нæм æрбауайы, немæ йæ рæстæг хъæлдзæгæй арвиты æмæ зæрдæрайгæйæ ацæуы. Хъуыддаг куы нæма бакодтон, уæд æм иурæстæг мæ зæрдæ бахъазыди, фæлæ йæм цы цæсгомæй хъуамæ баулæфыдаин? Ис ын мæнæй кæстæр бæрзонд, хæрзконд лæг æмæ фырыхъулы хуызæн лæппу.

– Уæдæй нырмæ дæумæ ’нхъæлмæ кæсын, – дзуры мын, тавиц-гæнгæйæ.

– Цæмæн?

– Сыхæгтæ стæм æмæ, зæгъын, иумæ ацæуæм.

– Мæ зæрды рынчындонмæ бауайын ис…

– Уый фæстæ сæм бауайдзынæ… Иумæ уал атезгъо кæнæм…

Мæ цонгыл мын хионау æрхæцыди, æмæ проспекты сабыргай араст стæм. Кæд мæ хæлар у, уæддæр мæм хъусæй лæууын аив нæ кæсы, истытæ дзурын хъæуы, æмæ йæ фæрсын:

– Дæ лæппу куыд у?

– Саг-сæгуыты хуызæн. Мæ цæгатмæ йæ акодтон, æмæ цалдæр боны мæ мадимæ уыдзæн.

– Æмæ йæ йæ фыд куыд ауагъта?

– Уый дæр нæхимæ нæй.

– Уæдæ кæм и?

– Сыбырмæ афардæг и.

– Ома куыд афардæг и?

– Ахицæн стæм…

– Кæй фенамонд дæ, уый дыл æппындæр нæ зыны.

– Ницы фенамонд дæн. Æгайтма дзы фервæзтæн…

Куыд зынцæрæн лæг уыди, æмæ йемæ куыд тухæнæй марди, уыцы хабæрттæ мын кæрæй-кæронмæ бæстон фæдзырдта, стæй йæ сывæллонмæ рахызти:

– Замманай суинаг лæппу у æмæ, йæ сонтхела фыдмæ кæсгæйæ, фехæлдаид. Рагацау сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнын кæй хъæуы, уый бамбæрстон æмæ мæ фæнд сæххæст кодтон.

– Дæу хуызæн рæсугъд сылгоймагæй фæхицæн уæвынæн фидар фæрстæ хъæуы. Æнæ хъаугъайæ дæ ахицæн и?

– О.

– Нæ мæ уырны. Цы мондаггæнæн буар дын ис, уый æз, иуварсæрдыгæй кæсгæйæ, куы уынын, уæд æй уый нæ уыны?

– Лæг царв æмæ мыдæй дæр æлгъæд кæны, цыфæнды рæсугъд сылгоймагыл дæр æрвылбонон дзаумайау сахуыр вæййы æмæ йын йæ рæсугъддзинад нал фæхаты.

Ныхасгæнгæ, йæ хæдзармæ ныххæццæ стæм, фæлæ мын Таисæ мæ цонг нæ уæгъд кæны.

– Цæй, хæрзæхсæв, – дзурын æм, суадз мæ, зæгъгæ.

– Æмæ нæм мидæмæ нæ цæуыс?

– Цæмæ ма?

– Цыдæр зæгъынмæ дын хъавын…

– Ам ын зæгъæн нæй?

– Нагъ.

Хæрзæфснайд дыууæуатон фатермæ бацыдыстæм.

– Мæ уæлæдарæс аивон æмæ фынг æрæвæрон, ды уазалгæнæнæй водкæ райс æмæ уал телевизормæ бакæс, – сдзырдта Таисæ æмæ мæм фæрсæгау æрбакасти.

– Уыйбæрц мæ не ’вдæлы…

– Æз – ныртæккæ. Мæ хæринæгтæ цæттæ сты.

– Цæуын мæ хъæуы.

– Дæ бинонтæн ма тæрс, никæдæм дын алидздзысты. Æрсабыр у æмæ дæ фæллад суадз. Дæхимæ-ма бакæс, цы хуызæн дæ. Усгурæй цæхæркалгæ ләппу уыдтæ. Кæйфæнды куы куырдтаис, уæддæр дын бакуымдтаид, ныр та тыхлæмæрст лимоны хуызæн дæ, ныфссаст, тыхст æмæ уырыд зæронд лæг. Царм æмæ ма дæ стджытæ баззади, дæ цæстыты цæхæр ахуыссыди.

Дзургæ-дзурын мидæггаг уаты фæмидæг и, йæ дзаумæттæ раласта æмæ йæ бæгънæг буарыл æрвхуыз тæнæг халат баппæрста, йæ уæллаг æмæ йын йæ дæллаг æгънæджытæ нæ сæвæрдта, афтæмæй цæлгæнæнмæ бауади æмæ фынг ацæттæ кодта. «Ацæттæ кодта» бынтон раст нæу. Мæнмæ гæсгæ, йæ хæринæгтæ рагацау цæттæ уыдысты. Фæйнæ чысыл агуывзæйы водкæ бануæзтам æмæ комдзаг кæнæм. Иучысыл куы абадтыстæм, уæд «æнæнхъæлæджы» йæ тыппыр риутæ æмæ йæ урс-урсид дзаг æгъдтæ байгом сты.

«Сылгоймæгтæн сæ цыбæлгæнæн митæ куыд æмхуызон сты, уый диссаг у. Мæнæй йæ цы хъæуы, уый зонын, мæхи дæр йæ рæсугъд буарæй æхсызгондзинад райсын фæнды, фæлæ… Светæ мæ рынчын сывæллæттимæ удхар кæна, æз та æцæгæлон сылгоймагимæ мæхи ирхæфсон?» Дывыдон арты судзын æмæ, цы кæнон, уый нæ зонын. Уынджы йын йæ зæрдæйы уаг куы бамбæрстон, уæд йæ фæдыл цы радзæгъæл дæн?

– Æз-иу рауагъдадмæ дæу фенынмæ бацыдтæн, фæлæ мæ никуы бамбæрстай. Мæ лæгимæ куы цардтæн, уæд дæр мæ демæ уæвын фæндыди. Куыд æрыхъуыстон, афтæмæй дæ усы æнæ уарзгæйæ ракуырдтай. Æз дæ зæрдæмæ кæй цæуын, уый та дæ цæстæнгасыл ирдæй зыны.

Дæуæй мæ ницы хъæуы, æрмæстдæр мæм-иу рæстæгæй-рæстæгмæ ’рбауай, æмæ дын-иу æхсызгон минуттæ балæвар кæнон, – дзуры мын лæгъстæхуызæй.

Мæ цæстытыл уайынц мæ сывæллæтты тыхстхуыз фæлмæст цæсгæмттæ, сæ цъæхахст та мæ хъусты зæлы, æмæ мын тæригъæд мæ зæрдæйы уидæгтæ рæдувы. Раздæрау та æнахуыр уавæры бахаудтæн. Æппындæр мæ ницыуал хъæуы. Фæнды мæ ’рмæстдæр уæлдæфы атайын æмæ ’рбайсæфын. Таисæ мыл цы ахъуыды кæндзæн, уый дæр мæ нал æндавы.

– Хатыр бакæн, дæ хорзæхæй, – цыппар дзырды ралæмæрстон мæхицæй æмæ йæ джихæндзыгæй ныууагътон.

* * *

Фæхæцæг дыл куы уа, уæд бынсæфт дæр у, æхцаджын бынæтты дæ æвæрдзысты. Деболайы куы систой, уæд Адæбейы бын дон бацыди, æмæ та йе ’мкоймагмæ обкомы балæууыди. Уымæн йæ сæйраг девизтæ уыдысты: «куд нæ бацийнæ кæнон мæхеуонбæл» æмæ «искæй хуарзи бæсти нæхе гъæла». Пайда сæ кодта иттæг разæнгардæй æмæ йæ сæвæрдта республикæйы телеуынынады æмæ радиохъусынады комитеты сæрдары хæдивæгæй.

Хамбечырæн театры йæ хиваст митæй сфæлмæцыдысты æмæ йæ ратардтой, фæлæ æгуыстæй бирæ нæ бафæстиат и.  Адæбе радиомæ куы ацыди, уæд рауагъдады директормæ курдиат балæвæрдта. Дудар æй бакасти æмæ йын уæзбын хъæлæсæй загъта:

– Æз разы дæн, фæлæ дæ мæ бон райсын нæу.

– Цæуылнæ?

–  Демократон уагыл æй æвзарын райдыдтам. Фараст кандидатурæйы уал нæм ис. Ды дæсæм дæ. Нæ коллектив кæй равзара, уый уыдзæн сæйраг редактор.

– Æвзарыны бар кæмæн ис?

– Æппæт коллективæн дæр.

– Хорз, – йæ сæр, цингæнгæйæ, батылдта Хамбечыр æмæ феддæдуар   и.

– Цæуыл бацин кодта, цымæ? – дисхуызæй мæ бафарста Дудар, æмæ ме уæхсчытыл схæцыдтæн.

– Уый нæ зонын, фæлæ сæйраг редакторы куыстæн чи ницы ’мбары,

уыдонæн дæр æвзарыны бар кæй ис, уый мæм раст нæ кæсы, – загътон ын рагфæдзæхстау, фæлæ мæ нæ фехъуыста, уымæн æмæ, ницы куы схицау вæййы, уæд никæмæуал фæхъусы.

– Магуса у, йæхи схъæлæй дары, чиныг уадзыны хъуыддагмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсы, стæй никæуыл æрвæссы, æмæ мæ нæ фæнды, ам куса, уый.

– Коллективимæ аныхас кæн. Корректортæй редактортæ скодтай, æмæ дæ коммæ бакæсдзысты.

Йæ кабинетмæ сæм иугай фæсидти æмæ семæ биноныг фæныхас кодта, фæлæ йæ фæндæй ницы рауади. Хамбечыр дзы райгæйæ дзæгъæлы нæ ацыди. Типографийы йæ хæстæгимæ баныхас кодта. Уый йын йæ ном техникон кусджыты армытъæпæнтыл ныффыста, æмæ йыл се ’ппæт дæр схъæлæс кодтой. Куыддæр йæ кабинеты сбадти, афтæ мæ ныхмæ фæци. Йæ тых-йæ бонæй архайдта мæн атæрыныл. Мæ бон дзы куы нал уыди, уæд æм бацыдтæн æмæ йæ комкоммæ бафарстон:

– Мæ быны цы бабырыдтæ? Мæнæй дæ цы хъæуы?

– Дæ куыст ныууадз æмæ ацу ардыгæй.

– Мæ хорздзинад мын фыдæхæй фидыс?

– Цавæр хорздзинад?

– Театры директорæй дæ æз кæй сæвæрын кодтон, уый дæ ферох и?

– Ды сæвæрын кæндзынæ, о. Ме ’рдхорд Дзамболат мæ сæвæрын кодта.

– Уæдæ ма Елиозы æмæ Серæуæзы бафæрс.

Уыдоны коймæ йæ ныхас иннæрдæм фездæхта:

– Театрмæ мæ цæмæн райсын кодтат, уый зоны.

– Цæмæн?

– Цæмæй фысджыты цæдисæй адард уон æмæ уæ ма хъыгдарон, уый тыххæй.

– Дæуæн сызгъæрин мæсыг чи сараза, уымæй дæр разы нæ уыдзынæ. Афтæ дæм кæсы, цыма тынг стыр лæг дæ, æмæ дæ ирон адæм иууылдæр хæсджын сты, фæлæ иу хъуыддаг нæ хынцыс.

– Цавæр хъуыддаг?

– Зæххыл цы цæрæгойтæ равзæрди, уыдонæн сæ тæккæ æлгъагдæр у æбузны адæймаг! – загътон ын карзæй æмæ йыл дуар ныггуыпп ластон. Мæн ратæрынмæ хъавыди, фæлæ йæхæдæг фæразæй и…

* * *

Фаризæ сдзæбæх и, æмæ йын горæты рæвдауæндæтты бынат агурын райдыдтон. Телеуынынады, радиойы æмæ газетты уацхæсджытæ, кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ, нæ хъæздыг æрдхæрæны бæстæйы парахат авналæнтæй куыд æппæлыдысты, уымæ гæсгæ мисхалы бæрц дæр дызæрдыг нæ кодтон, уайтагъд æй кæй ссардзынæн, ууыл, фæлæ мæ цыбыр рæстæгмæ мæ рæуыг хъуыды ме 'дылы сæрæй аппарын бахъуыди. Алы ран дæр-иу фарста ахæм вазыгджын æмæ зынлыггæнæн сси, æмæ мын-иу мæ зæрдыл æрлæууын кодта, хъæуæй горæтмæ куы ссыдтæн, уæд дзы мæхи куыд тыхтухæнтæгæнгæйæ 'рфыстон, уый. Уæд дæр мæм афтæ касти, цыма дзы 'ппындæр никæй хъæуын, цыма паддзахадон куыстуæтты цардæгас адæм нæ бады, фæлæ манекентæ, æмæ сæм адæймаджы ныхас нæ хъары, уымæн æмæ йæ мисхалы бæрц дæр ницæмæ дарынц. Заводты æмæ ма фабрикæты директортыл дæр фæзылдтæн, фæлæ никуы æмæ ницы. Куыд афтидæй-иу бацыдтæн, афтæ афтидæй-иу, джихтæгæнгæйæ, фæстæмæ раздæхтæн. Горæты мæхæдæг куыд никæй хъуыдтæн, мæ чызг дæр дзы афтæ нæ хъуыди.

Кæддæр-никæд иу рæвдауæндоны сæргълæууæг мæ лæмæгъ ахуырдзау разынди. Иу къласæй иннæмæ тыхамæлттæй чи хызти, уыцы чызджы ахæм бынаты кæй сæвæрдтой, ууыл нæ бадис кодтон, уымæн æмæ йæ фыды кæстæр æфсымæр рухсады министры хæдивæг уыди. Мæ чызджы райсыныл сразы, фæлæ та мæ уым дæр алыхуызон гæххæттытыл зилын бахъуыди. Æппынфæстаг мæ бæллиц сæххæст. Фаризæйы сæм бахастон æмæ сын хъуырыцъарæй ныллæгъстæ кодтон:

– Æз – уæ мад, уæ фыды уазæг. Ме 'ртæ фаззоны рынчындоны сты, æмæ мын ай уæддæр бахъахъхъæнут.

– Дæ зæрдæ йæм æппындæр ма 'хсайæд. Алцыдæр уыдзæн иттæг хорз, – зæрдæ мын бавæрдтой фидарæй, фæлæ мæ фæсайдтой. Къуыри дæр дзы нæ фæци, афтæмæй йыл хуыфæг бахæцыди. Æмæ йыл куыд нæ бахæцыдаид. Хъомылгæнджытæ рудзгуытæ æмæ дуæрттæ æрæгвæззæджы куы байтындзой æмæ дзæгъæл дзырдыл куы схæцой, уæд сывæллæттæ дыууæрдæм дымгæйы æнæнизæй куыд хъуамæ баззайой? Рынчындонмæ хæссын та мын æй бахъуыди. Иуцасдæр æй фæдзæбæх кодтой, æмæ бахъæлдзæг. Рæвдауæндонмæ йæ бахастон æмæ дзы 'рмæстдæр æфснайæджы баййæфтон. Йæ дзаумæттæ йын куы раивтон, уæд æй сылгоймаг ныллæг бандоныл сбадын кодта,

йæ риуыл ын урс хæцъил авæрдта æмæ йын уидыджы дзаг зæронд уазал маннæ кас йæ дзыхыл сдардта. Æз ын æхсырджын хъарм кас куы фæдæттын, уæддæр æй зæрдиагæй нæ фæхæры. Куыддæр уазал кас йе 'взагыл сæмбæлди, афтæ йæ фæстæмæ ракалдта. Æфснайæг ын хæцъилæй йæ былтæ асæрфта æмæ мæстыйæ срæцыгъта:

– Дæ чызг рынчын у, æмæ йæ уæхимæ акæн, науæд ма йæ низ иннæтыл дæр бахæцдзæн!

Ацы цау мæм, фæхудын æмæ фæкæуын кæуыл хъæуы, ахæм анекдотау фæкасти, фæлæ нæ цард иуылдæр анекдоты хуызæн кæй у, уымæ гæсгæ йыл нæ бадис кодтон. Цалдæр мæйы тыхамæлттæй цы бынат фæцагуырдтон, уый хæрз æнцонæй ныууагътон. Мæ ахуырдзаумæ дæр нал бацыдтæн. Мæ чызджы къухыл рахæцыдтæн æмæ йæ нæхимæ ракодтон. Хабæрттæ Светæйæн радзырдтон æмæ йын загътон:

– Амæй фæстæмæ мæ цотæй иу дæр рæвдауæндонмæ нал бацæудзæн!

Йæ зæгъын æнцон у, йæ сæххæст кæнын та – зын. Æз куысты куы уон, уæд æм чи кæсдзæн? Фæстæмæ та йæ Милæмæ арвитон? Æмæ нæ цы хæсджын у?

* * *

Бонтæ ивынц бонты, къуыритæ – къуыриты, мæйтæ – мæйты, фæлæ мæ царды æппындæр хорзырдæм ницы ивы. Мæ сывæллæтты кæуинаг уавæрмæ кæсгæйæ, мæ ныфс тынгæй-тынгдæр сæтты. Цавæр низ у уыцы æнæбайрайгæйы стафилококк? Сæ туджы куыд арф бацыди? Уыйбæрц тыхджын хостæ йыл куыд нæ ахадынц, йæ хъару йын куыд нæ сæттынц?

Светæ бастади. Цæмæй иучысыл йæ фæллад суадза, уый тыххæй рынчынтæм æхсæв-бонмæ фæкæсын, стæй куыстмæ ацæуын, бон-изæрмæ мæ удæй арт фæцæгъдын æмæ та, мæ райгуырæн бон æлгъитгæйæ, рынчындонмæ араст вæййын. Æмæ ма 'рмæст мæ райгуырæн бон куы 'лгъитин. Уымæй æнæуынондæр мын у, ус куы ракуырдтон, уыцы бон. Цæй бинонтæ мæ хъуыди? Цыппор цыппар азмæ иунæгæй куы цардтæн, уæд дарддæр цæрын нал бафæрæзтаин? Бирæ бонтæ ма мын баззади? Къахæй-сæрмæ фæхты хосты хуызæн куы дæн. Афтæ мæм кæсы, цыма мыл æстай азæй фылдæр цæуы. Светæ мын куыд фæзæгъы, уымæ гæсгæ, дохтыртæ мæ фæразондзинадæй тынгдæр ницæуыл дис кæнынц. Дæ лæг, дам ма йæ къæхтыл куыд цæуы? Цыфæнды зынтæ быхсыныл дæр разы дæн, æцæг мæ чызджытæ сæхиуыл фæхæцæнт.

Рæстæгæй-рæстæгмæ сæ дохтыртæ рафыссынц, æмæ сæ нæхимæ раласæм, фæлæ та сæм уайтагъд фæстæмæ бахауæм.

Дыджызæ сын ссардтон, фæлæ йын цы фидон, уый нæй, æмæ катай кæнын. Æмзор зæххыбынтыдзæуæг у æмæ мын мæ хъусы бацагъта:

– Сырх дзуары æмæ сырх æрдæгмæйы комитеты кусджыты-ма бафæлвар, кæд дæм фæкæсиккой…

Дæлдонгæнæг адæймаг хъæмпыхалмæ куы фæлæбура, уыйау та йын йæ ныхæстæ ацахстон æмæ сæм атындзыдтон. Уæрæх уаты бадтис дыууæ æрыгон сылгоймаджы. Сæ иуæн уыди, æндæр нацитимæ схæццæгæнæн кæмæн нæй, ахæм ирон рæсугъд урс цæсгом, иннæмæн та – азербайджайнаг саулагъз цæсгом. Хъæлдзæгæй сын салам радтон:

– Уæ бон хорз, мæ хотæ.

– Æгас цу, не ’фсымæр, – йæ мидбылты мæм бахудти ирон сылгоймаг. Цыма уый фæзмыдта, уыйау иннæмæн дæр йæ гыццыл цæсгом бахудызмæл и.

– Сæрдар уæ чи у?

– Уæртæ мидæггаг уаты бады.

– Бацæуæн æм ис?

– Цæуылнæ.

Мидæмæ бахызтæн æмæ дзы зæрдæмæдзæугæ мыдхуыз сылгоймаджы баййæфтон. Цыдаид ыл фæндзай азы кæнæ чысыл фылдæр.

– Дæ бон хорз.

– Кæй бон у, уый хорзæхтæй бафсæд.

– Абон мæ бафсæдын фæнды ’рмæстдæр дæу хорзæхтæй. Æз дæн Гæрайы-фырт. Мæ ном хуыйны Ирбег. Кусын рауагъдады.

– Æз та дæн Фуриат. Ам кусын сæрдарæй.

– Бирæ азты ма дзы æнæнизæй фæкус.

– Бузныг.

– Стыр курдиатимæ дæм æрбацыдтæн. Мæ хъуыддаг мын ды куынæ саразай, уæд мæ бинонтæ сæфты къахыл ныллæудзысты.

– Бирæ гæнæнтæ нын нæй, фæлæ нæ къух куыд амона, афтæ дын баххуыс кæндзыстæм.

– Иу чызг нæм рантысти, йæ хæдфæстæ та – æртæ чызджы. Фаззæтты арæндоны стафилококкæй фæрынчын кодтой, æмæ семæ удхарæй мæлæм.

– Æртæ фаззоны дын ис?! – цыма, зæххыл чи никуы ’рцыди, ахæм

хабар фехъуыста, уыйау бадисхуыз и æмæ йе ’мкусджытæм адзырдта:
– Иринæ, Руфинæ, рауайут-ма!

Сылгоймæгтæ уайтагъд йæ уæлхъус алæууыдысты, æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Æртæ фаззоны йын райгуырди!

Зæрдиагæй мыл фæцинтæ кодтой, стæй мын Фуриат афтæ:

– Ды тынг хъæздыг дæ, Ирбег, цыппар чызджы кæмæн ис.

– О, фыр хъæздыгæй тъæпп хауын. Æз иунæгæй кусын, æмæ мын мæ мызд хосты фаг дæр нæ кæны. Ме ’фсин цыппар сывæллоныл не ’ххæссы, æмæ сын мæ зæрды дыджызæ баххуырсын ис, фæлæ йын цы фиддзынæн? Кæд дын гæнæн ис, уæд нæм æхцайæ фæкæс.

– Чи нæ кусы, ахæм хион дын ис?

– О.

– Чи у?

– Мæ чындз.

– Æрбакæн æй, æмæ йемæ бадзырд саразæм. Цыма махмæ кусы, афтæ йæ нæхимæ ’рфысдзыстæм, мызд ын фиддзыстæм, æмæ йæ дыджызæйæн дæтдзынæ.

Иринæ æмæ йæм Руфинæ сæ мидбылты худынц æмæ сæ сæртæ разыйы тылд кæнынц. Цыма сæ ’взаргæ ракодтой, уыйау се ’ртæ дæр сты уыцы иухуызон зæрдæхæлар. Ахæм цæстæй мæм кæсынц, цыма сæ хæрз æфсымæр дæн. Æфсæрмы сæ куынæ кæнин, уæд сæ радгай мæ хъæбысмæ фелвасин. Ис ма, ис, хорз адæм. Уæдæ сфæлдыстадон кусджытæй иуæй-иутæ кæмæй фесты?

* * *

Мæ ныхмæ чи уыди, уыцы фысджытæ Дудармæ ’рбацыдысты æмæ фарста цæхгæр сæвæрдтой: кæнæ – Ирбег, кæнæ – мах! Цæмæй мæ фарс ма рахæца, уый тыххæй мыл дам-думтæ фæмысыдысты, обкомы дыл цъыф фæкалдта, зæгъгæ. Кæрцæй хæдон – хæстæгдæр. Обкоммæ йыл хахуыртæ куы ныффыссой æмæ та директоры бынатæй куы фæхауа, уый тæссæй семæ сразы и, фæлæ йын йæ хуыздæр редакторы æмæ аивадон литературæйы хайады сæргълæууæджы атæрынæн æфсон нæ уыди, æмæ мæ политикон хайадмæ хуымæтæг редакторæй раивта. Литературæйæн æппындæр чи ницы ’мбæрста, уыцы æнæхсæст лæджы бон мыл кæй цыди, уый мæхицæн банымадтон стыр æфхæрдыл.

– Политикон хайады сæргълæуууæг Агнессæ йæхæдæг цы куыст нæ зоны, уый хъуамæ дæуæн амона.  Фидиссаг къуымых гал дæ дæ бынатæй ратæрæд æмæ дæ йæ мады хуызæн лæппутыус чызджы дæлбар бакæнæд. Уымæй тынгдæр ма дæ куыд хъуамæ бафхæра? – мæстæй дын мæ мары уый тыххæй Æмзор.

– Раст дын куы зæгъон, уæд мæ уыцы бынат ницæмæн хъуыди. Æнæуи дæр дзы цæуынмæ хъавыдтæн.

– Кæд дæ æппындæр нæ хъæуы, уæддæр, ахст адæмы хъахъхъæнынæй фылдæр зонд кæмæ нæй, уымæн дæхи ахæм æгадхуызæй тæрын ма уадз!

– Уæдæ йемæ хъæбысæй хæцон?

– Хъæбысæй хæцын дзы ницæмæн хъæуы. Культурæйы профцæдисы сæрдармæ бацу, æмæ йын йæ хъуын ацæгъда.

Куы нал мæ уагъта, уæд йæ коммæ бакастæн. Директор фæтарсти, уайтагъд йæ бардзырд аивта, æмæ йын фæтæригъæд кодтон. Куыд нæ йын фæтæригъæд кодтаин? Рауагъдады мæнæй хуыздæр зæрдæ никæмæ дардта, мæнæй стырдæр аргъ никæмæн кодта, мæнæй тынгдæр никæмæ хъуыста, цыфæнды хорздзинад саразынил дæр мын разы уыди, æмæ мыл ныр, йæ бынат хъахъхъæнгæйæ, йæ къæхтæ сæрфы. Суанг ма мæм обкомы культурæйы хайады сæргълæууæджы дæр æркодта, æмæ мын къæдзæхы йас халассæр лæг сойæсæрст хъæлæсæй лæгъстæ кæны:

– Радиокомитетмæ сæйраг редакторæй ацу. Уым дæ ничи хъыгдардзæн.

Хицæуттæ нæ, фæлæ – тæригъæддаг ницæйæгтæ. Адæбеимæ ныхасгонд сты, æмæ мæм уый дæр бон æртæ хатты дзуры:

– Ардæм рацу, æмæ иумæ æнæ мастæй кусæм.

Хицæуттæ дæм куы фæных уой, уæд дæ къæхтæ раст араз. Куынæ сæм байхъусай, уæд дæ зæронд хæррæгъау уынгмæ арæцугъдзысты æмæ дын дæ мæгуыр бинонты æнæ къæбæрæй ныууадздзысты. Козбау журналистты ’ппæлæн уацхъуыдтæ кæсын дæр мæ нæ фæндыди, фæлæ мын хуыздæр гæнæн нал уыди, æмæ радиомæ ацыдтæн.

Æз мæ фындзæй дарддæр ницы уынын, ме ’рдхорд Авдан та дардмæ уыны. Цалынмæ æз лыстæг хъуыддæгты фæдыл зылдтæн, уæдмæ уый хицауады бын абырыди æмæ уæлдæр партион скъола каст фæци, телеуынынады æмæ радиохъусынады комитеты сæрдар Хъайтыхъойы къæлæтджыны ’рбадти, коллективы йыл сардыдта æмæ йæ феддæдуар

кодта, дыууæ арсæн иу лæгæт æгæр къуындæг у, зæгъгæ. Цæмæн æй атардта, уый зын бамбарæн нæу. Цыфæнды гыццыл куысты йæ куы ныууагътаид, уæддæр йæ ауудоны баззадаид æмæ никæцæй разындаид. Уый та коллективæн разамынд дæттын иунæгæй фæндыди, æмæ йæ Хъайтыхъо хъыгдаргæ кодта.

Обкомæй йæм мæн куыстмæ райсыны тыххæй кæй æрдзырдтой, æмæ семæ кæй сразы ис, уый дызæрдыггаг нæу, фæлæ ма мын хъуамæ, стыр лæг кæй у, æз та йæ цуры æвæрæз уаллон кæй дæн, уый фенын кæна. Куы йæм бацыдтæн, уæд мæ йæ секретары кабинеты йæ фæсдзæуинау сахат фæдардта, стæй мæм ахæм хуыз равдыста, цыма арвæй стъалытæ скъæфы, æз та цыма журналистикæйы фыццаг æнарæхст къахдзæфтæ кæнынмæ хъавын.

– Гъер ды дæхицæн цæттæ сæйраг редактор æнхъæл дæ, фæлæ рæдийыс. Æцæг сæйраг редактор суæвынмæ дæ нырма бирæ хъæуы. Журналисттæй алкæмæ дæр йæхи зондахаст ис, алчидæр дзы цардмæ йæхи цæстæй кæсы, се ’ппæт дæр та ’мхуызон къæйных сты, æмæ уыдон иу фæндагыл саразын æнцон нæу. Цæмæй сæ нæ размæцыд æхсæнады рæзт æвдисынмæ сразæнгард кæнай, уый тыххæй йыл, фыццаджыдæр, хъуамæ дæхæдæг æууæндай. Радиойы кусгæйæ, хъуамæ æнæрæнцойæ хъуыды кæнай, дæ бæрны дын æй паддзахад кæй бакодта, æмæ йын адæммæ йæ идеалтæ хæссын кæй хъæуы, уый. Нæ цытджын фæтæг дæсæм томы æвдæм фарсыл афтæ загъта…

Куыройы фыдтæ афтидæй куы гыбар-гыбур кæной, уыйау иударон сыдывд ныхæстæ æнæ ’рлæугæйæ лæхурдта, æмæ бæрæг уыди, стыр æхсызгондзинад сæ кæй иста, уый, мæнæн та мæ нервытæ ’хсыдтой, фæлæ уæддæр мæ сæр сусæны бæхау тылдтон, цыма мæнæн дæр æхсызгон уыдисты, афтæ, хъуысгæ та мæм кодтой, университеты ’мдзæрæны мын, иу уаты цæргæйæ, кæй дзырдта, уыцы ныхæстæ:

– Абон фæскомцæдисон æмбырды доклад кодтон. Нæ зындгонд профессор, историон наукæты доктор Куыцыри иу ахуыргæнæгмæ багуыбыр и æмæ йын афтæ:

– Æз Ирыстоны мæхицæн фыццаг демагог æнхъæл уыдтæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Æз дыккаг дæн, уæлæ уый та – фыццаг у æмæ мæнæй дарддæр ацæудзæн…

Мæ зæрдыл æрлæууыдысты, айфыццаг мын радиойы литературон-музыкалон хайады сæргълæууæг Чегем кæй дзырдта, уыдон дæр:

– Авдан университет каст куы фæци, уæд æппæты фыццаг куыстагур мæнмæ ’рбацыди. Ирон æвзаг хорз кæй нæ зоны, уый мын куы загъта, уæд фæсивæды газеты редактор Зубæирмæ телефонæй бадзырдтон. Чи у, цы мæрддаг у, куыд фыссы, уымæн   ницы зыдтон, афтæмæй дзы сахаты ’рдæг феппæлыдтæн. Дзырд куы фæдæн, уæд Зубæир бахудти æмæ мын афтæ:

– Цы миниуджытæ мын ранымадтай, кæд æм уыдонæн сæ иу хай дæр ис, уæд æй рарвит.

Райста йæ, æмæ йæ Авдан дисы бафтыдта йæ цæхæркалгæ ныхæстæй. «Мах, æрыгæттæ, хъуамæ нæ дыстæ рæбыноз бафæлдахæм æмæ хъазуатонæй кусæм, цæмæй нæ цард бонæй-бон рæсугъддæр, хъæздыгдæр æмæ зæрдæрайгæдæр кæна, цæмæй нæ сæрыстыр уой, мах сæрвæлтау хæсты йæ туг чи калдта, уыцы хъæбатыр хистæртæ æмæ…», «Нæ цытджын коммунистон партийы разамындæй не ’ппæты дæр бавналын хъæуы…», «Æрыгон журналисттæ хъуамæ æдзухдæр газетмæ цæуой ног хъуыдытæ æмæ ног хъæппæристимæ…» – нырма иу хуызæнæн уацхъуыд дæр чи нæма ныффыста, уыцы райдайгæ уацхæссæг амыдта, йæ дæндæгтæ газеты чи рафтыдта, уыдонæн.

Зубæир стырдæр бынæттæм тырныдта æмæ йæхи арвитын кодта уæлдæр партион скъоламæ. Мæскуымæ куы цыди, уæд йæ бæсты ныууагъта йæхи хуызæн карьерист Авданы. Уымæн йæ ус уыди фыццаг секретары усы хæлар, æмæ дыууæ сылгоймаджы фæрцы фидаргонд æрцыди газеты редакторæй, уый фæстæ та – телеуынынады æмæ радиохъусынады сæрдары хæдивæгæй, стæй сæрдарæй.

Зубæир æнхъæл уыди, партион скъола каст куы фæуа, уæд æй уайтагъд стыр бынаты авæрдзысты, фæлæ фæфыдæнхъæл и. Фæхæцæг ыл нæ уыди æмæ, ныллæг бандæттыл бадгæйæ, мæстæй марди. Цæмæй уæлдæр партион скъолайæн йæ кад рæза, æмæ йæм адæм ахуыр кæнынмæ тырной, уый тыххæй йæ сæргълæуджытæ архайдтой сæ хъомылгæнинæгтæн хъарм бынæттæ агурыныл. Уыцы хабар Зубæир хорз зыдта æмæ сæм писмотæ фыста, нæ хицауад мын куыст нæ дæттынц, зæгъгæ. Бирæ хъуырдухæнты фæстæ йæ къухы бафтыди Авданы хæдивæджы бынат. Иучысыл дзы куы акуыста, уæд нæм Авдан йæхимæ фæсидти, дзæвгар рæстæг нæ йæ секретары уаты фæдардта, стæй нæ мидæмæ бауагъта æмæ нын амонын райдыдта, нæ хæстæ нæ куыд æххæст кæнын хъæуы, уый. Махæн фыр диссагæй нæ дзыхтæ

бахæлиу сты, æмæ йæм циркмæ кæсæгау кастыстæм. Цы хъуыды кодтаиккам, уый дæр нæ зыдтам. Æз сывæллон нал дæн æмæ бирæ æдзæсгом адæмы федтон, фæлæ Авданы хуызæн бынтон æдзæсгомыл фыццаг хатт сæмбæлдтæн. Æрæджы дæр ма хъуырыцъарæй кæмæн лæгъстæ кодтай, куыст мын ссарут, зæгъгæ, ахуыргæнæгæн дын чи бæззы, уыдонæн, куыд кусын хъæуы, уый  амон. Уымæн стыр ныфс æмæ цъаммардзинад хъæуы…

«Нæ разагъды лæгтæ диссаджы цард сарæзтой. Авданы хуызæн афтид лæппутæ, сæ зæлланггæнаг хъæлæстæй фæсивæдæн сæ сæрымæгъзтæ цæхæркалгæ лозунгтæй лæхъуг кæнгæйæ, хицæуттæм сæхи равдисынц æмæ партимæ схизынц, уым сæ хъæлæстæ ноджы тынгдæр сфидар вæййынц æмæ стыр бынæттæ ’рцахсынц. Дысвæлдæхтæй кусыны бæсты дзæгъæл дзырд кæнынц æмæ хæрдмæ бырынц. Ныр ацы бæрбæра æмæ йæ ницæйаг хæдивæг Адæбе мæнæн хъуамæ мæ хицæуттæ уой? Кæм ис, æнæрæнцойæ кæмæй æппæлынц, уыцы царды рæстдзинад? Мæгуырæй куы схъомыл и, студентæй йын иу нейлон хæдон йеддæмæ куы ницы уыди, уæд дзы царды хицау, æнæрвæссон барин-æлдар кæд рауади? Уæвгæ, студентæй дæр йæ зондахаст бæрæг уыди», – Авданмæ кæсгæйæ, хъуыды кодтон мæхинымæр. Фæндыди мæ исты гуымиры ныхас ын зæгъын æмæ йыл дуар ныггуыпп кæнын, фæлæ æгуыстæй баззайынæй тарстæн æмæ йын йæ дзæнгæда быхстон. Дзæвгар рæстæг мын куырыхон ахуыргæнæгау дæлдзиныггæнæн ныхæстæй зонд фæцамыдта, стæй мæ курдиатыл йæ къух бавæрдта æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Дæ зæрды мæгуыр адæмы бартыл стох кæнын куы æрæфта, уæд-иу эфир балхæн, æмæ дæ цы фæнда, уый дзур, ам та паддзахады бартæ хъахъхъæн.

– Йæ бон эфир балхæнын кæмæн у, уыдоны мæгуыр адæм нæ хъæуынц, мæгуыр адæм кæй хъæуынц, уыдоны бон та эфир балхæнын нæу, – загътон ын сабырæй, фæлæ ’лхыскъгæнæгау æмæ къæсæрæй ахызтæн. Уынджы мæ риуыдзаг куы сулæфыдтæн, уæд мæм йæ ныхæстæ хардзау æркастысты. Иууылдæр ын арæзт уыдысты иу ранмæ: ницы дæ, никæй хъæуыс, дæхи дарын нæ зоныс, дæ дзыхыл нæ хæцыс, æмæ дæ алы рæттæй сурынц, фæлæ мæ хæлар дæ, æмæ дæ куыд аппарон? Ацу æмæ кус, æцæг дæ куыдзы бынат зон æмæ дæ кæрддзæмы ’нцад бад, дæхицæй тыхлæг ма араз, науæд ардыгæй дæр фæхаудзынæ.

Цæмæй дзы ма фæхауон, уый тыххæй мæ кæрддзæмы ’нцад бадын æмæ мæ хæстæ, куыд æмбæлы, афтæ ’ххæст кæнын. Нырма ныр бамбæрстон, адæм, сæ ныхбынтæй туг хъаргæйæ, сæ уæрджытыл хæрдмæ цæмæн бырынц, уый. Сæ куыст – къаддæр, сæ мызд – фылдæр. Дæхи хъуыддагхуызæй æвдис æмæ дæхиуыл къæм абадын ма уадз. Кæд мæ улупайыл иучысыл бафтыди, уæддæр бинонтæ дарыны фаг нæу.

* * *

Гыццылæй-иу искæцæй куы ’рбацæйцыдтæн æмæ-иу мæ фыды хæдзармæ куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд-иу адæргæй бампылдтæн. Къахæй-сæрмæ-иу армыдзаг йеддæмæ нал уыдтæн. Зæххы къорийыл мын-иу уымæй æнаддæр цæрæн бынат нал уыди. Мæ зæрдæйы мын æвзæрын кодта ’рмæстдæр тас æмæ æнæуынондзинад. Ме стырдæр бæллиц-иу сси уæлдæфы атайын æмæ ’рбайсæфын.

Уæдæй нырмæ рацыди бирæ азтæ, фæлæ мæ царды мисхал дæр ницы аивта. Ногæй та мæм æрбаздæхтысты уыцы удмарæн æнкъарæнтæ æмæ мæ тухæнæй марынц. Мæ фыды хæдзарæй мын æнæуынондæр сси сывæллæтты рынчындон. Куы йæм фæцæйхæццæ кæнын, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма æвæрæз саби дæн, æмæ та мæ ныртæккæ мæ фыд æмæ йæ бæттинаг æрра ус физонæгау цæхæрмæ сдардзысты. Æрфæнды мæ, дарддæр цы ран у, уырдæм алидзын æмæ мæ хъизæмайраг цардæй фервæзын.

Уыцы дыууæ адæймаджы мæ фыны дæр иу ран нæ уадзынц. Цæмæдæр гæсгæ сæ æдзухдæр уынын æнæсæрст хæдзары, мæстыйæ, æртхъирæнтæгæнгæйæ. Фыны сæ куы фенын, уæд бацйафын стыр маст. Дысон дæр сæ бафхæрыны тæссæй мæхи фæрамбæхс-бамбæхс кодтон, æмæ мæм цыдæр маст æнхъæлмæ кæсы. Мæ сывæллæттæ мацы кæнæнт, æндæр иннæ мæстытæн бабыхсдзынæн.

Тæрсгæ-ризгæйæ рынчындоны къæсæрæй мидæмæ бахызтæн. Светæ мын цы ’взæр хабар фехъусын кæндзæн, уымæ ’нхъæлмæ кæсын, фæлæ уый ницы дзуры. Фынæй сывæллæтты уæлхъус иуцасдæр куы алæууыдтæн, уæд мын афтæ:

– Ахсæв сæ нæхимæ аласæм.

– Цæмæн?

– Ног азы райдиан рынчындоны куы арвитæм, уæд æнæхъæн аз дæр ам уыдзыстæм.

– Цытæ дæ-иу фæуырны, цытæ?

– Ницы дæ уырны, æмæ ма дæу азарæй мах дæр афæдзы ’рдæг удхар кæнæм.

– Мæн аххосæй стут ам?

– О, дæу аххосæй.

– С больной головы – на здоровую! – срæцыгътон уырыссаг æмбисонд æмæ йыл ноджы хъæрдæрæй нытътъæлланг ластон: – Дæуæн ахуыргæнæджы диплом чи радта, уый та – дæуæй æдылыдæр!

– Дохтыртæ дæр мемæ разы сты.

– Ома?

– Ахæссут, дам сæ.

– Рынчынæй?!

– Сæ бон куыд уыди, афтæ сæм базылдысты. Уколтæ сын нал кæнынц.

Цы ма йын загътаин? Машинæ баххуырстон æмæ сæ нæхимæ аластон. Исдугмæ сæ цалхджын сынтæджыты фæфынæй кодтой, стæй кæуын райдыдтой, æмæ сæ уромæг уромын нал фæрæзта. Æз дыууæ сынтæджы ратул-батул кæнын, Светæ та – иу. Йæ мæнг уырнындзинады тыххæй кæй удхар кæнын, уый мæ мæ астæуыл дыууæ дихы кæны.

Рæстæг та иу ран бандзыг и æмæ та йын размæ аккуырсыны амал нал и. Рудзынгæй æддæмæ акæс-акæс кæнын. Бæстæ куыд тар у, мæ зæрдæ дæр – афтæ. Куы ’рбабон уаид, уæд, чи зоны, сывæллæттæ фæсабыр уаиккой. Куыд нæ стæй. Кæуынц, дзыназынц.

– Дохтыртæм бадзур, æмæ сæ фæстæмæ аласæм, – фæсмонгæнгæйæ мæм дзуры Светæ. Йæ курдиат ын сæххæст кодтон, æмæ та рынчындонмæ ацыдыстæм…

* * *

Адæммæ иу æнахуыр миниуæг раиртæстон. Мæнмæ гæсгæ, уый алкæмæ дæр хауы, æцæг æй иутæ æргомæй æвдисынц, иннæтæ та сусæгæй архайынц – чи гæртамы, чи хицауы, чи хиндзинады фæрцы. Афтæ цæмæн у, уый æмбарын. Хорз фатер алкæй дæр хъæуы, се ’ппæтыл та хур дæр не ’ххæссы. Йæ райсыны тыххæй адæймаджы (уæлдайдæр, фæхæцæг кæуыл нæ вæййы, уый) арæх бахъæуы карз тохы бацæуын, æмæ дзы рауайы хылтæ, хъаугъатæ, хæрæмттæ. Цал æмæ цал хатты федтон ахæм хылтæ. Дисы мæ ’фтауы, суанг ма хорз хæлæртты уарзон ахаст

дæр куыд фесæфы, æмæ йын йæ бынат хæрамдзинад куыд бацахсы, уый.

Иу уат æмæ ’рдæг – хрущевкæ – кооперативы мæхи хардзæй балхæдтон. Тынг гыццыл фатер у, уæлдайдæр – йæ цæлгæнæн. Дуарыл æм куы бахизай, уæд рудзынгæй ахаудзынæ. Мæ иу уды къоппайæн фаг уыди, фæлæ мæ хъуыды кæнын хъуыди бинонтыл, æмæ хæдзар райсыны тыххæй фысджыты цæдисы номхыгъдмæ рагацау мæхи бахæссын кодтон.

Мæ фатеры цыппар чызджы куы фæзынди, уæд дзы ’хсæзæй нал цыдыстæм. Уæлдай къуындæгдæр та нын сси, сывæллæттæн дзы гыццыл сынтæджытæ æмæ стыр коляскæ куы сæвæрдтам, уæд. Кæсæгтæ тебæйы куы фыцой, уыйау уыдыстæм, улæфт нын дзы нал фаг кодта, æмæ тухæнæй  мардыстæм. Мæ амондæн, фысджыты цæдисы мæ рад æрбахæццæ ис, æмæ горæххæсткоммæ, цингæнгæйæ, атындзыдтон. Ацы хатт мын мæ фæндаг кæй ничиуал æрæхгæндзæн, ууыл дызæрдыг нæ кодтон, фæлæ та мæ размæ æнæнхъæлæджы стыр цæлхдур фæци.

Цыппар уаты мын кæй дæттынц, уый Хамбечыр базыдта æмæ фыр катайæ йæхицæн бынат нал ардта. Æз цы уавæрты удхар кодтон, уый хорз зыдта, фæлæ уæддæр йæ тых-йæ бонæй архайдта мæ фатер йæхи бакæныныл. Йæ мады номæй дæр ма горæххæсткоммæ писмо ныффыста, йæ хæдзардарæг хæсты кæй фæмард и, æмæ фондз бинойнагæн се ’ртæуатон фатер стырдæр цæрæн бынатæй æнæмæнг баивын кæй хъæуы, уый тыххæй. Раст кæй уыди, уый æмбæрстон, Хамбечыры æдзæсгомдзинадыл та гуырысхо нæ кодтон æмæ дзы фæтарстæн. Æрыгон зæрдæмæдзæугæ сылгоймаг нæм горæххæсткоммæ куы фæсидти æмæ нын уыцы писмо куы касти, уæд та къахæй-сæрмæ мæ зыр-зыр ссыди. Каст æй куы фæци, уæд хатыркурæгау афтæ бакодта:

– Хамбечыр, цыппаруатон фатер дын кæй æмбæлы, ууыл дызæрдыг ничи кæны, фæлæ дын хорз æртæуатон фатер ис, æмæ уал уым цæр. Ирбег йе ’нахъом сывæллæттимæ йæ чысыл къуымты ауыгъды хуызæн у, æмæ ног фатер уымæн дæтгæ у.

– Уый мæнæн раттут, мæ фатер та – Ирбегæн. Мæнæн цыппар уаты уыдзæн, уымæн та – фондз, – йæ цæсгом ныддардта Хамбечыр.

– Йæхи ’хцайæ кæй балхæдта, уымæ горæххæстком ницы бар дары, стæй æртæ фаззоны кæмæн райгуыра, уымæн æвæстиатæй цыппаруатон фатер дæтгæ у. Уый закъон у, æмæ йæ æхсæз мæйы ’мгъуыдмæ æнæмæнг æххæст кæнын хъæуы. Иу бон дæр ын фæстæдæрмæ ’ргъæвæн

нæй. Куы ныл бахъаст кæна, уæд нæ бафхæрдзысты.

Хамбечыр ма йæ ныхмæ цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ йын сылгоймаг йæ дзых ахгæдта:

– Ууыл нæ ныхас ахицæн и. Ирбег, горæты кæрон цалдæр ногарæзт хæдзары ис. Ацу, æмæ дзы дæ зæрдæмæ кæцы фæцæуа, уым цыппаруатон фатер равзар.

Ме ’фсымæр Аслан аразæг у æмæ ахæм хъуыддæгтæ хорз зоны. Мемæ йæ айстон, æмæ хæдзæрттыл фæзылдыстæм, хуыздæр нæм дзы кæцы фæкаст, уым иу фатер равзæрстам. Йæ къæлидор у авд метры, йæ цæлгæнæн та – цыппар метры, йæ зал æмæ йæ лоджæ дæр – стыр. Иуæндæс азы кæм фæцардтæн, уыцы нарæг къуымимæ йæ барын, æмæ дзы мæ зæрдæ райы.

* * *

Историк нæ дæн æмæ зæххы къорийы æппæт бæстæты цард нæ зонын, фæлæ мæ цæст кæмæ æххæссы, уыдонæй иу ран дæр адæм фæстæмæ нæ раздæхтысты. Йæ сæры зонд кæмæн ис, йæ райгуырæн бæстæ зæрдæйæ чи уарзы æмæ йæ адæмы цард фæхуыздæр кæнын кæй фæнды, уыдон размæ, рухс фидæнмæ тындзынц, мах та нæ хæлæрттимæ, «коммунизмы цæхæркалгæ бæрзæндтæм æвдгаймил санчъехтæй цæугæйæ», фыдгæнджыты азарæй фæстæмæ талынг цагъайраг дунемæ раздæхтыстæм. Нæ фыдæлтæ сæ удмарæн хъизæмæрттæй фервæзыны тыххæй, сæ туг калгæйæ, иумæйаг фидар мæсыг сарæзтой, адæмы знæгтæ та йæ пырх ныккодтой. Мæсыг хи дурæй хæлы, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц.

– Æз æнхъæл уыдтæн, цы машинæйы бадæм, уымæн йæ болтытæ æмæ йæ гайкæтæ афтæ хъæддых здыхт сты, бæзджын згæйæ афтæ тынг ныффидар сты, æмæ сæ бирæ æнусты дæргъы цыфæнды домбай уæйыгæн дæр йæ бон разилын нæ бауыдзæн, æмæ фæрæдыдтæн. Иу зыгъар лæг æрбауади, бæрбæргæнгæйæ сæ йæ дыууæ лæмæгъ æнгуылдзæй хæрз æнцонæй разылдта, æмæ машинæ базгъæлæнтæ и. Цæмæй дæ райгуырæн бæстæ æмæ дæ адæмæн ахæм æбуалгъ ми бакæнай, уый тыххæй сæм дæ зæрдæйы хъуамæ цас æнæуынондзинад æрæмбырд кæнай? – дисхуызæй мæ фæрсы Чегем. Цы дзуапп ын радтон, уый нæ зонын. Раздæр тæрхон кæмæн кодтой æмæ ахæстоны кæй дардтой, уыцы сæудæджергæнджыты къухтæм бæстæйы экономикæ цæмæн

радтой, уый дæр нæ зонын. Кæд уыдон нæ сæйраг цардаразджытæ сты, уæд ма нæ президент, хицауады сæрдар æмæ бирæ алыхуызон министрадтæ цæмæн хъæуынц, уый дæр нæ зонын. Демократи куы нал ис, уæд нæ ног хицæуттæ йæ кой афтæ арæх цæмæн кæнынц, уый дæр нæ зонын. Уæвгæ, ног хицæуттæ дæр не сты.

– Уæле дзадзджын фынгтыл чи бадти, уыцы лæгтæ логикæмæ гæсгæ хъуамæ, цы царды рохтыл хæцыдысты, уый сæфтыл, сæ сæртæ къултыл хойгæйæ, хъæрæй кæуиккой æмæ сæхицæн æндæр куыстытæ агуриккой, уыдон та царды рохтыл хъæддыхдæр æрхæцыдысты, – дисгæнгæйæ дзурын æз.

– Рог æрмæгæй конд сты æмæ цыфæнды абухгæ цæугæдоны дæр нæ ныгъуылынц, – худы Чегем. Мæнмæ худын нæ цæуы, уымæн æмæ, мæ алыварс цы æвирхъау цаутæ уынын, уыдон мæ се 'ппæт дæр удисæн сагъæстыл æфтауынц. Æз иу царды уагыл сахуыр дæн, цæстфæлдахджытæ та мæ сæхи хуызæн мæнгард царды уагмæ баппæрстой, æмæ дзы мæ бон улæфын нæу. Æппæтæй тынгдæр мæ дисы 'фтауынц сыгъдæгзæрдæ хуымæтæг адæм. Фæстаг къæбæр амалгæнгæйæ, удхар кæнынц, цы тыхст уавæры сты, уый кæрæдзийæн кæугæйæ дзурынц, фæлæ быхсынц. Уыцы иудадзыгон быхсындзинад мæ фæлитой тугцъирты æгъатырдзинадæй тынгдæр мары. Æдылы дæ чи араза æмæ дын дæ фæстаг къæбæр дæ дзыхæй чи иса, уымæн барæн куыд ис?

*Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,*
*Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..*

Кæм и, нæ уарзон поэт кæмæ сидти, уыцы фæтæг? Цæуылнæ нæм фæзыны æмæ нæ йæ алыварс цæуылнæ 'рбамбырд кæны? Цалынмæ ног сынтъутæ нæ царм æмæ нæ фыды 'хсæн арфдæр нæ бабырыдысты æмæ нын нæ туг зыдæй цъирын нæ райдыдтой, уæдмæ сæ цæуылнæ ныллæмарæм? Фæрстытæ, фæрстытæ, фæрстытæ… Иуæн дæр дзы дзуапп нæй. Адæм кæрæдзийæ фæиппæрд сты æмæ дзы алчидæр хицæнæй лæбуры. Давæг, стигъæг æмæ марæг нæ сæйраг хъайтартæ систы. Æрæджы дæр ма саубыны расыгæй йе 'взарджытæн сызгъæрин кæритæй зæрдæтæ чи æвæрдта, уый президент сси, йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста æмæ ницымбарæгхуызæй дзуры:

– Черт его знает, куда делся этот самолет с золотом!

Телевизоры йæм кæсын æмæ мæ цæстытыл не ’ууæндын. Зæххы къорийыл æппæтæй егъаудæр бæстæйы сæргъы чи лæууы, уымæн ахæм сæнтдзæф уæвæн куыд ис? Иннæ ахæм министрты кабинеты сæрдар.

– Къæрныхтæ нын нæ бæстæйы бынæй рухс куы суагътой, уæд сын куыд ницы амал арут? Давын сæ цæмæн уадзут?

– Чтобы обратной дороги не было, – йæ тыппыр цæсгомы хуыз мисхалы бæрц дæр нæ аивта, афтæмæй, цъæмцъæмгæнгæ, дзуапп радта журналистæн. Куыд æй бамбарон? Ома давут, стигъут, марут, хæлоф кæнут, алы чъизи мадзæлттæй уæхицæн мулк æмбырд кæнут æмæ йæ хъахъхъæнут?!

Уыдонæй тынгдæр та мæ дисы бафтыдта нæла-сылайы ’нгæс саўджын.

– Уæрæсе æдзухдæр заууаты уавæры цæмæн ис? – бафарста йæ уацхæссæг, æмæ йын дзуапп радта æнæфсæрмæй:

– Бог любит Россию и заставляет ее страдать.

Гъеуый дын ног цард араздзжытæ, гъе! Æппæтæй стырдæр сагъæстыл мæ бафтыдтой æрыгон ахуыргонды ныхæстæ:

– В России унитазы ценятся дороже, чем мозги.

Ахæм Хуыцауы æлгъыст бæстæйы цæрæн нæй, æмæ бирæтæ сæхи марынц, фæлæ нæ ног хицæуттæм сæ рис нæ хъары, уымæн æмæ уыдон бынтон æндæр уавæрты цæрынц…

* * *

Нæ фаззæттæ æнæрæнцойæ нал кæуынц, æмæ сæ нæхимæ ’рластам. Светæ сыл иунæгæй не ’ххæссы, æмæ сын дыджызæ баххуырстам. Цæудзæн ыл цыппор фондз азы. Хорз адæймаг у æмæ сæм тынг зæрдиагæй зилы, фæлæ ахæм лæмæгъ сывæллæттæм никуы касти æмæ хатгай фæрæдийы. Хуыздæр æнхъæлæй сын уынджы æрæгвæззæджы дыдзы хурмæ сæ сæртæ æхсынæны зетийæ сахуырста, æмæ сæ дымгæ ныццавта, сæ уавæр зынгæ февзæрдæр и, æмæ та кæугæйæ рынчындонмæ бахаудтой. Иннæ хатт та сæ коляскæты æдде фæдардта. Æнæниз сывæллæттæ ахæм уазал ницæмæ ’рдардтаиккой, фæлæ та махонтæ рынчындоны хай баисты.

Иудадзыг сын хостæ дарын хъæуы, æмæ зилын горæтыл. Цынæ афтек басгарын, ахæм мын нал баззайы. Хъæугæ хос куынæ ссарын, уæд та ногæй зилын райдайын. Мæн исты куы бахъæуы, уæд бæстæ

змисджын ӕдзӕрӕг быдырау бахус вӕййы. Ахӕм егъау бӕстӕ сафтид кӕнын бауӕнд! Уый тыххӕй адӕймагмӕ цас ныфс хъуамӕ уа, стӕй йӕ бафхӕрын кӕй ничи бауӕнддзӕн, ууыл куыд тынг хъуамӕ ӕууӕнда! Нал дзы дзул и, нал – ӕхсыр, нал – дыргътӕ, нал – халсартӕ. Кӕд уый фыдракӕнд нӕу, уӕд циу? Ӕмӕ ма дзы ахӕм фыдракӕнд фыццаг хатт куы уаид. Мӕ зӕрдыл ӕрлӕууыдысты, ӕрыгонӕй Мӕскуыйы куы цардтӕн, уыцы азтӕ. Уӕвгӕ мӕ рох та кӕд фесты? Ӕппындӕр дзы бахӕринаг ницыуал уыди. Иу дуканимӕ кӕддӕр-никӕд чысыл гуылтӕ ӕрбаластой. Адӕм сыл фӕхӕлоф кодтой, ӕмӕ ма мӕм дзы тыхамӕлттӕй дыууӕ ӕрхаудта. Фидар сыл хӕцын ӕмӕ ӕмдзӕрӕнмӕ сӕпуадӕй уайын. Адӕм мӕм ӕххормаг цӕстытӕй, хӕлӕггӕнгӕйӕ, кӕсынц ӕмӕ мӕ цыбӕлхуызӕй афӕрс-афӕрс кӕнынц:

– Лӕппу, уыцы гуылтӕ кӕм балхӕдтай?

Иубон мӕм ме 'мкусӕг – зӕхкъӕртгӕнӕг – ӕрбацыд ӕмӕ мын афтӕ:

– Мемӕ рацу, ӕмӕ дын мӕ райгуырӕн Калугӕ фенын кӕнон.

Бӕстӕйы сӕйраг горӕт зауууатмӕ кӕм ӕрцыди, уым ма иннӕтӕ та цы уавӕры сты, цымӕ? Уыцы фарст мӕ сцымыдис кодта, ӕмӕ йын сразы дӕн. Фӕлтау йемӕ куынӕ ацыдаин. Горӕтмӕ цыма Мамайы 'фсӕдтӕ 'рбабырстой, уыйау ӕдзӕрӕгхуызӕй йӕхимидӕг бандзыг и. Дымгӕ чъизи уынгты бырӕттӕ дыууӕрдӕм сыфсыфгӕнгӕ рахӕсс-бахӕсс кодта, ӕндӕр дзы цъиуызмӕлӕг нӕ зынди. Дуканиты мысты къӕдзил цӕуыл андзӕвыдаид, уый дӕр нӕ уыди. Мӕ фысым йӕ фынгыл цы ӕрӕвӕра, уый нӕ зыдта ӕмӕ мӕ ныфсӕрмы и.

Нӕ мӕ рох кӕны мӕ хъӕуккаг Бускайы ныхас дӕр. Лӕгтӕ ӕрӕмбырд сты ӕмӕ дзургӕ-дзурын рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ ской кӕнынц:

– Мӕнӕ ӕххормаг аз куы уыди…

– Ӕххормаг аз куы барӕсыдыстӕм…

– Ӕххормаг аз нӕ тӕнтӕ кӕрӕдзиуыл куы андзӕвыдысты…

Буска сӕм нал фӕлӕууыд ӕмӕ сӕ, хинхудтгӕнгӕйӕ, афарста:

– Ӕфсӕст аз та дзы кӕцы уыд, ӕфсӕст аз? Ӕз мӕхи зонынхъом куы фӕдӕн, уӕдӕй нырмӕ мӕ афтид гуыбыны хъуыр-хъуырмӕ хъусын…

Ӕмӕ милуантӕ сыдӕй куы амардысты, уыцы азтӕ та? Дунейы ӕппӕты хъӕздыгдӕр бӕстӕйы адӕмы мыггаг цард саразын ма фӕраз, афтӕмӕй хӕрдмӕ быр. Йӕ хӕдзары хъӕдын уидыг кӕмӕ нӕ хауы, уый дӕр хъуамӕ бӕстӕйы сӕргъы слӕууа, зауууатмӕ йӕ 'ртӕра, ӕмӕ дзы адӕм удхарӕй мӕлой.

Газеты куы куыстон, уæд фермæтыл зылдтæн, æмæ, сæ хъуццытæ куыд бирæ æхсыр кодтой, уымæй æппæлынæй фылдæр нæ уыдысты. Цы фæци ныр уыцы æхсыр? Алы райсом дæр куысты размæ хуыссæгхъæлдзæгæй дуканимæ азгъорын æмæ йæм дæргъæй-дæргъмæ рады слæууын. Иу æртах дæр мæм куы нал æрхауы, уæд æндæр дуканимæ атындзын. Арæх уым дæр ницы разыны, æмæ та дарддæр араст вæййын. Куысты, хæдзары, базары, дуканиты æмæ афтекты 'хсæн цоппай кæнын. Æмæ ма уыцы мамазилайæн бабыхсин, фæлæ æхсæв фынæй кæй нæ кæнын, уый мæ бынтондæр мары. Цæмæй сывæллæттæ сæ низæй фервæзой, уый тыххæй сæ бирæ дон нуазын хъæуы, бирæ дон куы нуазой, уæд та сæ бын – хуылыдз, æмæ афтæмæй гобаныл хуысгæйæ уазалæй рынчын кæнынц. Уымæ гæсгæ сæм æдзухдæр кæсын хъæуы. Куыддæр мæ цæсты уæлтъыфæлттæ 'руæззау вæййынц, афтæ мæ цыдæр тас фæрæхойы. Мæ хъарм хуыссæнæй рагæпп ласын, сывæллæтты уатмæ базгъорын æмæ сын сæ хуылыдз дзаумæттæ хустæй раивын. Йæ зæгъын æнцон у, фæлæ æртæ сывæллонмæ базилынæн дзæвгар рæстæг хъæуы. Уыцы рæстæгмæ та буар уазал кæны, æмæ мыл æхснырсæг бахæцы.

– Дыууæйæ дæр куынæ фынæй кæнæм, уæд бирæйы фаг не суыдзыстæм. Фæлтау сæм иу æхсæв ды кæс, иннæ æхсæв та – æз. Тасмæ-иу сæ фынæйæ адардзыстæм, – иу изæр загътон Светæйæн, æмæ мемæ сразы. Радгай сæм кæсæм, фæлæ æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъыртт куынæ уынай, уæд дæ цæй кусæг и? Бон-изæрмæ æрдæгфынæйæ бадын мæ кабинеты. О, уæгъд рæстæг мын ис, зæгъинæгтæ дæр мæм чысыл нæй, фæлæ ахæм уавæры цы хъуамæ ныффыссон? Æмæ ме 'мбæлтты мæхиуыл худын кæнын:

– Цалдæр фыссæджы мæ литературæйæ фæхицæн кæнынмæ хъавыдысты. Цынæ мадзæлттæй архайдтой, ахæм сын нал баззад. Æдылытæ куынæ уыдаиккой, уæд мын æрыгонæй ус æрхастаиккой, сывæллæтты бын фæуыдаин, æмæ сæ мемæ тох кæнын нал бахъуыдаид…

* * *

«Хъазын хъазын у, фæлæ сæры цæф хъазын нæу». Ацы ныхæстæ гыццылæй арæх хъуыстон, æмæ сæ рæстæгæй-рæстæгмæ æрымысын, растдæр зæгъгæйæ та мын сæ æбæрнон хицæуттæ æнæбары мæ зæрдыл æрлæууын кæнынц. Ныр дæр мæ хъусты зæлынц, уымæн æмæ мын, цы

уавæры бахаудтæн, уый сæры цæфы хуызæн у. Уæвгæ, уыцы уавæры æрмæст æз нæ дæн. Цы районы æрцардтæн, ууыл ма дзырдарæхст адæм «БАМ»-ы æдде «Выкидыш» ном дæр сæвæрдтой. Суанг ма йæ иу хæдзары къулыл стыр дамгъæтæй дæр ныффыстой. Æмæ йæм æцæгæй дæр ахæм цæстæнгас и. Цыма горæты сæргълæуджытæ се ’ппæт мæстытæ дæр уымæй исынц, уыйау æм сæ фыдæх сарæзтой.

Ног цъылын мæрзаг кæй у, уый рабæрæг и фыццаг бонты. Мæ цыппар уаты æмæ цæлгæнæны цы тæнæг батарейтæ ис, уыдонмæ райдианы фыр тæвдæй бавналæн дæр нæ уыди. Сывæллæтты ногæхсад дзаумæттæ сыл-иу куы байтыгъτам, уæд-иу уайтагъд ахус сты, стæй агъуыстытæ хъарм дардтой, æмæ сыл цинæй мардтæн, фæлæ мæ цин бирæ нæ ахаста. Цыбыр рæстæгмæ уавæр æвзæрырдæм цæхгæр аивта, æмæ, сывæллæтты хуылыдз дзаумæттæ кæм хус кæнæм, уый нал и.  Куысты фæстæ афтектыл фæзилын æмæ фæлладæй нæхимæ æрбацæуын. Æнхъæл вæййын, æхсæвæр скæндзынæн æмæ мæ фæллад суадздзынæн.

Цæй æхсæвæр æмæ цæй фæллад. Дæргъæй-дæргъмæ фарастуæладзыгон хæдзар дардмæ сау тарæй куы фенын, уæд мын уæнгæл фесты, æмæ йæм мæ зæрдæ цæуын нал фæкомы. Куырмау, мæ къухтæй къултæ сгаргæйæ, дыккаг уæладзыгмæ хъавгæ схизын, мæ дуарыл бахæцын æмæ талынг уазал залы зæронд диваныл мæстæй мæлгæйæ, æрбадын. Æрфæнды мæ горæты сæргълæуджыты бабæрæг кæнын. Уыдон дæр ныртæккæ мæнау талынг уымæл агъуыстыты бадынц, цымæ? Уымæй уæлдай ма мæ ’рфæнды, сонтхела адæмы горæты сæргъы чи сæвæрдта, уыцы фæлдурæдджджыны йæ хъарм бынатæй фæсурын æмæ йæ хуыты фермæмæ батæрын, мукъуджынты чъизи бынтæ сыгъдæг кæнынæн йеддæмæ ницæмæн бæззыс, зæгъгæ.

Сæнттæ, сæнттæ… Куыд адджын стут, куыд! Адджыны æдде ма æнæпайда дæр сты, æмæ сæ зæрдæмæ хæстæг уадзын нæ хъæуы. Уымæ гæсгæ, горæххæсткомы кусджытæм телефонæй бадзурын:

– Æз – уæ мад, уæ фыды уазæг, æрбацæут-ма мæм, уæ хорзæхæй, æмæ мын мæ батарейтæ фенут. Куыд æмбæлы, афтæ тæвд нæ, фæлæ, куыд не ’мбæлы, афтæ хъæрмуст дæр не сты. Мæ рынчын сывæллæттæ уымæл агъуыстыты ихæнæй мæлынц, æмæ мын сæ фервæзын кæнут.

Хъуыды дæр мæ не ’ркæнынц. Хæдзæртты управлени дæр мæ ницæмæ ’рдары. Иухатт ма йæ сæргълæууæг – æрыгон буцхаст лæппу –

мæн тыххæй йæ секретарыл дæр мæстæлгъæдæй нытътъæлланг ласта:

– Кæм цы дзæгъæлдзуаг и, уыдоны мæм æнæ фæрсгæйæ цæмæн уадзыс?!

– Иннæ æрбацæуæгмæ азылдтæн æмæ йæ нæ федтон, – тарстхуызæй йæхи раст кæнынмæ фæци чызг.

Уыцы къуыдиппæн алы мæй дæр дуне æхцатæ цæй тыххæй фидын, уый не 'мбарын, æмæ мын æй æмбарын дæр ничи кæны. Алывыдтæ йын куы акалдтаин, уый мæ фæндыди, фæлæ йæм ницы сдзырдтон. Куыдзæн «куыдз дæ! куыдз дæ!» цасфæнды куы фæкæнай, уæддæр æм ницы бахъардзæн. Мæ чъылдым æм раздæхтон æмæ сæргуыбыр, уæнтæхъилæй нæхимæ араст дæн. Радиокомитеты уацхæссæгæй мæ дæлбар иу рæдæнг сылгоймаг кусы. Хицæуттæй мæ бон куы базыдтон, уæд мын хуыздæр гæнæн нал уыд, æмæ йæм æрхатыдтон:

– Аня, горæххæсткомы сæрдар дæ хæлар куы у (зæгъынмæ хъавыдтæн «дæ хæзгул», фæлæ мæхиуыл фæхæцыдтæн), бадзур-ма йæм, æмæ мын мæ хъармгæнæн батарейтæм искæй æркæсын кæна.

Уый телефоны хæтæл систа, кæмæдæр бадзырдта æмæ йæ йæ разæй айста:

– Батарбег, ды кæд æнаккаг фос нæ дæ, уæд радиокомитеты сæйраг редактор Гæраты Ирбеджы хæдзар цæуылнæ бабæрæг кæныс?! Дæхæдæг дæр ахæм уазал хæдзары цæрыс?! Цæмæй дæ фæстагыл хæрдмæ схæцай, уый тыххæй дæм телефонæй цал хатты хъуамæ бадзура?! Дæу хуызæн дыкъахыг хайуаны йæ сæрмæ кæй хæссы, ууыл хъуамæ цин кæнай, ды та йыл былысчъилтæ кæныс! Тæккæ райсом æм куынæ ныццæуай æмæ йын йæ курдиат куынæ сæххæст кæнай, уæд æз Петровичмæ бадзурдзынæн, æмæ дын дæ фæстаг скъуырдзæн!

– Хорз, хорз, Аня, бамбæрстон дæ. Райсом сæумæцъæхæй уым уыдзынæн, – æрбайхъуыст мæм телефоны хæтæлæй нæлгоймаджы хъæлæс, æмæ, иуæй-иу хицаугæндтæ фæлмæн ныхасæй гуымиры 'фхæрæн æлгъыстытæ хуыздæр кæй æмбарынц, ууыл дисы бацыдтæн. Батарбег йæ ныхас нæ фæсайдта. Райсомæй мæм фæзынди æмæ цыппар уатыл дæр æрзылди, батарейтæ бабæрæг кодта æмæ мын зæрдæ бавæрдта:

– Рæхджы дæм тæвд дон цæуын кæй райдайдзæн, уый тыххæй дын фидар дзырд дæттын.

Бауæндыдтæн ыл, фæлæ фæфыдæнхъæл дæн. Министрæй йæ сæвæрдтой. Цыма мын исчи мæ сæр бæлдойæ 'рцавта, уыйау фæдæн,

фыр дисæй ма мæ бинаг æфсæр дæр æрзæбул и. Радиойы хуымæтæг уацхæссæг куыдзæй-куыдздæр кæй бакодта, æмæ уыцы дæлдзиныггæнæн фидистæ æбарвæнд цагъайрагау чи аныхъуырдта, горæххæсткомы сæрдарæн æрмæст йæ койæ дæр чи фæтарст, æмæ йæ хъæлæсы зыр-зыр кæмæн ссыд, уый министр суæд. Адæм хъæддаг капитализмы кæнæ сæ сæртыл цæуын райдыдтой, кæнæ сын æз ницыуал æмбарын.

Мæ бон сæ базыдтон æмæ, мæ сывæллæттыл сагъæсгæнгæйæ, пец агурын райдыдтон. Хъæздгуыты дуканиты мæн мæстæймарæгау кæрæдзи фарсмæ цæхæр цы рæсугъд пецтæ калдтой, уыдон æгæр зынаргъ уыдысты, æмæ, Æмзоры уынаффæмæ гæсгæ, заводтæм ме 'ргом аздæхтон. Хицæуттæ ма цæй заводтæ ныууагътой? «Хæлоф, Джимара!», зæгъгæ, фæлæбурдтой æмæ сæ фæйнæрдæм фæхастой. Кæмдæрты ма дзы цыдæр муртæ аззади, æмæ иу ахæм æрмадзмæ бацыдтæн. Ас нæлгоймаг дзы 'фсæйнаг пецимæ архайдта, æмæ йæ бафарстон:

– Æфсымæр, пец мæ хъæуы… Кæд уæм уæйыйаг ис, мыйыйаг…

– Ис. Фен сæ, æмæ дæ кæцы хъæуы, уый равзар.

Мидæггаг залмæ мæ бакодта, æмæ дзы дыууæ равзæрстон. Уыдысты бынтон фыдынд æмæ хæрз хуымæтæг. Метры дæргъæн æфсæйнаг хæтæлтæн сæ бынтæ бандæгъта, батарейтæ æмæ сыл къæхтæ ныссагъта, стæй сæм электрон телтæ бауагъта. Хæтæлты дон ныккодта, вилкæтæ розеткæты атъыста, æмæ цыбыр рæстæгмæ сæ сыр-сыр ссыди. Аслам кæй уыдысты, уымæ гæсгæ сæ балхæдтон. Тынг уæззау уыдысты, æмæ сæ тыхамæлттæй нæхимæ аластон. Бæхы мæрдты хуызæн дзы иу залы сæвæрдтон, иннæ та – сывæллæтты уаты. Электрон тых афтæ бирæ хардз кæндзысты, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр не 'рцыди. Фыцгæ дон сысгæ кæй кæны, æмæ тæвд уæлдæф агъуыстмæ кæй цæуы, уый та куыд нæ зыдтон, фæлæ ууыл дæр нал ахъуыды кодтон. Агъуыстытæ уыйбæрц не схъарм вæййынц, уымæл цас свæййынц. Æмæ ма уыдонæн исты хуызы бабыхсин, фæлæ сын электрон тых та кæцæй райсон? Алы 'хсæв дæр æй хуыссын куы кæнынц. Адæм, дам ын æхца нæ фидынц, æмæ, дам æй фæстауæрц кæнæм. Бæргæ йын бафидиккой, фæлæ цæмæй? Сæ сæдæ зæбулы иу æндахыл куы хæцынц. Ног царды хицæуттæ сæ баппæрстой, рацæуæн кæцæй нал ис, ахæм хуыдымы, æмæ дзы удхарæй мæлынц. Нæ бæстæ цыбыр рæстæгмæ йæ боныфыддæртæм æрцæудзæн, уый мæ æбуалгъ фыны фенгæйæ дæр нæ бауырныдтаид. Баззади ма

мын ӕрмӕстдӕр, мӕ мӕгуыр бинонтӕм кӕсгӕйӕ, ӕмырӕй кӕуын, цӕргӕбоны хурмӕ ӕгъатырӕй кӕй аиппытӕ фӕхастон, уыцы цардмӕ раздӕхыны бӕллиц мӕ фӕлмӕст риуы рӕвдауын ӕмӕ мӕхимидӕг ӕнӕрӕнцойӕ хъуыр-хъуыр кӕнын…

* * *

Мӕ сывӕллӕттӕ куыд рӕзынц, афтӕ мын мӕ тыхст зӕрдӕмӕ удсыгъдӕггӕнӕн рухсы тӕппытӕ сындӕггай хӕссынц. Пъолыл цы гауыз тыд и, уым сӕ цыппӕртыл бырынц, фӕлӕ сӕ сӕртыл хӕрдмӕ хӕцын нӕ фӕразынц, ӕмӕ мӕ уый мӕ ног уавӕрыл ӕххӕстӕй цин кӕнын нӕ уадзы. Сӕ лыстӕг ӕнгуылдзтӕй сӕ сынтӕджытыл ныззӕгӕл вӕййынц, афтӕмӕй сӕ къӕхтыл слӕууын фӕлварынц, фӕлӕ нырма сӕ бон ницыма у. Цыдӕртӕ дзурыныл дӕр архайынц. Дыджызӕйӕн нын ӕхца ничиуал дӕтты, ӕмӕ сӕм нӕхӕдӕг кӕсӕм. Дыууӕйӕ дӕр тӕргӕ бӕхтау ныффӕлладыстӕм, фӕлӕ йыл кӕрӕдзийӕн дӕр нӕ сӕттӕм.

– Ма мыл тыхс. Нырма ӕрыгон дӕн, цардбӕллон, ӕнӕниз. Цыфӕнды зындзинӕдтӕн дӕр бабыхсдзынӕн, – дард кӕцӕйдӕр мӕм хъуысынц Светӕйы рӕузонд ӕнӕбындур ныхӕстӕ. Афтӕ мӕм кӕсы, цыма мын сӕ раджы кӕддӕр, ивгъуыд ӕнусы загъта. Кӕй сыл бауӕндыдтӕн, уый тыххӕй ме 'дылыдзинадыл былысчъилӕй худын. Цы фӕци ныр уыцы ныфс? Йӕ кой, йӕ хъӕр дӕр нал и. Йӕ цӕстыты 'взонг цӕхӕр ахуыссыди, фӕлӕ уӕддӕр ауӕдзы галау йӕ тых-йӕ бонӕй царды гутоныл размӕ хӕцы. Сывӕллӕттӕн сӕ тӕвд хӕрдмӕ куы ныццӕвы, уӕд фыр тӕссӕй мӕ цӕстытыл ӕбуалгъ нывтӕ ауайы, мӕ хъӕрутӕ ӕваст цыдӕр ӕрбавӕййынц, ӕмӕ мӕ зыз-зыр ссӕуы, уый та мӕ зӕрдӕйы ныфс бауадзыны тыххӕй йӕхи хъӕддыхдӕр ӕмӕ уӕндондӕр равдисы. Абӕгънӕг сӕ кӕны ӕмӕ сӕ спъирттӕй сӕрфын райдайы. Дохтыртӕ сӕм бӕрӕггӕнӕг куы 'рбацӕуынц, уӕд семӕ медицинон хойы ӕмвӕзадыл фӕныхас кӕны, ӕмӕ ӕрсабыр вӕййын.

Кӕннод цы зӕгъон уыцы гӕбӕр низӕн, кӕд мӕ сабыр кӕнын нӕ уадзы. Йӕ иу бӕллӕхӕй йын фервӕзынмӕ куы фӕцӕйхъавӕм, уӕд нӕ йӕ иннӕ бӕллӕх ӕрӕлхъивы. Ӕппындӕр ӕнхъӕл кӕмӕн нӕ уыдыстӕм, ахӕм «низ» сӕм фӕзынди. Сӕ бӕзджын сӕт сӕ хъуыры фӕбады ӕмӕ сӕ улӕфын нал фӕуадзы. Ӕнӕуи дӕр сӕм хорз кастыстӕм, ныр та ноджы къӕрцхъусдӕр фестӕм ӕмӕ сӕ иу минут дӕр цух нӕ уадзӕм. Рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ сӕ дыгӕйттӕй мӕ хъӕбысмӕ сисын ӕмӕ

сæ дзæвгар рæстæг уынджы фæрахæсс-бахæсс кæнын. Уый æдде ма мæм иу стыр пъартфел ис, æмæ дзы базарæй дыргътæ, халсартæ æмæ хойрæгтæ хæссын. Мæ цæнгтæ уый размæ дæр æнæхъару уыдысты, ныр та бынтон ныллæмæгъ сты. Мæхи афтæ уæнгмардæй хатын, цыма, фенкъуысын кæнын дæр кæй нæ фæразын, ахæм къæйдур ме уæхсчытыл æвæрд ис, æмæ мын сæ ныртæккæ æртондзæни.

Сæхиуыл тыхамæлттæй хæцынц æмæ мæ се 'нæбасæттондзинадæй дисы æфтауынц. Уыйхыгъд мæ цæлмартæн ратыдта æмæ мæ хъыгдары. Куыддæр сывæллæтты мæ хъæбысмæ сисын, афтæ мæ тъæнгтæ федде вæййынц. Ахæм уавæры сæм мæ бон кæсын кæй нæ бауыдзæн, уый æмбарын æмæ сагъæс кæнын. Цы уа, уый уæд, зæгъгæ, иуафон дохтыртæм бацыдтæн, æмæ мæ рынчындоны сæвæрдтой. Операци мын скодтой æмæ мæ къуырийы фæстæ рафыстой. Сывæллæттæ мæм сæ бæттæнтæ тонынц, фæлæ сæ мæ бон сисын нæу. Диваныл æрбадын æмæ сæ иугай мæ хъæбысы фæдарын. Сæ доны хуыпп мыл хъармæй куы рауадзынц, уæд, цæмæй ма фæтæрсой, уый тыххæй мæ мидбынаты бандзыг вæййын.

«Цард лæвар ницы дæтты. Алцæмæн дæр фидын хъæуы. Æдылы сæр къæхтæн – фыдæбон. Адæймагмæ цы хъарутæ нæй, уыдоныл æгæр тынг æуууæндын нæ хъæуы», – ацы ныхæстæ мæхинымæр дзурын Светæйæн, уымæн æмæ, йæхицæн куыд домбай æнхъæл уыди, ахæм нæ рауади. Чи зоны, дыууæ æнæниз сывæллоны фаг суыдаид, фæлæ йæм цыппар сывæллоны фаг хъарутæ нæ разынд, æмæ йыл йæ бирæ фыдæбæттæ 'ртæфстысты. Цы низ æм фæзынд, уымæн ницы зонын, фæлæ рæстæгæй-рæстæгмæ йæ артæнбынтæй фæхуыфы æмæ фæомы. Бирæ куы фæудхар кæны, уæд схуыссы, æмæ йын йæ ныхыл уазал хуылыдз хæцъилтæ февæрын. Марды хуызæн куы ныссабыр вæййы, уæд иуæй иннæ æнæрайдæр хъуыдытæ мæ сæрымагъзы фæзилынц, æмæ сæ стæрсын. Йæхицæн дæр ын фæтæригъæд кæнын, сывæллæтты мын ме 'вджид куы ныууадза, уæд сыл иунæгæй куыд аххæсдзынæн, ууыл дæр фæсагъæс кæнын. Цалдæр боны фæстæ йæхимæ 'рцæуы, æмæ та рагуалдзæджы сатæг уддзæфау ме 'руад уæнгты сабыргай цæрыны ныфс ахъары.

***

Мæ ног куысты бынат мын хорз зонгæ у. Цыппар азы дзы хъæууонхæдзарадон редакцийы уацхæссæг уыдтæн æмæ, республикæйы кæм нæ балæууыдтæн, ахæм зæххы хай мын дзы нал баззади. Цы ауæдз хастон, уый фæстæдæр Елиозы фæрцы ноджы хуыздæр базыдтон. Рауагъдадмæ куы ацыдтæн, уæд мæ кабинеты уый æрбадти. Хъæутыл иуцасдæр фæзылди æмæ бафæллади, хистæр редактормæ бауырдыг и æмæ йæ бафарста:

– Къуыри мæ цал радиобакасты кæнын хъæуы?

– Ирбег цал кодта, уал.

– Æмæ цал кодта?

– Æртæ.

– Æмбæлгæ та цал кæны?

Хайады сæргълæууæг ацæргæ лæг уыди, дзуапп дæттын æй нæ фæндыди æмæ хъусæй лæууыди.

– Уæвгæ дзы дæу цы фæрсын? Ныртæккæ йæ бухгалтерийы базондзынæн,– сдзырдта Елиоз æмæ дуары ’рдæм араст и.

– Иу æмæ ’рдæг, – æлхынцъæрфыгæй йын дзуапп радта йæ хицау.

– Ома?

– Иу къуыри иу радиобакаст кæн, иннæ къуыри та – дыууæ. Ирбег æртæ кодта, æмæ ды дæр…

– Иугæр уый æдылы уыди, уæд æз дæр хъуамæ æдылы уон?! Амæй фæстæмæ мæ, цы ’мбæлы, уымæй фылдæр мачиуал домæд! – кæронмæ йæ дзурын дæр нал бауагъта Елиоз. Сæ быцæу мын куы рафæзмыдта, уæд мыл худæгæй йæхи схаста. Иуцасдæр мæ фæхъазыди, стæй мын ме уæхск æрцавта æмæ сæнтдзæфæн уайдзæфгæнæгау афтæ бакодта:

– Радиойы лæвар цас фæкуыстай, уый зоныс?

Сæрдары хæдивæг Зубæир уыди. Уынджы мыл-иу куы амбæлыди, уæд мын-иу хъыгзæрдæйæ загъта:

– Журналисттæ мæм нæй, журналисттæ. Дæу хуызæн лæппутæ мæм дыууæ уæддæр куы уаид…

Зубæир ацыди, æмæ ныр йæ бынаты кусы, растдæр зæгъгæйæ та, бонасадæн кæны Адæбе. Къухы ’нцонæй цы ’фты, уымæн адæймаг аргъ нæ кæны, Адæбейæн та йе ’ппæт куыстытæ дæр йæ къухы ’нцонæй æфтынц, æмæ йæ ахуыр нæ халы. Рауагъдады адæмы хабæрттæ Деболайæн дзырдта, ам та сæ телефонæй рæуузонд сылгоймæгтæн кæны.

Чи кæмæ фæныхылдта, чи ма кæй барæвдауынмæ хъавы, стыр тъузтæ сæ фæсарæйнаг машинæты æрдзы хъæбысмæ кæй устыты ласынц, мæгуыр адæмы хидвæллойæ сæхицæн Уæрæсейы æмæ фæсарæнты цавæр галуантæ, дуканитæ æмæ ресторантæ аразынц, республикæйы къупри сæргълæууæгæн йе 'мгъуыд куы фæуа, æмæ йæ бæрзондылбадæг къуыбырхъустæ ноджы уæлдæр бынатмæ куы сæргъæвой, уæд йæ къæлæтджыны кæй сбадын кæндзысты. Йæ куыстæй фæстæмæ алцыдæр зоны, алкæдæм дæр æххæссы. Суанг ма бæстæйы сæргълæуджытæм дæр схæццæ вæййы æмæ сын сæ фæлхæрттæ хурмæ ракалы. Президент куы суаид, уæд йæ бæстæ цыбыр рæстæгмæ цæхæр кæй скалын кæнид, ууыл сæ 'ууæндын кæны, цыма йæ хъысмæт уыдонæй аразгæ у, æмæ сын йæхи хъары.

Радиомæ мæ куы хуыдта, уæд мæнын нæ тыхсти. Йæ куыст дæр ын чи кæна, ахæм сæйраг редактор æй хъуыди, æмæ йыл фæхæст и. Дам-думтæй куы сфæлмæцы, уæд дзæвгар рæстæг газеттæ фæрафæлдах-бафæлдах кæны, стæй къæлидормæ рацæуы. Афтæ банхъæлæн ис, цыма журналисттæн сæ ахсджиагдæр хæс телевизормæ кæсын у. Куыд сæ уынын, афтæмæй уымæй разæнгарддæрæй ницы 'ххæст кæнынц. Къæлидоры йæ сæвæрдтой, йæ акомкоммæ чи диваныл бады, чи – бандæттыл, чи та лæугæ кæны, æмæ йæм цымыдисæй кæсынц. Æмæ ахæм диссаджы хабæрттæм куыд нæ хъуамæ кæсой цымыдисæй? Зæххæн йæ иу кæронæй иннæмæ чи 'ххæссы, уыцы егъау бæстæ æррадон фестади, æмæ дзы цæвæг марæджы нал æвзары.

Президентæн цыма дзæгъæлтæгæнæн укол счындæуыди, æмæ йæ зонд фæцыди, уыйау денджызы был «фесæфти», æмæ йæ сæ тых-сæ бонæй агурынц. Æддæг-мидæг ауадысты, цы къуым, цы къæраз нæ басгæрстой, ахæм сын нал баззади, æмæ йæ æрæджиау ссардтой спортивон дарæсы. Æртæ республикæйы сæргълæуджытæ йæ мисхал дæр ницæмæ 'рдардтой. Иу ран æрæмбырд сты æмæ бæстæ ныддихтæ кодтой. Адæмы раз йæхи сраст кæныны тыххæй сын иу уайдзæф уæддæр куы бакодтаид. Абабау. Уайдзæф дæр – нæ, зул дзыхыныхас дæр – нæ. Адæмы знæгтæ сæ куы рахуыдтаид æмæ сæ ахæстоны куы бакодтаид, уæд ма хъæбатыры кадимæ бирæ азты бæстæйы сæргъы фæлæууыдаид, фæлæ тæппуд разынди, кæммæгæс сывæллонау йæ куыст ныууагъта æмæ ныхкъуырдæй ацыди. Цы уыди, уый уыдтон æмæ йыл нæ бадис кодтон; бæрбæргæнгæйæ, афтæ бæрзонд кæй схызти, ууыл дæр нæ

бадис кодтон, уымæн æмæ, цы адæмы ’хсæн цæрын, уый зонын. Президенты бынатмæ куы цыди, уæд мæ дисы бафтыдта бæстæйы æппæты зæронддæр, зындгонддæр æмæ кадджындæр академик:

– Куынæ йыл схъæлæс кæнæм, уæд нæ бæстæйы мидхæст райдайдзæн.

Телевизормæ йæм кастæн æмæ йын мæхинымæр карз уайдзæфтæ кодтон: «Гъер цытæ лæхурыс?! Дæ дыууæ къахы дæр ингæны куы сты, гормон, уæд дæ сæрмæ козбау митæ кæнын цæмæн хæссыс?! Кæй фарс хæцыс, уый сæфт куы у, заууатмæ нæ куы тæры, уæд нæм цы цæсгомæй сидыс?!» Хъыгагæн, мæ ныхæстæ мæхицæй дарддæр никæмæ фехъуыстысты. Схъæлæс ыл кодтой, æмæ бæстæ байсæфта. Цы мæрддаг у, уый æз дыууæ мин километрмæ куы уыдтон, уæд æй академик йæ фындзы бын нæ уыдта?

Мæхицæй æппæтзонæг нæ аразын, фæлæ мæм арæх афтæ фæкæсы, цыма фылдæр адæм сæ сæртыл цæуынц. Æнæхъæн бæстæ дын дæ бæрны бакæнæнт, æмæ дзы хъазæнхъул сараз, адæмы сыдæй мæлынмæ ’ртæр, æмæ дын «ма кæ» зæгъæг ма уæд. Æппæты бæрзонддæр къæпхæнмæ кæм схызтæ, уый хæрз асламæй ауæй кæн æмæ фæсарæнтæм алидз.

Иннæ та – бынтон фидиссаг. Знон дæр ма хæларæй кæимæ цардтæ æмæ бæстæйæн разамынд кæимæ лæвæрдтай, уыдонмæ танктæ ’рбатæр, хицауады хæдзармæ сæ сармадзантæй æхс, æмæ дæм иу уайдзæф дæр ма ’рхауæд. Дæ æвирхъау фыдракæнд хъæбатырдзинадæй разынæд. Уый цавæр бæстæ у? Ахæм æбарвæнд цагъайрæгты ’хсæн цæрæн куыд ис? Мæхи фæрсын, фæрсын, фæрсын, фæлæ дзы иу фарстæн дæр дзуапп нæ арын, уымæн æмæ, мæ алыварс цы æнахъинон уавæртæ сæвзæрд, уым иу ран дæр логикæ нæй.

Уыдон мæм дард сты, æмæ мæхи куы амарон, уæддæр сын мæ бон ницы бауыдзæн, фæлæ кусынмæ кæдæм æрбацыдтæн, уым мæ ’гъдау сæвæрын фæнды. Адæбейæн исты куы фæзæгъын, уæд мыл былысчъилæй бахуды:

– Нæ бæстæ куы бацарæфтыд и, æмæ дзы ’хца йеддæмæ куы никæйуал ницы хъæуы, уæд ма ды лыстæг хъуыддæгтыл цы тыхсыс? Не стыр хицæуттæ цæстфæлдахджытæ куы сты æмæ нæ былæйхауæнмæ куы тæрынц, уæд хуымæтæг уацхæсджытæй цы домыс?

«Зулкъ – æлгъæй мард. Йæхи куыд нæ уыны, уый диссаг у. Кæд йæ хъару уый мидæг ис, мыййаг? Цы у, уый æххæстæй куы фенид, уæд

йæ бонтæ зæрдæрисгæйæ, тыхст æмæ уырыдæй æрвитид»,– хъуыды кæнын мæхинымæр.

Коммунистон парти йæ Хуыцау кæмæн уыд æмæ йæм, йæ уæрджытыл лæугæйæ, чи куывта, йæ фæрцы хæрдмæ чи схызт æмæ йæ тых-йæ бонæй коммунистон æхсæнад чи арæзта, уыдон сæ партион билеттæ æргомæй арæцыгътой, демократтæй агæпп ластой æмæ ныр та хъæддаг капитализм аразынц. Иу дзы Авдан у, иннæ та – Адæбе. Сæ иуæй иннæ афтиддæр, сæ иуæй иннæ фæлывддæр, сæ иуæй иннæ бæрбæрадæр. Сæхицæй фыддæртæ уæлæмæ схызтысты æмæ сæ сæ фæдыл ласынц. Сæ иу дæр æхсæнадæн ницы пайда у. Æмæ дис кæнынц, дæсгай азты мидцоппай цæмæн кæнæм, ууыл.

Адæбе радио мæ бар ныууагъта æмæ алы бон дæр йæ кабинеты ног джиппы уагъд демократтæн æмбырдтæ аразы. Ног царды сæ чи цы бынат хъуамæ ’рцахса, ууыл тæрхæттæ кæнынц. Се ’ппæтимæ зонгæ нæ дæн, фæлæ дзы иуимæ, уацхæссæг уæвгæйæ, сæмбæлдтæн. Бакастæй мæрдтæйдзæуæджы хуызæн у, фæлæ райдайæнæй кæронмæ йæ хъуыддæгтæ хорз цæуынц. Радиойы ма уацхæссæгæй куы куыстон, уæд рухсады министр уыд. Бацыдтæн æм æмæ йæ ахуырадæй фæфарстон, фæлæ мын мæ иу фарстæн дæр дзуапп раттын нæ бафæрæзта. Цы текст ын ныффыстон, уый дæр рæстмæ нæ бакасти, æмæ дзы, дисгæнгæйæ, рацыдтæн. Уымæй тынгдæр та йыл бадис кодтон, министрты советы сæрдары хæдивæг куы сси, уæд. Бынтон дисы та мæ бафтыдта æрæджы Адæбейы кабинеты. Фыр мæстæй йæ цæстыты туг фæбадти, афтæмæй, йæ тæнæг риу хойгæйæ, дзырдта:

– Æз æппæтæй тынгдæр æлгъитын, кæммунистон партимæ куы бацыдтæн, уыцы бон! Уый мæ царды уыди тæккæ æнæуынондæр æмæ æлгъагдæр бон!

Дисы мæ бафтыдта Авдан дæр. Телеуынынады æмæ радиохъусынады комитеты кусджыты æрæмбырд кодта æмæ нæм йæ амонæн æнгуылдз æртхъирæнгæнæгау тилын райдыдта:

– Ферох кæнут социализм! Уæ зæрдæтæй йæ аппарут! Уый курдиатсафæн цардарæзт у æмæ адæймагæн йæ сæрибардзинад исы, дзыллæты иу нучы уадзы æмæ сæ фосы бынатмæ тæры! Адæймагæн сæрибардзинад æрмæстдæр базарадон экономикæ дæтты! Демократи æрмæстдæр капитализмы ис! Социализмы йæ кой дæр нæ уыди! Ахи-

цæн и революциты рæстæг! Революци дзыллæты зылын фæндагыл цы саразы æмæ сын сæ туг цы ныккалы, æндæр сын хорзæй ницы ратты!

Æрæджы дæр ма бынтон æндæр ныхæстæ кодта. Социализм фæллойгæнæг адæмæн цы хорздзинæдтæ сарæзта æмæ аразы, уыдон стауынæй йе ’взаг баихсыди, ныр къæссавæлдæхт фæци. Базарадон экономикæ цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны, афтæмæй дзы æппæлы. Ахæм «цард араздзжытæ» æхсæнадæн тæссаг куыд не сты, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уыдонæй тæссагдæр сты Адæбейы хуызæн дымысдæр къæбылатæ æмæ фыдыбæстæ уæйгæнджытæ.

– Уыцы гыццыл зæххы гæппæлы тыххæй нæ сыхæгтимæ кæрæдзийы туг цы калæм? Раттæм сын æй, æмæ ’рсабыр уой, – дзуры ахæм хъæлæсы уагæй, цыма ныхас йæхи цæхæрадоныл цæуы. Уæвгæ, йæхи цæхæрадонæй уылынджы йас дæр никæмæн раттид. Мæнмæ гæсгæ, æппæтæй æлгъагдæр сты, ахæм æнæмбаргæ ницæйаг дымысдæрты хъарм бынæтты чи æвæры, уыцы хицæуттæ, уыдонæй æлгъагдæр та сты, сæ хиваст митæн сын чи быхсы æмæ сæ йæ сæрыл бадын чи уадзы, уыцы ныфссаст æвæрæз цагъайрæгтæ.

«Уавæр аивын дæ бон куынæ уа, уæд æм дæ ахаст аив». Адæймагæн йæхиуыл йæ бон куынæ цæуа, æппæт æнахъинон уавæртæм йæ ахаст аивын куынæ фæраза æмæ ихзæрдæ æнæсæр хицæуттæм фыр мæстæй йæ дæндæгты къæс-къæс куы цæуа, уæд та йын цы гæнгæ у?

***

Нæ фаззæттæ сæхиуыл фæхæцыдысты. Кæд Аланæ се ’ппæтæй къаддæр у, уæддæр сæ разæй – афæдз æмæ ’рдæгмæ – къахæй ауади, Миланæ та – дыууæ азы æмæ дыууæ мæймæ. Илонæйы зæнгтæ бæмбæгæй кондау бынтон фæлмæн уыдысты, æмæ сыл слæууын дæр нæ фæрæзта. Йæ мадимæ йын радгай массаж дæр кодтам, фæлæ йæ уавæр хуыздæрырдæм нæ ивта, æмæ йын тынг тарстæн, йæ амæлæты бонмæ коляскæйæ куынæ рахиза æмæ йæ цард, удхаргæнгæйæ æмæ æнæниз адæммæ хæлæггæнгæйæ, куы ’рвита, зæгъгæ. Светæимæ йын радгай йæ къухтыл хæцыдыстæм, афтæмæй йæ цæуын ахуыр кодтам, æмæ нæ фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл сты. Æртæ азы йыл куы сæххæст и, уæд фыццаг къахдзæфтæ тыхамæлттæй акодта æмæ ныл цины базыртæ ныссагъта.

Сæрды сæ хур куы батавы, уæд дидинджытау райхæлынц, æмæ сæ мæ зæрдæ барухс вæййы, фæлæ сæ уымæл агъуыстыты фæззæджы

æмæ зымæджы уазал куы æрæлхъивы, уæд сæхимидæг баруайынц æмæ ныммæгуырхуыз вæййынц. Мæ дынджыр сырсыргæнаг пецтæ ницы тавс дæттынц, фæлæ сæ мæ бон баивын нæу. Мæхи цас æвæрæздæрæй хатын, уыйас тынгдæр мæсты кæнын горæты хицæуттæм. Афтæ мæм кæсы, цыма нæ ингæнмæ барæй тæрынц. Сывæллæттыл æхснырсæг куы бахæцы, уæд та фыр тыхстæй мæхицæн бынат нал фæарын. Ноджы сын мæлæты бирæ ахæссы. Раздæр фæрынчын вæййы сæ иу, стæй – дыккаг, уый фæстæ та – æртыккаг. Хатгай сæ низ Фаризæйыл дæр бахæцы, æмæ æртæ – цыппар мæйы хостыл фæзилын. Цалынмæ низыл сæ буар фæуæлахиз вæййы, уæдмæ сын хостæ фæдарæм.

Ноджы мæ сантехник рауади æмæ пъадвалæй цармæ згъорын, стæй царæй – пъадвалмæ. Хæдзæртты управленимæ бацæуын æмæ сын фæлæгъстæ кæнын. Зæрдæ мын бавæрынц, фæлæ ницы саразынц. Фылдæрхатт дзы хъастгæнæг адæмæй азмæлæн дæр нæ вæййы, æмæ сæ иннæ хæдзæрттæй мæнмæ нæ равдæлы. Хъæддаг капитализммæ кæй рахызтыстæм, уый зонын, хъæды цы закъæттæ ныффидар и, уыдон дæр зонын, домбай сырдтæ сæ лæмæгъ амæттæгты кæй хæрынц, уый дæр зонын, фæлæ адæмæн се 'фсарм цы фæци, уымæн ницы зонын.

Алы цардарæзты дæр ног миниуджытæ фæзыны. Хъæддаг капитализмы дæр бирæ ногдзинæдтæ раргом. Мæнмæ гæсгæ, се 'ппæт дæр сты фыдракæндтæ. Мæ бынмæ фыццаг уæладзыджы иу æдзæсгом лæг цæры. Паддзахадон фæфæлдæхты-«рацарæзты» фæстæ йæ дыууæ фырты рэкетиртæ систы, сæ цæсгæмттæ бахордтой, æмæ сæм дзурын дæр ничи уæнды. Иу дæсны сантехникæн æхца бафыстой æмæ йын пъадвалы тæвдуадзæн хæтæлтæ афтæ саразын кодтой, цæмæй тæвд дон æрмæстдæр уыдонмæ цæуа, мах та ихæнæй мæлæм. Хистæр æфсымæр кæмдæр давгæйæ фæмард и, кæстæр та хæцæнгæрзтимæ сæхимæ вæййы. Милиционермæ йыл бахъаст кодтон. Бæгуылæгау æм æрбацыди, фæлæ уæнгджын лæппу йæ размæ 'лхынцъæрфыгæй, æртхъирæнтæгæнгæ, автоматимæ куы рахызти, уæд йæ сæр йæ кой сси.

Фæстаг азты иу хахх ныккæнын дæр мæ къухы нæ бафтыди, зæгъинæгтæ та мæм бирæ æрæмбырд и. Æхсæв фынæй кæм фæкæнын, уым иу къуымы мæхицæн чысыл стъол сæвæрдтон æмæ фыссыныл æрбадтæн. Куыддæр дзы сыгъдæг гæххæттытæ æрæвæрдтон æмæ ручкæ райстон, афтæ мæм мæ цыппар чызджы 'рбацыдысты æмæ мыл, цинтæгæнгæйæ, æртыхстысты. «Папæ, папæ» кæнгæйæ дзы чи

мæ хъæбысмæ схызти, чи – мæ сæрмæ. Фæлмæн ныхæстæгæнгæ сæ къæлидормæ акодтон, дуар сыл сæхгæдтон æмæ та мæ къухмæ ручкæ райстон, фæлæ сæ хъæлæбайæ мæ хъуыдытæ тарст цъиутау фæйнæрдæм тахтысты, æмæ мæ бон иу хъуыдыйад ныффыссын дæр нæ баци. Мæ хæдзары кæй ницы ныффысдзынæн, уый бамбæрстон æмæ куысты мæхиуыл дуар æхгæнын райдыдтон. Æнхъæл уыдтæн, ничи мæ бамбардзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Адæмы цæст уынаг у, уæлдайдæр, дæ хорздзинадмæ чи нæ бæлла, уый цæст. Уайтагъд мæ бафиппайдтой æмæ мæ фыдгæйттæ кæныныл систы:

– Ардæм æй уацмыстæ фыссынмæ ’рбарвыстой?! Йæхицæн фыссы æмæ стыр улупа исы! Нæ радиобакастытыл нын йæ къух сæвæры, æндæр ницы кусы!

Адæбе мæ уыдонæй хуыздæр уыны. Ныр дзы цалæм хатт хъусын уыцы-иу ныхæстæ. Куы бакъуымæлдзæф вæййы, уæд мын фæзæгъы:

– Дæуæй афтæ, æз æй нæ зонын, мæ куыст дæр мын ды кæй кæныс, уый?

Литературæ абухгæ донæй уæлдай нæу. Цыфæнды зынвадат уавæрты дæр йæхицæн фæндаг акъæртт кæны. Адæймагмæ исты зæгъинаг куы уа, уæд æй ницавæр цæлхдуртæ бауромдзысты...

***

Фысджытæ цас æууæнкджын сты, æмæ сыл зæрдæдарæн цас и, уый тыххæй нæм Гæлæуимæ ныхас рауад, æмæ дзы мæ хъуыды нæ бамбæхстон:

– Уæ иуыл дæр не ’ууæндын, уымæн æмæ хин æмæ кæлæн стут. Æууæндын æрмæстдæр Аслæнбегыл. Йемæ цавæрфæнды æгъатыр знæгтæм дæр комкоммæ бацæудзынæн. Цыфæнды тæссаг уавæртæм куы бахауа, уæддæр мыл гадзрахатæй нæ рацæудзæн.

Барæй йæ фелхыскъ кодтон. Мæ цуры йæхи афтæ дары, цыма литературæйы Толстойы ’мвæзадмæ схызти, æз та йын цыма лæггадгæнæгæн дæр нæ бæззын. Мæ ныхæстæ йæхицæн карз æфхæрдæн айста æмæ нæ номылусау ралгъыста:

– Кæрæдзийæн фæлдыст фæут!

Гæды ныхас ын нæ загътон. Аслæнбеджы тыххæй æцæгдæр афтæ хъуыды кæнын æмæ йын йæ алы зындзинад дæр мæ зæрдæмæ хæстæг исын. Иурæстæг журналы критикон хайады редакторæй куыста. Уырыссаг æвзагæй æнарæхст тæлмацгонд æнæхъола уацты дыркъуым

хъуыдыйæдтæ растгæнгæйæ дзы удхарæй марди, æмæ йæ сæры рыст не 'нцади. Йæ тухæнтæ йын уыдтон, фæлæ йын мæ бон баххуыс кæнын нæ уыди. Иурæстæг обкомы культурæйы хайады инструкторы бынат суæгъд и, æмæ йæ уым сæвæрдтой. Мызд дзы фылдæр уыди, æмæ ныр цæрын райдайдзынæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд, бæстæйы цыдæриддæр «ком»-тæ уыди, уыдон – обкомæй, горкомæй, райкомæй, горæххæсткомæй, райæххæсткомæй, – иууылдæр сæртæг æвгтау базгъæлæнтæ сты. Хицæутты фæстæгтæ цыма сасымæй сæрст уыдысты, уыйау сæ къæлæтджынтыл тынгдæр баныхæстысты, бинæгтæ та уынгмæ азгъæлыдысты.

Аслæнбег иуцасдæр йæхицæн куыст фæцагуырдта, фæлæ ницы ссардта. Æрæджиау æй Авдан радиомæ сæйраг редакторæй райста. Уымæ дæр фæстаг рæстæджы æнахуыр миниуæг фæзынди. Цæмæй йæ куыст стырдæрæй зына, уый тыххæй телестуди æмæ радиокомитет директортæ æмæ сæйраг редактортæй байдзаг кодта. Мæн дæр рауагъды директорæй авæрдта, фидгæ та – æнæбары капеччытæ. Коллективы ма мæхиуыл дæр фæхудын кодтон:

– Ницы кусгæйæ, æгæр бирæ кæй исын, ам мæм уый тыххæй мæсты кæнынц, нæхимæ та – дыууæ куысты удхаргæнгæйæ, æгæр гыццыл кæй исын, уый тыххæй.

Аслæнбегимæ цас исæм, уый ирдæй зыны нæ сихорыл. Фæйнæ дыууæ айчы, фæйнæ цайы агуывзæйы æмæ фæйнæ дыууæ дзулы лыггаджы. Дуканийы лимонтæ куы фæзыны, уæд ма нæ цайты фæйнæ лимоны тæнæг карсты дæр нывæрæм. Кæддæр Мæскуыйы зæхкъæртгæнджытæн кæй дзырдтон, уый Аслæнбегæн   фæлхат кæнын:

– Курдиатджын нывгæнæг нæм куы уаид, уæд, ницытæ æмæ мацытæ ныв кæныны бæсты, радиойы сæйраг редакторты сихоргæнгæйæ равдисид æмæ искæцæй разынид.

Йæ сæр разыйы тылд кæны. Мадзура у, фæлæ кæддæр-никæд йæ зæрдæйы дуæрттæ фегом сты, æмæ æнкъардæй дзуры:

– Мæхи куы амарин, уæд мæ сыхæгтæ, мæ хæстæджытæ æмæ мæ зонгæтæ кæрæдзийæн, дисгæнгæйæ, дзуриккой: «Йæ зонд фæцыди, æндæр цы хъуаг уыди? Бинонтæ дын ис, куыст дын ис, царæй дыл нæ тæдзы, дзул æмæ цайы фаг кæныс.  Хуыцауæн – табу, дæ къæхтыл цæуыс. Цы ма дæ хъæуы?» Кæд раст уаиккой, уæд æз цæуыл удхар кæнын æмæ рухс дунейæ сау ингæнмæ цæмæн тырнын? Уæдæмæ,

искæмæн йæ цард – бирæ, йæ низ – гыццыл. Алчидæр йæхимæ хъусы æрмæст, æмæ иу адæймаг иннæйы никуы бамбардзæн, иуварсæрдыгæй бакæсгæйæ та афтæ зыны, цыма алкæй миддуне дæр гом чиныг у, æмæ йæ зæрдæйы иу талынг къуым дæр никæмæн ис.

Литературæ æгæрон фурд кæй у æмæ дзы алцыдæр загъд кæй æрцыди, уый зонын, фæлæ дзы уæддæр мæ зæрды мæхи барджын ныхас зæгъын ис, æмæ алы бон дæр фыссын, фыссын, фыссын. Цы æгъатыр дунемæ рантыстæн, уый æвирхъау митæй бафæлладтæн æмæ дзы æнцондæрæй куыд ацæуæн ис, æдзухдæр ууыл сагъæс кæнын. Мæ мидхъуыдыты куы ваннæмæ бацæуын æмæ мæ тугдадзинтæ алыг кæнын, куы мæхи знæт цæугæдоны абухгæ уылæнтæм баппарын, куы бæрзонд уæладзыгæй расхъиуын, куы газæй фæхуыдуг вæййын… Æмæ цынæхуызон нывтæ ауайы мæ цæстытыл. Хуыцаумæ кувын, цæмæй иу æхсæв мæ хуыссæны мæрдвынæй бауон æмæ мæ мæхимæ мæ къух сисын ма бахъæуа. Уæд мæм уайдзæф дæр никæмæй æрхауид, дис дæр мыл ничи бакæнид, рис дæр мæм нæ бахъарид. Фæлæ ахæм амонд кæмæ кæсы?

Амонд… амонд… Кæннод амæндтæ уарæгæн цы загъдæуа. Иутæн фæлмæн мад у æмæ сæ хъулон уарзт кæны, иннæтæн та – тызмæг фыдыус æмæ сæ тъæпп-рæхуыстæй дары. Уæвгæ мын чи у аххосджын? Мæ дæсныйад мæхæдæг равзæрстон. Æвдæм къласмæ куы схызтæн, уæд æмдзæвгæтæ фыссынил фæцалх дæн, æмæ мæ фæндаг комкоммæ пединститутмæ цыди. Мæ бинонты поэзийæ кæй фæдардзынæн æмæ дзы мæхицæн ном кæй скæндзынæн, ууыл фидарæй æууæндыдтæн. Институтмæ бацыдтæн æмæ фыр цинæй хердмæ хаудтæн, фæлæ мæгуырдзинады уæззау къæлæт ме уæхсчытыл куы æрæнцади, уæд фæуыргъуыйау дæн. Мæ ныййарджытæ колхозы быдырты давæггаг хæрджытау сæ уыргтæй хуым кодтой æмæ сæ бирæ сывæллæтты куыддæртæй хастой. Къуырийы фаг дæр мын чи нæ кодта, уыцы мæнгуд стипендийæн мын уæлæмхасæнæн цы хъуамæ лæвæрдтаиккой? Цыхты муртæ æмæ кæрдзыны къæбæртæ. Ме ’мбæлттæ дæр – мæхи хуызæн мæгуыр, гæвзыкк æмæ æнæбон. Се уæлæ дæр – ницы, сæ гуыбынты дæр – ницы. Мæ хæринæгтæй мын-иу фæстæмæ фæкастмæ ницыуал фæуагътой, æмæ та æнæхъæн къуыри стонг бирæгъау арвмæ ниу.

Бæгънæг æмæ стонгæй дæр сфæлдыстадон куыст кæнын зæрдæйæн тынг æхцон у. Иннæ студенттæ, æнæсæрфат рауай-бауай æмæ кæл-

кӕлгӕнгӕйӕ, сӕхицӕн ӕнӕматӕй цардысты, ӕз та ӕхсӕвӕй-бонӕй ӕмдзӕвгӕтӕ фыстон. Куы мын-иу бамбырд сты, уӕд-иу сӕ чиныгуадзӕнмӕ бахастон, ӕмӕ та мын-иу сӕ фӕстӕмӕ ӕрбарвыстой. Мыхуыры кусджытӕ цыма мӕ ныхмӕ ныхас бакодтой, уыйау мыл сӕмварс сты, ӕмӕ мӕстӕй мардтӕн. Уымӕй тынгдӕр та мӕ мардта, мӕ зӕрдӕ кӕй фӕлвых уацмыстӕм хӕццӕ кодта, мӕ размӕ мын цӕлхдуртӕ уыдон кӕй ӕвӕрдтой, уый.

«Ацы цуронтӕ, мӕнг ныхасгӕнгӕйӕ ӕмӕ хицӕутты зӕвӕттӕ сдӕргӕйӕ, сӕ даргъ ӕнӕуд ӕмдзӕвгӕтӕ иронау ӕмӕ уырыссагау бӕзджын чингуытӕй куы уадзынц, уӕд мӕнонтӕ фӕстӕмӕ цӕмӕн здахынц? Уыдонӕй хъауджыдӕр ихсыд ӕдзӕхх ныхӕстӕй ӕмӕ литературон джиппӕй мӕхи куы хизын, нӕ фӕлитой цардӕн йе 'цӕг цӕсгом куы 'вдисын, уӕд мын мӕ фӕндӕгтӕ цӕмӕн ӕхгӕнынц? Къоста мӕгуыр адӕмы хъизӕмайраг цард раст кӕй ӕвдыста, стыр аргъ ын уый тыххӕй куы кӕнынц, уӕд мӕнӕн, рӕстдзинад дзургӕйӕ, мӕ ных цӕмӕн къуырынц? Ау, мӕ гӕныстон бӕстӕйы цӕстмӕхъус ныхӕстӕ йеддӕмӕ ницыуал хъӕуы? Ӕмӕ уӕд удсыгъдӕггӕнӕн уӕлмонц поэзи та цы хъуамӕ фӕуа? Йӕ хурхыл ын афтӕ фидар цӕмӕн хӕцынц? Кӕд сӕ Къоста дӕр сӕхицӕн цӕсгом скӕнынӕн хъӕуы ӕрмӕст? Ӕмӕ ахӕм зӕрдӕйы уагӕй уацмыстӕ фыссӕн куыд ис?» – хъуыды кодтон мӕхинымӕр.

Ахуыргӕнӕг суӕвынмӕ нӕ тырныдтон. Фӕндыди мӕ газеты, радиойы, журналы кӕнӕ чиныгуадзӕны кусын ӕмӕ литературон кусджытӕм хӕстӕгдӕр уӕвын, фӕлӕ мыл фӕхӕцӕг нӕ уыди, стӕй мын мӕ «дӕрзӕг» ӕмдзӕвгӕтӕй тарстысты ӕмӕ мӕ хъотырджынау сӕхимӕ ӕввахс дӕр нӕ бауагътой. Радиойы сӕнтдзӕф хицау ма мӕ хъӕрты бын дӕр фӕкодта:

– Ардӕм ма цу! Ды нӕ цардарӕзты ныхмӕ дӕ ӕмӕ мын мӕ кусджыты зондахаст зыгъуыммӕ рафӕлдахдзынӕ!

– Ӕз нӕ цардарӕзты ныхмӕ нӕ дӕн, фӕлӕ мӕнӕ дӕу хуызӕн сӕрхъипп разамонджыты ӕдылы миты ныхмӕ, стӕй алы ран дӕр ахӕм коммӕгӕс къӕбылаты кӕй ӕвӕрынц ӕмӕ цард размӕ цӕуын кӕй нӕ уадзынц, уый ныхмӕ, – загътон ын сабырӕй ӕмӕ йӕм мӕ чъылдым раздӕхтон.

– Хаугӕ кӕн ардыгӕй, уый дын «сӕрхъипп разамонӕг!» Цъыфкалджытӕ нӕ ницӕмӕн хъӕуы!

Институтæй мæ фыддæрагæнау æвзонг фыдгæнджыты скъоламæ арвыстой, æмæ йæм зæрдæсастæй араст дæн. Ахæм фыдæвзарæн бынаты кусын мæ бахъæудзæн, уый куы зыдтаин, уæд пединститутæн йæ иувæрсты дæр нæ ауадаин, фæлæ мæ мæ уавæртæ æрæлхъывтой æмæ мын хуыздæр гæнæн нал уыди. Мæ хуызæн хъæддых æвзыгъд лæппуйыл лæмæгъ ацæргæ директор куыд нæ хъуамæ бацин кодтаид! Уайтагъд мæ йæ хæдивæгæй авæрдта. Кæй йын сразы дæн, ууыл иу æмæ дыууæ хатты не ’рфæсмон кодтон. Мæхи суæгъд кæныныл-иу афæлвæрдтон, фæлæ мын-иу хицау, фæлмæн ныхæстæгæнгæйæ, фатерæй зæрдæ бавæрдта, æмæ-иу мæ бон фезмæлын дæр нал баци. Цæй фатер æмæ цæй цыдæр. Цæстылуайгæ ныв. Сæххæстгæнæн кæмæн нæ уыди, ахæм бæллиц. «Куыдз дæр, æнхъæлмæ кæсгæйæ, зæронд кæны», – былысчъилæй-иу бахудтæн мæхиуыл.

Зонындзинæдтæ кæй нæ хъуыди, йæ зондахаст адæмы ’ргæвдын æмæ сын сæ дзыппытæ къахынмæ арæзт кæмæн уыди, уыцы фыдуаг сывæллæттæ-иу кæрæдзимæ кæрдтæ куы систой, уæд-иу сæ куыд зынæй бафидауын кодтон, стæй-иу горæтмæ куы алыгъдысты, уæд-иу сæ фæстæмæ куыд тухæнтæгæнгæйæ æрбаздæхтон, уыцы удскъуынæн фыдæбæттæй ма ныр дæр мæ зæрдæ æнкъуысы. Мæ сызгъæрин рæстæг мамæлайы къæбæр амал кæныныл кæй схардз кодтон æмæ йын фæстæмæ раздахæн кæй нал и, стæй, бæстæйы тутсæр хицæутты дыдзæсгом митæм кæсгæйæ, мæ зæрдæ фыдæхæй кæй байдзаг и æмæ мын сыгъдæг кæнын кæй нал комы, æппæтæй тынгдæр та мæ уый мары…

Зымæгон салд бон уæззау тар мигъты ’хсæнæй дыдзы хуры цæст куы ракæса, уыйау мæм ме ’мкусæг саулагъз тæнтъихæг чызг Буцинæ йæ мидбылты бахудти. Уарзгæ йæ нæ бакодтон. Кæд мын иучысыл фенцондæр уаид, зæгъгæ, йемæ бацардтæн, æмæ мæ уавæр февзæрдæр ис. Иуæн дæр нæ хæдзар нæ уыди. Æнхъæл уыдыстæм, абон куынæ уа, уæддæр райсом исты къуым райсдзыстæм, фæлæ – никуы æмæ ницы. Кæй фæсайды стæм, уый куы бамбæрстам, уæд нæ гæххæттытæ кооперативмæ балæвæрдтам, тыхамæлттæй йын æхца æфстау райстам æмæ нæ рæстæг, удхаргæнгæйæ, æрвыстам. Куы-иу банафон и, уæд-иу Буцинæ æхсæвиуат кæнынмæ йæ хæстæджытæм ацыди, æз та-иу пединституты æмдзæрæнмæ рудзынгыл бахызтæн æмæ-иу лæппутæй искæй дæлфæдтæм схуыссыдтæн. Æхца нæм нæ хæс фидыны фаг дæр нæ уыди, æмæ тухæнæй мардыстæм. Буцинæ куы басывæрджын и æмæ

йæ куыст куы ныууагъта, уæд та бынтон зауууатмæ æрцыдыстæм…

Мæ къухтæ æруадзынмæ мæ бирæ куы нал хъуыди, уæд, мæ амондæн, ды чиныгуадзæны кусын райдыдтай. Дæ мад куы амæла, уæд æй, йæ мад кæмæн амард, уымæн радзур, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Ды дæр, рæстдзинадыл тохгæнгæйæ, бирæ цæлхдурты сæрты ахызтæ, мæ уавæр мын бамбæрстай æмæ мæ фарсмæ æрбалæууыдтæ. Иннæтæ кæрæдзийæн хъæрæй кæсын дæр кæй нæ уæндыдысты, уыцы æмдзæвгæтæ мын хицæн æмбырдгондæй рауагътай, æмæ мæ риуыдзаг сулæфыдтæн. Зæрдæйæ зæрдæмæ ныккæсæн куы уаид, уæд æй дæхи цæстытæй фенис, куыд бузныг дæ дæн, уый. Арвы дуар мын байгом кодтай, æмæ мæ чингуытæ рухс уынын райдыдтой, стæй Фысджыты цæдисмæ бацыдтæн.

Литературон кад рæузонд сылгоймагæй уæлдай нæу. Йæ зæрдæмæ чи фæцæуа, уымæн цыфæнды æвзæрæй дæр исты хорздзинад фæуыдзæн, кæй нæ бауарза, уый йæхи дæр амарæд, йе 'ргом æм нæ раздахдзæн. Дунейы зындгонд фысджытæй йæ царды хабæрттæ кæмæн нæ зонын, ахæм нæй. Бирæты дзы сæ удæгасæй хъуыды дæр ничи æркодта, сæ амæлæты фæстæ та æппæты курдиатджындæртыл нымад æрцыдысты. Сæ рæстæджы генитæ кæй хуыдтой, уыдон царды сой нуæзтой, куы амардысты, уæд та стæмтæй фæстæмæ дымгæйы æвджид баззадысты. Уæвгæ, дæрдтыл цы зилын? Нæ цуры чи уыди æмæ нын рæстмæ салам дæр чи нæ лæвæрдта, уыцы адæмон фысджытæ æмæ премийы лауреаттæ цы фесты? Се 'цæг дунемæ ацыдысты æмæ сæ кой, сæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуысти. Сæ сæртæ бæрзæндты цы цыбыр рæстæгæн фыст уæлæнгай уацмысгæндтæй хастой, уыдон дæр сæ хæдфæстæ амардысты.

Мæнмæ та мæ мæлæты фæстæ цы æнхъæлмæ кæсы, цымæ? Ау, цæргæбонты мæ зæрдæйы тугæй кæй фæфыстон æмæ мæ нервытæ кæй тыххæй фехæлдтон, уыцы æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ дон хиды бынты аласдзæн? Утæппæт фæллæйттæ никæй бахъæудзысты? Йæ хъус сæм ничи æрдардзæн?

– Кус уæхскуæзæй, æнæрæнцойæ, дæхиуыл нæ ауæрдгæйæ. Исты куы саразай, уæд дæ адæм фендзысты æмæ дæ рох кæнын нæ бауадздзысты, – хъавын æй æрсабыр кæнынмæ, фæлæ мын мæ иударон сыдывд ныхæстыл не 'ууæнды.

– Мæгъæлда мæнæуæй зынаргъдæр кæмæн у, зонды бæсты тыхы

фарс чи хæцы, уыдон исты феной…

– Кæд нæ царды ивддзинæдтæ æрцæуид, æмæ нæм, æцæг аивад чи æмбары, ахæмтæ фæзынид…

– Нæ мæ уырны, æмæ мæ зæрдæ цæхæрыл фыцы. Æмæ ма мæ æрмæст мæ фæллæйтты хъысмæт куы 'вдæрзид. Уымæй тынгдæр та ме 'нæсæр бинонтыл тыхсын. Мæ зæрдæмæ райсын кæй нæ фæразын, уыцы сылгоймагимæ, æнæ уарзгæйæ, кæй бацардтæн, уый иу бæллæх у, иннæ та – мæ цот кæй нæ фæрæстмæ сты, уый. Фæлтау æнæзæнæг куы фæуыдаин. Фыдвæды бæсты æвæд – хуыздæр. Мæ чызг æмæ мæ лæппуйы гыццылтæй мæ былтыл фæдардтон. Нæмттæ дæр сыл мæхæдæг сæвæрдтон – Доттан æмæ Сулинæ. Скъоламæ сæ радтон, университетмæ сæ бакодтон. Каст æй фесты æмæ нæ хæдзары сбадтысты. Лæппу ма мыл карз æфхæрдау йæхи дæр сцагъта:

– Мæнæ ацы диплом райсынмæ бæллыдтæ, æмæ дын æй дæттын, мæн ницæмæн хъæуы!

Сæ иуы дæр кусын нæ фæнды. Цард фæстæмæ æрзылди æмæ ныддагъытъайлаг и, куыст æнцон ссарæн нæу, фæлæ æгуыстæй дæр цæрæн куыд ис? Æз æнцад никуы æрбадтæн, уыдон та бон-изæрмæ компьютер æмæ телевизормæ кæсынц. Æфсарм сын хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы у æмæ сæ хъæугæ дæр нæ кæны. Кæмæй фесты, Хуыцау – йæ зонæг. Мæ тугæй сæм иу æртах дæр нæй. Цардмæ сæ цæстæнгас – бынтон æндæр. Исты сын куы фæзæгъын, уæд мæ хъуыры абадынц:

– Дæумæ ницæйаг советон зондахаст и, папæ, æмæ нырыккон цардæн ницы æмбарыс.

Мæхи 'нгæс куынæ уаиккой, уæд сæ мадыл фæгуырысхо уаин, æндæр искæмæй сæ скодта, зæгъгæ. Иу ныхасæй, сæ рæстæджы хъæбултæ. Æгомыг фыстæн разамынд дæттын æнцондæр у. Ног цардараздджыты цавæр фæсивæд хъуыди, ахæм схъомыл кодтой. Мар, стигъ, лæбур, æхца æмбырд кæн æмæ дæ цард æнæфсæрмæй араз. Хицæутты ма хъыгдар, сæ ныхмæ ма дзур, адæмы сыл ма ардау, революци æмæ паддзахадон фæфæлдæхтмæ ма сид, уый йеддæмæ дæ сæрыл хъен дæр слæуу. Æмæ сæ манкурттæ рауади. Ницы сæм хъары, ницы сæ хъæуы, сæ размæ ницы хæстæ æвæрынц, сæ сомбоныл нæ хъуыды кæнынц. Афтæ сæм кæсы, цыма сæ ныййарджытæ æнустæм цæрдзысты æмæ сæ, фæлмæн базтыл бадгæйæ, сæ гыццыл пенситæй дардзысты. Мæ цоты æдзæллаг уавæр уынын, фæлæ сын мæ бон баххуыс кæнын ницæмæй у, æмæ мæ

зæрдæйы судзгæ маст æхсиды. Æмæ дзы куыд нæ ’хсида? Сулинæйæн йæ конд – конд, йæ уынд – уынд, йæ зонд – йæхимæ, йæ митæ та – зæрдæриссынгæнæнтæ. Дунемæ куы фæзынди, уæдæй фæстæмæ йын Хуыцаумæ кувын. Æнхъæл уыдтæн, ахуыр куы фæуа, уæд æй, йæ къæхтыл фидар чи лæууа, ахæм лæппуйæн кадджынæй ратдзынæн, фæлæ фæфыдæнхъæл дæн. Иубон мæ мæ сыхаг къæмдзæстыгхуызæй æрурæдта æмæ мæ хатыр курæгау æрдæгхъæлæсæй бафарста:

– Иу ныхас дын куы зæгъон, уæд мæм нæ фæхæрам уыдзынæ?

– Раст куы уа, уæд ма дæ бузныг дæр фæуыдзынæн.

– Куыд дæм кæсын, афтæмæй дæ чызджы хабæрттæ нæ зоныс…

Лæмæгъ адæймаг нæ дæн, фæлæ уыцы ныхæстæм мæ зæнгтæ адонзоныг сты. Цыма ифтыгъд электрон телыл фæхæцыдтæн, уыйау къахæй-сæрмæ ныззыр-зыр кодтон. Ме уæнгтæ дæр ма срыстысты. Мæ хъуырмæ арф кæцæйдæр хъарм къуыбылой стылди æмæ мын мæ улæфт ахгæдта. Æрæджиау мæхи æрæмбæрстон æмæ мæхицæй дыууæ дзырды ралæмæрстон:

– Цавæр хабæрттæ?

– Мæ хъæуккаджы фыртимæ хæты.

– Ома куыд хæты?

– Сылгоймаг нæлгоймагимæ куыд фæхæты, афтæ.

– Йæ ном цы хуыйны?

– Гурам.

– Æмæ цы кусы?

– Ницы. Давæг æмæ наркоман у.

– Давæг æмæ наркоман… – сфæзмыдтон æй хъæрзæгау.

– Сулинæ мæ цуры схъомыл и, æмæ йын тæригъæд кæнын, æндæр мæ дæ бинонтимæ цы хъуыддаг и? – фæсмонгæнæгау ма йæ фындзы бын багуым-гуым кодта лæг æмæ мæ йæхи иуварс айста. Мæ фыдуацхæссæгæй куыд фæхицæн дæн, уый мæ фыр тыхстæй æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Мæ сæр расыгау зылди, æмæ, цудтытæгæнгæ, нæхимæ æвæндонæй араст дæн. Æнæуи дæр мын мæ хæдзар тынг адджын нæ уыди, уæд та мын бынтон сæнад и, æмæ йæм зæппадзмæ хизæгау зæрдæрыстæй бацыдтæн. Мæ чызг мæ размæ фæци, æмæ йæ, мæхиуыл хæцгæйæ, сабырæй бафарстон:

– Гурам та дын чи у?

Уый йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, афтæмæй мын дзуапп радта:

– Мæ хæлар.

– Цавæр хæлар?

– Кæрæдзи уарзæм æмæ тагъд нæ цард баиу кæндзыстæм.

– Давæг кæй у, уый зоныс?

– Ницы у давæг.

– Анаша дæр нæ дымы уæдæ?

– Нагъ.

Нæ ныхасмæ Буцинæ мидæггаг уатæй рацыд, æмæ йæ бафарстон:

– Нæ чызг къæрных наркоманимæ кæй хæты, уый ды нæ зоныс?

– Зонын. Сывæрджын дæр ма дзы у æмæ мын аборт кæнын нæ комы. Дæ хъæбул фидиссаг дзæгъæлдзуаджы дæр ма хъæуæд – уымæй дæлдæр ма ’рхауæн кæдæм ис! Фæлтау æнæзæнæг куы фæуыдаин.

Сулинæйы гуыбын йæхиуыл кæй рахæцыди, уый бафиппайдтон æмæ фæсæццæ дæн. Куыд куырм уыдтæн, куыд! Æхсæвæй-бонæй фыдæбонгæнгæйæ мæ бирæ хъуыддæгтæм нæ равдæлди. Æмæ ма дзы стыр æхцатæ дæр куы бакуыстаин. Куыст, куыст… Æнæбай-райгæ фæуæд, уастæн, кæд дзы æгæрон æхсызгондзинад нæ истон! Æрыгонæй мæ се сæфт кæм уыдтой, уыцы бынæтты хицæуттæ мæ сæхимæ хонын райдыдтой, æмæ дзы лæмæгъ авторты хæмпæлфыст хъуыдыйæдты æнахъинон рæдыдтытæ фæрæстытæ кодтон. Йæ зæгъын æнцон у, фæлæ мæ йæ сæххæст кæнынæн бирæ хъарутæ бахардз кæнын хъуыди. Ирон æвзаджы æрдзон уагмæ-иу сæ куыд раивтаин, уый дæр-иу нал зыдтон æмæ-иу мæ сæры рыстæй мæлынмæ æрцыдтæн. Мæ цоты тыххæй фæхъизæмар кодтон. Мæ хидвæллойæ цы уат æмæ æрдæг балхæдтон, уыдоны æдде ма сын, хицауадæн лæгъстæгæнгæйæ, тыхамæлттæй дыууæуатон фатер дæр райстон, баиу сæ кодтон, æмæ дын уый та – сæ арфæ!

– Сывæрджыны хабар дæр ма дзы ис?! Æмæ мын æй уæд раздæр цæуылнæ загътай?! – тызмæгæй бафарстон мæ усы.

– Нæ дæм бауæндыдтæн. Туг донæн куы ауадзай, уымæй тарстæн.

– Гурам хорз адæймаг у, папæ. Хахуыртæ йыл мысынц, – йæ уарзоны сæрыл рахæцыди Сулинæ, æмæ мæ масты дзæкъул атыдта. Мæ къух дард фæхастон æмæ йын дзы йæ уадул ныдздзæхст ластон. Чызг иуварс атахти, æмæ йыл мæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодтон:

– Фесæф ардыгæй, æмæ дæ мæ цæсты кæронæй дæр куыд никуыуал фенон, афтæ! Худинаггæнæг! Абонæй фæстæмæ мæнæн чызг нал и!

Сулинæ пъолæй сыстади, мидæггаг уатмæ сæргуыбырæй бацыди, йæ дзаумæттæ æрæмбырд кодта æмæ йе ’ккойы уæззау уаргъ хæссæгау къæсæрæй тыххæйты ахызти. Мæ зæрдæ фыр тæригъæдæй фæйнæрдæм фæцæйтыдта. Фæндыди мæ йæ раздахын æмæ йæ мæ риумæ ’рбалхъивын, фæлæ мæхиуыл ныххæцыдтæн. Мæхиуыл бæргæ ныххæцыдтæн, фæлæ мæхицæн бынат нал ардтон. Рæстæг цыди, фæлæ мæ зæрдæйы рыст не ’нцади. Сулинæйы цы къухæй ныццавтон, уый сыгъди. Цыма мын ифтыгъд у, уыйау дзы цыдæртæ фыстон, фæлæ сыл нæ хъуыды кодтон. Мæ уарзон хъæбулы сурæт мæ цæстытæй атонын нæ куымдта. Æмæ куыд куымдтаид, мæ фæлгæнæны мæм алыхуызон кæуинаг уавæрты куы цыди æмæ мæ æнæ кардæй куы ’ргæвста, уæд? Куы-иу тыхст рынчын уыди, куы-иу æвирхъау бæллæхы бахауди, куы-иу мæ разы мардæй февзæрди, куы та-иу мæ æхххуыс агуырдта. Гурам-иу хъылма куы бадымдта, уæд-иу æй ныххоста. Чызг ын куы ныййардта, уæд та йæ тынгдæр æфхæрын райдыдта. Бирæ æвзæр хабæрттæ мæм дзы хъуысти, æмæ мæхи хордтон. Куыд æй арвыстон уыцы залыммæ? Цыфæнды зынæй дæр æй цæуылнæ баурæдтон? Мæ масты фæдыл цæмæн ацыдтæн? Уæд та йæ фæстæмæ æрбакæнин? Нæ, нæ! Йæ рохтæ бынтондæр суадздзæн, æмæ йæ ничиуал бауромдзæн. Фæлтау быхсæд æмæ йæ цардыл бæстондæр хъуыды кæнæд. Адæм æгъатыр кæй сты æмæ йыл кæй нæ бацауæрддзысты, уый æмбарæд æмæ сæ йæхи хъахъхъæнæд.

Дæс æмæ ссæдз азы мæ уыргтæй хуым кæнын, цалдæр чиныджы рауагътон, фæлæ дзы мæ фарсыл ницы бахæцыд. Æрыгонæй куыд мæгуыр уыдтæн, афтæ мæгуыр дæн ныр дæр, æмæ мæхинымæр мæ раздæры хицæуттæй æппæлын – куыдзы дзыхæй стæг ратонæгау сæиу цыдæр капеччытæ райстон. Фыдгæнджытæ цард фæстæмæ куы раздæхтой æмæ æххормаг хуыты æрдонгау адæмы бынтæм зыдæй куы фæлæбурдтой, уæд мын ничиуал ницы дæтты, æмæ мæхицæй хус уацхъуыдтæ лæмарын. Ма сæ лæмар æмæ дæ къæхтæ раст араз. Хъиладзагъдæй дæ фæсурдзысты, æмæ дæ Хуыцау дæр нал фервæзын кæндзæн. Уынджы дæ тъæпп куы фæцæуа, уæд дæ бинонтæ æнæ къæбæрæй баззайдзысты. Æнæ æхцайæ куыд зын цæрæн у, уый мæхиуыл иу æмæ дыууæ хатты нæ бавзæрстон æмæ тæрсын.

Ацал-ауал азы мын разамынд чи лæвæрдта, уыдон мæ къахы ныхы аргъ дæр нæ уыдысты. Ахæм æлгъаг æдылыты дæлбар кæй куыстон,

уый тыххæй мæхимæ куыдзæй æгаддæр кастæн, ныр мын цы хицау и, уый та бынтон сæфт у. Кæм и Хуыцауы рæстдзинад? Мæн хъуамæ ахæм ницæйаджы къæхты бынмæ æрæппæрстаид? Цыма коммæгæс дымысдæртæн сæ тæккæ æвзæрдæрты мæ фыддæрагæн равзарынц æмæ мын сæ мæ сæрыл мæстæй марынæн сæвæрынц. Уæвгæ, иннæты сæрыл кæй æвæрынц, уыдон хуыздæр сты? Уæле дæлæмæ иууылдæр иу низæй сæйынц æмæ замманай хъæздыг паддзахад сафынц. Дæлдæр фæуай, мæ гæныстон бæстæ, кæд æндæр хъысмæты аккаг нæ дæ! – æнкъардæй дзуры Аслæнбег. – Мæ куыст ныууадзин æмæ мæ сæлхæр хицæуттæй фервæзин, фæлæ мæ бинонтæ цæмæй цæрдзысты? Бинонтæ, бинонтæ… Æппæты фыццаг йæ лæгæты сылгоймагимæ чи бацард, уый авд дæлдзæхмæ ныххауæд, зæгъгæ, зæгъин, фæлæ зæронд мæрдты чи ’лгъиты.

Доттан цыма уæларвæй æрхызти æмæ зæххон цардыл æрвæсгæ дæр нæ кæны, уыйау йæхи хуызæн æввонгхортимæ уынгты зилы. Цы гæнæг у, уый нæ зонын. Фæрсгæ дæр æй нæ кæнын, уымæн æмæ мын бæстон дзуапп нæ ратдзæн. Кæд ус ракурид æмæ йæхи æрæмбарид, зæгъгæ йын айфыццаг йæ хъусы бацагътон:

– Афон дын у, лæппу. Хъуыддаг бакæн æмæ æрбиноныг у. Тыгъд быдыры уæгъд байрагау сæрибарæй кæдмæ згъордзынæ?

– Цæмæй   æз дæр дæ рæдыд æруадзон, уый дæ фæнды?

– Ома?

– Ды хъуыддаг бакодтай æмæ дзы цы рамбылдтай?

– Хуыцау æмæ мæ фыдæлты раз мæ хæс сæххæст кодтон. Цот рауагътон, ахуыры фæндагыл сæ саразтон…

– Æмæ цы хуртæ уынынц? – уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй мын мæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта Доттан. – Æз дæу хуызæн æдылы нæ дæн, папæ, ацы фæлдурæдджджын дунейы мæ фæстæ хъизæмар кæнынмæ никæй уадзын. Цъаммар, зыд æмæ кæрæф сырдтæ уæлæмæ схызтысты, адæмы цæттæ мулк сæ рæбинты æрæфснайдтой, æмæ сын æз хъуамæ сæ буцхаст  цотæн цагъайрæгтæ схъомыл кæнон. Нæ, уый никуы уыдзæн!

– Уæдæ дæ зæрды цы ис? Дарддæр куыд цæрынмæ хъавыс?

– Ме ’мбæлттимæ цыдæр пълантæ аразæм, æмæ нæ къухы куы бафтой, уæд ницыуал хъуаг уыдзыстæм…

Мæ хæлиудзых фырты къухы кæй ницы бафтдзæн, ууыл мисхалы

бæрц дæр нæ дызæрдыг кæнын æмæ йæм ницæмæ æнхъæлмæ кæсын. Буцинæ ма нæ афтид къæбицмæ исты æфтиаг уæддæр куы хæссид, фæлæ уымæй дæр ницыуал пайда ис. Низтæ йæ сæ быны скодтой, æмæ кусынæн нал у. Дзыпкъахджытæ æмæ фыдгæнджытимæ скъолайы бирæ азты кæй фæтухæн кодта, уый тыххæй йын цыдæр капеччытæ фидынц. Аслам æруад гæххæттытæм мард сабитыл кæуæгау йæ дондзаст цæстытæй куы фæкæсы æмæ сæ йæ зырзыргæнаг гуылмыз æнгуылдзтæй куы фæнымайы, уæд мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц.

Иубон мæ кабинеты дуар æрбахостæуыди, æмæ мæ чызг къæсæрæй æрбахызти. Йæ лæгъстæхуыз цæстæнгас ын ацахстон, æмæ адæргæй мæ буар æрбампылди. Сулинæ йæ сабийы йæ цæнгтæй узæгау сабыргай змæлын кодта, афтæмæй мæм хъавгæ æрбацæйцыди. Йæ зæрдæмыл кæй нæ дардта, уый йæ тыхстхуыз цæсгомыл бæлвырд зынди. Цигайнаг мæгуыргур усау мæ разы æрлæууыд æмæ мæм уынгæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Ныххатыр мын кæн, папæ. Кæдæм ацæуон, уый мын нæй. Уынджы куы баззайон, уæддæр уыцы фыдзондимæ нал бацæрдзынæн.

Хи туг, хи стæг, куыд зынаргъ дæ, куыд! Æрдз хъæбулæй адджындæр куыд ницы сфæлдыста, уый диссаг у! Сулинæйæн йæ хъæбысы цы ноггуырд сывæллон уыдис, уый дæр мæм хуры тынау æрттывта. Кæд ме 'нæуынон наркоманы уыди, уæддæр æй мæ риумæ æрбалхъывтаин æмæ йын фæбатæ кодтаин. Фæндыди мæ мæ бынатæй фестын æмæ йæ мæ къухтæм райсын, фæлæ та мæхиуыл фидар ныххæцыдтæн. Хъуамæ Сулинæ йæ рæдыд æххæстæй банкъара æмæ амæй фæстæмæ йæ цард, куыд æмбæлы, афтæ араза.

– Цу уал нæхимæ. Дæ дарддæры хъысмæтыл уый фæстæ аныхас кæндзыстæм, – загътон ын уазал хъæлæсæй æмæ, мæ мидкатай æмбæхсгæйæ, стъолмæ багуыбыр дæн.

Нæхимæ дæр ын ницы загътон. Фæнды дзур, фæнды ма – ничи дæм байхъусдзæн. Æгæлæнтæгæнгæйæ дæр дæ рыст никæмæ бахъардзæн. Дæ цотæн цыфæнды зондджын ныхæстæ куы кæнай, цардæй сын æмбисонды дæнцæгтæ куы хæссай, рæузонд адæмы къуыхцытæй сæ цасфæнды куы хизай, уæддæр сæхи фæнд тæрдзысты æмæ сæ рæдыдтытыл кæлдзысты. Хылы фæстæ уæлдæф тымбыл къухæй хойын нымайын æппæтæй стырдæр æдылыдзинадыл æмæ хъусæй фæлæууын. Уыйхыгъд Буцинæ йæхиуыл арт бандзары æмæ пихылæйттæ фæкалы:

– Ахæм кадджын фыд дын уæд, æмæ йæ адæмы цæсты бафтау! Ныр дæу цы рахуындæуа?! Хъахбай?! Родтæмдзог?! Дæхи ма истæйаг лæппуимæ дæр куы сбастаис, фæлæ æлгъаг наркоман давæгимæ! Дæу хуызæн лæппутыус чызг ныййарыны бæсты аборт куы скодтаин, уæд абон æнæмæт уаин!

Иу хаттæй иннæ хатмæ уыцы иу фидистæ фæлхат кæны. Дон уисæй нæмæгау æм кæй нæ хъарынц, уый æмбары æмæ ма сæм æнахъинон æлгъыстытæ дæр бафтауы:

– Уæ чызг уын уæ туг рахæссæд æмæ уæ дыууæйæн дæр мах зынд-зинæдтæ бавзарын кæнæд! Ныййарджытæ нæ, фæлæ джыртмæдзæуæг куыйтæ!

Йæ зæрдæхæццæгæнæн ныхæстæй йын æрбатыхсын, æмæ мыл йæ цæнгтæ сцæгъды:

– Фæлмæцын дæр ма мæнæй хъæуы! Нæ цот ацы уавæрмæ дæу тыххæй æрцыдисты! Замманай сывæллæттæ уыдисты, æмæ сæ ды фехæлдтай! Лæгау сæм хъæддых никуы фæлæууыдтæ æмæ сын сæ рохтæ никуы æрбалхъывтай!

Нæ йæ уарзын æмæ йæ тыххæй быхсын, хылы фæстæ та мын бынтон сæнад вæййы. Цыфæнды мæстыйæ дæр хи хъæбулы афтæ æлгъитæн куыд ис? Сулинæ йæм фæстæмæ куы сдзуры, æмæ сæ дæрзæг ныхас хъаугъамæ куы рахизы, уæд та мæм цæрын æппындæр нал фæцæуы æмæ Хуыцаумæ фæкувын, цæмæй мын мæ цард тагъддæр айса. «Æмæ уæд ме ’ввонгхортæ цы фæуыдзысты? Æнæ мæн æххуысæй фесæфд-зысты», – æрвонггæнæн хъуыды февзæры мæ сæры, æмæ ме ’ппæт æнкъарæнтыл дæр тæригъæд фæуæлахиз вæййы.

Скъолайы ахуыр кæнгæйæ, хъомтæ арæх хызтон. Зымæгон-иу сæ карст нартхоры хуыммæ мæ тых-мæ бонæй здæхтон, уыдон та сæхи алы рæттæм æппæрстой æмæ-иу фæстæмæ хъæуы ’рдæм ныййарц сты. Тæрын мын-иу нал куымдтой, æмæ-иу, æрдæгсалд цъыфы ды-ууæрдæм разгъорбазгъоргæнгæйæ, мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Мæ цоты мæ уыцы æнæсæр æдзæсгом хайуантимæ барын нæ фæнды, фæлæ мæм фылдæрхатт афтæ фæкæсы, цыма кæрæдзийæ ницæмæй хицæн кæнынц, цыма адонæн дæр сæ гыццыл зонды муртæ фисынмæ арæзт сты, æмæ мæ дисы ’фтауы, дунемæ ахæм æдылыты куыд рауагътон, уый. Уæвгæ, цæуыл дис кæнын? Æдылы сылгоймаг йæхи хуызæн æдылы сывæллæттæ кæй ныййардзæн, уый нæ зыдтон? Буцинæйыл

цы ныддæвдæг дæн? Иучысыл ма бахъæцыдаин æмæ зондджындæр цардæмбал æрхастаин. Йæ сæр уæз кæуыл нæ кæны, ахæм сылгоймагимæ иу бон арвитын дæр стыр бæллæх у. Æмæ ма уый æнæрхъуыды митæн исты хуызы быхсин, фæлæ мæ цоты æнæуаг митæн та куыд быхсон? Мæхиуыл хæцын фæразын, фæлæ мæ уæддæр мæстыйæ иу ныхас схаудта:

– Мæнæн хъуамæ ахæм æгуыдзæг цот уыдаид?!

– Домбайæ хуытæ нæ гуыры, – мæ ных мын æфхæрдхуызæй бакъуырдта Доттан.

– Æрдз зондджын у, чи цы аккаг у, уый йын дæтты, – мæ дзых мын ахгæдта Сулинæ дæр.

Цыбыр рæстæгмæ ныййарджыты æмæ цоты ахастдзинæдтæ куыд тынг аивтой, æвæдза. Æз мæ фыдмæ фæстæмæ сдзурын нæ, фæлæ комкоммæ бакæсын дæр нæ уæндыдтæн, уымæн æмæ мæм карзæй дзырдта, стæй æрмæст мæнмæ – нæ. Йæ цотæй иуы дæр йæ хъæбысмæ никуы систа, йæ мидбылты дæр сæм никуы бахудти, никуы дзы никæй барæвдыдта. Йæ уæззау къух дæр ныл-иу æрхаста, хъæрты бын дæр нæ-иу фæкодта, хъилæй дæр нæм-иу бавзыста, æмæ ииуылдæр фæрæстмæ стæм. Æз се 'ппæтæй хивæнддæр уыдтæн æмæ æдзухдæр йæ цурты тæрсгæ-ризгæйæ цыдтæн. «Тасæй сæрибар адæймаджы схъомыл кæнæн нæй. Лæг хъуамæ йæ цоты раст фæндагмæ фосау лæдзæгæй ма здаха, фæлæ зондæй. Фæлмæн ныхас калмы дæр йæ хуынкъæй ралæсын кæны», – дзырдтон мæхицæн æмæ мæ цотæн иу дæрзæг ныхас дæр никуы загътон. Куыд арæхстæн, афтæ сыл узæлыдтæн, æмæ мын уынгмæ адзæгъæл сты. Иугæр ахуыргæнæгæн йæ бон ницы баци, уæд йе 'нахуыргонд фыд уымæй хуыздæр хъомылгæнæг уыди. Ау, сывæллоны раст фæндагыл саразынæн лæдзæг зондæй ахадгæдæр фæрæз у? Æмæ уæд нæхи адæм цæмæн хонæм?

Мæ царды бирæ диссæгтæ федтон, фæлæ цот сæ ныййарджыты куыд не 'мбарынц, сæ рыст сæм æппындæр куыд нæ хъары, уымæй диссагдæр мæм ницы кæсы. Æдых рынчын сылгоймаг бон-изæрмæ агъуыстытæ æфснайы, гæрстæ æхсы, дуканитыл зилы æмæ уæззау хызынтæ йæ хæдзармæ хæссы, хæринæгтæ кæны æмæ йæ бинонты куыддæртæй æфсады, суанг ма Сулинæйы сывæллоны дæр сыгъдæг дары. Цæргæбонты фу-фу кæмæн фæкодта æмæ йæ комы комдзæгтæй кæй фæхаста, йæ алы улæфтмæ дæр лæмбынæг кæмæн хъуыста, уыдон

та сæ къухтæ уазал доны дæр нæ тъыссынц. Цæмæй дæ хъæбулæй хорз адæймаг рауайа, уый тыххæй йыл тас æфтауын кæй хъæуы, ууыл зæрондæй дæр нæ разы кæнын æмæ, кæм фæрæдыдтæн, уый мæ мидхъуыдыты агурын, нæ йæ арын æмæ, цы дунемæ рантыстæн, уымæ ме 'нæуынондзинад бонæй-бон тыхджындæр кæны.

Цыфæнды гыццыл цæугæдон дæр иу ран куы æмбырд кæна, уæд йæ уæзæй малæн æнæ атонгæ нæй. Атыдта мæ мал дæр. Мæхицæн цæмæ бæллыдтæн, уый мæ бинойнагыл æрцыди. Иуæхсæв бафынæй æмæ нал райхъал и. Фыдбылыз иунæгæй нæ цæуы. Хъуамæ йæ фæдыл ноджы æвирхъаудæр фыдбылыз æрбаласа. Иуафон мæм дыууæ гуыппырсары, сæ фидар мæкъуыстджытæй хъазгæ, фæзындысты, æмæ мæ сæ иу барджын хъæлæсæй бафарста:

– Дæ фырт кæм ис?

– Кæмдæр та йе 'мбæлттимæ лекка кæны. Сымах ын чи стут?

– Йæ зонгæтæ.

– Æмæ уæ цы хъæуы?

– Цы 'хцатæ нæ дары, уыдон.

– Цас уæ дары, стæй уæ куыд фæхæсджын ис?

– Мæйы 'мгъуыдмæ нæ æртæ милуан сомы райста æмæ нын сæ нал дætты, йæхи нæ рамбæхс-бамбæхс кæны.

– Уыйбæрц æхца йæ цæмæн бахъуыди?

– Цыдæр куыстуат байгом кæнынмæ хъавыди, фæлæ йе 'мцæдисон æмбал фæлитой разынди æмæ не 'хцатимæ кæдæмдæр алыгъди.

– Цы уын зæгъон – нæ зонын. Тæрхондонмæ йыл бахъаст кæнут. Кæд кусын райдаид æмæ уын сæ исты хуызы бафидид...

– Тæрхондон нæ ницæмæн хъæуы, – загъта лæппу æмæ йæ дзыппæй дамбаца систа. – Цыбыр рæстæгмæ йæ хæс куынæ бафида, уæд ын йæ хъысмæт нæхæдæг алыг кæндзыстæм…

– Кæд æм капекк дæр нал ис, уæд æй афтæ тагъд цæмæй бафиддзæн? – ныккатай кодтон æз.

– Уый мах хъуыддаг нæу. Кæд дæ дæ фырты мардæй фенын нæ фæнды, уæд нын йæ хæсы хыгъдмæ мæнæ ацы фатер балæвар кæн.

– Æмæ нæхæдæг та кæм цæрдзыстæм?

– Уымæй мах цы фæрсыс? Дæ бынмиз фырты дзы бафæрс… Дæ сæр хъуыдыгæнгæйæ ма дын иу мæй дæттæм, стæй хъуыддæгтæ нæхимæ райсдзыстæм, – йæ ныхас балхынцъ кодта лæппу æмæ мын йæ дамбаца

æртхъирæнгæнæгау мæ фындзы бын батылдта.

Ме ’нæхуынд уазджытæй фервæзтæн, фæлæ уæдæй фæстæмæ мæ удмарæн сагъæстæй мæ бон фервæзын нæу. Хъыг æмæ маст мæ риуы абухынц æмæ мын мæ зæрдæйы уидæгтæ бындзарæй рæдувынц.

Æрыгонæй мæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыди. Мæхицæй бирæ стырдæртæй дæр-иу кæмæ февнæлдтон, уымæн-иу цалдæр секундмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди. Ме ’мгæрттæ æнхъæл уыдысты, зындгонд богал мæ рауайдзæн, спортмæ мæ амидин кодтой, фæлæ мæ цард ахæм гыццыл хъуыддагæн снывонд кæнын мæ сæрмæ не ’рхастон. Институты ахуыр кæнгæйæ, физкультурæйы факультеты студентты «гæпфактæ» хуыдтам æмæ сыл худгæ кодтам, сæ тутт сæрты хъуыдыйы мур нæй, гæпп кæнын йеддæмæ ницы зонынц, зæгъгæ, æмæ мæхи уыцы æнæмбаргæты бынатмæ куыд хъуамæ æруагътаин?

«Хъæбысæй хæцын алкæй бон дæр у. Цыфæнды æдых лæппу дæр йæ размæ богал суæвыны нысан куы сæвæра æмæ йæм зæрдиагæй куы тырна, йæхиуыл æнæрæнцойæ куы куса, уæд йæ хæцъæфтæ сфидар кæндзæн, æмæ йæ къухы исты æнтыст бафтдзæн, æмдзæвгæтæ фыссынæн та цæхæркалгæ курдиат хъæуы. Æрдз дын æй куынæ ратта, уæд дæхи дæр акъæртт кæн – ницы сæнтаудзынæ. Æз хъуамæ гауызыл æдылыты ма равдул-бавдул кæнон, фæлæ æцæг поэт суон, царды рæстдзинад æвдисон æмæ адæмы зæрдæты сыгъдæг æнкъарæнтæ таууон», – хъуыды кодтон мæхинымæр æмæ ныр фæсмоны арты судзын. Цæсты фæныкъуылдмæ-иу йе уæнтыл кæй авæрдтон, уыдон номдзыд богæлттæ систы, сæ кад ма суанг фæсарæнтæм дæр анхъæвзта, хицæуттæ фарсмæ æрбадтысты æмæ фыр хъæздыгæй тъæпп хауынц, æз та мæгуыргурау царды фæсдуар дзыназын æмæ фыр фæсмонæй мæ къухы фыдтæм дæндагæй лæбурын. Дæлдæр фæуой, не ’хсины лæгтæ, тых æмæ зонды хицæндзинад чи нæ хаты, æдылыйы зондджыны бынаты чи æвæры, зондджыны та – æдылыйы бынаты.

«Гъе, уæууæй, гъе, Бесолы-фырт, дæ цот дæ цæмæй баныгæной, уый дæр дæм ма уæд. Ацы фæлывд дунемæ цæй тыххæй рацыдтæ, цымæ? Хуыцауы фæздæгæй марынмæ æмæ æвæдæй фесæфынмæ?» – фæзæгъын мæхицæн.

«Ай та – мæнæй æнамонддæр», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йæ бафарстон:

– Дæ фатерæй цы бадæ?

– Фыдгæнджытæн æй радтон, мæ фыртæн тæрсгæйæ, æмæ кæйдæр уымæл къуымы мæ ирвæзынгæнæн мæлæтмæ сидын. Мæхи арæх цæмæй фæфæрсын, уый зоныс?

– Кæцæй йæ зонын? Исты дæ хуылфы дæн?

– Ме сфæлдисæг мæ цæй тыххæй бафхæрдта? Цæргæбонты йыл мæхи куы фæдзæхстон æмæ йæм мæ уды рæбинаг æвæрæнтæй куы куывтон.

– Уæларвыл исты куы уаид, уæд дæу хуызæн сыгъдæгзæрдæ раст адæмы ницæйæгты къæхты бынмæ не 'ппарид æмæ сын сæхи нæ марын кæнид.

***

Нæ дыууæ дæр нæхи ахæм æнахъинон уавæры хатæм, цыма ницæйæгты къæхты бын удхар кæнæм, уымæн æмæ нæ хицæуттæ нæхицæй æдылыдæр, æгуыдзæгдæр æмæ æнæкурдиатдæр сты. Литературæйæн ницы æмбарынц, журналистикæйы дæр ницы сарæзтой, уый æдде ма æргом дымысдæртæ сты. Раст зæгъгæйæ, мæнæн социалон асинтыл уæлæмæ схизын мæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыди. Æз æрмæстдæр бæллыдтæн хорз фыссæг суæвынмæ, мæ адæмæн мæ фæстæ, кæсын сæ кæй фæнда, ахæм уацмыстæ ныууадзынмæ, æмæ мæ хъизæмайраг куыстæй æндæр хъуыдытæм æвдæлгæ дæр никуы ракодта. Кæд Аслæнбегимæ не 'хсæн фидар хæлардзинад сæвзæрди, уæддæр уыцы хъуыддаджы кæрæдзимæ дард стæм. Уый фæнды стыр поэт æмæ стыр хицау уæвын, сæ иу дæр йæ къухы не 'фты, æмæ мæстæй мæлы. Адæбейы дардмæ куы ауынæм, кæнæ йæ кабинеты иувæрсты куы фæцæйцæуæм, уæд йæ рахиз арм хæрдмæ фæзилы, йæ амонæн æнгуыдз базмæлын кæны æмæ æлгъгæнæгау фæзæгъы:

– Цы гæвзыкк хицау нын ис… Гæныстон фæуай, мæ Иры дзыхъхъ, йæ адæмы 'хсæнæй хуыздæр лæгтæ 'взарын чи нæ зоны...

Адæбейæ йæ удхæссæг кæй уыны æмæ йыл æппындæр кæй не 'рвæссы, уый уæлдай тынгдæр раргом кæны Авданы цур. Нæ сæрдары исты ахсджиаг фарста лыг кæнын куы бахъæуы, уæд нæм йæхимæ фæсиды, куыд сахуыр и, афтæ нæ йæ секретары кабинеты дзæвгар рæстæг фæдары, кæддæр-никæд нæ мидæмæ бауадзы, æмæ нæм йæхи ахæм хуызы равдисы, цыма фыр куыстæй йæ хиды мæцы æмæ йæ махмæ æвдæлгæ дæр нæ кæны. Иуцасдæр нын зонд фæцамоны, стæй хъуыддаджы ныхасмæ рахизы. Дзырд куы фæвæййы, уæд Аслæнбег

ныхас барджынæй йæхимæ райсы. Æппындæр æм дипломатийы тæваг нæ хæццæ кæны, чи дзы цы ахъуыды кæндзæн, уый йæ не ’ндавы, æмæ гуымиры хуызы райдайы:

– Тынг æлгъаг хæдивæг дын ис, телефонæй æнæрæнцойæ адæмы фыдгæйттæ кæны, газеттæ кæсы, æндæр ницы кусы, журналисттæй дæр куыст нæ домы. Кæм цы фидиссаг и, уыдоны йæхимæ хоны, æмæ семæ демократон паддзахад саразынил тæрхæттæ кæны, уацхæсджытæ та бон-изæрмæ къæлидоры хъомроро кæнынц, стæй телевизормæ кæсынц. Рæхджы йæ ног хæлæртты фæрцы дæ бынаты кæй æрбаддзæн, ууыл дызæрдыг нæ кæны. Æз дæуæй куы уаин, уæд æй фæсурин.

Дзæгъæлы кæй дзуры, уый не ’мбары. Ацы æгуыдзæг дæр ма мæ йæхицæй æнæмбаргæдæр хоны, зæгъгæ йыл Авдан былысчъилæй зына-нæзына кæй фæхуды, уый дæр нæ фены, æмæ мын хъыг у, йæхи æдылыйы бынаты кæй сæвæры, уый. Адæбейы сæрдары хæдивæгæй хицауад кæй снысан кодта, æмæ йæ Авданы бон атæрын кæй нæу, стæй йæхæдæг дæр йæ дæлбар кусджытæн уымæй хуыздæр разамынд кæй нæ дæтты, уый хъуамæ зонид æмæ йæ дзыхыл хæцид, фæлæ йыл нæ хæцы, æмæ æз масты хай бавæййын. Куыддæр радиокомитетмæ ныццæуын, афтæ мæм Адæбе йæ кабинетмæ фæсиды æмæ мын карзæй фæзæгъы:

– Иу хатт ма Авданæн мæ фыдгой куы ракæнай, уæд ам нал кусдзынæ!

«Ай мæ йæхи хуызæн дзырдхæссæг æнхъæлы æмæ мæ тæрсы, æвæццæгæн», – ахъуыды кæнын мæхинымæр æмæ ныхъхъус вæййын, фæлæ ацы хатт мæ бон хъусæй лæууын нæу, уымæн æмæ мæм йæ дзых æгæр суагъта:

– Ныхас дæм нæ хъары æви?! Авданæн мæ фыдгæйттæ ма кæн!

– Хуыцау, зæхх – æвдисæн, дæ ныхмæ йын иу ныхас дæр никуы загътон.

– Уынгæй дæ кæй æрбакодтон, уый дæ рох ма уæд!

– Уынгæй мæ не ’рбакодтай, фæлæ – рауагъдадæй. Дæ коймæгты фæрцы мæ ды куынæ бахъыгдардтаис, уæд дзы сæйраг редакторæй куыстаин æмæ курдиатджынты уацмыстæ мыхуыр кодтаин. Ныр дзы уæртæ иу гæмхетт бады æмæ лæхмæргтæ уадзы.

– Бирæ дзы нæ бакуыстаис. «Хунвейбинтæ» дæ ратæрын кодтаиккой.

– Ницы мæ ратæрын кодтаиккой. Уыдон уæ дыууæ Деболайы тардтой. Æз, æдылы къоппа, сымахæн мæ хæлæрттæ ’нхъæл уыдтæн, уæ фарс рахæцыдтæн, æмæ сæ мæхиуыл сардыдтон.

– Иу хатт ма дын зæгъын: Авданæн ма мæ фыдгой куы ракæнай, уæд дæ бæрзæй над   баййафдзæн!

– Цы?! Æз мæ хуыцауыхайæ куынæ тæрсын, уæд дæуæй тæрсын?! – нытътъæлланг ыл ластон æмæ йæ кабинетæй рацыдтæн. Мæныл æй чи ардауы, уый нæ зонын. Уæвгæ, чифæнды дæр уæд. Дæле – йæ бæхджынтæ, уæле – йæ фистæджытæ. Демократтæ та йын сæрдары бынатæй зæрдæ бавæрдтой, æвæццæгæн, æмæ æвиппайды къæссавæлдæхт фæци. Авдан нæ йæхимæ куы фæхоны, уæд æм нал ацæуы. Цалдæр хатты нæ бафарста, Адæбе кæм и, зæгъгæ, фæлæ йын ницы дзуапп радтам.

– Фæрсгæ та нæ кæндзæн, æмæ йын-иу цы зæгъæм? – цæугæ-цæуын æм дуары цурæй бадзырдта Аслæнбег.

– Дарддæр цы ран и, уырдæм-иу æй арвитут мæ номæй!

Аслæнбег ын йæ ныхæстæ Авданæн рафæзмыдта, фæлæ уый ницы загъта.  Куысты тыххæй нын иуцасдæр фæдзырдта, стæй Аслæнбеджы арвыста, мæн баурæдта æмæ мын бауайдзæф кодта:

– Зондджын куы дæ, уæд уыцы ницæйагмæ цы хъусыс? Бынсæфт куы у, уæд æй дæ сæрмæ цæмæн хæссыс?

– Ницы йæм хъусын. Дæхæдæг – ме ’вдисæн. Йæ фыдгой дын никуы ракодтон, афтæмæй мемæ схыл вæййы, Авданæн мæ фыдгæйттæ цæмæн кæныс, зæгъгæ. Атæрынæй мæм æртхъирæнтæ кæны, тæрсын дзы æмæ йæ быхсын. Дæлбар кусæгæн алчидæр тыхгæнæг у…

– Ма дзы тæрс. Йæ бон куыстмæ райсын дæр нæу, куыстæй атæрын дæр.

– Уый зонын, фæлæ хицæуттæ рæхысы цæгтау кæрæдзиуыл фидар баст сты, æмæ уæ райсом кæй сæры цы фæкуыси уыдзæн, Хуыцау – йæ зонæг… Дудар рауагъдады мæнæй хуыздæр зæрдæ никæмæ дардта, фæлæ йæ фысджытæ мæныл куы сардыдтой, уæд мыл, йæ бынат хъахъхъæнгæйæ, къахæй ахæцыди…

– Мах хæлæрттæ стæм æмæ хъуамæ æдзухдæр иумæ уæм. Адæбе цæстфæлдахæг у. Куыд дæ ’рбауæй кæндзæн, уый æмбаргæ дæр нæ бакæндзынæ.

Кæуыл сæ ’ууæндон – нæ зонын. Сæ иуыл – хъисын, иннæуыл – пæлæз. Литературæйæ мæ бинонты дарын куы фæразин, уæд сæ ныхъхъуытты уадзин, фæлæ нын мæ гонорартæ цайы фаг дæр нал кæнынц…

***

Зондджын искæй рæдыдтытыл ахуыр кæны, æдылы та – йæхиуæттыл. Ацы æмбисонд æрвылбон мæхиуыл куынæ æвзарин æмæ удскъуынæн сагъæсты куынæ мæцин, уæд мæ зæрды никуы æрæфтид. Де ’дылыдзинад зон æмæ йæ сраст кæнын ма фæраз, иу рæдыд дын зонды хос ма уæд, æмæ йæ фæдыл ноджы æбуалгъдæр рæдыдтытæ уадз, уымæй ма æнахъинондæр ми цы уа! Адæймаг йæ мады гуыбынæй цы зонд (кæнæ æдылыдзинад) рахæсса, уымæй йын йæхи атонæн нæй, фæлæ уæддæр…

Ног фатер куы райстон, уæд фыр цинæй мæ къæхтæ зæххыл нал хæцыдысты.

Базыртæ мыл разад, æмæ уæлæрвты тахтæн. Æмæ куыд нæ тахтаин? Цæргæбонты, уынгты раллибаллигæнгæйæ, адæммæ чи хæлæг кодта, уыцы гæвзыкк лæппу, фысгæ дæр æй кæм нæ кодтой, уыцы горæты ахæм фатеры хицау суæд! Мæ чызджытæ сæ къæхтыл куы ауадысты, уæд та мæ цинæн кæрон дæр нал уыд. «Рæстæг тагъд тæхы æмæ, мæ цот куыд айрæздзысты, уый æмбаргæ дæр нæ бакæндзынæн. Цæй æмæ мæ кооперативон фæтер ауæй кæнон æмæ йын йе ’хцатæ æфснайæн кассæйы сæвæрон. Цалынмæ чызджытæ рæзой, уæдмæ ма сыл процентæ дæр бафтдзæн æмæ, æз æгас куы нал уон, уæд дзы алчидæр, йæ цард аразгæйæ, йæ хай райсдзæн», – хъуыды кодтон мæхинымæр. Афтæ мæм касти, цыма уыцы хъуыды ме ’ппæт хъуыдытæн сæ тæккæ зонджындæр уыди. Светæйы хъусы йæ бацагътон, æмæ уый дæр мемæ сразы ис.

Ирыстон зæххы къорийы чысыл стъæлфæй уæлдай нæу. Йæ иу кæрон исчи куы схуыфа, уæд иннæ кæрон фехъуысдзæн. Мæ хæдзар кæй уæй кæнын, уый йыл уайтагъд ахæлиу ис, æмæ мæм æлхæнджытæ цæуын райдыдтой. Куыддæр-иу «дыууадæс мины» фехъуыстой, афтæ-иу лидзæг фесты. Русланы хистæр фырт Албегыл æстдæс азы сæххæст и æмæ, «лæджы бындзæфхад» кæмæй фæзæгъынц, ахæм къобор лæппу сси. Иубон мæм фæзынди æмæ мын тыхстхуызæй афтæ:

– Дæ хæдзарыл цы схардз кодтай, уый дын бафиддзыстæм, æмæ йæ махæн ратт.

Æгъатыр хуыдымы бахаудтæн, æмæ дзы куыд рахызтаин, уый нал зыдтон. Бирæ хорздзинæдтæ мын чи фæци, уыдонæй æхца куыд райсон? Мæ цæсгом куы бахæрон æмæ сæ куы райсон, уæд мæ рынчын чызджытыл дыууæ мины æмæ цыппарсæдæ сомы кæцырдæм аххæсдзысты? Сæ мад нæ кусы, æмæ куы фæцъынд уон, уæд байсæфдзысты.

Мæ хъæбысы чи схъомыл и, уый æнæ дзуаппæй куыд арвитон? Йæ фæндон ын сæххæст кæнин, фæлæ мæ мæгуыр чызджытæ æнæ ’хцайæ цы фæуыдзысты? Цы тыхст сты, уымæй тыхстдæрæй мæ цæстытыл ауадысты, æмæ зæрдæбынæй ныккæрзыдтон. Иудзæвгар фæсагъæс кодтон, стæй, кæмæй фефсæрмы дæн, ахæм гæды ныхæстæ кæныныл схæцыдтæн:

– Бæргæ дын æй раттин, фæлæ йæ ауæй кодтон. Фæстæмæ йæ райсин, фæлæ йе ’лхæнæджы тынг æхсызгон хъуыди, æмæ мын æй нал ратдзæн.

Бауæндыди мыл æви нæ, уый нæ зонын, фæлæ тынг æнкъардæй ацыди. Мæхимæ уæды хуызæн æгад никуы æркастæн. Йæ фыдымад мыл йæхи хъæбулау узæлыди, хæринаг мын лæвæрдта æмæ мæ сыдæй мæлын нæ бауагъта, мæ чъизи дзаумæттæ мын æхсадта. Йæ цотæн æдзухдæр афтæ дзырдта:

– Æз Ирбегимæ цæрдзынæн.

Рынчын сывæллæтты бын фæдæн æмæ йын йæ бæллиц нæ сæххæст кодтон, афтæмæй йе ’нусон дунемæ ацыди. Руслан ма нын Светæимæ фыр буцæй йæ хæдзары дæр чындзæхсæв скодта, æз та йын йæ фырты афтидармæй арвыстон. Худинаг æмæ аллайаг. Мæ амæлæты бонмæ дæр сæ разы мæ цæсгом нал ссыгъдæг кæндзынæн. Мæ зæрдæ æнæуи дæр рыст уыди, Аслан та ма мын æй нoджы тынгдæр сриссын кодта.

– Дæ фатер дæ Албегæн раттын хъуыди, – загъта мын сабырæй. Йæ ныхасы ницы ’нкъарæнтæ сæвæрдта, фæлæ дзы мæнмæ «ирон хæсмæ тындзæн нæй» æрбайхъуысти, уымæн æмæ йын йæхицæй дæр хорздзинæдтæ зонын. Хæсджынæй баззадтæн ме ’мкъласон, мæ хæрæфырт, мæ хæрзгæнæг Зарæйæ дæр. Афтæ тынг мæ цæй тыххæй уарзта, уымæн абон дæр ницы зонын. Йæ тæккæ мойгæнæг уæвгæйæ мæ йæ иу уаты æрцæрын кодта æмæ мын афæдз æмæ ’рдæг йæ къухтæ фынгæн фæдардта, æвзаргæ хæринæгтæ мын фæкодта. Ракæй куы фæрынчын и æмæ йæхимæ зилын йæ бон куы нал уыди, уæд мын лæгъстæхуызæй бакой кодта:

– Ирбег, иунæгæй цæрын нал фæразын. Хуыцау ма мын цы нымад бонтæ дæтты, уыдон дæумæ куы арвитин, уæд æнцондæрæй амæлин…

Йæ ныхæстæ йын Светæйæн рафæзмыдтон, æмæ дзы цыма исчи амарди, уыйау нырдиаг кодта:

– Цæмæй ингæнмæ йæ разæй бацæуон, уый дæ фæнды? Æртæ

рынчыны æмæ мын иу фæкæсинаг сывæллон фаг не сты? Фæндзæм уаргъ та ма мыл цæмæн æвæрыс?

Уыцы ныхæсты фæстæ Зарæмæ цы зæрдæйæ бацыдтæн, мæ фыдгул ахæм зæрдæимæ фæцæрæд. Мæхимæ йæ не ’рбакæндзынæн, уый куы базыдта, уæд ницы сдзырдта, фæлæ йæ цæстытæ доны разылдысты, æмæ фыр тæригъæдæй мæ уд сцæйхаудта. Мæгуырдзинад æмæ мын мæ сывæллæттæ ме уæнгтæ фидар рæхыстæй сбастой æмæ мæ фезмæлын нæ уадзынц. Фæлтау ус куынæ ракуырдтаин æмæ хæдзар куынæ райстаин, уæд ныр мæхионтæй афтæ къæмдзæстыг нæ уаин. Иубон нæм Уарзетæйы кæстæр æфсымæр Темырхъан æрбацыд. Светæ нын цæлгæнæны уайтагъд фынг авæрдта. Æрбадтыстæм æмæ нуазæм, комдзаг кæнæм. Уазæг æртыккаг сидт куы бануæзта, уæд мæ афарста:

– Дæ фатер уæй кæныс, зæгъгæ, фехъуыстон. Уый æцæг у?

– О.

– Цасæй йæ уæй кæныс?

– Дыууадæс минæй.

Темырхъан йæ иу дзыппæй æхцатæ systa, иннæмæй та æфснайæн кассæйы чиныг æмæ сæ стъолыл æрæвæрдта.

– Мæнæ дын фараст мины, мæ чиныджы та – æртæ мины. Куыддæр дæ бафæнда, афтæ сæ ’фснайæн кассæйæ райсдзынæн æмæ дын сæ ратдзынæн.

Йæ къух мæм æрбалæвæрдта, æмæ бафидыдтам. Йæ чиныг ын чумæданы сæвæрдтон, æхцатæ та кассæмæ бахастон. Ууыл мæй дæр нæ рацыд, афтæ центрон телеуынынады кастæн равдыст «Час пик»-мæ. Замманай рæсугъд лæппулæг, экономист амонæгæн æнæ дызæрдыгæй дзырдта:

– Рæхджы сомы аргъ æрхаудзæн æмæ тынг саслам уыдзæн…

Дыккаг бон бæстæйы сæйраг банчы сæрдары хæдивæг йæ ныхмæ цæхгæр ныллæууыд:

– Илларионов экономикæйæн ницы æмбары æмæ уæ сайгæ кæны… Сом нырæй фидардæр никуыма уыди…

Кæуыл дзы бауæндон – нæ зонын. «Илларионовæн тынг зæрдæхæлар цæсгом æмæ æнæхин цæстытæ ис. Ахæм адæймаг утæппæт дзыллæты сайгæ нæ кæндзæн», – сдзырдта мæм мæ зæрдæ. Æхцаивæн бынæттæм ма азгъордтон, фæлæ дзы иу дæр гомæй нал баййæфтон. Ме ’хцатæ чъизитæ сæрфæн гæххæттытæй асламдæр систы. Тыхамæлттæй кæй

балхæдтон, бирæ азты кæмæ фенхъæлмæ кастæн, æмæ мæ цард кæй тыххæй ныххæлæттаг и, уыцы фатер мын дымгæ кæдæмдæр ахаста. Албегæн æй кæй нæ радтон, уый тыххæй ма мæ сæр къултыл хойын, мæ къухы фыдтæм ма дæндагæй лæбурын, фæлæ фæсмонæй цы ис? Ницы.

«Цæргæбонты мæхи цъымарайæ фæластон, ме уæхскæй мæгуыргуры хызын аппарыныл фæцархайдтон, æмæ мыл æй мæ хицæуттæ ноджы уæззаудæрæй æрцауыгътой. Цы сæ рахонæн и? Фос? Сырдтæ? Къæрныхтæ? Фыдгæнджытæ? Тугцъиртæ? Адæмы знæгтæ? Нæ, уыдонæй æлгъагдæр сты, ном дæр сын ссарæн нæй, æмæ сæ хъæуы марын!» – хъуыды кæнын мæхинымæр. Фыр тыхст æмæ фыр æнæбонæй мæ цæстытæ доны зилынц, æмæ дзы мæ развæндаг нал уынын. Йæ развæндаг чи нал уына, уымæн та йæ сæры æбуалгъ хъуыдытæ 'взæры. Мæ саубыны сæфт террористтæй уынын, æнаххос адæмы кæй цæгъдынц, уый тыххæй, фæлæ ныртæккæ мæхæдæг разы дæн мæхиуыл рæмудзæн æрмæджытæ бабæттыныл æмæ ме стигъджыты срæмудзыныл. Кæд террористтæ дæр мæ уавæры вæййынц, мыййаг? Æгомыг сабыр фысы удхарæй чи фæмары, уый дæр ма сыкъайæ куы сцæвы...

Мæ хицæуттæ мæ цæхджын сайд кæй фæкодтой, уый мæ æрмæст æгъатыр террорист нæ аразы, фæлæ ма мæ ныфссæттæн хъуыдытыл дæр æфтауы, мæ маст мын ноджы тыхджындæр кæны. Æмæ мын æй куыд нæ кæна тыхджындæр? Немыцаг фашисттæ æфснайæн кассæйæ кæй æхцатæ систой, уыдонæн сæ фæстæмæ радтой, нæ фыдæлты раз сæ уæрджытыл чи лæууыд, уыцы ныххъуырд адæм. Æмæ кæд? Сæ худинаджы састыл дæс азы куы рацыди, уæд! Дæс азмæ сæ дæрæнгонд бæстæ йæ къæхтыл слæууын кодтой æмæ ма фашистты хæстæ дæр бафыстой. Ног хицæуттæн сæ бон афтæ зæгъын уыди: «Уе 'хцатæ уын чи адавта, уыдонæй сæ агурут. Мах уæ ницы дарæм». Фæлæ нæ загътой, уымæн æмæ сæм зонд, бæрнондзинад æмæ æфсарм уыди. Уæлахиздзау бæстæйы хицæуттæ та сæ адæмы бастыгътой хæсты фæудæй цыппор æхсæз азы фæстæ. Цæмæн? Уымæн æмæ сæм нæдæр зонд и, нæдæр бæрнондзинад, нæдæр æфсарм.

Уæвгæ сæ цы домын? Хæсты йæ туг чи ныккалдта æмæ ма дзы тыххæй чи раирвæзти, уыцы сахъатджын ветеранæн сæ æнæнхъæлæджы иу уат куы рантысы, уæд ын цыма сызгъæрин мæсыг саразынц, уыйау æппæт информацион фæрæзты сæ рæдаудзинадæй æппæлын райдайынц, æмæ мæ зæрдыл æрлæууынц, рагон Римы тыххæй цы хабæрттæ кастæн, уыдон. Дыууæ мин азы размæ-иу хæсты архайæджы рахуыдтой

«ветеран», ома «зæронд» æмæ йын-иу радтой æхца, зæхх, цæрæн бынат æмæ æхсины лæджы кадджын ном. Йæ фыдыбæстæйы сæраппонд йæ уд нывондæн кæй хаста, уый тыххæй йын-иу йæ цард сарæзтой, йæхицæн аргъ кæнын чи зоны, ахæм бæстæйы куыд æмбæлы, афтæ.

Цал æмæ цал идæдзы федтон хъæуы дæр æмæ горæты дæр. Сæ дарджытæ хæсты цæхæры басыгъдысты, æмæ сæ сывæллæттимæ æвæгæсæгæй баззадысты, фæлæ сын капекк дæр никуы ничи радта. Сæхи баифтыгътой æмæ мамæлайы къæбæртыл сæ уыргтæй хуым кодтой. Æнхъæл уыдысты, цард фæхуыздæр уыдзæн, æмæ сæ цот сæ хъизæмæрттæ нæ бавзардзысты, фæлæ фæфыдæнхъæл сты…

Гыццыл ма куы уыдтæн, уæд нæ хъæумæ горæтæй иу милиционеры æрæрвыстой. Иуæхсæв кæмæйдæр фыс адавта, адæм æй базыдтой æмæ, кæрæдзи дзыхæй исгæйæ, дзурын райдыдтой:

– Кæд нæ угро разынд уркæ.

Иу хъæуы угро уркæ куы разына, уæд уыйбæрц тæссаг нæу, фæлæ уркæтæ æнæхъæн бæстæйы сæргълæуджытæ куы суой, сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнджыты ’хцатæ æнæрæнцойæ куы ссивой æмæ сæ фæсарæнтæм куы ласой, уæд уый у, срастгæнæн æмæ ныббарæн кæмæн нæй, ахæм æвирхъау фыдракæнд…

***

Алы ног цардарæзт дæр йемæ ногдзинæдтæ æрбахæссы. Нæ хицæуттæ базарадон экономикæйы фæстæ цы хъæддаг капитализм æмбæхсынц, уый ногдзинæдтæн сæ тæккæ æгъатырдæр у хæст. Хонынц æй фæлмæн дзырдæй: «конфликт», фæлæ у тугкалæн карз хæст, мæлгæ та дзы кæнынц фæсивæды хуыздæртæ.

Мæскуыйы куы цардтæн æмæ зæххы бын коллектор куы къахтон, уæд ме ’мдзæрæнæй чысыл фалдæр уыди иу кинотеатр. Фыццаг уæладзыджы дзы хроникæйы æвдыстой, дунейы мидæг æцæгæй цы хабæрттæ æрцыди, уыдон – цыбыр документалон кинонывтæ. Æрыгон адæймаг ног хабæрттæм æмхиц у, æмæ сæм кастæн тынг цымыдисæй. Иу хаттæй мæ иннæ хатмæ дисы æфтыдтой немыцæгтæ. Æппæт адæмтæ дæр сæ пунктуалон æмæ зондджын куы хонынц, уæд сæ иу фæлдурæдджджын психопат ефрейтор йæ фæдыл куыд асайдта? Дис кодтон, фæзы йæм лæгъстæхуызæй сæ къухтæ чи ивæзта, дæуæй мæ сывæллон хъæуы, зæгъгæ, уыцы сылгоймæгтыл дæр. Адæймаг куыд дæлоз хъуамæ æрхауа, цæмæй йæхи ахæм æгад уавæры сæвæра, уый

тыххæй!

Уыдонæй тынгдæр та дис кæнын нæхи æвирхъау цаутыл. Хæларæй «коммунизмы бæрзæндтæм æвдгаймил санчъехтæй» чи цыди æмæ цардыл цин кæнынæй чи не 'фсæсти, уыдоныл сæ Хуыцау рахатти, хæцæнгæрзтæ райстой æмæ цыфыддæр знæгтау кæрæдзи марынц. Цыма исты аххосджын фæци, уыйау дзы æппæтæй тыхджындæр цæфтæ æййафы мæ чысыл Иры дзыхъхъ. Дисы мæ 'фтауынц, не знæгтимæ нæ иу хæдзары чи цæрын кæны, фæстæмæ нын сæ нæ роны чи тъыссы, уыцы политиктæ дæр. Халон халоны цæст нæ къахы…

Нæ сыхæгтæм махмæ кардæлвæстæй æрбалæбурыны зонд æнæнхъæлæджы куы 'рцыдаид, нæ ныхмæ æрмæстдæр сæ экстремисттæ куы стох кодтаиккой, уæд сæ уаид бамбарæн, уæд, чи зоны, се 'хсæн æнаххосæгтæ дæр разынид, æмæ сын ныббарæн дæр уаид, фæлæ йæ æз куыд бамбæрстон, афтæмæй иууылдæр нæ ныхмæ сты, иууылдæр нæ се сæфт уынынц, иууылдæр нын нæ мæлæтмæ бæллынц. Ахæм знагæн хатыргæнæн æмæ хæдзармæ уадзæн куыд ис? Æрбауадз æй, æмæ дын кард дæ къæбуты ныссадза.

Не 'хсæн хæст йæ тæккæ тынгыл куы уыди, уæд лæууыдтæн Дачнæмæ фæзилæны. Нæ сыхæгтæ хъæуæй дæлæмæ кæрæдзи фæдыл цыдысты, æмæ сæ салдæттæ машинæты бадын кодтой. Се 'хсæн уыди цæфтæ, сæ дзаумæттæ уыдысты цъыфæйдзæгтæ. Хæрз æрæджы дæр ма акъоппытæй мах лæппуты мардтой, ныр хаст æрцыдысты фыдгæнджыты нæ, фæлæ лигъдæтты номхыгъдмæ. Æмæ æфсæддонтæ сæ удæй арт цагътой, цæмæй сæ махæй тагъддæр акæной. Диссаг мæм фæкастысты хæсты закъæттæ, фæлæ мæ уыдоныл хъуыды кæнынмæ бирæ нæ равдæлди. Иу ацæргæ сылгоймаг æваст мæнырдæм разылди æмæ уырыссагау æрдæгцъæррæмыхстытæй хъæр кæнын райдыдта:

– Кæсут мæм, кæсут æмæ уæхи цæстытæй уынут, уырыссаг салдæттæ нын цы митæ кæнынц, уый! Рæхджы нын æппæт дунейы адæмтæ нæ хъизæмæрттæ базондзысты!

Кæд æм комкоммæ кастæн, уæддæр бынтон æндæр ныхæстæ уадысты мæ хъустыл.

Цал æмæ цал хатты æрбарвыстой сæ сылгоймæгтæ радиомæ æртхъирæн фыстæджытæ: «Мах не 'хсыр схæрам кæндзыстæм нæ хъæбултæн, ирон адæмы гагадзагъд куынæ бакæной, уæд!». Æрæджы дæр ма дзы мæ хæдзары цардысты бирæтæ. Се 'ппæтæн дæр уыди цыппæргай агъуыстытæ. Ницы хъуаг уыдысты, æппындæр сæ ничи ницы хъыг-

дардта, зул дзыхы ныхас дæр нæ никæмæй хъуыстой, уæддæр нæм сæ рæдæнгдæртæ æртхъирæнтæ кодтой. Иу сылгоймаг нын уынджы куыд загъта, уый ма абоны хуызæн мæ зæрдыл лæууы:

– Мах уын гуырдзиæгты хуызæн нæ фæуыдзыстæм! Мах уæ æртæ сахатмæ бындзагъд ныккæндзыстæм!

«Сылгоймаг æргомæй афтæ кæм дзуры, уым ма йæ лæг та цы хъуыды кæны?» – бафарстон мæхи, æмæ мæ сæрыхъуын арц сбадти. Се 'ппæт дæр нæм æмхуызон не 'вдыстой сæ фыдæх. Иу дзы хуынди Ася. Æдзухдæр нæм худæнбылæй касти, æмæ нын-иу кæддæриддæр йæ уынд æхсызгон уыди, фæлæ иннæты фæстæ уый дæр йæ бинонтимæ Хуссайраг поселокмæ лидзынвæнд скодта.

– Сымах дæр ралидзут, – загъта йæ хæларæн, сæ хæдзары дзаумæттæ машинæйы куы сæвæрдтой, уæд.

– Хæст куы райдайа, уæд фыццагдæр мах куыд амарат. Дæуæй афтæ, æз æй нæ зонын, уырдæм цæмæн лидзут, уый? – хабæрттæ бæлвырддæр базоныны тыххæй йæм фæрсæгау бакасти ирон сылгоймаг.

– Уанцон нæ дæ. Ау, сымах бахъахъхъæныны фаг не суыдзыстæм? – уайдзæфгæнæгау ын загъта Ася.

Фыццаг бакастæй сæ ныхасы диссагæй ницы уыди. Сылгоймæгтæ дзурынæй фылдæр цы кæнынц, фæлæ диссаг уый уыди, æмæ сæ дызæрдыг ничи кодта, не 'хсæн туг кæй ныккæлдзæн, ууыл. Уымæй диссагдæр та мæм фæкасти, нæхи зæххыл нæ йæ хæдзары æцæгæлон адæймаг æмбæхсынмæ кæй хъавыди, уый. Сылгоймæгтæ нæдæр пехуымпартæ сты, нæдæр политиктæ, нæдæр республикæты разамонджытæ, фæлæ туджы тæф банкъардтой рагацау, уымæн æмæ тарстысты, зæххыл сын æппæтæй зынаргъдар чи у, уыдонæн – сæ сывæллæттæн. Æз та сæм, уынджы шахмæттæй хъазгæйæ, хъуыстон. Шахмæттæй кæй хъазыдтæн, уый бæллæх нæу, бæллæх у, адæмы хъысмæт чи лыг кæны, уыдон дæр ахæм ныхæстæм хъазгæйæ кæй хъуыстой, сæхицæн дзы хатдзæгтæ кæй нæ кодтой, уый.

О, бынтон æндæр ныхæстæ уади мæ хъустыл, йæхи карз æфхæрдыл чи банымадта æмæ мæнырдæм йæ къух æртхъирæнгæнæгау чи тылдта, уыцы лидзæг усмæ кæсгæйæ. Бæстæ æддæг-мидæг ауади, сармадзанты гæрæхтæм буар фесхъиу-фесхъиу кодта, афтæмæй мæ тæккæ фарсмæ иу цъыфæйдзаг лæппу мæскуыйаг уацхæссæгæн къухæй амыдта хуымгонд быдыртæм æмæ хъæрæй дзырдта:

– Ацы зæххытæ иууылдæр мах уыдысты, æмæ нын сæ ирон адæм

байстой. Нæ бæллæхтæ райдыдтой 1944 азы…

Лæппуйæн уыцы аз йæ кой дæр нæма уыди, афтæмæй ахæм хъ- æлæсы уагæй дзырдта, цыма йын ирон адæм йæ зæххытæ йæхицæй байстой. Уацхæссæг йæ блокнотмæ ныггуыбыр и æмæ йын йæ ныхæстæ тагъд-тагъд фыста. Уый дæр уыди хæрз æрыгон. Кастæн æм æмæ дис кодтон, куыд æнцонæй æууæнды, йæ адæмы истори дæр æмæ ирон адæмы истори дæр чи нæ зоны, комкоммæ йæ сайгæ чи кæны, ууыл. Уый фæстæ йæ бамбæрстон, центрон мыхуыры кусджытæ æлхæд кæй уыдысты, æмæ хъуыддæгтæ зыгъуыммæ барæй кæй фæлдæхтой, уый.

Фæндыди мæ зæгъын: «Кæд ацы зæххытæ æцæгдæр дæ фыдæлты уыдысты, уæд сæ немыцаг лæбурджытæй цæуыннæ бахъахъхъæдтой, знæгтæй сæ чи хъахъхъæдта, уыцы сæрæнгуырдты фæстæрдыгæй цæмæн мардтой, æцæг патриотты бæсты мæнгард уæйгæнджытæ цæмæн систы æмæ сæхи æцæгæлон бæстæмæ цæмæн ахæссын кодтой?» Фæлæ мæ бамбæрстаид? Мæнмæ гæсгæ, нæ. Уыдон исты куы ‘мбариккой, уæд фыццаджы-фыццаргдæр сæ фыдæлты истори сахуыр кæниккой, æмæ, нæ бæллæхтæ 44-æм азы райдыдтой, зæгъгæ, нæ дзуриккой. Уыдон исты куы ‘мбариккой, уæд се знæгтæ, махыл сæ чи ардауы, уыдон кæй сты, уый бамбариккой. Нæ бæстæйы цы æлгъыстаг уавæр сæвзæрди, уырдыгæй æрмæст хи хъарутæй зын раирвæзæн у, хъуамæ дæ мæгуыр æфхæрд адæмы, дæ сыхæгты уæхсчытыл æнцойгæнгæйæ, фервæзын кæнай, уыдон та сæ зымæджы къæсæрыл æнæ хæдзæрттæй ныууагътой…

Гыццыл ма куы уыдтæн, уæд хистæртæм арæх хъуыстон, æмæ дзы иу дæр нæ сыхæгтæй хорз никуы загъта. Рагæй нæ ’фхæрынц. Стигъынц нæ, марынц нæ, уæддæр быхсæм. Фыдгæнджытæ æмæ нæ уæйгæнджытæ хонынц, уæддæр быхсæм. Æнæфсарм нын нæ зæххытæ æмæ нæ сæйраг горæт сæхи хонынц, уæддæр быхсæм. Сусæг-æргомæй сæ нæ хицæуттæ нæ роны бакодтой, æмæ сæ быхсæм. Цæмæн? Нæ уæздандзинадæй æви нæ тæппуддзинадæй? Цæй тыххæй уадзæм нæхи æфхæрын, махæй ныфсхастдæр, хъаруджындæр æмæ зондджындæр чи нæу, уыдонæн? Цæмæн сæ суагътам нæ сæрмæ? Уымæн æмæ æгæр стырзæрдæ стæм, уымæн æмæ æгæр барон стæм, уымæн æмæ нæ фидæныл нæ хъуыды кæнæм.

– Иурайсом куыстмæ куы ‘рбацыдтæн, уæд кæсын, æмæ нæ тыргъы цалдæр æрыгон лæппуйы æд автоматтæ. Семæ нын ныхас бацайдагъ и.

Цæй ирæттæ ма стæм, æмæ фылдæр уырыссагау дзырдтам, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ сыхæгты ныхмæ. Уæд мæм нæхионтæй иу иронау дзуры:

– Дæхиуыл фæхæц, диваныл кæронæй чи бады, уый уыдонæй у.

– Ома, куыд уыдонæй у? – нæ йæ бамбæрстон æз.

– Куыд вæйййы, афтæ. Махмæ кусы.

Мæнæн фыр дисæй мæ дзых бахæлиу и.

– Æмæ йыл куыд æууæндут? – æрæджиау ма сфæрæзтон зæгъын.

– Махмæ чи хъусы? Нæ зондджынты афтæ бафæндыди…

Нæ милицæйы нæ сыхæгтæй чи куыста, уыдон се ‘ппæт дæр æд хæцæнгæрзтæ сæхимæ алыгъдысты æмæ нын нæхи хотыхтæй нæ лæппуты мардтой.

Æууæнк хорз у, фæлæ иудадзыг зонды бæрæггæнæн нæ вæйййы. Ныхас æрмæст дæхиуыл куы цæуа, уæд кæуылфæнды дæр баууæнд, дæхи кæйфæнды ’вджид дæр бакæн, фæлæ дыл æнæхъæн адæм сæхи куы бафæдзæхсой, уæд се знæгтыл бауæндын фыдракæнддзинад у. Куыд сыл хъуамæ æууæндæм? Нудæсæм æнусы дæр нæм топпæргъæвдæй куы лæбурдтой, ссæдзæм æнусы райдайæны нын нæ хъæутæ куы сыгътой, нæ фыдæлтæ æдæрсгæйæ хъæдмæ суг ласынмæ куынæ цыдысты. Мæ фыды ныхæстæ ма мæ зæрдыл хорз лæууынц. Куыддæр-иу хъæдмæ бацыди, афтæ-иу æй абырджытæ топпытæй æхсын райдыдтой. Рæстдзæвин цуанон уыди æмæ сын ныхкъуырд лæвæрдта. 30-æм азты колхозтæ куы арæзтой, уæд та сын-иу сæ кусæг фос атардтой. Иуахæмы сæ ирæттæ фæсте асырдтой. Тар хъæды сæ баййæфтой, фæлæ цалдæрæй фæмард сты. Мæ фыд æгасæй баззади бынтон æнæнхъæлæджы. Иукъорд азы фæстæ чындзхæссæг ацыд иу мæхъхъæлон хъæумæ. Хъаст йæ тæккæ тынгыл куы уыди, уæд æм дыууæ йæхи карæн лæппуйы бацыди, йæ къух ын райстой æмæ йæ фæрсынц:

– Абырджытæ уын уæ галтæ куы адавтой, уæд ды сæ фæдыл нæ рацыдтæ?

– Рацыдтæн.

– Де стыр амонд уыд, æмæ де ‘мбæлттæн загътай: «Нæ къухы ницыуал бафтдзæн æмæ фæстæмæ аздæхæм». Нæ дæм байхъуыстой æмæ сау мæры хуыссынц, ды раст зондыл ныххæцыдтæ æмæ цардæй къæртт æппарыс, – бахудтысты лæппутæ.

– Мæ раст зонды тыххæй сæ не здæхтон фæстæмæ.

– Уæдæ?

– Сымах кæм æрæмбæхстыстут, уый базыдтон, æмæ уæм иуырдыгæй дæр бацæуæн нæ уыди.

– Мах та дын нæ фарс рахæцын æнхъæл фестæм, – фæсмонгæнæджы хъæлæсæй загъта сæ иу, æмæ ацыдысты.

Æрæджы мæ сиахс йæ «Жигули»-йы фæцæйцыди Мæздæгмæ. Фæндагыл æй баурæдтой сылгоймаг æмæ нæлгоймаг. Сылгоймаг ын ныллæгъстæ кодта:

– Нæ зæронд мад мæлы, æмæ нæ демæ алас, кæд ма йæ æгасæй феникам.

Куыд нæ сын фæтæригъæд кодтаид. Умæй афтæ, дагестайнæгтæ сты, сæвæрдта сæ æмæ ныр фæсмонæй мæлы. Куыддæр фæсвæд ранмæ ахæццæ сты, афтæ лæг æмæ ус сæ дамбацатæ фелвæстой, йæ машинæ йын байстой æмæ афардæг сты. Хорз, æмæ йæ маргæ нæ акодтой. Фæлæ нын фæстаг азты нæ лæппутæй иу æмæ дыууæйы амардтой? Уæддæр нæм ницы хъары, нæ сæры нын зонд ницы уадзы, нæ рæдыдтытæ къаддæр нæ кæнынц. Уыдон нæм æртхъирæнтæ кодтой, мах та сын радио æмæ телевизорæй сæ цæгъдтытæ лæвæрдтам, уыдон нæ ныхмæ хæцæнгæрзтæ æмбырд кодтой, мах та сын амæй-ай хуыздæр фатертæ æмæ æфтиагджын куыстытæ лæвæрдтам. Уæд дæ адæмæн сæхи бахъахъхъæныны тыххæй хъæугæ фадæттæ ма сараз! Цы ма уа умæй æдылыдæр хъуыддаг! Политиканты аххосæй нæ хуыздæр хъæбултæ бабын сты, æмæ сын сæ ныййарджыты иу бафæрсæг нæй:

– Уæ сыхæгтимæ ма уæ иу ран цæрын фæнды?

Бирæ бинонтæ æнæ хæдзæрттæ, æнæ фосæй баззадысты, æмæ сæ иу бафæрсæг нæй:

– Уæ фыдгæнджыты фарсмæ цæрын ма уæ фæнды?

Уæвгæ ма ныртæккæ чи кæй фæрсы? Чи куыд цъаммардæр у, афтæ давы, стигъы æмæ фæллойгæнæг адæммæ уæле дæлæмæ былысчъилæй кæсы. Нæ бæстæйы хъуамæ æгъдау чи сæвæра, уыдоны æгъдау æвæрын нæ фæнды, æгъдау дзы сæвæрын кæй фæнды, уыдонмæ та ныхасы бар нæ хауы, æмæ нын иу сæрфат нал и. Ахæм æмтъеры рæстæгæй пайда кæнынц алыхуызон цæстфæлдахджытæ. Зондамонджытæ нын систы æмæ нæ æбæрæг ранмæ куырмæджы сæ фæдыл ласынц.

Тугдзых лæбурджытæй та иуæн дæр ничи бауайдзæф кодта. Иу зул дзыхыныхас сын исчи уæддæр куы загътаид! Абабау. Хатыр ничи никæмæй ракуырдта. Экстремисттæн цыма афтæ ’мбæлыди, уыйау ма

стыр æхцатæ дæр райстой, «конфликты хъыгдард кæй баййæфтой», уый тыххæй. Æнахуыр бæстæ, æнахуыр æгъдæуттæ, æнахуыр адæм. Се 'хсæн мæ цæрын нал фæнды, фæлæ сæ кæдæм фæлидзон, мæ мæгуыр рынчын чызджыты кæмæн ныууадзон?

***

«Кадмæ бæлгæйæ, æгадæй мæлæм». Кæд æмæ кæд загъд æрцыдисты ацы ныхæстæ, фæлæ сæ хъару æппындæр нæ сæтты. Сæтгæ нæ, фæлæ ма ноджы тыхджынæй-тыхджындæр кæны. Иу президент æнæхъæн бæстæ дымгæмæ сдардта, иннæ нæ зауаты бынатмæ æртардта, æппæт бæстæты цæсты нæ бафтыдта, худинаджы гакк ныл сæвæрдта, бындæр æрхауæн кæдæм нал ис, уырдæм нæ æрæппæрста, йæ чъизи къæхтæ ныл ныссæрфта æмæ ныл фæтутæ кодта. Кæдæм-иу ацыди, уым ыл-иу зæрдæбынæй фæхудтысты. Кусджытæн мызд нал фыста, пенсионертæн пенси нал лæвæрдта. Паддзахады æхцатæ йæ дзыппыты нывæрдта æмæ дзы йæхицæн хъæлæстæ æлхæдта. Хæст ракъахта æмæ цардбæллон фæсивæды кæрæдзийæн ныццæгъдын кодта. Æлгъаг хилджытæй уæлдай нæ ницæмæ дардта. Æфсæст гæды мæгуыр æнæбон мыстытæй куыд фæхъазы, афтæ нæ фæхъазыди. Хъуамæ Нерон æмæ Калигулайы хал ахордтаид, уый та нæм хъæбатырæй разынди. Æфсарм æм хæрз чысыл дæр куы уыдаид, уæд йæ адæмæй хатыр ракуырдтаид, дарддæр цы ран и, уырдæм сæргуыбыр, уæнтæхъилæй ацыдаид æмæ искуы арф ран къæмдзæстыгæй бамбæхстаид. Уый та нын цыма стыр хæрзты бацыди, уыйау нæм сæрыстырæй фæсидти æмæ нæ 'рдомдта йе 'взæрст лæгыл схъæлæс кæнын. Ме 'мбæлттæн ард хордтон, мæ фыдæлтæй сомы кодтон, кæй йыл ничи схъæлæс кæндзæн, уый тыххæй, уымæн æмæ йæ равзæрсты логикæ нæ уыди. Фæлæ та ацы хатт дæр фæрæдыдтæн…

Цæмæй тарстæн, уый та мæ сæр баййæфта. Раздæр ма мæ цотæн аслам дыргътæ уæддæр æлхæдтон, ныр уый дæр мæ бон нал у. Цы мæгуыргуры хызын мыл æрцауыгътой, уый хæссын, цы мæнгард дунемæ рантыстæн, уый æлгъитгæйæ…

***

– Нæ фысджытæй кæйдæртимæ абаргæйæ, ды бынтон хæлиудзых нæ дæ. Дæуæй ма дзы хæлиудзыхдæртæ ис. Сандыр паддзахадæн «балæвар кодта» сæдæ фæндзай мины, Григол – сæдæ æртын мины, Гисо – сæдæ мины, Фидар – æстай мины, Сæуджен – фæндзай мины, – былалгъæй

мæ сабыртæ кæны Гæлæу æмæ не 'ппæтыл дæр былысчъилæй худы:
– Уе 'хсæн разынди æрмæстдæр иу æмбаргæ фыссæг.

– Чи у, цымæ? – фæрсын æй цымыдисæй.

– Æз. Иу капекк дæр мæ нæ фесæфти, – дзуапп мын дæтты сæрыстырæй. – Мæ дыстæ рæбыноз бафæлдæхтон æмæ горæты сæрмæ хæдзæрттæ аразын райдыдтон.

– Цæмæй?

– Мæ уацмыстæ нæхимæ мыхуыр кодтон æмæ сын гонорар истон. Тæлмацгæнджытæ мын сæ уырыссаг æвзагмæ ивтой, Мæскуыйы рауагъдады мын сæ хицæн чингуытæй уагътой æмæ мын гонорар фыстой. Уыцы 'хцатæ сымахау 'фснайæн кассæты не 'вæрдтон, фæлæ дзы мæ хæдзæрттæн хъæдæрмæг æлхæдтон.

– Æз Мæскуымæ цалдæр радзырды арвыстон, æмæ мæм дæ редактор цы ныффыста, уый зоныс?

– Цы?

– Гæраты Ирбег, дам, йæ политикон зондахаст куынæ аива, уæд дзы фыссæг никуы рауайдзæн». Дæуæн та дæ чингуытæ æнæ къуылымпыйæ уагъта.

– Æз мæ уацмыстæй социализмы ныхмæ нæ тох кодтон.

– Адæм цы цардарæзтытæ æрхъуыды кодтой, уыдонæн сæ тæккæ хуыздæр, æнæгæдыдæр æмæ размæцыддæр социализм кæй у, уый æз дæр зыдтон æмæ йæ ныхмæ нæ тох кодтон. Не 'нæсæр хицæуттæ йæ зыгъуыммæ кæй фæлдæхтой æмæ йæ, се 'дылы митæй æппæлгæйæ, иннæ адæмты цæсты дæр ма кæй æфтыдтой, уый уыдтон æмæ сæм мæстæй мардтæн. Фæндыди мæ, цæмæй йæ аиппытæ иуварсгонд цæуой. Уымæ гæсгæ йын йæ цæсгом, куыд чъизигонд цыди, афтæмæй æвдыстон. Æз рæстдзинадимæ 'мбæхсынтæй нæ хъазын, фæлæ йæ комкоммæ дзурын.

– Æз дæр рæстдзинад дзурын, æцæг лозунгтæй нæ, фæлæ аивадон хуызы.

Æрхæссынмæ йын хъавыдтæн, йæ хæстæг-йæ редактор Гисо мын дзы айфыццаг мæстыйæ цы ныхæстæ загъта, уыдон, фæлæ мæхи баурæдтон. Куы йын сæ рафæзмыдтаин, уæддæр æм нæ бахъардтаиккой, уымæн æмæ уый дæр иннæтау йæхицæн Ирыстоны фыццаг фыссæг æнхъæл у.

– Капитализммæ бæллыдтæ æмæ йыл гъер фидар хæц! – загъта мын хъазгæмхасæн, фæлæ мæстæймарæгау.

– Ницы йæм бæллыдтæн. Хъæддаг цардарæзт кæй у, уый дардмæ дæр зыдтон, ныр та йын йæ уæз мæхиуыл æнкъарын. Фæлæ иу хъуыддагыл тынг дис кæнын. Мæнмæ гæсгæ, горæты сæрмæ цыппар хæдзарæй къаддæр нæ сарæзтай.

– Раст зæгъыс. Уым сарæзтон цыппар хæдзары, горæты та – цыппар гаражы, стæй иу дукани.

– Уыдонæн дын зæххы хæйттæ чи лæвæрдта? Цæмæн дæ фæрсын. Кæм-иу куыстон, уырдæм-иу цалынмæ æз цыдтæн, уæдмæ-иу сæ кусджытæн зæххы хæйттæ байуæрстой, æмæ дзы-иу мæнмæ ницыуал æрхаудта.

– Æз мæ куыстуæттæй иу хатт дæр зæххы хай нæ райстон.

– Уæдæ кæцæй?

– Хъуамæ дæ фындзы бынæй дарддæр уынай æмæ, дæхи кæимæ бæттын хъæуы, уый зонай…

– Æз уыцы хъуыддагмæ тынг дард дæн, стæй, ды цы хин ми бакодтай, уый дæр ме ’дылы сæр никуы ’рцахстаид.

– Цæй кой кæныс?

– Куыд фехъуыстон, афтæмæй дæ усæй мæнг хицæн адæ  æмæ дыккаг фатер райстай.

– О, уыди ахæм хабар. Раст зæгъгæйæ, æз иу уатмæ æнхъæлмæ кастæн, фæлæ мын æнæнхъæлæджы дыууæ уаты радтой.

– Мæгуыртæн фатертæ куыд зынæй лæвæрдтой, уымæ гæсгæ сын сæ рæдаудзинадыл нæ бадис кодтай?

– Нагъ. Адæммæ хорз зæрдæ куы дарай, уæд дæм æнæмæнг се ’ргом раздахдзысты æмæ дын исты хорздзинад фæуыдзысты.  Иу сом куы раттай, уæд дæм фæстæмæ дыууæйæ ’рбаздæхдзæн…

Гæлæу хъуыддаджы лæг у, алы ранæй дæр йæ фарчы хай ратонын базыдта æмæ йæ бинонты цард сарæзта. Фысджыты цæдисы сæрдармæ мæнæй бирæ æвзæрдæр зæрдæ дары, йæ бон ыл куы цæуид, уæд æй ныртæккæ дæр феддæдуар кæнид, фæлæ йæхиуыл хæцы, йæ ныхмæ ницы дзуры, æмæ ма йæ фæрцы дыууæуатон фатер дæр райста. Раст уыди Чацкий: «Молчалины блаженствуют на свете». Мæ царды мæ бон хорзæй скæнын ницы баци, æгæр-мæгуыр мæ бинонты дарын дæр нæ фæразын. Æхцатæ бакусын мæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыди, æмæ мæ дзыппытæ, сывæллонæй куыд афтид уыдысты, афтæмæй баззадысты. Сау æмæ урс кæрæдзимæ куыд дард сты, мах

дæр Гæлæуимæ кæрæдзимæ афтæ дард стæм. Иу рæстæджы, иу ран цæрæм, фæлæ уыцы-иу цардмæ кæсæм фæйнæхуызон цæстæй. Æвдисгæ дæр æй кæнæм фæйнæхуызонæй. Уый æрыгонæй йæ размæ сæвæрдта æхцатæ бакусыны хæс æмæ йæ сæххæст кодта, фæлæ ахæм сæрæнтæ стæм сты, æнæ 'хцайæ чи баззад, уыдон та милуантæ сты æмæ, мæстæй мæлгæйæ, хъæздгуыты фæлхæрттыл зилынц…

***

Мæ сывæллæттæ кæд сæ къæхтыл ауадысты, уæддæр, уыцы кары сабитæн куыд æмбæлы, афтæ нæма сфидар сты. Куыддæр сыл уазал дымгæ сæмбæлы, афтæ сæ æхснырсæг ацахсы æмæ сæ дзæвгар рæстæг тухæнæй фæмары Хуыздæр уавæры нæ вæййæм мах дæр. Рынчын – иу бæллæх, рынчынмæ кæсæг та – дыууæ бæллæхы. Æрдз адæймагæн æнахуыр æмбæхст тых балæвар кодта. Йæхи равдисын æй куы бахъæуы, уæд æххæстæй раргом вæййы. Мæ зæрдæмæ цы тас бахъуызы, уый мын мæ хъарутæ фæфылдæр кæны, мæхи баифтындзын æмæ та афтектыл зилын райдайын. Антигриппин дæр сын куы нал феххуыс кæны, уæд сын антибиотиктæ фæдæттæм. Уыдон дæр сыл куы нал фæахадынц, уæд кастрункæйы картæфтæ сфыцæм, йæ дон ын акалæм, йæ сæр ын сисæм æмæ йæ ныллæг табуреткæйыл сæвæрæм, сæ къæхтæ сын хъарм доны нытътъыссæм æмæ сыл тæнæг хъæццул æрæмбæрзæм. Цæмæй картæфты тæвд уæлдæфæй ма фæхуыдуг уой, кæнæ сæ зæрдæтæ ма бахъарм уой, уый тыххæй мæхæдæг дæр хъæццулы бын мæхи фæцæвын æмæ, цы уавæры вæййынц, уый фæзонын. Æз афтæ тынг кæм фæтыхсын, уым уыдон куыд фæудхар кæнынц, уый мын зын бамбарæн нæ вæййы. Фæфæнды мæ хъæццул иуварс аппарын æмæ сæ сæ хъизæмарæй фервæзын кæнын, фæлæ мæхиуыл ныххæцын. Куы ныхъхъус вæййынц, уæд сын стæрсын æмæ сын истытæ фæдзурын. «Сывæллон адджын куынæ уаид, уæд æй чи схæссид?» Ацы ныхæстæ дæр хистæртæй арæх хъуыстон, фæлæ мæм тынг нæ хъардтой. Ныр мæм, мæхионты ад æнкъаргæйæ, æгæр дæр ма хъарынц. Исчи дзы йæхи куы ачъизи кæны, уæд æй ваннæмæ бадавын, хъарм донæй йæ ахсын æмæ йыл хус дзаумæттæ акæнын. Тынгдæр та сын сæ къæхтæ 'хсын уарзын. Иугай сæ ныллæг бандоныл сбадын кæнын, тасы хъарм дон ныккæнын, йæ акомкоммæ пъолыл мæхи 'руадзын, сапон райсын æмæ сæ, хъазæн ныхæстæгæнгæйæ, æхсын райдайын.

– Ныртæккæ папæ йæ гыццыл чызджыты гæккытæ сапонæй адуду кæндзæни, сфидар сын уыдзысты, æмæ сыл, цингæнгæйæ, згъордзысты.

Ацы лыстæг хабæрттæ сæ койы аргъ дæр не сты, фæлæ дзы мæ зæрдæмæ цы æгæрон æхсызгондзинад ивылы, уымæн абарæн ницавæр æнкъарæнимæ ис. Ныхас ныхасы къахы, æмæ адæймаг хаттæй-хатт искæй цур исты æнæ зæгъгæ нæ фæвæййы. Радиокомитеты сылгоймаг оператортæ фыццаг уæладзыджы кусынц, æмæ сæм рæстæгæй-рæтæгмæ ныууайын, кæм куысты фæдыл, кæм афтæ æнæуи. Иубон та мæ мæ фаззæтты тыххæй бафарстой, æмæ сын, куыд сæм зилын, уый тыххæй цалдæр ныхасы загътон. Сæ иу æнкъардæй рудзынджы ’рдæм азылд æмæ хæлæггæнæджы хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Мæнæн мæ сывæллæтты фæстæгтæ кæм сты, уый нæ лæг зонгæ дæр нæ кæны.

– Мæнæн дæр æнæниз лæппу æмæ чызг куы уаид, уæд сын сæ æз дæр нæ зонин, фæлæ цыппар чызджы ме ’фсины ’ккойы куы сæвæрон, уæд æнæ мадæй баззайдзысты, æмæ сæм иунæгæй мæхи кæсын хъæудзæн, – йæ лæджы фарс рахæцыдтæн æз, фæлæ йæм мæ хъазæн ныхас нæ бахъардта æмæ ноджы æнкъарддæрæй бафиппайдта:

– Тæхудиаг у дæ ус, ахæм аудаг мой кæмæн ис…

*Уыдзæн ма*

# ИНГЕБОРГА БАХМАН



**(1926 – 1973)**

Ингеборга Бахман – австриаг фыссæг, поэт, публицист, тæлмацгæнæг, къорд радиопъесæйы æмæ либреттойы автор, Австрийы паддзахадон Стыр литературон премийы лауреат.

Райгуырдис 1926 азы йæ рæсугъд уынгтæ æмæ историон цæрæнтæй зындгонд горæт Клагенфурты. Йæ ныййарджытæ куыстой ахуыргæнджытæй. Суинаг поэт уыдис дыууæ сывæллоны хистæр.

Каст фæци паддзахадон иртасæг университет Венæйы. Йе сфæлдыстад райдыдта 1953 азы фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Отсроченное время»-йæ. 1956 азы рацыд йе 'мдзæвгæты дыккаг æмбырдгонд «Заклинание большой медведицы». Фæстæдæр ма рухс федтой иу цалдæр чиныджы: радзырдтæ, романтæ, новеллæтæй арæзт.

Кæд Ингеборга Бахманæн йæ ном дæрдтыл хъуыстгонд нæу, уæддæр æппæтдунеон литературæйы ныууагъта ахъаззаг фæд.

Фæцарди æрмæст – 47 азы, зынгсирвæзты амæттаг бацис...

1977 азы Клагенфурты горæт снысан кодта Ингеборга Бахманы номыл преми немыцаг æвзагыл фысджытæн.

*Ингеборга БАХМАН*

# СÆРДЫ УАРГЪ

## ДУРЫН ОБАУ

Бацæуы уддзæф дыргъдоны,
Сфыцы йæ маст къæбæр зынг, –
Кæс, æмæ дугæн йæ фарнæй
Айдзаг ис уайтагъд дæ фынг!

Арфдæр-иу бафснай дæ муртæ,
Ма кæн дæ цæссыгыл дис, –
Дурынæн дурын обауæй,
Гутон, йæ пырхæнтæ сис!

Фæлæ йæ састыл цы ’гъдауæй
Хъуамæ æрбадтаид ’ртæх?
Пиллон цыренмæ фæтавы,
Фестынц йæ сæстытæ цæхх.

Дондæфтæ равзæрынц фурдæй,
Айзæлы дардыл сæ хъæр, –
Мигътæ, тымыгътæ, ныхæстæ
Дурын обауæн – йæ сæр.

* * *

Мæлæтæн у Уæлахиз йе ’рвад уарзты,
Гуырдзæй бæлвырд йæ афон, йе ’мгъуыд, кар…
Фæндагыл хилын хицæн æмæ уæрстæй,
Мæныл æртыхсынц сау мæт æмæ тар,
Æмæ сæ ногæй, – змисимæ æмбарстæй, –
Фæлдисын зар.

## НЫСТУАН МАДÆЛ АРСМÆ

Дзæбæх куы уаис, нæ дзыцца – не ’рсой!
 Æрхиз нæм ацы пыхцыл æхсæвы
Дæ мигъджын кæрцы, тыхстæй-фæлладæй,
Дæ стъалыдзæстæй цæхæртæ калгæ,
Дæ хъама ныхтæй пыхсытæ фадгæ!
…Къæрцхъусæй хизæм уæтæрты дзугтæ, –
Нæ дзæцц, нæ уд дæ: нæхи нæ сайæм
Дæ уæнгвæлладæй, дæ фæллад синтæй,
Нæ зæронд Æрсой, нæ Мад, нæ Дзыцца!

Дæ дуне къубус, йæ хæрв дæхи у,
Æдзух дæ сурæм, æрцахсæм, тулæм
Нæзыйæ – зазмæ, фæстæмæ-размæ,
Дæндагæй хъазгæ, тыхулæфт кæнгæ.
Æдзух нымæхсæм дæ дзæмбы, де ссыр.
Куы дæ фæтæрсæм, куы дæм лæбурæм:
Йæ къусы суари ныппарын алкæд
Мæгуыр куырмийæн, æдзух ын дзурæм:
«Дæ Мадæл арсы рæхыстæй бабæтт,
Фæлтау сæнычча рæвдау йæ бæсты».

* * *

Дæ ком, дæ былтыл мæ дардтай,
Дæ цæст, дæ дзæцц-иу мæ схуыдтай.
Дæ арм…
Дæ цæст – дæхимæ мæ ластай,
Дæ ком – тæрхон мын скодта,
Дæ арм – дæ армæй мæ ’ргæвстай…

## ГАРЛЕМ

Баст æврæгътæ атыдтой сæ рохтæ,
Дон фæрсыгъдæй цъирдзæни мæнтæг,
Уарын хойдзæн рудзгуытæ ’мæ къохтæ,
Донæн астæрд фестдзæни гуымсæг.

Сау сахар нæ сау зæххимæ зилдзæн,
Калдзæн арв йæ сау уынгтыл æртæх.
Гъос йæ цагъдмæ сау хъæвдынау хилдзæн,
Æмæ дон рæвдаудзæн блюзæй зæхх…

## РЕКЛАМÆ

Цымæ, кæдæм фæцæуæм
Æнæзнæт æмæ æдыхстæй
Талынджы æмæ фыдхъуысты
Æнæзнæт æмæ æдыхстæй
Цингæнгæ æмæ заргæ?

Цымæ нын цы гæнгæ вæййы
Кафгæ-заргæйæ?
Цæуыл хъуамæ батыхсæм,
Цингæнгæйæ кæронмæ
Лæгæй-лæгмæ заргæ?

Кæдæм хъуамæ фæхæссæм
Хуыздæрæн
Нæ азтæн сæ фарстатæ
Æмæ сæ ризын,
Дзæнгæда цæгъдгæйæ æмæ æдыхстæй,
Тæмæнтæ калгæ æмæ хуыздæрæн, –
Мæрдæнцой куы ’рхæццæ уа
Уæд?

## СÆРДЫ УАРГЪ

Йæ хуры науыл сæрд йæ уаргъ æвгæны,
Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн.
Тыхсы кæсагдзу, райхъуысы йæ кæуын, –
Йæ хуры науыл сæрд йæ уаргъ æвгæны.

Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн,
Йæ урс пæлæзтыл рог дымгæ фæцуды,
Нæзы Донбеттыр маймулийау худы, –
Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн.

Тыхсы кæсагдзу, райхъуысы йæ кæуын, –
Ныгуылæн науæн алывыдтæ дзуры,
Дæ дзаг цæстытæ анығъуылынц хуры, –
Тыхсы кæсагдзу, райхъуысы йæ кæуын.

## БОГЕМИ ÆМÆ ФУРД

Кæд ма фæдарынц цъæх йæ къæсты сæртæ – цомут,
Кæд не сты хидтæ саст – уыдзæн нæ фæндаг рог!
Йæ монцæй ссыгъдæг, уæд мах цы кæнæм монцæй?
Кæд не ‘вдæла дæхи, уæд ссардзыстæм лæгдæр!

Ныхасгæнгæ мæнæн мæ риуыл згъоры арæн,
Богеми сдæры фурд, йæ уылæнтæ – мæ ныфс.
Йæ донимæ æмбæрц йæ былтыл мæ зæрдæ дарын.
Æз дæр цы дæн, уый дæн, æмæ уыдзынæн, зон!

Мæ бæллиц у мæлæт, уæлдай мæ уд нæ домы.
Мæрдон бæстæ у фурд, Богеми ссарин уым.
Нæй фесæфæн мæнæн, уыдис мын загъд æргомæй.
Мæрдон фынæйæ æз фæгæпп кæндзынæн рæвдз.

Кæндзысты мыл тыгуыр хæзгултæ æмæ наутæ,
Веронæ мæм зындзæн, Венеци æмæ Ром.
Комеди фыст фæцис, нæ йæм хæсдзыстæм фаутæ,
У сайæн хос дæуæн, кæуын расайдзæн цин.

Фæсайын афтæ æз фæлварæнтæй мæ зæрдæ,
Уæддæр сыл иубон, зон, фæтых уыдзынæн, стæй
Богемийау æз дæр лæудзынæн искæд фурдыл.
Лæгæй-лæгмæ мæн дæр рæвдаудзæни йæ дон.

Æндæр бæстæтæн у мæнимæ арф сæ арæн,
Ныхасимæ сты иу нысан æмæ егъау:
Богеми ссис бæлццон, фæндагдзуйау сæрибар.
Йæ фарнæй хайджын, ныр йæ уылæнтæм кæсын...

*Немыцаг æвзагæй*
*Золойты Аркадийы тæлмац*

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# ФАРНЫ ЛÆДЖЫ ЗОНДЫ МÆСЫГ

## АХÆМ УЫД ВАСО…

«Æцæг номдзыд адæм бæрæг сты, сæ нæргæ кад æмæ фарн рæстæджы цыдимæ мынæг нæ, фæлæ ирддæр, уырнинагдæр, цæстуынгæдæр кæй кæнынц, уымæй», – фыста номдзыд иранист æмæ фольклорист, æвзаджы теоретик æмæ историк Абайты Васо, зонадмæ йæ бавæрæн æвæджиауы ахадгæ кæмæн уыд, ахæм ахуыргонды тыххæй. «Сфæлдыстадон куыст æмæ удгоймаджы фæлгонц – уыдон ныууадзы адæймаг йæ фæстæ дзыллæйæн», – ацы ныхæстæ та загъта, йе 'мдугонтæй иуы цардвæндагыл фæлгæсгæйæ. Фæлæ ацы хъуыдытæ æххæстæй сты йæхимæ ахæсгæ дæр. «Йæ нæргæ кад æмæ фарн» ныртма иртасджыты бирæ фæлтæрты бандавдзысты, уымæн æмæ, йæ архайд хъæздыг æмæ бирæвæрсыг у, зæгъгæ, зæгъын фаг нæу. Уый иунæгæй бакодта, хатт æнæхъæн институттæ дæр кæуыл нæ аххæсдзысты, ахæм куыст! Ноджы ма йын Хуыцау йæ райгуырæн адæмы æмæ дунеон зонады хорзæхæн радта æнусы дæргъæн цæрæнбон æмæ æвдай азæй фылдæр ахъаззаг фæллойхъомы хъарутæ.

Уыдæттæ хынцгæйæ, йæ аккаг фæдонтæй иу, филологон наукæты кандидат, профессор Битарты Зойæ рахаста адæммæ йæ удвæллой – «Фарн Вассо», зæгъгæ, ахæм номимæ цыппар чиныгæй уагъд æртæ стыр томы. Рухс федтой РХИ-йы Президенты цур Хуссар Ирыстоны Уанеты Захары номыл зонадон-иртасæн институты ахуыргæндты советы уынаффæйæ цхинвайлаг рауагъдад «Глобус»-ы 2020 азы. Арфæйаг, иуæй, æнцон кусæн кæуыл уыд, ахæм райдайæн – Абайты Васойыл 120 азы сæххæсты онг бирæ фыст æрцыд, æмæ æрмæг хъуыд æрмæст бамбырд, бабæстон кæнын. Иннæмæй, тынг зын хъæппæрис – стыр ахуыргонд æмæ диссаджы адæймаджы миниуджытæ æвдисæг фыстытæ фæстаг дамгъæйы онг егъау рауайæг томтæм бахæссæн нæ уыд. Фæндгæ та йæ, æнæмæнг, кодта, уымæн æмæ афтæ цæстуарзон æмæ лæмбынæгæй бацархайдта, уыйбæрц уды хъарм бавæрдта йæ ахуыргæнæг-зондамонæджы монументалон фæлгонц снывæндыны, æмæ зæгъæн ис, ахæм рауагъд нæ Иры номдзыд хъæбултæй иуы тыххæй дæр нæма уыд. Уæрæсейы 130 азæй фылдæр чи цæуы, уыцы




биографиты зындгонд сери «Жизнь замечательных людей»-æн ныр ирон «хуыз-сæрæвæрæн» дæр фæцис (адарддæргæнæн æй уаид, зæгъæм, йе ‘мдугон ахуыргонд-филологтæ æмæ фысджытæ Джусойты Нафи æмæ Джыккайты Шамилы цард æмæ куыстыл дзурæг чингуытæй).

Стыр адæймаг æмæ ахуыргонды фæлгонц нывæндынып архайд фæрæстмæ æмхъуыдыгæнджыты къорды фæрцы. Бирæ адæмы, уыимæ, уæлдæр ахуыргæнæндæтты, зонадон институтты, библиотекæты кусджыты æрбангом кодта Битарон йæ алыварс. Уæдæ йын Хуссар Ирыстоны уæды президент Бибылты Анатолийы æххуыс дæр кæуылты ныфсы хос фæци!

«Абайты Васойы куыстыты руаджы ирон адæмы историон ивгъуыды зонадон дуне сæрттывта цардæгас ахорæнтæй æмæ сси национ хиæмбарынады æнæфæхицæнгæнгæ хай», – зæгъы республикæйы разамонæг чиныгкæсæгимæ ныхасы.

«Ацы рауагъды нысан у адæмы ахуыргонды арф эрудициимæ, уæндонæй загъд хатдзæгтимæ, дунеон гуманитарон зонады йын цы бантыст, уыдæттимæ лæмбынæгдæр базонгæ кæнын», – уый та уæлдæр амынд институты раззаг зонадон кусæг, чиныгаразæг Битарты Зойæйы хъуыды у.

«Абайты Васойы зонадон куыст у æвæджиауы бирæвæрсыг æмæ райдзаст дуне», – баххæст кодта разныхасы автор, филологон наукæты доктор Тахъазты Харум.

Афтæ æртæйæ иумæ чиныгкæсæджы бацæттæ кодтой ахуыргонды миддуне æмæ кусæн æрмадзмæ балцмæ.

Фыццаг томмæ хаст æрцыдысты алы азты рацæуæг фондз монографион куысты. Сæ авторæ сты алы къабæзты архайæг ахуыргæндтæ, фæлæ сæ иу кæны, Абайты Васойы тынг хорз кæй зыдтой, уый. Чи дзы йæ ахуыргæнинаг у, чи – зонады æмбæлццон, чи та, йæ хæдзары

дуар ын-иу, куыд хæлар-æмзæххон, чи бахоста, ахæм. Цыма ныхас бакодтой, уыйау фыццаджыдæр тырнынц, сæ уарзон хистæры, куыд адæймаджы, афтæ равдисынмæ. Стыр зонд иу хъуыддаг у, фæлæ ма фæхайджын æндæр тæхудиаг миниуджытæй дæр. Хуымæтæг, уæздан, парахатзæрдæ, кæстæртыл аудæг, хорздзинад тауынæй не 'фсæдæг, царды алы рæсугъд фæзындыл дæр цингæнынмæ разæнгардгæнæг æмдугон. Уыдон æппæлæнтæ не сты – алы миниуæгæн дæр дзы Исаты Мæхæмæты, Джусойты Нафийы, Цыбырты Людвиджы, Калоты Барисы æмæ Магкæты Мæирбеджы куыстыты ис бæлвырд дæнцæгтæ. Уыдæттæм хынцгæйæ, ацы том чиныгкæсæгæн, æвæццæгæн, уæлдай цымыдисагдæр уыдзæн.

Исаты Мæхæмæт йæ иртасæн куыст «Василий Иванович Абаев» райдайы ахæм цауæй, зæгъгæ, дам, ахуыргæндты æмбырды иу профессор – Хуссар Ирыстоны бæрнон минæвар – Абайты Васойы абарста Хетæгкаты Къостаимæ. Уый йын уайтагъд йæ ныхас фескъуыдта æмæ загъта, Къоста кæй у ирон адæмы хур, æмæ йын йæ фарсмæ æрæвæрæн кæй никæй æмбæлы.

Цалдæр азы фæстæ профессор ацы хабар радзырдта Мæскуыйы Абайы-фырты юбилейы æмæ йæ ныхасыл бафтыдта: «Хетæгкаты Къоста, æцæгдæр, ирон адæмы хур у. Фæлæ уæддæр ирон культурæйы æрвон тыгъдадыл скаст дыккаг хур дæр, æмæ уый у Абайты Васо».

Васо ирон интеллигенцийæн, уæлдайдæр йæ чысыл райгуырæн бæстæ Ирыстоны, иугæнæг тых уыд, æмæ йæ «дыккаг хур» дæр сыгъдæгзæрдæйæ бирæтæ схуыдтаиккой. Фæлæ цы хауы ног, лæгæй-лæгмæ йæ чи нæ зыдта, уыцы фæлтæрмæ та? Дзуапп бæлвырд у: «Кæсæнт йæхи тыххæй йын фыст æрмæджытæ, æмæ сæ зæрдæты сæхи Васойы фæлгонц аразæнт. Уый сын куы 'нтыса, уæд сæ бон бауыдзæн йе сфæлдыстадон бынтæн ын аргъ скæнын дæр. Райдай, бирæ адæмыхæттытæ цы «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуатмæ» тæхуды кæнынц, уымæй, æмæ фæу, ирон теоретикон литературæиртасынады бындурæвæрæг æй схонæн цы куыстыты тыххæй ис, уыдонæй». Уыимæ, зонад размæ цæуы, æмæ, зæгъæм, йæ дзырдуат ын баххæст кæныны фæлтæрæнтæ, йæ фольклорон уацты бындурыл абарстытæ рæзты ног æмвæзадмæ ракæниккой ирон æвзагзонынад æмæ литературæ. Ахуыргæндтæн та Абайы-фыртимæ «быцæу» сæ хъарутыл бафтауид, миддунейæ фæхъæздыгдæр уаиккой, чи зоны сын суанг сæхи зонадон скъолатæ

саразынмæ уæзгæ къахдзæфтæ скæнын дæр бантысид…

Иннæ фæндиаг та райсдзыстæм Джусойты Нафийы «Уроки Вассо Абаева»-йæ. 1951 азы Мæскуыйы Наукæты академийы рауагъдады рухс федта Хетæгкаты Къостайы уацмысты æмбырдгонд æртæ томæй. Журнал «Советская книга»-йы курдиатмæ гæсгæ йыл рецензи ныффыста Джусойы-фырт. Аргъ ын скæнынмæ йæ радтой Абайты Васомæ. Поэмæ «Фсати»-йы мидис æнæнхъæлæджы хуызы иртасыны ныхмæ карзæй радзырдта. Зæрдæхудтæй нæ тæрсгæйæ, Абайы-фырт алкæмæй дæр домдта ныффыссыны размæ иу кæнæ иннæ фарста бæлвырдæй раиртасын. Йæхи зонадон уагæвæрдты сæрты дæр ницы хуызы ахызтаид. Ахæм хъуамæ уой, йæ цард зонадæн чи снывонд кæны, уыцы адæм се ’ппæт дæр.

Уæдæ фидæны ахуыргонд нысанмæарæзт хъуамæ кæй уа, уый тыххæй та æрхæссæм Цыбырты Людвиджы куыст «Встречи с Вассо Абаевым»-æй ныв. Васо йын радзырдта, гимназ каст куы фæци æмæ Бетъырбухмæ ахуырмæ куы цыд, уæд йæ райгуыræн Къобы цæрджытæ куыд дис кодтой, уый: «Ванойы фырт ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ Бетъырбухмæ цæуы, уый фехъуыстай? Ныр уый тыххæй афтæ дард абалц кæн». Хорз зыдта лæппу, æнцон ын кæй нæ уыдзæн, фæлæ цæттæ уыд алцæмæ дæр. Дызæрдыггаг нæу, йæхиуыл кусынæн ын ахъаз зонындзинæдтæ райсынмæ кæдæмфæнды дæр кæй ацыдаид. Курдиат æндæр хуызы æхсидæн нæй, æмæ уый не ’мдугонтæн дæр хъуыдыйаг уæд.

Дыууæ чиныгæй арæзт дыккаг том агургæ æмæ ’нæссаргæ хæзна у, Абайты Васойы зонадон бынтыл бæстон иртасæнтæ кæныны фæнд чи скæна, уыдонæн. Ивгъуыд XX æнусы астæуæй абоны онг ацы темæйыл фæфыстой сæдæгай ахуыргæндтæ, уыимæ, фæсарæнты дæр, æмæ ныр уæзгæдæр фæллæйттæ хаст æрцыдысты ног рауагъдмæ. Чиныгаразæг аххæссыд куыд 1952 азы кæрон арæзт ирон æвзагзонынадæй конференцийыл, афтæ Абайы-фырты кадæн уагъд къорд æмбырдгондыл æмæ периодикон мыхуыры уацтыл дæр. Уанеты Захар, Гаглойты Зинæ, Цагъаты Анастасия, Олег Трубачев, Салæгаты Зойæ, Джыккайты Шамил, Илья Гершевич, Ладислав Згуста, Адриано Валерио Росси, Владимир Кузнецов, Дзиццойты Юри, Гуыриаты Тамерлан, Гæбæраты Никъала, Танака Кацухико – æрмæст ацы нæмттæ ранымад дæр бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Æвзаг æмæ литературæйы, истори æмæ этнографийы, психологи æмæ политологийы къабæзты дæснытæ баиу сты стыр ахуыргонды ахъаззаг фæллæйтты тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъыны

тырнæнты. Се 'ппæты зæрдæтæм дæр фæндаг цæмæ гæсгæ ссардта, уый ирдæй рабæрæг филологон наукæты доктор, академик Олег Трубачевы ныхæстæй: «Думая об Абаеве, вновь и вновь вспоминаешь его светлые мысли, его весомое участие в суждениях и обсуждениях проблем далеко за пределами специальности. Сила суждений Абаева – в полной независимости от каких-либо течений и коллективных предпочтений, а это встречается не так уж и часто в наше время. Галльская прозрачная изящность речи в соединении с самой возвышенной восточной мудростью, эта понятная всем глубина, которая порой шокирует приверженцев темного плетения словес, эта манера говорить и писать, которую можно назвать суверенной, это качество, которое можно выразить лишь библейскими словами – «он говорил, как власть имущий», – он, Василий Иванович Абаев, никогда в этой жизни не занимавший «постов». Мы убеждаемся, что перед нами властитель дум».

Фарны лæг зæрдæскъæфт кодта зындгонд ахуыргæндты, йæхиуыл сæ баста, кæддæриддæр цæттæ уыд ныхас æмæ сын хъуыддагæй дæр баххуыс кæнынмæ. Уыцы къабазы йын цы бантыст, уымæн бæстон æвдисæн та у æртыккаг том. Ардæм хаст арфæйы телтæ, конференциты программæтæй æмæ æмбырдты протоколтæй зонинæгтæ, хъуыддаджы гæххæттытæ, дыууæ республикæйы алы азты сæргълæуджыты указтæ æмæ раныхастæ, фыстæджытæ, интервьютæ, цыбырæй загъд хъуыдытæ, суанг номарæн æмдзæвгæтæ дæр бабæстон кæнын та хицæн зын, фæлæ арфæйаг куыст уыд. Васо хорз библиотекæ æмæ архив ныууагъта, йæ райгуырæн Ирыстонмæ æрбахауой, ууыл бацархайдта, фæлæ хъуыд йæ бынтæ йын кæрæй-кæронмæ раиртасын, чингуытæ фæфæлдахын (уыдоныл фыст фæндиæгтæ æмæ фиппаинæгтæ хатт адæмы ахастытыл «официалон биографитæй» ирддæрæй фæдзурынц), газеттæ æмæ журналтæй ног æрмæг бафтауын. Бантыст ам дæр та Битарты Зойæйæн. Георгий Ахвледиани, Агънаты Æхсар, Аскольд Иванчик, Гаглойты Роберт, Ольга Дубинская, Хъазиты Мелитон, Дзасохты Музафер, бирæ æндæр адæмы арфæтæ кæнæ цыбыр мысинæгтæ, юбилейты рæстæг æнæмæнг зæгъын кæй фæхъæуы, ахæм æппæлæнтæ не сты. Уыдæттæй Васо йæхи дæр хызта æмæ иннæты дæр. Уыимæ, зонды фæрæз налхъуыт-налмастæ та – бирæ. Йæ 75 азы бæрæгбоны фæсивæдимæ кусæг ахуыргæндтæн загъта: «Куы мæ бафæрсиккой ныртæккæ, мах рæстæджы æппæты ахсджиагдæр кæцы зонад у, æвзагзонынад? – уæд

æз раттин дзуапп: «Нæу». «Физикæ?» – «Нæу». Ныртæккæ махæн æппæтæй ахсджиагдæр у æфсарм». Гъе, уыцы миниуæг баххуыс вæййы æхсæнады уæнгтæн Адæймагæй баззайыны тырнæнты, æмæ йæ фæндыд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзы иуыылдæр хайджын цæмæй уой. Кæнæ æндæр хабар. Æрыгон аспиранты тынг æхсызгон хъуыд Р. Траутманы чиныг. Æрмæст ма дыуу æ ахуыргондмæ баззад, æмæ йын æй сæ иу нæ радта. Уæд иннæмæ – Абайты Васомæ – дæр ныфссастæй бацыд, уый дæр мыл æй нæ баууæнддзæн, зæгъгæ. Васо кæд лæппуйы фыццаг хатт федта, уæддæр ын чиныг уайтагъд æнæхъæн сæрды æмгъуыдмæ радта. Афтæ йæ къух фæрог кодта фидæны академик Олег Трубачевæн. Уæдæ йæ Цхинвалы та суинаг поэтимæ зонгæ кодтой. Уайтагъд йæ цæсгом фæрухс: «Дæ чиныг райсын, бакæсын æмæ та йæ фæстæмæ сæвæрын! Райсын, бакæсын æмæ та йæ фæстæмæ сæвæрын!..» Цурон ныхасæн йæ кой дæр нæ уыд – æрмæст классикты нæ, фæлæ йæхи ‘мдугон фысджыты сфæлдыстад дæр хорз кæй зыдта, уый йемæ фембæлдтыты бæрæг дардта. Йæ ныхæстæй æвæджиауы ныфсы базыртæ кæуыл бафтыдта, уыцы лæппу Хъодалаты Герсан та сси Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат æмæ журнал «Фидиуæджы» сæйраг редактор.

Гъе ахæм кæстæртыл аудыны æвдисæнтæ дзæвгар ис, æмæ уыдоныл ныхас адарддæр чиныгаразæг Битарты Зойæйы уацы дæр. Уый ма йын раргом кодта йæ цæстæнгас политикæмæ. Ивгъуыд ХХ æнусы 90-æм азты райдайæны Ирыстоны Хуссары хæсты арт куы ссыгъд, уæд æй партократтæ æмæ гуырдзиаг журналисттæ цы зондахастыл бафтыдтой, уый æркодта, экстремистон цæстæнгас æм ис, зæгъгæ, ахæм æфхæрæн ныхæстæм. Афтæмæй та Васо йе ‘мтуг адæмы хæдбардзинадыл тохы ахсджиагдзинад хорз æмбæрста, æмæ-иу загъта: «Куыд рабæрæг, афтæмæй политикæ дæр цымыдисаг зонад у, æз та цæрæнбонты разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантимæ фæцархайдтон». Уый худæнбылæй дзырдта, фæлæ йæ 1988 азы Дзæуджыхъæуы, «перестройка» ирон æвзагмæ куыд растдæр ратæлмацгæнгæ у, зæгъгæ, куы бафарстæуыд, уæд дын афтæ куы фæкæнид: «Цæстфæлдахын, ома, жульничество, мошенничество». Æрмæст уымæй дæр бæрæг у, йе уæны кæсæгау бирæ хабæрттæ кæй уыдта, уый æмæ зыдта Советон Цæдисы æхсæнадон царды хъæнтæ æмæ хорз миниуджытæ дæр. Зойæйæн бузныг, æгайтма уæды рæстæджы фембæлдтыты тыххæй дæр йæ чиныгкæсæгæн радзырдта. Йæ хъайтары равдыста, куыд уыд, афтæмæй, йæ зондахасты кæцыдæр фæзилæнтæм

гæсгæ критикæйы аккагæй. Уыимæ, йæ хъуыдыты хал ын кæронмæ чи нæ райхæлдта æмæ бамбæрста, уыдоны цъыфкалæн ныхæстæнта ныххъуыырд радта, цардæй æвдисæнтæ æрхæсгæйæ.

Йæхæдæг царды философи цæй мидæг уыдта, уый та стыр ахуыргонд раргом кодта йæ хуыздæр ахуыргæнинæгтæй иу, Исаты Мæхæмæтимæ, ныхасы: «Сфæлдыстадон куыст æмæ адæймаджы фæлгонц – уыдон баззайынц хорзæн мысинагæй дзыллæйæн. Æппæт иннæ, адæймагæн йæ царды рæстæг ахсджиагыл нымад «номгæнæнтæ» ныффæнык вæййынц. Кæй ма бацымыдис кæндзысты абон, Аристотелæн цавæр хæдзар уыдис, Менделеев цы бынæтты куыста, Эйнштейнмæ цавæр цинтæ æмæ хæрзиуджытæ уыд, уыдæттæ?! Хорз уаид, адæймаг-иу æрмæст, йæ амæлæты фæстæ йын цы аргъ кæндзысты, ууыл хъуыдыгæнгæйæ куы архаид, уæд. Цас рæстæг æмæ хъарутæ сфæстауæрц кæнид афтæмæй, йæхи равдисыны охыл стыр бынæттыл тохы бæсты æхсæнадæн ахъаззаг хъуыддæгтæ аразгæйæ».

Раст афтæ фæцард Васо йæхæдæг. Бирæ дæр ын уымæн бантыст, æмæ йæ райгуырæн дзыллæйæн сомыгæнæн дæр уый тыххæй сси. Ныр йæ номарæн чингуытæ хуры хъарм тынтау æндавдзысты, хъуыдыгæнынхъом æй чи уа, йæ зонды ныхасмæ йын чи хъуса, йæ уыцы фæдонты. Йæ фарнтауæг дзырд сын сæ размæ чи рахаста, уыцы Битарты Зойæ та ма фæллайæд Адæймаг æмæ Хъуыдыгæнæджы фæлгонц дарддæр нывæндынæй!

## ÆВЗАГ – ЦАРДДÆТТÆГ ТЫХ

Йæ мадæлон æвзаджы хæзнатæ иртасыны охыл Бетъырбухмæ чи фæцыд, фæстæдæр бирæ азты дæргъы йæ курдиат Мæскуыйы чи æхсыста, уыцы лæппуйæн Дзырд сси царддæттæг тых. Йæ бирæ куыстытæ мыхуыргонд цыдысты Советон Цæдисы æмæ фæсарæнты, фæлæ сын сæ сæйрагдæртæ уæддæр, чи нæма рацыд, уыдонимæ иумæ хицæн томтæй рауадзыны хъæппæрис æрæгмæ фæзынд. Куы фæзынд, уæд та йын йæ рæзæнтæ хъысмæт адзæнгæл кодта.

1990 азы райдайæны цыппартомон рауагъд «Избранные труды»-йы сæрæвæрæн чиныджы Абайты Васо йæхæдæг ныффыста, куыд арæзт уыдзысты, уый тыххæй æмæ бузныг загъта йæ ахуыргæнинаг, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты зонадон кусæг Гусалты Виталийæн. Уый райста йæхимæ æрмæгыл техникон æгъдауæй бакусыны хæс, сси зонадон проекты автор æмæ фыццаг дыууæ томы аразæг. Гъе, фæлæ уый

ӕнӕнхъӕлӕджы йӕ цардӕй ацыд, ӕмӕ ацы куыстмӕ дӕсгай азты цӕстдарӕг нал фӕци.

Номдзыд ахуыргонды бынтӕ бӕстонгондӕй рауадзыны рӕстӕг ӕрцыд ӕрмӕст йӕ 120 азы юбилейы дуджы. Уӕрӕсейы Наукӕты академийы Дзӕуджыхъӕуы наукон центры хъӕппӕрисӕй рауагъдад «Ир»-ы 2020 азы рухс федтой удварны ӕцӕг хӕзнатӕ, зонады дунейы ӕгӕрон ахсджиаг нысаниуӕг кӕмӕн ис, ахӕм чингуытӕ.

Амынд центры директор, историон наукӕты кандидат Цыбырты Алексей кӕд Абайты Васойы комкоммӕ ахуыргӕнинаг нӕу, уӕддӕр, бӕлвырдӕй, табу кӕны йӕ ном ӕмӕ йӕ бавӕрӕнӕн зонады дунемӕ. Сӕйрагдӕр уый архайды руаджы ссардӕуыд архивты, ӕртыккаг ӕмӕ цыппӕрӕм томмӕ чи хъуамӕ бацыдаид, уыцы ӕрмӕг. Кусгӕ та йыл бакодтой центры дӕлхайӕдты разамонджытӕ – Цӕгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон ӕмӕ социалон иртасӕнты институты директор, историон наукӕты доктор Хъаныхъуаты Зӕлинӕ ӕмӕ Скифаг-алайнаг иртасӕнты центры разамонӕг, филологон наукӕты кандидат Сӕлбиты Тамерлан. Уӕдӕ фыццаг дыууӕ томы уал азмӕ, иуӕй, зын ссарӕн систы, иннӕмӕй та баххӕст кӕнынхъуаг уыдысты. Гъемӕ ацы ахуыргӕндтӕ – редколлегийы уӕнгтӕ – рауагъдады редакторты къордимӕ иумӕ ногӕй сыл бакусынмӕ сарӕхстысты.

Афтӕмӕй «Равзӕрст куыстыты» («Избранные труды») фыццаг томмӕ раздӕрау хаст ӕрцыдысты дин, адӕмон сфӕлдыстад ӕмӕ литературӕимӕ баст иртасӕнтӕ. Чи сӕ бакӕса, уый, ӕвӕццӕгӕн, сразы уыдзӕн, сӕ автор, ӕвзагзонынады бӕсты, уыцы ӕртӕ къабазӕй искӕцы равзӕрста, зӕгъгӕ, уӕддӕр ын дзӕвгар кӕй бантыстаид. Йӕ дӕсныйадмӕ гӕсгӕ сӕм ныр сӕйрагдӕр ӕвзаг иртасыны «айдӕны» каст, фӕлӕ уӕддӕр дызӕрдыггаг нӕу, дины историк, адӕмон сфӕлдыстад ӕмбырдгӕнӕг ӕмӕ ӕвзарӕг, фысджыты бынты тыххӕй ног ныхас зӕгъӕг дӕр кӕй суыдаид.

«Дин», зӕгъгӕ, уыцы хайы ӕргом сӕхимӕ здахынц, зӕгъӕм, уацтӕ «Скифский быт и реформа Зороастра», «Культ «семи богов» у скифов» ӕмӕ «Дохристианская религия алан». Мӕнӕ ахуыргонды сӕйрагдӕр хатдзӕгтӕй иу: «Авд хуыцауӕн» кувын уыд скифаг-сӕрмӕтаг знӕмты, Геродоты рӕстӕджы скифтӕй аланты уылты нырыккон ирӕттӕм чи ӕрхӕццӕ, ома, 2500 азы дӕргъы чи ныффидар, дины ахӕм ӕгъдау. Скифты авд хуыцауы пантеон Зороастрмӕ ницы бар дары; уыдон ӕй райстой Зороастры дуджы агъоммӕ». Уац «Культ «семи богов у скифов»-ӕй ист

ацы хъуыдыйæ ахуыргонд ног фæлтæрæн амоны зонадон фæндæгтæ ивгъуыдмæ, матриархаты идеологийæ дзуæртты нысаниуæджы темæйы онг.

Уæдæ адæмон сфæлдыстады алæмæты дунемæ бæлццонæн та бæркадджын «фæндаггаг» суыдзысты «Изучение эпоса народов СССР», «Нартовский эпос осетин», «Осетинская традиционная героическая песня» æмæ иннæ хрестоматион уацтæ. Уыимæ сæ автор хоны иу кæнæ иннæ фарстайыл æмзондæй æрдзурынмæ æмæ афтæмæй фыдæлты удварны хæзнаты къæбиц арфдæр басгарынмæ.

Уыцы ныхæстæ зæгъæн ис Хетæгкаты Къостайы, Малиты Георгийы, Гæдиаты Секъайы сфæлдыстадыл хъуыдытимæ уацты тыххæй дæр. «Ирон аив литературæйы традициты бындурæвæрджыты нæмттæ нын, æнæмæнг, хъуамæ табуйаг уой уыцы хуызы, æмæ сын æдзух тырнæм сæ куырыхон зонды суадонæй нуазынмæ. Фæлæ уыимæ иртасын хъæуы се сфæлдыстадон бынты æвзаджы хицæндзинæдтæ, литературон процессыл ахадындзинад æмæ бирæ æндæр хабæрттæ», – ахæм ныстуан-курдиат æргом загъд нæу, фæлæ æнцон бамбарæн у авторы зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхасæй йæ чиныгкæсæгимæ.

Рауагъды дыккаг томмæ хаст иумæйаг æмæ абарынадон æвзагзонынады къабазы куыстыты уыцы зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас адарддæр ахуыргæндты æхсæнадимæ. Рæстæг куыд равдыста, афтæмæй уыдонæй бирæтæ сæ цæст æрæвæрдтой ахæм иртасæнтыл, куыд «Язык как идеология и язык как техника», «Языкознание – общественная наука», «История языка и история народа», «Скифо-европейские изоглоссы», «К вопросу о прародине и древнейших миграциях индоиранских народов».

Йæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл чи тыхсы кæнæ æппындæр кæй не ‘ндавы, уыцы адæм та се ‘ргом аздахæнт цыбыр, фæлæ арф хъуыдытæй йемыдзаг уац «За родную речь»-мæ. Дард Мæскуыйæ дæр уыдта, ирон æвзаг цы уавæры ис æмæ 40 – 50 азы фæстæ цы утæхсæнты бахаудзæн, уый. Æмæ мæнæ фидæны фæлтæртæм «фыстæгæй» хъуыдытæ: «Дыууæ æвзагыл дзурын – уый нæ цардыуаг, нæ хъысмет у… Ноджы ма дыууæ æвзаджы дæр дæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ куы ахуыр кæнай, уæд æппындæр ницы цæлхдуртимæ æмбæлдзынæ. Ацы хъуыддагæн æвдисæнтæ зонады бирæ æрæмбырд зæххы цъары алы рæттæй. Æз гимназы Тифлисы ахуыр кодтон. Мæ къласы уыдысты гуырдзиæгтæ, сомихæгтæ, азербайджайнæгтæ, ирæттæ. Суанг ма нæм иу латышаг æмæ иу польшæйаг дæр уыд. Æмæ иууылдæр дзырдтам дыууæ æвзагыл. Хæдзары, бинонты ‘хсæн, зæлыд мадæлон æвзаг. Уый æдде, фыццаджыдæр, скъ-

олайы, сæйрагдæр уыд уырыссаг. Æмæ дыууæ æвзагыл дæр æнцонæй дзырдтам. Махæн, нæ ныййарджытæн æмæ ахуыргæнджытæн, уый ницы зындзинад уыд. Мадæлон æмæ уырыссаг æвзагæй иу равзарын хъæуы, зæгъгæ, уыцы зондахаст æркодта уымæ, æмæ ирон интеллигенцийы иу хай йæ мадæлон æвзагыл суæлæхох, нал дзы пайда кæнынц бинонты 'хсæн дæр. Уый сагъæстыл æфтауы. Иугæр суанг кæцыдæр цæрæгойтæ æмæ зайæгойтæ Сырх чиныгмæ хаст цæуынц, æмæ сæ уæлдай æнувыддæрæй хъахъхъæнынц, уæд æвзаг – аргъ кæмæн нæй, алы адæймаджы ахæм культурон хæзна та ноджы хъахъхъæнинагдæр у». Иугæр нын ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ зонды хос не сты, уæд ма цæуыл дзурæм, æмæ ма дунейы адæмыхæттыты картæйыл цал азы афæстиат уæвынмæ хъавæм?! Уæдæмæ нæ куырыхон хистæрмæ байхъусæм, ирон ныхас, ирон чиныгæн «мидæмæ рацæут» зæгъæм, æмæ уæд фыдæлты фарн нæ хæдзæртты æрцæрдзæн. Ноджы ма, чиныджы «Дзырдты историйæ», зæгъгæ, уыцы хай бакæсгæйæ, æхсæстæй банкъарæн ис, æвзæгтæ кæрæдзийыл рæхысы цæгтау æнгом баст кæй сты. Кæцыдæр æвзаг фесæфт, зæгъгæ, уæд иннæ æвзæгты бирæ дзырдты мидис дæр æмбæрстгонд нал вæййы, æмæ уыдон дæр рохуаты фæлмы анығъуылынц. Уый ма нын бæрнондзинад банкъарынæн ноджы иу фæрæз – ма бацæуæм нæ номдзыд ахуыргонды зæрдæхудты, æмæ «æвзæгты æнгом бинонты» ма фæкъахыр кæнæм…

Æртыккаг томмæ хаст æрцыдысты ирайнаг æвзæгтæ æмæ аланты истори иртасынимæ баст куыстытæ. Ам дæр та «æрттивынц» ирон æвзаджы «айдæны», фæлæ йæ зонадон бынтæ, кæддæр-нæуæддæр иу цъары бын æмбырдгондæй (рухс фыццаг хатт чи уыны, ахæм æрмæджытимæ иумæ), ахъаззаг уыдзысты историктæн, этнографтæн, литератортæн… Уыдонимæ иумæ та радон хатт йæ зонындзинæдтæ фæхъæздыг уыдзысты хуымæтæг чиныгкæсæгæн дæр. Уый æрмæст сæрæвæрæн уац «Происхождение и культурное прошлое осетин по данным языка» куы бакæса, уæддæр цас диссæгтæ-тæмæссæгтæ базондзæн! Абайты Васо йæхæдæг ацы куыст нымайы йæ райгуырæн адæмы историмæ лингвистикон разныхасыл, æмæ йæ фысгæ дæр ахуыргæндты æхсæнадæн ныккодта. Иугæр «разныхас» – уæд бындурæвæрæн къæпхæнæн, сæйраг уагæвæрдтæ равдисынæн. Фæлæ та ам дæр ирæтты удварны хæзнайы рæзты процессыл æнцонæмбарæн æвзагæй афтæ бæстон æмæ арф дзуры, æмæ йын йæ фæллой монографион нысаниуæгимæ куыстыл банымайæн ис. Ирон æвзаг

æвзæрстæуы куыд «историон суадон», индоевропæйаг системæйы рæбинагдæр цæджындзтæй иу. Дарддæр – æвзаджы сæйраг лексикон фонды мидисамадыл афæлгæст æмæ ирæттыл, куыд ирайнаг скифты байзæддæгтыл, ныхас. Ноджы ма – кавказаг адæмыхæттыты æвзаг æмæ культурæимæ бастдзинæдтæ æмæ алыхуызон культурæты тæваг æвзарыны фæлтæрддзинад. Æмтгæй райсгæйæ та нæ бауырны ахуыргонды хатдзæг: «Ирон æвзаг у кавказаг субстратыл сырæзæг ирайнаг æвзаг. Фыссынады рагон цыртдзæвæнтæ кæд фаг нæ баззад, уæддæр абарстытæгæнæн лингвистикон анализы руаджы ирон æвзаджы ивгъуыдыл фæлгæсæн ис дыууæ мин азæй фылдæр рæстæг. Мах уынæм, уыйас дугивæнты æвзаг куыд цард, рæзыд, ивта æмæ, æвзаджы царды адæмы цард куыд æвдыст цыд, уыдæттæ». Иугæр æвзаг историйы ратæдзæнтæ дæр æвдисы, уæд ахуыргæндты авналæнтæ парахатдæр сты. Цы хуызы æмæ сæ цы фарстатыл архайын хъæуы, уый тыххæй дæр Абайты Васо дзуры æмбæхст, кæнæ фаг чи нæма раргом, ахæм æвæрæнтæм амонгæйæ, уыимæ, алан-ясты тæвагимæ венгрийаг æвзагыл.

Ацы проблематикæмæ хæстæг сты «Сложные слова – хранители древней лексики», «Ритмика осетинской речи», «Древнеперсидские элементы в осетинском языке», «Аланские культурные термины в кавказских языках» æмæ иннæ куыстытæ.

Цыппæрæм, кæронбæттæн том «Уацтæ æмæ раныхастæ» хуымæтæг чиныгкæсæгæн уæлдай цымыдисагдæр уыдзæн. Уый дæр райдайы абарæн æвзагзонынады къабазы иртасæнтæй, фæлæ ма йæм хаст æрцыдысты, зæгъæм, ахæм куыстытæ дæр: «Скифы и осетины», «Древнеосетинская Зеленчукская надпись», «150 лет жизни одного языка», «Этногенез осетин по данным языка», «Скифо-сарматские наречия». Ноджы ма – зындгонд лингвистты чингуытыл рецензитæ. Ам дæр къорд иртасæн куысты мыхуыргонд цæуынц фыццаг хатт.

Ахуыргонд ахæм уавæрты дæр бахауы, æмæ йын йæ равзæрст фæндагыл бæстон-бæлвырд æрмæг нал фæфаг кæны. Скифаг-сæрмæтаг ныхас чи иртаса, уый дæр æнæмæнг къуырцдзæвæнмæ æрцæудзæн. «Ралæууыд скифаг-сæрмæтаг ныхасы æвзаджы æрфыст снывæндыны дуг. Цы зонинæгтæ нæм ис, уыдоны руаджы æмбæлы йæ лексикæ, фонетикæ, грамматикæ йын сæндидзын æмæ йæ афтæмæй æвзаджы системæйы хæйтты хуызы равдисын», – зæгъы уый фæдыл Абайты Васо йæ куыст «Скифо-сарматские наречия»-йы. Æмæ сиды, æмбæрстгонд дзы цы нæу, уыдæттæ ирон æвзаджы æмæ йæ дыгурон диалекты къæбицы агурынмæ. Уый тыххæй дæтты скифаг ныхæсты дзырдуат.

Сæ фæдон ирæтты æвзаджы уыцы ныхæстæ баззадысты æмæ фадат дæттынц «æхгæд дуæрттæ» байгом кæнынæн.

Бирæ сты нырма зонады хуымгæнды, се 'мбырдгæнæгмæ чи æнхъæлмæ кæсы, ахæм бæркæдтæ. Æрæмбырд сæ кæнынæн ахъаз та сты Абайты Васойы равзæрст куыстыты хуызæн рауагъдтæ. Бирæвæрсыгæй ахады Адæймаг æмæ Хъуыдыгæнæджы ныхас нæ цардыл, кæсынмæ æмæ йæ кæстæр фæлтæртæм адæттынмæ куы нæ зивæг кæнæм, уæд. Уымæн, æмæ уый арæхст, зонады домæнтæн дзуапдæттæг иртасæнтæ кæнгæйæ, уыцы иртасæнты йæ дзыллæмæ зæрдæмæхъаргæ æвзагæй дзурынмæ, æмæ йын йæхи Зонды мæсыг самайын дæр уый тыххæй бантыст…

* * *

Æвæджиауы бавæрæн систы зонад æмæ культурæмæ Абайты Васойы равзæрст куыстыты æмæ йæхи тыххæй чингуытæ. Фæлæ, æхсæнады размæ сæ чи рахаста, уыцы Битарты Зойæ æмæ Цыбырты Алексейæн номдзыд ахуыргонды номыл ацы фæллой сæ фыццаг фæлтæрæн нæу. Битарон ма фæстаг азты хицæн чиныгæй рауагъта «Авеста». Бахаста йæм, йæ ахуыргæнæг 1982 – 1983 азты уыцы рагон ирайнаг литературæйы цыртдзæвæны тыххæй цы лекцитæ бакаст, уыдон бæстон равзæрстæй фиппаинæгтимæ. Цыбыры-фырт та, «Да, ночью верить в свет…», зæгъгæ, уыцы чиныджы ныммыхуыр кодта Абайты Васойы æмæ Жорж Дюмезилы фыстæджытæ.

Абайты Васойы Ирыстонæн цы Хуыцау радта, уымæй дарддæр дæр рох ма уæд, ахуыргондæн йæ куыстытæ бæстонгæнджытæ та фылдæр уæнт. Æмзондæй бацархайæнт, архивты ма цы æрмæг ис, уый дæр адæмы размæ рахæссынал æмæ йæ сæйраг куыст – «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат» – ногæй рауадзынил. Ис ма хуызистыты альбом кæнæ, зæгъæм, телерадиоравдыстытæй æмæ стæмхатт æмбæлæг æрмæджытæй «Сызгъæрин хъуыдыты» æмбырдгонд саразæн. Нæхи удыбæстæйæн, нæ кæстæртæн стыр хæрзты бацæуынын охыл…

**ЛИТЕРАТУРÆ:**

Абаев В. И. Избранные труды в 4 томах. – Владикавказ: Ир, 2020.

Авеста. Лекции В.И. Абаева (1982–1983) с анализом и комментариями. – Цхинвал: Республика, 2016.

Фарн Вассо. 3 тома в 4 книгах. – Цхинвал: Глобус, 2020.

Чибиров А.Л. Да, ночью верить в свет… Письма В. Абаева и Ж. Дюмезиля. – Владикавказ: Ир, 2020.

МАХ ДУГ Литературон журналы дунеон преми

*БЕТЕТЫ Фатимæ*

# ЗÆРИН ФÆЗЗÆГ

* * *

Хур цыма къæрттытæй уазал зæхмæ хауы,
Тар мигъты къуылдымтыл расæрфы йæ тын.
Ис цыдæр æрхæндæг хуры цæстыхауты,
Раст цыма фæсхохы нал ары йæ фын.

Хъавгæйæ, хатыргур, къæдзæхтæ æрфасы...
Ацахсы йæ тынтæ цинæнхъæл мæ арм.
Уый ма зона зæрдæ, хуры цæстæнгасы
Алкæйы рыст уды фаг кæй нæ и хъарм.

Батади та а бон, басабыр и бæстæ.
Агуры йæ бартæ тар æхсæв, мæйдар.
Ма æнкъард кæн, зæрдæ, хурзæрины фæстæ,
Уарзт æмæ бæллицтæ рухс цырагъæн дар.

* * *

Арвæй ахсæв æвзист æндæхтæй
Уалдзæг зæххыл йæхи æруадздзæн.
Цардбæллонæй уæззау æртæхтæй
Ног ныфсытæ бæстыл æртаудзæн.

Уады ивæзгæ зарæг хъуысы.
Уый кæрæдзимæ скъæфынц мигътæ.
Сисынц дугътæ, ‘мæ уайтагъд сысы,
Чи фæразæй, къæдзæхы тигътыл.

Бæрз бæлæсты æвзонг сыфтæры
Бахъуыд абон æхсызгон хъусæг.
Цы фæдзурынц сæ буц сæр-сæры,
Уый нæ ахсæв нæ кæнынц сусæг.

Куы ӕртыхсынц мӕ алварс рогӕй
Бӕрзы хъус-хъус ныхасау сӕнттӕ,
Цыма хъусын дӕ хъӕлӕс ногӕй,
Цыма ногӕй уынын дӕ фӕдтӕ.

Фӕлӕ дард дӕ, мӕ фын мӕ сайы.
Не 'хсӕн къӕвдайы 'ртӕхтӕ минтӕй.
Риуы зӕрдӕ уӕддӕр куыд райы,
Иу къӕвдамӕ кӕй лӕууӕм, уымӕй.

* * *

Зымӕг куы уафы халасӕй зӕлдаг,
Куы тайы миты урс бындзыг мӕ русыл,
Мӕ зӕрдӕ мысы уалдзыгон къӕвда.
Мӕ мидфыны йӕ мынӕг зарӕг хъусын.

Цыма та зивӕг райдыдта рӕстӕг...
Ӕви йӕ махӕй ацӕуын нӕ фӕнды?
Ӕвӕццӕгӕн, нӕ уазалдзӕст хӕстӕг
Нӕ удты тарӕй аргъӕуттӕ нывӕнды.

Фӕлӕ тӕрсы ӕцӕгӕлонбӕстаг –
Йӕ кӕстӕр ӕм ныридӕгӕн ӕвзиды.
Рӕхджы та зӕрдӕ, ног ныфсытӕй дзаг,
Сызгъӕрин хурыл цин кӕндзӕн ӕхсиды.

## ФӔЗЗЫГОН ИЗӔР

Фӕззыгон даргъ изӕр фӕлмытӕй
Ӕртыхсти бӕлӕсты цӕнгтыл.
Ыздыхсынц ӕртӕхтӕ кӕлмытӕй
Мӕ талынг рудзгуыты ӕвгтыл.

Ӕмбӕрзы дунейӕн йӕ зӕлтӕ
Кӕлӕнгонд уарыны хъӕлӕс,

Æмæ уæлдай аив мæ зæрдæ
Куы хъусын ацы æхсæв æз.

Кæны уый фæззæгæн йæ зарæг:
Кæм и йæ цин æмæ йæ рис,
Кæм и йæ сафæг æмæ дарæг,
Йæ дард, йæ удхæстæг æмбис...

Йæ хъусæг бацæуы уæд дисы:
Уый уыцы сагъæсты ызнæт
Дæумæ куы аскъæфы фæдисы,
Фæлæ дæ рудзгуытæ – æхгæд...

Æмæ æнæнхъæлгæ хæларæн
Дæтты зæрин фæззæг йæ арм,
Зæрдæ йын арвиты лæварæн
Йæ сыгъдæг цæстысыгты хъарм.

* * *

Æхсæвы сау-сауид цæстыты
Æмбæхсы тарф сагъæстæ арв.
Æрхæндæг ‘нæсæрфат хъуыдытæ
Зæрдæйæн агайынц йæ арф.

Ныгъуылы хъысмæты гуылфæнты
Æнкъардæй сонт зæрдæ. Уæддæр
Нæ царды артуадзгæ уылæнты
Фæразын ленк кæнын æз дæр.

Фæйлауы уазал дымгæ. Уары…
Цæссыгау – сур зæххыл æртах.
Фæсмонæй уд йæхи фæмары,
Фæсмойнаг арæх вæййæм мах.

*ДЗГОЙТЫ Маринæ*

# ÆВДАДЗЫ ХОС

*Аргъау*

Комы нарæг. Райсомы хур рындзæн ахъæбыс кодта, стæй йæ тынтæ æруагъта уæлдунейæ дæлæмæ, æмæ бæстæ сабыргай райхъал. Бæрзонд урссæр хохы цъуппытæ хуры тынтæм цæхæртæ калынц. Уæлæуæз, кæмдæр цъититы 'хсæн, бынтон уæле, йæхи уæздан æппæрст бынмæ 'ркодта цæугæдон. Уый фæндагыл хаттæй-хатт афтæ стырындз вæййы, æмæ дзы йæ уæздан уагæй ницыуал баззайы.

Фæлæ уымæн ницы зонынц, йæ рæбын цы дидинджытæ зайынц, уыдон. Дон сæм йæхи сабыр ауадзы, дидинджыты йæхиуыл баууæндын кæны, уыдон æм хæстæг сæхи æрбайсынц, цыма сæм сусæг ныхас ис, афтæ. Раст уыцы заман дон ныггуылф кæны, æмæ дидинджытыл сайд æрцæуы: йæ разæй сæ ахæссы… Цæй æуууæнк ис æрдзыл?..

Хæхты бын ахæлиу, алырдæм апырх æнусон хъæд. Цы бæлас дзы нæ фендзынæ, æвæдза: бæрз дардæй дæр бæрæг дары йæ хъал уынд æмæ кондæй, фидар тулдз гыркъотæ лæвар кæны хъæддаг хуыйæн. Гæды бæласы сæрæй разарыд булæмæргъ йæ кæлæнгæнæг хъæлæсæй. Фæрвы къалиутæ дымгæ базмæлын кодта. Уый уарзы уымæл рæттæ, цæугæдоны фарсмæ дæр уымæн æрзайы. Ныллæг, донмæ хæрз хæстæг, æруадзы йæ къалиутæ, цыма йæ мæстæй фæмары. Дон, мæнæ бавналон сæм, зæгъгæ, куы ныггуылф кæны, уæд бæлас йæ къалиуыл уæлдæр схæцы, æмæ та дон мæстджынæй, йæ пырх дидинджытыл калгæ, уым дæлæмæ аскъæры…

Хъæды астæу иунæгæй хизы саг: хæрзконд, йе стыр цæстытæ кæсынц даргъ цæстыхауты бынæй, цæстыты астæу ныхыл урс тъæпп… Æнкъард у саг … Цин дæр цæуыл кæна? Иннæ сагтæ йæ раджы асырдтой сæ разæй, уымæн æмæ уыдоны хуызæн нæу... Раст, мæй иу хатт цæлхыдзагæй кæсын куы райдайы, уæд, фæрв бæласы рæзты цы цæугæдон кæлы, уым йæхи æрæхсы æмæ та саг диссаджы рæсугъд чызг фесты! Чызг йæхи куы фены доны, уæд ставд цæссыгæй ныккæуы. Æрхъуыды та кæны йæ бинонты, адæймаг кæй у, уый, æмæ йæ рыст ноджы арфдæр зæрдæмæ ныххизы.

Куы нæма райгуырд чызг, раст уыцы заманты, йæ фыд бирæ уарзта цуаны цæуын… Иуахæмы ацыдысты сыхаг лæгтимæ. Суанг хъæды астæумæ куы бахæццæ сты, уæд ахæлиу сты алырдæм. Кæмдæр разæй лæг ауыдта сагты къорд. Сабыргай сæм йæхи байста. Йæ къахы бын къалиу æрсаст. Саг у тынг къæрцхъус цæрæгой – уынгæ дæр хорз кæны, фæлæ уымæй хуыздæр та кæны хъусгæ.

Батыхстысты, бамбæрстой сагтæ, хорзæй сæ кæй ницæмæ æнхъæлмæ кæсын хъæуы, уый æмæ лидзыны фæнд скодтой. Дæле æнцад хызт саджы род, уый уыцы хабарæн ницы бамбæрста. Мадæл саг бадзырдта йæ лæппынмæ, фæлæ уый йæ бынатæй дæр нæ фезмæлыд, ахæм хивæнд уыди. Уæдмæ хæцæнгарзы хъæр ссыд, æмæ йын нæмыг йæ тæккæ зæрдæйы фæсагъд. Саг базгъордта йæ лæппынмæ, йæ алыварс цалдæр хатты æрзылд: куы йын йæ фындз асдæры, куы – йæ ных, йæ къах, йæ синтæ. Куыд кæна? Куыд баххуыс кæна йæ хъæбулæн? Уый ма йæ мадмæ иу каст скодта, йæ цæссыг йæ мукъуйыл æртахт, йæ цæстытæ джихæй аззадысты… Саг раззаг зонгуытыл æрхауд æмæ æнахуыр ниуд ныккодта. Хъæбулы сæфт фыдгул дæр ма бавзарæд!..

Уыцы афон лæг цингæнгæ размæ тырныдта, ныр хъуамæ саджы дæр амара. «Уый дын гъе, – хъуыды кодта лæг, – абон цы æнтыстджын цуан кæнын». Хæцæнгарз фелвæста æмæ бахъавыд сагмæ дæр. Лæг куы ‘рбахæстæг, уæд саг сыстад йæ лæппыны разæй: нæ, тæрсгæ нæ фæкодта! Ныр ницæмæйуал тарст: лæгмæ бакаст. Сырды цæстытæ дон фестадысты, цæссыг дзы гæр-гæр кодта. Адæймæджы хъæлæсæй сдзырдта:

– Абон ды мæ хъæбулæн нæ фæтæригъæд кодтай æмæ йæ амардтай! Фæлæ тагъд дæуæн дæр уыдзæн саби, æмæ ме ‘лгъыст фæуæд! Мæ цæссыгтæ мын хæсæй айс æмæ мын сæ дывæрæй бафид! Нырма дæ хъæбулæй æфсæдгæ дæр куы нæма бакæнай, уæд саг фестдзæн, хъæдмæ фæлидздзæн æмæ йæ зонгæ дæр нал кæндзыстут, уынгæ дæр æй нал фæкæндзыстут! Мæ хъæбулау дын фæуæд!

Мады ‘лгъыст цæуаг у, уый фыдæлтæй баззад. Саг куыд ралгъыста, афтæ æрцыд. Цуаноны чызг саг фестад, авд хохы сæрты хъæдмæ фæлыгъд, аргæ дæр æй ничиуал скодта, уынгæ дæр. Фыд йæхи хордта алы бон, йæхи аххосджын кодта, фыр мæтæй низ бакуыста æмæ бирæ нал ахаста…

Чызг саг куы фестад, уæд æй æрæгмæ бамбæрста, цы йыл æрцыд, уый… Ныр никуыуал фендзæн йæ бинонты, не ‘рбахъæбыс кæндзæн йæ мад æмæ йæ фыды, фæлæ гæнæн нæй, бонтæ цыдысты, æмæ сабыргай саг сахуыр хъæдыл, йæ хæдзар æй схуыдта æмæ дзы цæрынтæ байдыдта. Рох кæнын райдыдта, кæм цард, кæцæй у, уыдæттæ. Адæймаг кæй у, уый дæр æй ферох уыдаид, æвæццæгæн, мæй цæлхыдзагæй арвæй куы ныккæсы, уæд-иу саг, доны йæхи æхсгæйæ, æмбисонды рæсугъд чызг куынæ фестадаид, уæд!

Раст доны иннæ фарс йæхи айтыгъта быдыр, йæ кæрон та æрæнцадис иу хъæу. Тынг бирæ фæсивæд уыдис уым: иу сæ иннæмæй хæрзконддæр, домбайдæр, хъæбатырдæр: уыдон быдырæй хъазæн фæз скодтой сæхицæн æмæ дзы ерыстæ арæзтой. Саг сæм дардæй арæх каст: уæд-иу сæ фаттæ бавзæрстой, уæд бæхтыл дугъы уадысты, уæд хъæбысæй хæцыдысты, уæд та-иу хъазт сарæзтой æмæ-иу кафынтæ байдыдтой. Алы хатт æмбылдта иу лæппу – саудзæст, уæнгрог, ныфсхаст, тыхджын æмæ диссаджы кафаг. Цас сæм каст саг – лæппуйыл ничи уæлахиз кодта.

Иу хуыцаубон, мæй цæлхыдзаг арвыл куы ныззылд, уæд та саг бæласы бынмæ йæхи æрбайста, доны æрæхсадта йæхи æмæ та адæймаг фестад. Раст уыцы рæстæг дардæй райхъуыст фæндыры цагъд. Тынг бафæндыд чызджы фенын хъазт. Йæ дзыккутæ абыдта, раст йæ астæумæ хæццæ кодтой бæзджынæй. Фæгæпп кодта, къабайы бынтыл схæцыд, цæмæй доны сæрты æнцондæрæй ахизын йæ бон уа, æмæ уым фалæмæ фæраст. Фæзы уым дæлæмæ атындзыдта æмæ хъæугæронмæ ныххæццæ. Ныр æм фæндыры зæлтæ хуыздæр хъуыстысты. Æрлæууыд, иучысыл ахъуыды кодта, æмæ та – размæ. Бæстыл цъиуызмæлæг нæй, стырæй-чысылæй чындзæхсæвы сæхи ирхæфсынц. Фæндыры цагъд хæстæгæй-хæстæгдæр кæны.  Раст ма цалдæр хæдзары куы баззад, уæд чызг æрлæууыд. Къæхтæ размæ нал цæуынц, катай кæны, нæ уæнды. Уæлынмæ кæртæй лæппутæ рауадысты.

– Ацæмæз, кæм баззадтæ? – бахъæр сæ кодта мидæмæ иу.

Цæрдæг уад ракодта бæрзонд, бæзæрхыг лæппу. Чызджы къæхтæ бæмбæг фестадысты. «Мæнæ ис уыцы саудзæст…Ацæмæз…» Зæрдæйы фæдисон гуыпп-гуыпп ссыд. Цалынмæ чызг хъуыдытæ кодта, уæдмæ лæппутæ цыдæр фесты. Куыд ма аздæха фæстæмæ

ныр? Гæнæн нæй, чызг сабыргай кæрты ‘рдæм фæраст. Фæндыр не ‘нцайы, хъазт сарæзтой æмæ къæрццæмдзæгъд кæнынц. Чызг дæр кæронæй æрлæууыд æмæ, æмдзæгъд кæнынмæ йæ къухтæ куыд æрцæттæ кодта, афтæ фæстъæлфыд. Стæй алырдæм ракæс-бæкæс кæны. Куыд рагæй нал федта уыйбæрц адæм, адæймаджы ныхас куыд рагæй нал фехъуыста…

«Ацæмæз! Ацæмæз!» – райхъуыст алырдыгæй. Фæсивæд фæйнæрдæм алæууыдысты, æмæ лæппу размæ рацыд. Алы чызджы дæр фæндыд йемæ ракафын, алы чызг дæр æнхъæлмæ каст. «Цы бæллæхы хæрзконд у Ацæмæз, – хъуыды кодта чызг. – Æмæ ныр кæй рахона кафынмæ, уый цæй амондджын у…»

Чызг йæ зæрдæйы сæр йæ къухтæ авæрдта. Афтæ йæм фæкаст, зæгъгæ, йæ зæрдæ ахæм хъæрæй хойы риуы къæй, æмæ хъæубæстæ нæ, фæлæ ма Иры дзыллæмæ дæр хъуысы. Лæппу та дыккаг хатт дæр рахуыдта чызджы, фæлæ уый йæ бынатæй не змæлы. Уæд æй чидæр фæсте фесхуыста, æмæ Ацæмæзы уæлхъус алæууыд. Чызгмæ афтæ каст, цыма, цыдæриддæр ныр цæуы, уыдон йæ фыны уыны. Гыццыл фæуæндондæр, кафын райдыдтой, уæдæ цы. Ахæм кафт кодтой, ахæм, æмæ сæм уæдмæ чи нæ каст, уыдон дæр хæстæгдæр балæууыдысты. Ацæмæз-иу ныззылд, цæргæсау-иу йæхи хæрдмæ фехста, йæ къахфындзтыл-иу алæууыд æмæ-иу бакафыд чызгмæ. Куы-иу йæ разæй, куы йæ фæстæ фестад лæппу. Чызг ныззилы цъилау, йæ къæхты бынтæй цæхæр акæлы. Адæмы æмдзæгъд ноджы фæтынгдæр. «Ай цы мæлхъ у? Чи уа ацы чызг?» – дисы бацыдысты ивуылдæр. Фæндыр бынтон срог. Уалынмæ чидæр кафгæ-кафыны чызджы къабайы кæронып фæлæууыд, æмæ ма хорз, æмæ Ацæмæз рацахста чызджы, кæннод фæхудинаг уыдаид.

Рæстæг æрлæууыд, бæстæ фегуыппæг. Дыууæ сау цæсты аныгъуылдысты саджы сызгъæрин хъоппæг цæстыты, æмæ Ацæмæзы туг рафыхт. Чызг улæфын дæр нал уæндыд. Уарзондзинад куыд æнахуыр æмæ куыд тыхджын у!.. Куыд, цы хуызы февзары дыууæ уды, цымæ? Сæ туджы сын цы бауадзы? Цавæр сусæг ныхæстæ сын фæзæгъы сæ хъусы? Куыд фæтых вæййы нырмæ уазал зондыл? Куыд ссудзы дыууæйы зæрдæйы иу цырагъ?

Уалынмæ чидæр уыциу æхситт ныккодта, æмæ та рæстæг фенкъуыст. Чызг асырххъулæттæ, йæхи лæппуйы къухтæй атыдта, азгъордта

æмæ цæхгæрмæ уынджы хъæды ‘рдæм æрлæвæрдта. Лæппу ма йæ бæргæ агуырдта, фæлæ йын йæ къахвæд дæр нал ссардта. Кæм и? Цы фæци чызг йæ саджы цæстытимæ?..

Уый та хъæды стыр тулдз бæласы бын суанг райсоммæ фæбадт. Куыд бауæндыд? Цы уыдзæн ныр? Куыд ферох кæна уыцы дыууæ цæхæр сау цæсты?

Уыцы ‘хсæв Ацæмæз дæр кæм бафынæй… Чызг йæ сæрæй нæ хицæн кодта, зæрдæ скатайаг. Куыддæр-иу йæ цæстытæ æрцъынд кодта, афтæ та-иу æм чызджы даргъ цæстыхауты бынæй ссыгъдысты сызгъæрин стъалытæ… «Ахæм иблисы цæстытæ никуыма федтон...» – хъуыды кодта лæппу. Æмæ сфæнд кодта цыфæндыйæ дæр чызджы ссарын.

Хъæуы лæппутæ уарзтой цуан кæнын Ацæмæзæй фæстæмæ. Никуы-иу сразы ис семæ ацæуын, уымæн æмæ тæригъæдгæнæг лæппу уыдис: нæ бакуымдтаид йæ зæрдæ суанг тугдзых сырды дæр фехсын. Ацæмæз уарзта хъæдмæ иунæгæй цæуын: уым сабыргай тезгъо кодта, хъуыста цъиуты зарынмæ. Иуахæмы дын цъиуы лæппын ахстонæй æрхауд, Ацæмæз æй фæстæмæ уырдæм систа, бæласыл быргæйæ йæ къухы тугтæ фæкалдысты, афтæмæй. Иннæ хатт та… Дзургæ дæр æй никæмæн ракæндзынæ, ахæм цау. Хъæды астæу хъустыл ауад саджы удаист уасын. Лæппу уыцырдæм атындзыдта, хæмпæлгæрдæджы астæу ауыдта саджы род, йæ иу къах ын къæппæг æрцахста. Йæ алыварс мадæл саг рауай-бауай кæны, фæлæ йын йæ бон циу? Уæд Ацæмæз хъама атъыста къæппæджы æфсæрты ‘хсæн, ахæцыд сыл фæйнæрдæм – къах цъысымæй феуæгъд, фæлæ йæ туг нал урæдта. Саг бацыд йæ лæппынмæ æмæ йын йæ хъæдгомыл йæ цæссыгтæ æркалдта: туг фæсур, царм стæгыл аныхæст, æмæ род фæгæпп ласта.

Ацæмæзæн йæ сæры хъуын арц сбадт. Уæд æм саг дзуры адæймаджы хъæлæсæй: «Стыр бузныг дын! Цы дæ хъæуы, уый мын зæгъ, цыфæнды дæр мæ ракур». Лæппу дзы куы ницы куырдта, уæд саг афтæ: «Балæвар дын кæндзынæн мæ хуыздæр лæвæрттæй сæйрагдæр. Мæ цæссыгтæ сæмбырд кæн æмæ сæ демæ ахæсс. Уыдон алы фыдбылызæй дæр сты æвдадзы хос, мæлæтæй фæстæмæ!»

Æрæмбырд кодта лæппу саджы цæссыгтæ æмæ сæ рахаста. Ныр сфæнд кодта цыфæндыйæ дæр чызджы ссарын æмæ райсом-раджы бæх  сифтыгъта, хордзен сцæттæ кодта æмæ сыхаг хъæутæм агурæг атындзыдта.

Иуизæр хъæуæй чызджытæ рацыдысты дидинджытæм. Фæндыр дæр семæ рахастой. Хъæлдзæг зарджытæ кодтой. Саг сæм хъæдбынæй хъуыста æмæ хæлæгæй мард! «Тæхуды! Куыд адджын цард кæнынц адæм æмæ йæ куыд не 'мбарынц… Мæнæ мæн дæр цы тынг фæнды хъæлæсыдзагæй ныззарын, æнæхъæн ком дæр мæ куыд фехъуса, афтæ…»

Дыккаг бон та райсомраджы лæппутæ сфæнд кодтой цуаны ацæуын. Ныр хъуамæ равзарой, хуыздæр цуанон сæ чи у, уый. Кæй нæ фæнды саджы сыкъатæ йæ уаты къулыл æрцауындзын! Хъæды алырдæм апырх сты. Æнæхъæн бон цуан фæкодтой, куы æрталынггомау, уæд райдыдтой фæзмæ æмбырдтæ кæнын. Фыццæгтæ скодтой стыр арт æмæ иннæтæм æнхъæлмæ кастысты. Арвæй мæй цæлхыдзагæй каст.

Раст уыцы афон Ацæмæз дæр æрцæйцыд йæ бæхыл, арт федта æмæ йæ бæх уыцырдæм азылдта. Сагыл сæ ничи фæхæст, æрмæст цалдæр хъæддаг хуыйы афæлдæхтой æмæ ныр физонджытæ кодтой. Ацæмæз цæмæндæр скатай: «Цымæ, цы уыдзæн? Кæд хæдзары исты 'рцыд? Ау, уæд æм нæ фæхабар кодтаиккой? Уæдæ цы уа?» Зæрдæ фыдбылыз фæзоны, æвæдза…

Уалынмæ доны фаллаг фарс чидæр фæзынд. Уый, сæ иу æмбалæн саг йе 'ккой, афтæмæй доны сæрты хизын фæнд скодта. Цæугæдон ивылдау мæстыйæ кæлы. Фæрв бæласы къалиутæ раст донмæ æривæзтысты, цыма йын сусæг ныхас кодтой: «Тызмæгдæр кæл, дæхи хæрдмæ сис, ма йæ уадз дæ сæрты хизын!..»

Æмæ дын лæппу æд саг ныххауд доны. Ацæмæз сæм базгъордта фæкæсынмæ, æрмæст уымæн бауыдаид йæ бон цæугæдоны сæрты саг ахæссын. Сагыл куыддæр дон сæмбæлд, афтæ цæхæртæ акалдта æмæ алæмæттаг чызг фестад. Ацæмæз æй донæй фелвæста æмæ фæдурдзæфау: чызг йæ уд исынмæ фæци. Уал боны кæй агуырдта, уый йæ къухты фæмæлы! Раст йæ зæрдæйы сæрæй туг калд æмæ уромын нæ куымдта. Ацæмæз чызджы бæхыл авæрдта æмæ цæсты фæныкъуылдмæ хæдзары фестад. Уæдмæ фæсивæд алы рæттæй хосгæнджыты Ацæмæзы хæдзармæ скъæфтой. Иуæн дæр сæ баххуыс кæнын йæ бон не сси чызгæн.

Ацæмæзы зæрдæ рыст чызджы тыхулæфтæй, стæй фестъæлфыд: æрхъуыды кодта хъæд, саджы цæссыгтæ! Фæгæпп ласта æмæ лагъзæй радавта тыхтон. Диссаг куыннæ у, цæссыгтæ нæ бахус сты. Лæппу

сæ ‘ркодта чызджы цæфыл. Бæстæ ныррухс. Зæрдæйы раз цы нæмыг ныссагъд, уый уæлæмæ ссыд æмæ зæхмæ æрхауд. Буар тугæй асыгъдæг, стæй хъæдгом быныхæст æмæ слæгъз, раст дзы цыма нæмыг дæр никуы ахызт, афтæ! Чызг уæззау улæфт ныккодта, йæ цæстытæ байгом сты! Адæмы цинæн кæрон нал уыд! Ацæмæзмæ бакæсын дæр фæскъæвда хуры æрттывдау уыд.

Чызг куы адзæбæх бынтондæр, уæд сфæнд кодтой чындзæхсæв скæнын. Сыхаг хъæутæм хонæг куыннæ арвыстой! Саджы хабар ахæлиу хæхбæстыл. Авд хохы фале цы хъæутæ ис, уым дæр адæм уый кой кодтой. Чызджы бинонтæ дæр раст чындзæхсæвы бонмæ æрхæццæ сты Ацæмæзы хæдзармæ…



*ЕЗЕТЫ Андрей*

# ТАУРÆГЪТÆ

## БÆРЗÆНДАГ

Æрхоны хидæй гыццыл куы ауайай, уæд дзы ис уæлмæрд. Хонынц æй Царциаты уæлмæрд. Йæ сæрмæ та ис дыууæ хъæууаты. Хуыдтой сæ Дæллаг æмæ Уæллаг Бæрзæндаг. Кæцы заманты дзы цардысты адæм, уый ничиуал зæгъдзæнис, фæлæ йæ Хуыдæлты Саханджери куыд æрыхъуыста, афтæмæй сыл цавæрдæр цæрæгой сагъуыдис: йæ иу æрдæг – гæды, йæ иннæ æрдæг та – калм, æмæ сын сæ сывæллæтты хаста.

Сæ бон æй амарын нæ уыдис, æмæ бауынаффæ кодтой, ам махæн цæрæн нал ис, зæгъгæ. Æмæ иубон уым уæлæмæ тигътыл ацыдысты æмæ Дæйыхъæумæ бахæццæ сты. Ома уыцы бынатмæ. Æркастысты бæстæмæ, сæ зæрдæмæ фæцыдис, æмæ сæ иутæ загътой, мах ардыгæй нал цæуæм, зæгъгæ.

Алыхуызон дыргъ дзы задис, æмæ, дам ын айдагъ йæ дыргъ куы дæйæм, уæддæр дзы фæцæрдзыстæм. Афтæ хъæуæн ном дæр Дæйыхъæуæй баззадис. Иннæтæ фахсы фалæмæ ацыдысты, доны сæрты бахызтысты æмæ, абон Æрхоны хъæу кæм ис, уым æрцардысты. Акæстытæ кодтой, йæ фадæттæ сæм æнцон фæкастысты: суг уырдыгмæ лас, хос уырдыгмæ лас, хуымзæххытæ – тъæпæнты… Æмæ уырдыгæй нал ацыдысты. Сæ хъæу – Æрхон, абон дæр дзы цæрынц адæм, дзæбæхæй дзы цæрæнт.

## ХУРСАСТЫ ДЗУАР

Æрхонæй фæлæмæ куы ацæуай, уæд дзы уыдис хъæу, хонынц æй Цыргъ, æмæ дзы рагъыл ис кувæндон. Хуыйны Хурсасты дзуар. Хуыдæлты Саханджери куыд дзуры, афтæ дам-иу хус рæстæг куы скодта, уæд-иу зæронд лæгтæ кæрцытæ скодтой æмæ-иу куывды фæстæ сæхи тæргайхуыз æвдыстой, кæд нын нал æххуыс кæныс, уæд мах æрдыгæй цæугæ кæнæм, тæргай кæнæм, зæгъгæ. Æмæ-иу Луарырдæм ацыдысты. Æмæ, куыд дзуры, афтæмæй-иу ахæм уарын рацыдис, æмæ дам-иу сæ кæрцытæ хæссын нал фæрæзтой. Афтæ-иу ныддонласт сты.

Абоны адæмы уыцы хабæрттæ нал уырнынц, æмæ нын дзуæрттæ æххуыс дæр нал кæнынц. Чидæртæ кувæндæттæй сæхицæн æхцакусæнтæ скодтой...

## СТЫР КАЛМ

Хæхбæсты тынг арæх уыдтой ахæм стыр кæлмытæ. Бесолтæ Тыхамоны цардысты – зæронд лæг йæ фырттимæ. Хосы куыст кодта сæ хойы лæппу дæр семæ. Уый къаддæр уыдис. Сихорыл лæг кæстæр лæппумæ дзуры:

– Цу æмæ нын дон сдав суадонæй.

Лæппу донмæ куы ныххæццæ, уæд, удаист хъæргæнгæ, фæстæмæ слыгъдис. Æмæ сæм дзуры, доны дæргъæй-дæргъмæ дынджыр калм хуыссы, зæгъгæ. Иннæ лæппутæ дæр ныттахтысты æмæ йæ федтой. Калм тигъмæ фæцæйбырыдис. Тынг хур бон уыдис. Æмæ уыцы тигъмæ арвæй мигъ æрцыдис, æмæ арв цалдæр хатты тигъмæ калмы ныццавта. Æмæ дам дзы рæхысты дзæгъ-дзæгъ дæр цыдис.

Ахæм хабæрттæ-иу тынг арæх дзырдтой.

## ДЫУУÆСÆРОН КАЛМ

Мæхæдæг дæр бирæ цыдæр диссаджы хъуыддæгтæн уыдтæн æвдисæн. Абон никæйуал уырнынц. Сыхы сывæллæттæ фос хызтам æмæ сæ цуры хъазыдыстæм. Сыхы чызджытæй иу уæлдæр къуыбырмæ ссыдис æмæ тынг тарст хъæр ныккодта. Мах æм æмбырдæй стахтыстæм, æмæ дын дынджыр калм йæхи фæхъил кодта, æмæ йæм кæсæм. Уыдис ын дыууæ æмхуызон сæры. Иууылдæр фæтарстыстæм, калм дæр хæмпæлты дæлæмæ абырыдис. Хъæуæй дæр ма йæм хистæртæ æрцыдысты, фæлæ йæ нал ссардтой.

## БАЗЫРДЖЫН КАЛМ

Раздæр хæхбæсты адæмæн колхозты рæстæджы быдыры уыдысты сæ зæххытæ. Уарынтæ-иу куы скодта, уæд уым лæууыдысты. Афтæмæй, дам, Уæлладжыры ‘рдыгæй базырджын калм ратахтис. Æмæ сæ сæрты Æрджынарæджы ‘рдæм атахт. Иууылдæр æм диссагæн кæсæгау кастысты. Зæрæдтæ куыд дзырдтой, афтæмæй-иу бирæ чидæртæ федта базырджын кæлмытæ.

## ÆНÆБЫН ЦАДТÆ

Ходы Сау хъæды ис æнæбын цад. Хистæртæ сæ афтæ хуыдтой. Сæ алыварс-иу сын хъæдтæй æмбонд сарæзтой, цæмæй дзы мачи бацæуа æмæ дзы мачи ныххауа адæмы фосæй, уый тыххæй. Дур дзы ныппæрстай, иу-сахатырдæджы фæстæ кæмдæр доны бын сæмбæлдаид.

Хистæртæ дæр дис кодтой, цы дзы уа, ууыл, фæлæ йын ничи ницы зоны. Æнæуый, хæмпæлы бауайгæйæ, тæссаг у, куы дзы ныххауай, уымæй – чи ма сыл кæны абон æмбонд. Фос дзы нал дарынц.

## ХЪАБАГЪЫ ХЪИЛ

Хъабагъы хъил махмæ дæр ис æмæ хъулгъамæ дæр. Искæй сæм куы амарынц, уæд ын йæ ингæны хъил нытътъыссынц; цалынмæ йын йæ туг райсынц, уæдмæ хъил афтæ тъыст вæййы. Хъулгъайы куы ахастой, уæд хæхтæй ирон адæмы уыдоны зæххытæм æвæндонæй арвыстой. Хъулгъайæ дæр ма дзы сæ тарф рынчынтæ баззади. Абайты Зорæ куыд дзырдта, афтæмæй уый дæр æрыгон лæппу уыдис, æмæ, дам, мæ фыдимæ рывтам, нæ фарсмæ мæхъхъæлон дæр йæ чызгимæ рывтой.

Æмæ сын хæринаг куы рахастой, уæд æм йæ фыд дзуры, ацу, мæхъхъæлоны дæр æрбахон æмæ иумæ иу къæбæр бахæрæм, зæгъгæ. Æмæ йæ æрбахуыдтой. Иу къах ын нæ уыдис. Ахордтам, дам, фæйнæ дæр æнуæзтой, æмæ, дам æй нæ фыд фæрсы, дæ къах цы кодта, зæгъгæ. Уæд мæхъхъæлон зæгъы, уый тыххæй, дам, мæм дзурын нæ фæцæуы...

Фæлæ йæ нæ фыд куынæуал уагъта, уæд нын æй радзырдта. Уæлгинскæйы зæххыл иу мæхъхъæлоны амардтой, æмæ йын æхсæз чызджы уыдис. Æмæ йæ ус алы бон дæр молломæ цыдис æмæ-иу байдыдта: «Мæнæн лæппу нæй, мæ туг мын чи райса, уый нæй».

Æмæ дзы молло дæр куы стыхстис, уæд нæм иу изæр фæдзырдта. Дыууадæс лæпуйæ хæрз æрыгæттæ уыдыстæм, æмæ нын бахæс кодта, ацы усæй мæ бон нал у, æмæ ахсæв ацæут æмæ Уæлгинскæйы зæххыл искæй амарут. Мах дæр, цинæй мæлгæ, нæхи арæвдз кодтам, кæдæйуæдæй нын молло цыдæр хæс бабар кодта, зæгъгæ, æмæ хъазгæ-худгæ цыдыстæм.

Афтæ, бон куы ’рбарухс, уæд ирон зæхмæ схæццæ стæм. Кæсæм, æмæ махырдæм иу бæхуæрдон æрцæуы. Мах дæр бацин кодтам, ай нæм йæхи къахæй куы ’рцæуы, зæгъгæ, æмæ йæ алыварс амбырд стæм.

Кæсæм, æмæ дзы иу зæронд лæг бады. Мах æм алы дзырдæппарæн кæнæм, ахынджылæг уал дзы кæнæм, зæгъгæ. Лæг бози йæ хъæбысы æрæвæрдта, размæ æмраст кæсы, махырдæм иу каст дæр нæ ракодта. Уæд нæм нæ хистæр дзуры, ныртæккæ адæм базмæлдзысты, амарæм æй æмæ цомут, зæгъгæ.

Лæг, æвæццæгæн, мæхъхъæлонау зыдта, йæ бынаты æваст фестадис, бози тымбыл ныззылдта. Мах дыууадæсæй йæ алыварс лæууыдыстæм, æмæ не ’хсæнты асыффытт кодтой йæ бæхтæ. Фæззæг уыдис, нартхор – бæрзонд. Мах бæхтыл абадтыстæм, æмæ йæ фæсте асырдтам. Фæндаг хус уыдис, æмæ рыг сыстадис. Куы йæ баййæфтам, уæд кæсæм, æмæ уæрдон афтид. Уыцы тæхгæ-тæхын агæпп кодта, æмæ нæ нартхоры астæуæй æхсын байдыдта. Мах-иу уырдæм куы батахтыстæм, уæд та-иу нæ æндæр ранæй æхсын байдыдта. Мæнæ цыма хæйрæг уыдис, афтæ. Не ’ппæтæй ма æз æнæ къахæй баззадтæн, иуы ма дзы йæ бæх сæ дуармæ ныххаста, æмæ уым амардис. Иннæ дæс уым баззадысты. Абон дæр сæ хъабагъы хъилтæ тъыстæй лæууынц.

Ахæм зæронд лæгыл амбæлдыстæм. Фæцагуырдтой ма йæ, фæлæ, чи уыдис, уый нæ рабæрæг.

Нæ адæмты ‘хсæн сабырдзинад уæд.

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

## НÆ УСÆН ДÆР...

Расыг адæм хæдзаронтæгæнгæ мидæмæ æрбафсæрстой. Æмæ уыцы иу ныхас зарынц:

– Уæ лæг саг амара! Уæ лæг саг амара!..

– Мæнæн æгъгъæд у! Нæ усæн дæр тыр ныййарын кæнут! – дзуры сæм хæдзары хицау Хъауыр.

## УДХÆССÆГ ЗИУЫ

Хъауырæн йæ ус рахъаст кодта:

– Дысон ахæм æвзæр фын федтон, ахæм!

– Уагæры цавæр?

– Цыма удхæссæг мæ нывæрзæн слæууыд æд цæвæг...

– Æд цæвæг, зæгъыс? Æмæ йæ зиумæ цæуылнæ рахуыдтай, гормон? Хос кæрдынмæ мын аххуыс кодтаид... – зæгъы Хъауыр.

## ХЪÆДУРЫ ДЗÆКЪУЛ

Хъауыр хъæугуывдмæ рацæйцыди. Йе 'фсин æм хъæдуры дзæкъул радавта:

– Цæхæрадоны сæ байтау, лæгай!

– Арæби, уæртæ ус, мæнæй кæстæр не ссардтай нæ бинонтæй? – бахъуыр-хъуыр кодта Хъауыр. Фæлæ хъæдуры дзæкъул райста. Ацыд æмæ йæ цæхæрадоны бæласы саджилыл æрцауыгъта. Йæхæдæг куывдмæ афардæг и.

Фæззæджы та йæм æфсин дзуры:

– Нæ хъæдур цымæ куыд æрзади? Абон мын дзы æнæ сфыцгæ нæй.

Хъауыр рацыд, бæласы цонгæй райста хъæдуры дзæкъул æмæ йæ йе 'фсинмæ æрбахаста:

– Усай! Цы байтауай, уый æркæрддзынæ... Мæнæ нæ хъæдур...

## ГÆРТАМ – МÆРДТЫ БÆСТЫ

Ног марды зæппадз абæрæг кæнгæйæ, здæхтæн уæлмæрдтæй... Автоинспектор Мæхæмæт хъæугæрон рывта йæ халсарты хуым. Йæ зæрды цыргъзонд ныхас сæппарын уыд, æмæ мæ фæрсы:

– Цæй, цы зæгъы дæ хæрæфырт? Дзæнæтмæ нæма бахæццæ?

– Æрдæгфæндагыл æй баурæдтой... Ам дæр, дам, уыцы зыдыка

автоинспектор гæртам агуры. Уымæн та, мæгуыр, йе ‘хцайы чыссæ ам баззади...

Мæхæмæт нурыйы сыф йæ дзыхы акодта. Йæ цæсгом фенхъырдтæ и. Фæлæ цыма судзагхалæй нæ...

## БÆРЗÆЙ

Мæхæмæт сæхимæ хъæумæ æруад æд пъагæттæ. Уыцы райдзастхуызæй тæмæнтæ калдта! Мæгуыр лæг Бухъаты Дзæрæхмæт æм къухаууонæй кæсы:

– Туй, туй, Бæгæмæт! Нал дæ базыдтон... Хъæздыг кæндзынæ!

– Мæгуырæй мын тас нæу, ай-гъай.

– Уагæры горæты цы бынаты лæуд дæ?

– Сæр дзы дæн, сæр! Рацу æмæ ды та мæ бæрзæй уыдзынæ!

– Нæ, Бæгæмæт! Ды сæр кæм уай, уым бæрзæй тагъд ахенцъ ласдзысты!

## ТУМАН

Мæхæмæт фæндаггæрон лæууы. Йæ къухы – йæ цыбыр хъулон-мулон лæдзæг. Кæсы, æмæ уæлæ иу машинæ æртæхы æрра тахтæй. Мæхæмæт æй æрурæдта, шофырмæ иу туман дары:

– Мæ фыдмæ-иу æй ратт Мæрдты бæсты. Тамако дзы, зæгъ, алхæн дæхицæн.

– Æмæ æз далæ Елхотмæ куы цæуын. Цы мын ис нырма Мæрдты бæсты?..

– Нæ, мæ хæдзар! Ахæм скъæрдæй Мæрдты бæстæм цæуы лæг, æмæ йын йæ гæххæтт æрхуынкъ ласта.

## ДАСГÆ ДÆР ÆМÆ СТИГЪГÆ ДÆР

Мæхæмæт æмæ хилдасæг Садуллæ Бестаутæм усгур сæмбæлдысты. Уым сын иртæстой сæ лæджыхъæд:

– Чи уæ цæмæ арæхсы? Радзурут-ма!

– Æз цæугæ-цæуыны лæджы адасдзынæн, – æппæлы йæхицæй Садуллæ.

– Æз та раздæр уромгæ æркæнын лæджы. Стæй уæд – дасгæ дæр æмæ стигъгæ дæр, – загъта Мæхæмæт.

## ЛÆДЗÆДЖЫ ТЫХХÆЙ

Иу лæг ахæстонæй суæгъд æппынфæстаг. Йæ къухы рæсугъд зырнæйзылд лæдзæг. Тепсарыхъо йын æм бахæлæг кодта:

– Дæ хорзæхæй, ахæм лæдзæгыл кæм фæхæст дæ?

– Уæййаг не сты, æрмæст сæ ахæстоны кæнынц.

– Æмæ æз дæр ахæстонмæ куы бахауин, уæд дзы цымæ мæ къухы иу нæ бафтид?

## ФЫДЛÆДЖЫ МÆЛÆН БОН

Мæрддзыгой адæмæй чидæр бадис кодта:

– Хионтæ дæр нæй æппын ацы лæгæн? Иу скæуæг ыл куынæ ис æгас хъæубæстæй?..

– Мах ыл йе ’гасæй бирæ фæкуыдтам... Йæ мардыл та йын сымах кæут! – зæгъы сын Тепсарыхъо.

## АХУЫРГОНД УСГУР

Сымси ус куырдта далæ Хъахъхъæдуры. Фæлæ йæ хъуыддагæй ницы æнтыст. Æмæ Уыбихы йемæ фæхуыдта минæвар Хъалæгатæм. Радзур-бадзур, æмæ та-иу Сымси йæ ком аивæзта. «Ай фынæйдзау лæг у æви  усгур?» – былысчъилтæ кодтой чызджы хæдзар. Уыбих та – дзырдарæхст æмæ æппæлыд Сымсийæ:

– Æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъыртт нæ фены... Чингуыты уæлхъус ыл сбон вæййы...

«Ахуыргонд лæппу нын дзуры нæ чызгыл...» – бацин кодтой Хъалæгатæ. Æмæ усгуртæн разыйы дзуапп радтой.

Рацæй-рабон. Сымси хъалагъурæй куыста кæсæндоны. Æмæ чингуыты уæлхъус æркув-æркув кодта.

Фæлæ Арыхъмæ чындз схастой Хъахъхъæдурæй.

## ХЪУЫНДЗАГЪД ХЪÆУБÆСТÆ

Ебæза нæм хъæуыхицауæй куыста раджы. Æмæ цæрджытæй бирæтæ æфхæрд баййæфтой уый фыдæхæй... Ныр йæ фырт ам къуымбилцæгъдæн цех байгом кодта. Уыбих ын афтæ зæгъы:

– Æмæ нын дæ фыд нæ хъуын раджы куы ацагъта. Ды та ма дæхи цы удхарæй марыс?

## АДÆМЫ ÆМРÆНХЪ

Адæмы хуыздæрты сæфтой Сыбырмæ. Сæ разæй сæ фæтæрынц лæгахсджытæ. Се ’хсæн – Хъыби, мæгуыр фыййау. Йæ царды бонтæ

фосимæ чи арвыста, ахæм. Йæ ус йæ фæдыл марой кæны. Уыбих æм дзуры иннæты ‘хсæнæй:

– Цы мыл æрдиаг кæныс? Кæдæй-уæдæй Хъыби дæр лæгтимæ фæцæуы...

## ХЪÆДЫН КЪАХ

Макъар æрбадт æмæ æфсæнвæндаджы рельсыл йæ иу къах æрæвæрдта. Ныр уæлæ поезд æртæхы: чыкы-чыкы, дутт!

Тыххæйты ма ныуурæдта. Машинист Макъармæ дзуры:

– Хуыцауы æлгъыст! Дæхи сафыс, фæлæ мæн та бæллæхы цæмæн тъыссыс?!

– Æндæр фыдбæллæх ма ссарæд дæ къона! Мæнæн ма нæхимæ ахæм къах ис – Æмæ йæ хъæдын къах иуварсмæ – зыгъгъуытт!

## РУХС

Макъарæн иуизæр йæ фыд æрбарынчын:

– Ахсæв мæ удхæссæг агурдзæни... Фæлæ мæ талынджы кæд не ссарид! – æмæ цырагъ æрхуыссын кодта.

– Хъус-ма, баба! Æмæ удхæссæг дæу æнхъæлæй мæнмæ куы ’рбарæдийа, уæд та? — загъта Макъар æмæ фæстæмæ рухс ссыгъта...

## ТÆЛМАЦ – МАРДÆН

Чызджытæ сахарæй æрцыдысты сæ нанайы мардмæ. Сынтыл ныддæлгом сты: «Бабу! Зачем нас оставила?» Цыргъзонд Макъар сæм дзуры:

– Уæ нана уырыссагау иу ныхас дæр куынæ зыдта. Тæлмацгæнæг ын уæхицæй иу фæлæуугæд.

## ÆРНЫГЪУЫЛ, УСАЙ!

Буццæ æмæ Дзыкъуыл уыйонг рацардысты, æмæ лæг топпы кæсæн нал уыдта, ус – судзины бын. Иубон та дыууæ зæронды цæхæрадоны рывтой нартхоры хуым. Уалæ къуыбырыл та – ногусджын лæг æмæ йæ къай. Уыдон дæр хуымы сæхи змæлæг скодтой. Фæлæ-иу се ’рыгон туг сабухта, æвæццæгæн... Æмæ та – пъатæ-хъæбыстæ...

Буццæ æмæ сæ Дзыкъуыл уыдтой æмæ-иу сæхæдæг фефсæрмы сты:

– Æрныгъуыл, усай! Худинаг у… – æмæ-иу дыууæ зæронды нартхоры хуымы æрæмбæхстысты...

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► *7 сентябры* Дзæуджыхъæуы Гæздæнты Гайтойы номыл Фæсивæдон чиныгдоны уыд историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиджы чиныг «Георгий Бестауты. Шаги в бессмертие»-йы презентаци. Автор ирдæй равдыста зындгонд ирон поэт, тæлмацгæнæг æмæ критик Бестауты Гиуæргийы цард æмæ сфæлдыстадон фæндæгтæ. Æрыгонæй фæхъуыд уый йæ райгуырæн адæмы ‘хсæнæй, фæлæ ныууагъта арф фæд, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты.

Парахатзæрдæ адæймаджы æмæ стыр курдиаты хицау поэты тыххæй сæ хъуыдытæ загътой РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг, литературæиртасæг Хъуыссæты Зæлинæ, Фысджыты цæдисы сæрдар Агънаты Гæстæн, чиныгæн разныхас автор Дзасохты Музафер, УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры зонадон разамонæг, журнал «Мах дуг»-ы редакцион советы уæнг Къусраты Анатоли, ЦИГСИИ-йы хистæр зонадон кусæг Мамиаты Изетæ æмæ нæ интеллигенцийы æндæр минæвæрттæ.

► *14 сентябры* Ирон театры уыд «Алайнаг библиотекæ»-йы презентаци. Аланийыл саргъуыды 1100 азы кадæн мадзæлтты фæлгæты уагъд 17 чиныджы автортæ сты дины истори иртасæг ахуыргæндтæ, этнографтæ, фысджытæ, æвзагиртасджытæ. Уыцы чингуытæ рухс федтой рауагъдад «Ир»-ы РЦИ-Аланийы мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты æххуысæй. Ног проекты тыххæй сæ хъуыдытæ загътой республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг алчер Герасим æмæ изæры иннæ архайджытæ.

► *16 сентябры* ЦИПУ-йы ЮНЕСКО-йы залы цыд Дунеон литературон форум «Гайто Газданов: грани личности и таланта». Зынгдонд фыссæгыл иннæ аз æххæст кæны 120 азы, æмæ зонадон мадзал æмаразджытæ – РЦИ-Аланийы Хицауад, Бетъырбухы ирон æхсæнад, Уæрæсейы адæмты хæлардзинады университет æмæ Гæздæнты Гайтойы хæлæртты æхсæнад – рагацау бацархайдтой ахуыргæндтæн йе сфæлдыстадыл бæстон аныхас кæныны, дзыллæйæн йæ чингуытæм ын фылдæр æргом аздахыны фадат саразынил. Дзæуджыхъæумæ æрцыдысты 20 ахуыргондæй фылдæр Мæскуыйæ, Бетъырбухæй, Новосибирскæй, Екатеринбургæй. Уазджытæн балæвар кодтой Гæздæны-фырты уацмысты ног рауагъд (рацыд рауагъдад «Ир»-ы) æмæ докладты æмбырдгонд.

► *20 сентябры* Национ наукон библиотекæйы Аланийыл саргъуыды 1100 азы кадæн мадзæлтты фæлгæты уыд ирон æвзагмæ æххæстæй тæлмацгонд «Библи»-йы презентаци. Уæрæсейы Библийы æхсæнад æмæ Библи тæлмацгæнæг институт «Чингуыты чиныджы» тæлмацыл фæкуыстой 20 азæй фылдæр. РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис майдан

«Ирыстоны намысæн»-æй схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы истори æмæ археологийы институты наукон кусæг Косты Лизæйы, рауагъдад «Ир»-ы редактор Мамыкъаты Хъазыбеджы, Уæрæсейы Библийы æхсæнады директоры хæдивæг Тимур Неверовы æмæ уыцы æхсæнады æххæстгæнæг директор Анатоли Руденкойы.

► 27 *сентябры* Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты кадджын уавæры лæвæрд æрцыд Джусойты Нафийы номыл национ литературон премиæ.

Фыццаг бынат бацахста Остъаты Алан йæ чиныг «Сау тымыгъы»-ы тыххæй. Дыккаг бынат адих кодтой Тъехты Валентин æмæ Бекъойты Майæ. Æртыккаг бынат сæ поэтикон æмбырдгæнтты тыххæй райстой Габолаты Зауыр æмæ Бестауты Аланæ.

Премийæн бындур сæвæрдæуыд 2016 азы Хуыгаты Ростислав æмæ Челæхсаты Хъазыбеджы хъæппæрисæй. Фыццаг бынаты уæлахиздзау хорзæхгонд æрцыд 200 мин сомæй, дыккаг бынатæн – 150 мин сомы, æртыккаг – 100 мин сомы.

Ирон æвзаг æмæ литературæйæ студентты ‘хсæн æнтыстдзинæдтæ чи æвдисы, уыдонæн сæ раззагдæртæ уыцы бон хорзæхджынгонд æрцыдысты Плиты Грисы номыл премийæ. Райстой йæ ХИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенттæ Æлборты Луизæ æмæ Тедеты Игорь.



*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 5.11.2022. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ №???. Цена свободная. Выход из печати 14 октября 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

# РАФЫССÆМ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

## *Зынаргъ хæлæрттæ!*

*Ныридæгæн цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Йæ зæрдæ ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд кæмæн у, уыдонæн 2023 азы фыццаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Йæ индекс: 37247. Аргъ – 679 сомы æмæ 86 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 628 сомы æмæ 62 капеччы.*

*Журнал асламдæр аргъæй, 350 сомæй, рафыссæн ис редакцийы. Йæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг.*

*Редакци*






Индекс 73247
12+
10
2022